Soedarsono

SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG LAMPAHAN MINTARAGA

(BUKU II)




orat
an

DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

899.222
SOE
S

SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG LAMPAHAN MINTARAGA
(Buku II)



Milik DEPDIKBUD
Tidak diperjual belikan

SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG LAMPAHAN MINTARAGA (Buku II)

Oleh :

Soedarsono

PROYEK PENELITIAN DAN PENGKAJIAN KEBUDAYAAN NUSANTARA (JAVANOLOGI)
DIREKTORAT JENDERAL KEBUDAYAAN
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
YOGYAKARTA, 1986

DAFTAR ISI
Buku II

I. Kagungan-Dalem Serat Pocapan Ringgit Tiyang Lampahan Mintaraga, Butul 1 Dinten 1

II. Kagungan-Dalem Serat Pocapan Ringgit Tiyang Lampahan Bomatara, Butul Tiga Dumugi Kawan Dinten 207

I. KAGUNGAN–DALEM SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG LAMPAHAN MINTARAGA, BUTUL 1 DINTEN
(5 – 11 – 1867 A.J; 17 – 1 – 1937 A.D.)
(Kraton Yogyakarta MS W.D.4)



I. KAGUNGAN–DALEM SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG LAMPAHAN MINTARAGA, BUTUL 1 DINTEN (5 – 11 – 1867 A.J; 17 – 1 – 1937 A.D.) (Kraton Yogyakarta MS W.D.4)

1 PENDANGON ATURAN

JEJER DWARAWATI,
GANGSA AYAK–AYAKAN, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
(1)
Gandhang gandhang
– Èh, èh, bocah ing Dwarawati.

Kanca nyutra
– Kula, kula, kula.

– Ndhodhok ya ndhodhok, Kangjeng Dèwaji miyos siniwaka.

– Sendika.

– Glèdhègan lor wétan lawangé inebna.

– Sendika.

– Jaganegara apa wis caos.

– Sampun.

– Ancak abing sujèn kayu areng apa wis caos.

– Caos.

– Gabah pananing berkutut apa wis caos.

– Caos.

2 – Walang pakaning gemak apa wis caos.

– Caos.

– Brondong pakaning iwak apa wis caos.

– Caos.

– Kangkung pakaning gramèh apa
wis caos.

– Caos.

– Sega golong pecel pitik
jangan menir pakanku dhéwé
apa wis caos.

– Sampun

– Kebat ladèkna.

– Sendika.

GANGSA GESANG, REP.
KANDHA.
(2)
Dwarawati
– Udawa.

Udawa
– Kurnoknon.

– Sira majua sakancanira
Dwarawati kabèh.

– Inggih dhateng sendika.

– Apa déné sira kulup Sencaka,
adhi Riya Sencaki.

3

Kalih sareng
– Kurnoknon.

– Sira majua.

– Inggih dhateng sendika.

Udawa
– Hi hi, kanca Dwarawati.

Punggawa sareng
– Kula kula kula.

– Timbalan dalem kakarsakaken
majeng sedaya.

– Nggèh sendika.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN.
(3)
Dwarawati
– Udawa.

Udawa
– Kurnoknon.

— Aja dadi marasé atinira, sira ingsun timbali ana ngarsaningsun.

— Kurnoknon non Kangjeng Déwaji. Sareng kula tampi dhawuh timbalan dalem kados aningali clèrèt, boten priksa sangkanipun gelap, kados tinebak ing sima lepat, wonten ing jawi, sanget kuwatosipun manah kula, sareng wonten ing ngarsa-dalem, boten gadhah manah ingkang kumarasan. Kurnoknon.

— La iku apa mulané Udawa, déné sira ana ing jaba, banget kuwatiré atinira, awusana ana ing ngarsaningsun, ora duwé ati ingkang kumarasan.

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, mila sapunika, kula upamèkaken, abdi-dalem alit, ingkang sami kapatrapan adedosan, dosa sakit sayogi Kangjeng Déwaji ingkang nyakitana, dosa pejah, sayogi Kangjeng Déwaji ingkang amejahana, éwa semanten yèn Kangjeng Déwaji, kersa mundhut pejah gesangipun abdi-dalem pun Udawa, boten énjing siyang pantara dalu, sampun kumurep wonten ngabyantara-dalem, kurnoknon.

— Apa mengkono Udawa.

— Kurnoknon Kangjeng Déwaji inggih.

— Eh em, munduran kaya wong adedosan, aturira ana ing ngarsaningsun, iya uwis ingsun trima, olèhira njunjung njunjung kepraboningsun, mulané sira ingsun tim-

bali, aja sira nyana, yèn bakal tampa dadar pelèlèr ingsun, dodot kang pera siginé,
6 sabuk kang dawa ubeté, lirna tumbak keris kang prayoga anggoné, kaya ora pisan-pisan, adoh lintang luku sawat abalang kayu.

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, sajrahing angin-angin, saglugut-ing kolang kaling, juwawut pinara sakethi, sapucuking ambetan, tilema saliyepan, kados boten supena yèn ngadhang-adhanga kucah-dalem, boten lintang amung nyenyadhong sakersa-dalem, kurnoknon.

— Apa mengkono Udawa.

— Kurnoknon, Kangjeng Déwaji inggih.

— Udawa.

— Kurnoknon.

— Mulané sira ingsun timbali, kancanira ing Dwarawati akèh, kang nom sira ya ana, kang tuwa sira ya ana, sapa prayogané, ingkang babadana atèningsun kang arung-
7 kut, angajuma atèningsun kang aruwet, amadhangna atèningsun kang apeteng, kejaba amung sira.

— Manapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Udawa iya.

— Non Kangjeng Déwaji, suka kajorowa talingan kula, saking dèrèng cekapipun abdi-dalem pun Udawa, boten saged anampèni ingkang dados lelungid-dalem, kurnoknon.

– Apa mengkono Udawa.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Udawa.

– Kurnoknon.

– Mulané sira ingsun timbali, kaya kepriyé kancanira ing Dwarawati, olèhé padha anggolèki, samurcané kaipé
8 Madukara, apa ya ketemu, apa ya oraa.

– Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, kanca kula ing Dwarawati, sampun kula sebar sedaya, anggènipun ngupadosi samurcanipun rayi-dalem Radèn Janaka, boten saged kepanggih, klampahan dipun-padosi, njajah désa milang kori, njala paningal, ngebo lelaku, jurang lebet dipun-dhaki, redi inggil dipun inggahi, wana peteng dipun-sasak, guwa samun dipun lebeti, meksa boten saged kepanggih, rayi-dalem Radèn Janaka, kurnoknon.

– Apa mengkono Udawa.

– Kangjeng Déwaji inggih.

KANDHA,
LAGON JUGAG.
(4)

9 – Eh em, kadangé pun kakang kaipé, kaipé, baya menyang ngendi parané, déné digolèki nganti njajah désa milang kori, njala peningal, ngebo lelaku, ora bisa ketemu, apa ya uwisa sirna seka marcapada, kaipé, kaipé, Udawa.

– Kurnoknon.

– Yèn kaya mengkono Udawa.

ingsun bakal utusan menèh, anggolèki kaipé Madukara, sapa prayogané kang ingsun utus.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Udawa iya.

— Non Kangjeng Déwaji, abdi-dalem ing Dwarawati kathah ingkang nèm inggih wonten ingkang sepuh inggih wonten, senadyan abdi-dalem pun Udawa piyambak, manawi badhé kautus ngupadosi rayi-dalem Radèn Janaka, inggih dhateng sendika.

— Apa mengkono Udawa.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Iya Udawa, yèn ingsun anglakonana wong kang kaya sira, dadi kerowanen ngarep, kasepèn buri.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Udawa iya.

KANDHA,
GÒNGSA PLAJARAN, REP. (5)

Gandhang-gandhang

— Èh, èh bocah ing Dwarawati.

Kanca Nyutra

— Kula kula kula.

— Apa kang dadi gègèring jaba, apa ana gajah medhot seka wantilan.

— Boten.

— Apa ana macan ucul seka krangkèng.

– Boten.

– La apa kang dadi gègèring jaba.

– Ingkang dados gègèripun jawi, Kangjeng Déwaji ketamuan.

– Sapa kang dadi tamu-dalem, seka ngendi pinangkané, lan sapa jenengé.

– Wondéné ingkang dados tamu dalem, utusan saking nagari Ngamarta, wasta Radèn Gathutkaca.

– Yèn kaya mengkono, andhegna ing jaba, dadi atur.

– Nggèh sendika.

GANGSA GESANG, SUWUK.

(6)

Udawa

– Non Kangjeng Déwaji, kula nyaosi priksa, dhumateng Kangjeng Déwaji, yèn sapunikanipun, Kangjeng Déwaji ketamuan.

12

Dwarawati

– Apa mengkono Udawa.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– La sapa kang dadi dhayoh ingsun, seka ngendi pinangkané, lan sapa jenengé.

– Kurnoknon Kangjeng Déwaji, wondéné ingkang dados tamu-dalem, utusan saking nagari Ngamarta, déné ingkang dipun-utus, putra-dalem piyambak, Radèn Gathutkaca.

– Apa mengkono Udawa.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Yèn kaya mengkono Udawa, aja kasuwèn ana ing jaba, inggal sira timbalana.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Udawa iya.

— Inggih dhateng sendika.

13 *Udawa*

— Hi, hi, kanca Dwarawati.

Kalih sareng

— Kula kula.

— Timbalan-dalem ndikakaken nimbali Radèn Gathutkaca.

— Nggèh sendika.

LAGON JUGAG.

(7)

Kalih sareng

— Non Radèn, Radèn ngendikan Kangjeng Déwaji.

Gathutkaca

— Aku ngendikan.

— Radèn inggih.

— Iya matura sendika.

KANDHA,

GENDHING GIRANG-GIRANG, REP.

(8)

Dwarawati

— Kulup Gathutkaca.

Gathutkaca

— Kurnoknon.

— Sira majua.

— Inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP,

KANDHA,

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON WETAH.

(9)

14 *Dwarawati*

— Bagéya kulup Gathutkaca, satekanira, ana negara Dwarawati.

Gathutkaca

— Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Uwa, ingkang rumentah dhateng kula, kula cencang sapucuking réma, kula petak ing mustaka, mbeléra dhateng prenaja dadosa rah daging kayuwanan, sih panakramanipun Kangjeng Uwa, ingkang rumentah dhateng kula.

Sencaka

— Kasedhahan panakrama adhimas Gathutkaca sadhateng - ipun adhimas, wonten ngarsanipun Kangjeng Rama.

— Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun kakangmas Sencaka, ingkang rumentah dhateng kula.

Sencaki

— Aturan panakrama anggèr Gathutkaca, sarawuhipun anggèr, wonten ngarsanipun kaka Prabu Dwarawati.

— Inggih dhateng katedha, sih panakramanipun paman Riya Sencaki, ingkang rumentah dhateng kula.

Dwarawati

— La sira kulup Gathutkaca, kelakon tumeka ana ngarsaningsun, apa lakonira dhéwé, apa diutus yayi Prabu Ngamarta, utawa sudarmanira, yayimas ing Jodhipati.

— Kurnoknon, non Kangjeng Uwa, Kangjeng Uwa andangu, lampah kula setindak, ambegan kula sakesodan, keteg kula sademi,. katenta

lampah kula piyambak dédé, kula dhapur dipun utus, dhumateng Kangjeng Uwa Aji ing Ngamarta.

16 – Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– La diutus apa, matura sira matura.

– Inggih dhateng sendika. Non Kangjeng Uwa, ingkang rumiyin, kula dipun utus, nyaosaken pangabektinipun rayi-dalem Kangjeng Uwa Aji ing Ngamarta, katura Kangjeng Uwa Prabu.

– Iya banget panedhaku.

– Utawi pangabektènipun rayi dalem Kangjeng Rama, katura Kangjeng Uwa Prabu.

– Iya banget panrimaku.

– Kaping kalihipun, kula dipun utus Kangjeng Uwa Aji ing Ngamarta, yèn sapunikanipun, Kangjeng Uwa Prabu dipun aturi tindak dhateng nagari Ngamarta sadinten punika, mila sapunika, rayi-rayi-dalem, sami sanget anggènipun nandhang sungkawa, awit saking samurcanipun rayi-dalem pamanmas Madukara.

– Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Uwa inggih.

– Yèn kaya mengkono kulup, sira matura wakira yayi Prabu Ngamarta, iya ingsun leksanani kresané yayi Prabu Ngamarta, nimbali marang ingsun, ingsun bakal tindak menyang negara Ngamarta sadina iki, ananging ingsun ora bisa mbarengi lakunira, sira mangkata dhisik.

— Menapa mekaten Kangjeng Uwa Prabu.

— Kulup iya.

18 — Inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(10)

— Non Kangjeng Uwa, yèn sampun rampung timbalanipun Kangjeng Uwa, Kangjeng Uwa kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem pamit, kula lajeng badhé ndumugèkaken lampah, ndikakaken ngupadosi pamanmas ing Madukara.

— Iya kulup, ingsun nyangoni basuki marang lakunira.

— Inggih dhateng anuwun.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA.

(11)

Dwarawati

— Udawa.

Udawa

— Kurnoknon.

— Sira padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, sakancanira Dwarawati kang separo, mulané mengkono,

19 ingsun kersakaké ndhèrèk, tindakingsun menyang nagara Ngamarta, wondéné kang ingsun kersakaké tunggu nagara, si Tumenggung Druwajaya, sakancané Dwarawati separo.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Udawa iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Apa déné sira kulup Sencaka, adhi Riya Sencaki.

Kalih sareng

— Kurnoknon.

— Sira ya semono manèh, padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, mulané mengkono, sira padha ingsun kersakaké ndhèrèk menyang negara Ngamarta, nanging padha mangkata dhisik, sabab ingsun arep laku kedéwan baé.

— Kurnoknon inggih dhateng sendika.

20 KANDHA,
GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG.
(12)
Keparakan

— Ki Patih timbalan-dalem.

— Nedha Nyai Lurah, ijengandika ndhawuhaken.

GANGSA REP.

— Ki Patih timbalan-dalem, jengandika kakarsakaken tatatata, sasumektaning ngayuda, sakanca ijengandika Dwarawati ingkang sepalih.

— Nggèh sendika.

— Yèn wonten waos abrit, ndikakaken ngawisi.

— Nggèh sendika.

— Yen wonten landhéyan bubuken, ndikakaken nyantuni kajeng janglot walikukun.

— Nggèh sendika.

21 — Manawi wonten sanjata rujat ricikipun, ndikakaken ndandosi.

— Nggèh sendika.

— Utawi malih ki Patih timbalan-dalem, ijengandika ndikakaken ngrumiyini, nganthi wadya Dwarawati ingkang sepalih.

— Nggèh sendika.

— Wondéné ingkang kakarsakaken tengga nagari Kyai Tumenggung Druwajaya, nganthi wadya Dwarawati ingkang sepalih.

— Nggèh sendika, sampun rampung Nyai Lurah.

— Nggèh sampun Ki Patih.

— Nedha sami ungkur-ungkuran.

— Nggèh sumangga.

GANGSA GESANG, DHAWAH AYAK-AYAKAN, REP, KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN (GURISA).
(13)

22 *Dwarawati*

— Bocah wadon.

Keparakan

— Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

— La iki apa mulané bocah wadon, kagungan ingsun kali larangan cilik temen iliné.

— Kula nuwun Kangjeng Déwaji, mila kagungan-dalem lèpèn awisan alit iledipun, dipunpendhet abdi-dalem kanca ngajeng, kadamel ngelebi, kagungan-dalem alun-alun.

— Apa mengkono bocah wadon.

— Kula nuwun inggih.

— Iya senajan mengkonoa, aja banget-banget bae, sabab kagunganingsun klangenan iwak, padha pating kalènggèk.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

— Karo sira ndhawuhana bocah ingsun penandhon kemit bumi, kagungan ingsun pethètan, kang padha rompyoh-rompyoh godhongé, iku sira dhawuhana ngrampasi kabèh.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

— Karo sira ndhawuhana bocah ingsun kenèk gamel srati, titihaningsun kuda rata dipangga, aja ana nganti kurang pakané.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

— Karo sira lumebua ing kedhaton, matura nimas Ratu Jembawati, yèn ingsun kondur angedhaton.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GENDHING NÈNÈS, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(14)

Keparakan

— Gusti atur-atur.

Pramèswari

— Atur-atur apa bocah wadon.

— Kula nuwun Gusti, kula dipun utus raka-dalem, kakarsakaken maringi priksa, Kangjeng raka-dalem kondur angedhaton.

— Apa mengkono bocah wadon.

— Kula nuwun inggih.

— Yèn kaya mengkono bocah wadon, mara ta padha singkir singkirna.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.

(15)

Jembawati

— Kula nuwun kaka Prabu, kula
25 ngrumiyini kersanipun kaka Prabu, dénè wiyos-dalem siniwaka sanès soban kelawan saben, wonten kersa-dalem punapa.

Dwarawati

— Iya nimas, yèn sira nungsung werta, oleh ingsun miyos siniwaka béda soban kelawan saben, ora ta ingkang mau, ingsun nimbali si Udawa, utawa anakira si kulup Sencaka, adhi Riya Sencaki, apa dénè bocah ing Dwarawati kabèh.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya.

— Wangsul wonten kersa-dalem punapa, dénè nimbali pun Udawa, kulup Sencaka, adhi Riya Sencaki, tuwin wadya Dwarawati sadaya.

— Iya nimas, mulanè mengko-
26 no, ingsun mundhut priksa, marang si Udawa, bocah ing Dwarawati kabèh, olèhé padha nggolèki, samurcané kaipé Madukara.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya.

— Wangsul aturipun pun Udawa kados pundi.

— Iya nimas, aturé si Udawa, bocah ing Dwarawati wis disebar kabèh, klakon digoleki, njajah désa milang kori, nja-

la paningal, ngebo lelaku, jurang jero diudhuni, gunung
27 dhuwur diunggahi, alas peteng disasak, guwa samun dileboni, meksa ora bisa ketemu, kaipé Madukara.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya.

KANDHA,
LAGON,
KANDHA,
(16)

— Eh em, kadangé pun kakang Bratajaya, wis aja sira nangis, puluh puluh kudu mengkono lelakoné, wis kersaning jawata kang linuwih, pemayangé marang titah, balik sira amintaa kersaning jawata ingkang lunuwih, bisaa unggul yudané bojonira, yayimas Madukara, bésuk yèn prang brangtayuda jayabinangun, Bratajaya, Bratajaya, wis aja sira nangis. Nimas Ratu Jembawati.

Jembawati

— Kula nuwun kaka Prabu.

28 — La iki nimas, ora antara suwé, ingsun tumuli kedhayohan.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya.

— Sinten ingkang dados tamu-dalem.

— Wondéné ingkang dadi dhayoh-ingsun, iya anakira dhéwé, si kulup Gathutkaca.

— Wangsul lampahipun pun kulup Gathutkaca, dipun utus punapa, kaliyan yayi Prabu Ngamarta.

— Iya nimas, wondéné lakuné anakira si Gathutkaca, di-

utus yayi Prabu Ngamarta, ngaturi panjenenganingsun, tindak menyang nagara Ngamarta.

— Wangsul ingkang dados kersa-dalem kados pundi.

— Iya nimas, wondéné kang dadi kersaningsun, ingsun iya bakal tindak sadina iki.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya. La iku nimas, sira ndhawuhana, bocah gandhèk pasaréyan, angresiki sanggar palanggatan, sarta angobong dupa, ingsun arsa muja semadi.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya.

— Inggih dhateng sendika.

Jembawati

— Bocah wadon, bocah wadon.

Keparakan

— Kula nuwun Gusti.

— Timbalan-dalem ndikakaké ngresiki sanggar pelanggatan, sarta ndikakaké ngobong dupa, kaka Prabu arsa muja semadi.

— Menapa mekaten Gusti.

— Bocah wadon iya.

— Inggih dhateng sendika.

Dwarawati

— Yèn kaya mengkono nimas, ayo aja kelayatan.

Jembawati

— Kula nuwun inggih dhateng sumangga.

LAGON,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
KAWIN GURISA.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING GOLONG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, KAWIN GURISA.
(17)

Sencaka
— Paman paman Udawa.

Udawa
— Kula nggèr.

— Kados pundi paman, angsal ijengandika sami berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca ijengandika Dwarawati ingkang sepalih, punapa sampun sami sumekta Paman.

— Non nggèr, anggèr andangu anggèn kula sami berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Dwarawati kang sepalih, inggih sampun sami sumekta.

— Menapa mekaten paman.

— Anggèr inggih.

— Inggih lega manah kula yèn kados mekaten. Punapa dénè ijengandika paman Riya Sencaki, angsal ijengandika berdandosan, sasumektaning ngayuda, punapa sampun sumekta paman.

Sencaki
— Non nggèr, anggèr andangu anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, inggih sampun sumekta.

— Menapa mekaten paman.

— Anggèr inggih.

— Inggih lega manah kula yèn

kados mekaten. Punapa dé-né ijengandika paman Druwajaya, kersanipun Kangjeng Rama Aji, dipun-kersakaken kantun tengga nagari, dipun-paringi kanthi wadya Dwarawati kang sepalih.

Druwajaya

— Non nggèr, inggih leres timbalanipun anggèr.

— La menika paman, ijengandika kang ngatos-atos, saboten wontenipun Kangjeng Rama, dipun-kados wonten Kangjeng Rama.

— Menapa mekaten nggèr.

— Paman inggih.

— Inggih dhateng sendika.

— Paman paman Udawa.

— *Udawa*

— Kula nggèr.

33— Sanget anggèn kula boten kadugi paman, murcanipun pamanmas ing Madukara, punapa inggih teksih aparipurna, punapa sampun binanjut ing déwa ingkang linangkung.

— Menapa mekaten nggèr.

— Paman inggih. Kados pundi paman Riya Sencaki, punapa boten leres kula.

Sencaki

— Inggih leres timbalanipun anggèr Sencaka. Inggih kakang Udawa, leres timbalanipun angger Sencaka, kula inggih semanten malih, sanget anggèn kula boten kadugi,

murcanipun kakangmas Janaka, punapa inggih teksiha, punapa sampun binanjut ing déwa ingkang linangkung.

Udawa

— Menapa mekaten adhi Riya Sencaki.

— Kakang Udawa inggih.

34 — Inggih leres adhi Riya Sencaki.

Sencaka

— Paman Udawa, paman Riya Sencaki.

Kalih sareng

— Kula nggèr.

— Kula sampun mireng swaranipun bendhé Kyai Pancajahnya, sampun tamtu Kangjeng Rama sampun tindak, la menika paman, saking kajeng kula, sampun ngantos krumiyinan, rawuhipun Kangjeng Rama, wonten nagari Ngamarta.

— Menapa mekaten nggèr.

— Paman inggih.

— Inggih leres timbalanipun anggèr.

— Yèn kados mekaten paman Udawa, paman Riya Sencaki, sumangga sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, SUWUK.

(18)

35 *Gathutkaca*

— I hi, lega temen rasaning atiku, uwa Prabu Dwarawati, banjur kersa tindak menyang nagara Ngamarta sa-

dina iki, yèn kaya mengkono, aku arep nutugaké kang dadi lakuku, anggolèki pamanmas Madukara, wondéné lakuku, becik dak metu ing jumantara baé, ngiras njaga pakéwuhing gegana.

KANDHA,
KAWIN, MURYANI BUSANA,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING LAYU–LAYU, REP.
(19)

Éndra
– Déwantaka.

Déwantaka
– Ulun Sangywang Bathara Éndra.

– Kita mangarsaa anrapsila, miwah para yang-yang ing Ngéndrabuwana kapya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Lawan kita yoga ulun Srenggani déwa, Citragana.

Kalih sareng
– Ulun Kangjeng Rama Sangywang Bathara Éndra.

– Kita samya mangarsaa anrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Déwantaka
– Hi hi adhi Déwamadhendha.

Déwamadhendha
– Ulun Sangywang Déwantaka.

– Wedharing sabda Sangywang Bathara, kita tuwin para yang-yang ing Ngéndrabuwana kapya, samya kinèn mangarsa nrapsila.

— Ulun inggih dhateng sendika. Hi hi para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Wadya sareng

— Ulun Sangywang Déwamadhendha.

— Wedharing sabda Sangywang Bathara, kita samya kinèn mangarsa nrapsila.

37

— Ulun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN.
(20)

Éndra

— Déwantaka.

Déwantaka

— Ulun Sangywang Bathara.

— Haywa dadya marasé tyas kita, kita ulun pinta sumèwa, ing ngabyantara ulun.

— Ulun Sangywang Bathara, dupi ulun nampi wedharing sabda Sangywang Pukulun, kadya myat ing cancala, tan uning tekaping gundhala, lir tinebak ing sardula pituna, ywanten njawi tan lyan mung marasing driya, dupi munggwing ngabyantara Ywang Pukulun, nir maras rentenging tyas ulun.

38 — Apa mangkana Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Paran baya Déwantaka, kita ywana ing jaba, tansah marasing driya, awusana anèng ngabyantara ulun,

temah nir sumelanging tyas kita.

— Ulun Sangywang Bathara, pramila ing mangkya, saningga titahing jawata, kang samya tinrapan sangsaya winisésa, sayogi Ywang Pukulun kang masésa, dosa laya, Ywang Pukulun kang mrawasa, ywan semangkya Ywang Pukulun, yun mèt telenging laya pun Déwantaka, tan kumedhap ing ratri myang rina, mung sumungkem ing ngabyantara Ywang Pukulun.

— Apa mangkono Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Eh em, saningga tinraping wasésa, weca kita ing nga-
39 byantara ulun, iya ulun trima, kita mahargya keprabon ulun, miwah setya tuhu kita mring ulun, marma kita ulun pinta sumèwa, hawya kira sinung sih dadar palèlèr ulun, dodot kang pera siginya, lir nasara curiga kang listya anggonya, tan paja ywan mangkana.

— Ulun Sangywang Bathara, sajraḥing maruta, sagluguting kolangkaling, juwawut pinara sasra, udayèng ngambetan, liyep layaping anéndra, ulun tan supena, ywan mangayap wilasa Sangywang Pukulun, tarlèn muhung ulun mèstu karsanta ỹwang Pukulun.

— Apa mangkana Déwantaka.

— Ywang Pukulun inggih.

40 — Déwantaka.

— Ulun Sangywang Bathara.

— Marmanya kita ulun pinta sumèwa, paran baya pawartanya titah ing marcapada, si Bomatara dènya suwala bitutama, lan kadang wangsanya priyangga.

— Ulun Sangywang Bathara, ulun myarsa pawarta, pun Bomatara nemahi pralaya, déning wayah Pukulun Bathara Kresna.

— Apa mangkono Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Kalamun mangkana, yitmaning Rambut Julung, apa baya nukma mring si Winata-
41 kwaca, kalamun sanyata iku wigya anenangi harda murkaning driya, pesthi ing tembé ana rok bandawala ngayuda.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Déwantaka iya.

— Ulun Sangywang Bathara. Ulun myarsa tembang rawat-rawat, mundrèng sinambiwara, lamun ing mangkya pun Winatakwaca, arsa meminta mring jawata, ayun anggarwa Dèwi Supraba.

— Apa mangkana Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Kalamun mangkana, kita kang prayitna, siyagaa ing ngayuda, miwah para yangyang jawata ing Ngéndrabuwana, manawa si Winata-

kwaca, prapta ing ratri myang rina, kita haywa ngantya kuciwa.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

42 — Déwantaka iya.

— Pukulun inggih dhateng sendika.

— Miwah kita yoga ulun Srengganidéwa, Citragana, dènsamya prayitna, siyagaa ing ngayuda, marmanya mangkana, ywan si Winatakwaca, prapta ing ratri myang rina, kita haywa ngantya kuciwa.

Kalih sareng

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(21)
Éndra

— Kita panihanya raseksa sekaronya, tekap kita ana ngarsa ulun.

Kalih sareng

— Kula non inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Sangywang Bathara Éndra, ingkang rumentah dhateng kula.

43

— La kita raksasa, tumekap ana ngarsa ulun, sapa aranta, lan saka ngendi pinangka kita.

Mamangdana

— Kula non, Ywang Pukulun, Ywang Pukulun andangu, kula denawa saking nagari Ngimataka, wondé-

né nama kula pun diktya Mamangdana, déné pun adhi punika nama nipun diktya Amonggarba.

— La kita mamangdana, kelakyan tumekap ana ngarsa ulun, apa laksita kita priyangga, apa ana kang nyundaka marang kita, mara kita wecaa mring ulun.

— Kula non, Ywang Pukulun, Ywang Pukulun andangu lampah kula setindak, ambegan kula sakesodan, ketek kula sademi, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur

44

dipun-utus, Gusti kula ingkang jumeneng nata, wonten nagari Ngimataka, ajujuluk Prabu Winatakwaca.

— La dinuta apa mring gusti kita Prabu Winatakwaca, mara kita wecaa.

— Kula non inggih dhateng sendika, kula non Ywang Pukulun, ingkang rumiyin, kula dipun-utus nyaosaken pangabektinipun Gusti kula katura Ywang Pukulun.

— Iya ulun trima.

— Kaping kalihipun, kula dipun-utus, nyaosaken pangebun-ebun énjing,

45

anjejawah sonten, katura Ywang Pukulun.

— Apa mangkana Mamangdana.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Dadya suwadinya kita iku dinuta anglamar.

— Sangywang Pukulun inggih.

— La kang linamar sapa.

— Kula non Ywang Pukulun, wondé-

né ingkang dipun-lamar Gusti kula, tiyang sanès dédé, inggih musthikaning swarga, akekasih Sangdyah Retna Supraba,badhé dipunagem tetimbangan mukti wonten nagari Ngimataka.

— Apa mangkana Mamangdana.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Iya Mamangdana, bab pamintanya Gusti kita, ulun datan mahywakaké karana Gusti kita, wus sinung pramèswari widadari tetelu.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

46— Mamangdana iya.

— Kula non, Ywang Pukulun, dhawuhipun Gusti kula, klilan boten klilana, meksa ndikakaken nyuwun.

KANDHA,
KAWIN GURISA.
(22)

Srengganidéwa

— Ih hi, ora talah si Mamangdana, wecananya ana ngarsanya Kangjeng Rama, ngumbar swara tanpa reringa, nyanyak amurang krama, yaksa tan wruh ing tata, apa kang dinuta kang kurang praja, apa kang nyundaka kang kurang wewéka.

Mamangdana

— É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, jawata sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

47 — Ulun yoganya Sangywang Bathara Éndra, aran Sangywang Srengganidéwa, ih hi.

— Srengganidéwa jenengmu.

— Iya.

— É haé, la oraa Srengganidéwa, celathumu sawetu-wetuné baé, apa aku kowé kira wedi karo déwa, senajan kowé ana dhangkamu aku mangsa wediya.

— Babo Mamangdana, nanggo nungkak krama, apa kita wani lawan ulun.

— Sing takwedèni apamu.

— Krasa déning tangan ulun.

— Iya jajalen.

GANGSA PLAJARAN, REP.

(23)

Éndra

— Lo lo mengko ta mengko yoga ulun Srengganidéwa, kita haywa keladuk ketompa, mara kita nrapsilaa apa dé-

48 né kita Mamangdana, iya mangkana uga, mara kita nrapsila.

Kalih sareng

— Inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, SUWUK.

(24)

Mamangdana

— Kula non, Ywang Pukulun, bab lampah kula kados pundi.

Éndra

— Iya Mamangdana, kita mung saderma dinuta, prayoga kita muliha, wecaa marang gusti kita, si Winatakwaca, kadya weca ulun ing ngarsa.

— Menapa mekaten Ywang Puku-

lun.

Mamangdana iya.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(25)

Mamangdana

– Kula non Ywang Pukulun, yèn sampun rampung timbalanipun Ywang Pukulun, Ywang Pukulun kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem pamit, mantuk matur Kangjeng Déwaji sadinten punika.

– Iya kita mangkata.

– Inggih dhateng sendika. Adhi Amonggarba, daweg sami mundur.

Amonggarba

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA.

(26)

Éndra

– Déwantaka yoga ulun, Srenggandidéwa, Citragana.

Tiga sareng

– Ulun Sangywang Bathara Éndra.

– Salinggarnya prajaka seka Ngimataka, kita siyagaa, sasumektaning ngayuda, lawan warga kita ing Ngindrabuwana kapya, laju kita tumuruna mring marcapada, pacaka baris ana arga Sumèru, marmanya mangkana, manawa cundakanya si Winatakwaca tumeka ing rina kalawan ratri, kita balèkna, kalamun tan arsa laju kita lawana ing ngayuda, wondéné ulun laju

arsa mangarsa, nrapsila marang Junggringsalaka.

— Menapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Déwantaka, yoga ulun Srengganidéwa, Citragana iya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA GESANG LAJENGAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(27)

Srengganidéwa

— Ih hi, Ywang Sukma Adi Luwih, ora talah si Mamangdana, wecanya ana ngarsanya Kangjeng Rama, ngumbar swara tanpa reringa, iya linawana ing ngayuda, mesthi
51 sirna déning ulun, ih hi. Adhimas Citragana.

Citragana

— Ulun kakangmas Bathara Srengganidéwa.

— Ywan kadya mangkana adhimas, ayo samya dèntututi laksitanya si Mamangdana, ulun arsa nglawan, yudanya si Mamangdana.

— Punapa mangkana kakangmas.

— Adhimas iya.

— Ulun inggih sumangga.

GANGSA GESANG, LAJENGAN, REP,
KANDHA.

(28)

Mamangdana

— Adhi Amonggarba.

Amonggarba

— Kula kakang Mamangdana.

— Sanget anggèn kula boten kadugi adhi, karsanipun Bathara Éndra, déné Dèwi Supraba, dipun-suwun dados garwanipun Kangjeng Déwaji, boten dipun-paringaken, boten wandé ing Ngéndrabuwana dados sungsang buwana balik.

— Menapa mekaten kakang.

— Adhi inggih. Kalih déné malih adhi, si Srengganidéwa, pangucapé sawetu-wetuné mawon, sampurna adhi ngalang-alangi. Srengganidéwa keprandangan déning kula.

— Menapa mekaten kakang.

— Adhi inggih.

KANDHA. (29)

— Kakang Mamangdana.

— Kula adhi Amonggarba.

— Punika kula mireng swara, ngendhegaken jengandika kakang, kados swaranipun para jawata.

— Menapa mekaten adhi.

— Kakang inggih.

— Wangsul ingkang dados kajeng sampéyan kados pundi.

— Inggih kakang, ingkang dados kajeng kula, kakang kula aturi miré, kula ingkang methukaken.

— Punapa mekaten adhi.

— Kakang inggih.

— Inggih adhi ingkang ngatos-atos.

— Mangsi kadosa laré boten. Hèh hèh dewa iya dakendhegi.

KANDHA,

GANGSA GESANG, SUWUK, ADA-ADA.

(30)

Amonggarba

— É haé, sapa déwa aranmu, déné wani-wani ngendhegaké kang dadi lakuku.

Subrangta

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun déwa ing Ngéndrabuwana, aran Sangywang Subrangta, (gumujeng).

— Subrangta jenengmu.

— Iya.

— La oraa Subrangta, déné kowé ngendhegaké kang dadi lakuku, ana karepmu apa.

— Iya Amonggarba, marmanya ulun ngendhegaké, kang dadya laksita kita prayoga wurungna, kang dadya kawismayanya gusti kita Prabu Winatakwaca, dènya minta widadari Dèwi Supraba.

— É haé, embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Amonggarba tan arsa kinarya tama. Amonggarba.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA-ADA.

(31)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Amonggarba, Subrangta, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara amuk.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA-ADA.

(32)

— É haé, Srengganidéwa maju sura madilaga.

Srengganidéwa

— Ih hi, iya ulun Amonggarba.

— É haé, la oraa Srengganidewa, dé-né kowé ngendhegaké kang dadi lakuku, ana karepmu apa.

— Iya Amonggarba, marmanya ulun ngendhegaké kang dadya laksita kita, prayoga wurungna, kang dadya kawismayanya gusti kita si Winatakwaca, dènya minta widadari Dèwi Supraba.

— É haé, embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Amonggarba tan arsa kinarya tama. Amonggarba.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA-ADA.

(33)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Srengganidéwa, Amonggarba, haywa gantya marngya asranga marngya, endya dalasa amuk.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA-ADA.

(34)

Mamangdana

— É haé, la oraa Srengganidéwa, nganggo kowé ngendhegaké kang dadi lakuku, ana karepmu apa.

57 *Srengganidéwa*

— Ih hi, iya Mamangdana, marmanya ulun ngendhegaké kang dadya laksita kita, prayoga wurungna, kang dadya kawismayanya gusti kita si Winatakwaca, dènya minta widadari Dèwi Supraba.

— É haé, bojlèng blis lanat, jèg-jègan wis ora patut Srengganidéwa.

— Apa abamu, ulun tiknyani apa cahyana kita.

— Srengganidéwa.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA-ADA.

(35)

— É haé, abot sanggané Srengganidéwa, lawas aku yuda gada ana ing Ngimataka, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

58

— Iya paksa wawanga, kita tandhing Srengganidéwa, ulun tigyani apa cahyana kita.

— Srengganidéwa.

— Apa.

— Tadhahana limpungku.

— Iya tamakna.

KANDHA.

(36)

— Srengganidéwa.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA-ADA.
(37)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Srenggani-déwa. Mamangdana, haywa kita angoncatana, sida sirna déning ulun.

59 KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP.

(38)
Citragana
— Pukulun kakangmas Srenggani déwa, ulun waspaosaken, kakangmas pacakara lawan pun Mamangdana, kakangmas kadya unggul yudanya.

— Iya kasinggihan adhimas, ywanta hawya angoncatana si Mamangdana, ulun duga sirna déning ulun.

— Punapa mangkana kakangmas.

— Adhimas iya.

— Inggih kasinggihan wecananya kakangmas.

— Adhimas Citragana.

— Ulun kakangmas.

— Ywan kadya mangkana ayo samya nusul laksitanya kakang Patih Déwantaka mring marcapada, unggwanya pacak baris, ana ing ngarga Sumèru.

60 — Punapa mangkana kakangmas.

— Adhimas iya. Ywan kadya mangkana adhimas, ayo haywa kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, LAJENGAN, REP.
(39)
Mamangdana
— Adhi Amonggarba.

Amonggarba

— Kula kakang Mamangdana.

— La tujuné adhi, adhi énggal tetulung, yèn ta sampuna énggal tetulung, bokmenawi kedangon ingkang dados lampah kula.

— Menapa mekaten kakang Mamangdana.

— Adhi Amonggarba inggih.

— Inggih leres kakang Mamangdana.

— Yèn kados mekaten adhi suwawi sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING JURUDEMUNG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(40)

Gandhang-gandhang

— Hi hi, bocah ing Ngimataka.

Nyutra

— Kula kula kula.

— Ndhodhok ya ndhodhok, Kangjeng Déwaji miyos siniwaka.

— Sendika.

— Glèdhègan lor wétan lawangé inebna.

— Sendika.

— Jaganegara apa wis caos.

— Sampun.

— Ancak abing sujèn kayu areng apa wis caos.

— Caos.

— Gabah pakaning berkutut

apa wis caos.

62 – Caos.

– Walang pakaning gemak apa wis caos.

– Caos.

– Brondong pakaning iwak apa wis caos.

– Caos.

– Kangkung pakaning gramèh apa wis caos.

– Caos.

– Sega golong pecel pitik jangan menir, pakanku dhéwé apa wis caos.

– Sampun.

– Kebat ladèkna.

– Sendika.

GANGSA GESANG, DHAWAH BÉNDRONG, NGLANA,
TELAS NGLANA WANGSUL GENDHING JURUDEMUNG REP.
KANDHA,
NGUNGRUMAN.

(41)

Winatakwaca

– Supraba, katon ana mata baé, wong ayu wong ayu, bésuk apa tumeka ana negara

63 Ngimataka, dakgawé timbangan mukti, Supraba ayo dakemban wong kuning mining-mining, wong ayu mloya-mlayu, katon ana mata baé, (gumujeng), Supraba adhiné pun kakang, menyan séta sesangka purnama sada, melok-melok wedanané gawé brangta, jait nétra sesminta jayèng asmara, mung ulaté kang gawé lara wigena, (gumujeng).

Patih Ngampah

— Non Kangjeng Déwaji, sanget panuwun kula, yèn Kangjeng Déwaji, sanget-sanget kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, watekipun suda leksananipun, gonyèh kulitipun, bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn Kangjeng Déwaji badhé kersa palakrama, mondhong widadari ing swarga ingkang wasta Dèwi Supraba, yèn teksih pun Bomakéndra, kados boten lepat, Déwaji, Déwaji, ih hi.

Winatakwaca

— É haé, Supraba adhiné pun kakang, sénthé arga wanita durung akrama, lara mara kajarah krungu pawarta, bahbu-bahbu, (gumujeng). Jodha jodha jora jodha, andheng-andheng ana satengah mata, gumandhul agawé lara, bok jenthul minthal minthul, daktutul cumeprul katutan manggul, (gumujeng). Nimas, katon ana mata baé, wong cèthi-cèthi cuwiri, ènthèng ginawa alihan, sun badhé akèh putrané, (gumujeng).
Yèn aku turu mlumah katon ana usuk-usuk, bok usuk, bok usuk, yèn aku turu mengkurep, katon ana waton, bok waton, bok waton, yèn aku turu miring katon ana geguling, daktubruk, klèru kucing, kucingé nyakar dhadhaku, adhuh hiyung, adhuh hiyung, (gumujeng).

Pukpuk nangban, katong katu katang, kaleng kitang kalang kawuk, endhas bangkong kang meruntus, (gumujeng), sir gula ganthi, semanggi gundha wéwéhan, telungané sing alaki, aja ngambung pipi kiwa, sing kiwa larangan déwa, aja ngambung pipi tengen, sing tengen larangan-dalem,
66 hempak hempi ngambung pipi, hempak hempu ngambung susu, hempak hempeng ngambung weteng, hempak hempong ngambung bokong, hempak hempuk ngambung empyak, (gumujeng)

Togog

— Kula nuwun Kangjeng Déwaji, kirang sakedhik kémawon. Saraita.

Saraita

— Ari kang Thukun.

— Kurang sethithik baé.

— Iya kang Thukun.

— Hempak hempi ngambung pipi, hempak hempu ngambung susu, hempak hempeng ngambung weteng, hempak hempong ngambung bokong, hempak hempuk, hempak hempuk ngambung cagak, (gumujeng).

— Beluk beluk mélot.

67

Raja ngajeng sareng

— Kula non anak Prabu, sanget panuwun kula, yèn anak Prabu sanget-sanget kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, wateki-

pun suda leksananipun, gonyèh kulitipun bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn anak Prabu badhé kersa palakrama, mondhong putri Ngéndrabuwana, ingkang wasta Dèwi Supraba, yèn teksih pun uwa ing Nungsabarong, kados boten lepat, anak Prabu, anak Prabu, é haé.

Wiŋatakwaca

— É haé, Supraba, bésuk apa tumeka ana negara Ngimataka, dakgawé timbangan mukti, gayung tirta panggubahing sumarsana, timbangana rujiting manah kawula, nggèr, nggèr, ayo dakpon-
68 dhong, ayo dakgéndhong, (gumujeng), luru luru widara, widarané agi kembang, kembangé roncé-roncé, dikandhut ana kembené, mbrojol ana tapihé, dikandhut ana tapihé, yeng iyengté, si Supraba mbréné dhéwé, (gumujeng).

Raja wingking kalih sareng

— Ih hi, non yayi Prabu, sanget panuwun kula, yèn yayi Prabu sanget-sanget kasmaran wanodya boten saé kedadosanipun, watekipun suda leksananipun, gonyèh kulitipun, bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn yayi Prabu badhé kersa palakrama, mondhong putri ing swarga ingkang wasta Dèwi Supraba, yèn wonten kurdanipun Ba-
69 thara Éndra, kula ingkang kadugi nempuh ing ngayuda, yayi Prabu, yayi Prabu, ih hi.

— Supraba, katon temen ana ing nétra, wong ayu, wong ayu wong ayu, lawé wlaka sastra kandheg ing ngukara, wenangena pun kakang angranu pada, dodol gula kawining teksaka rodra, lali wongé ora lali tenagané, Supraba, ayo dakemban, ayo dakpanggul, (gumujeng), gemak gemak ucul ucul seka seka kurungan, lironana prawan loro, sing rompyoh-rompyoh sinomé, sing makah-makah jajané, sing menter-menter susuné, sing kétol-kétol brotolé, sing gampang platukané, (gumujeng).

70

Togog

— Saraita.

Saraita

— Ari kang Thukun.

— Pitik-pitik andhelik, andhelik ana kurungan, lironana prawan loro, trigangga, triguwès, (gumujeng).

— Beluk beluk bukung.

Patih jèngkèng

— Non Kangjeng Déwaji, sanget panuwun kula, yèn Kangjeng Déwaji, andumugèk-dumugèkaken anggènipun kasmaran wanodya, pun bapa Bomakéndra, suka dados woding ngayuda, putung kasawatna, remek kabandhemna, salebetipun pejah kula teksih purun, kaliyan déwa ing Kaéndran, Déwaji, Déwaji, ih hi.

Winatakwaca

— É haé, kaya wong édan ginawé, Bomakéndra aku iki.

71

— Non Déwaji, boten maiben. Kangjeng Déwaji teksih agung anèm, kagungan kersa dèrèng kaleksanan.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Apa wis suwé Bomakéndra, olèhmu sowan ana ngarepanaku.

— Kurnon Kangjeng Déwaji, sadangonipun Kangjeng Déwaji Kasmaran wanodya, kula sampun sowan, wonten ing ngarsa-dalem, kurnoknon.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Yèn kaya mengkono, padha sira majua, sakancamu Ngimataka kabèh.

— Kurnoknon inggih dhateng sendika.

72 — Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, yayi Prabu.

Raja sekawan sareng

— Non anak Prabu.

— Inggih semanten malih, ijengandika sami majenga.

— Inggih dhateng sendika.

Bomakéndra

— Hi hi, adhi Wiradha.

Wiradha

— Kula Ki Lurah.

— Timbalan-dalem ijengandika kakarsakaken majeng, sakanca ijengandika sedaya.

— Inggih dhateng sendika. Hi hi, kanca Ngimataka.

Punggawa

— Kula kula kula.

— Timbalan-dalem padha ndikakaké maju kabèh.

— Sendika, (gumujeng).

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN.

(42)

Winatakwaca

— Bapa Bomakéndra.

73 *Bomakéndra.*

— Kurnoknon.

— Aja dadi atimu bapa, kowé taktimbali ana ngarepanaku.

— Kurnoknon.

KAWIN.

(43)

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, sareng kula tampi dhawuh timbalan-dalem, kados aningali clèrèt boten priksa sangkanipun gelap, kados tinebak ing sima lepat, wonten ing jawi sanget kuwatosipun manah kula, sareng wonten ing ngarsa-dalem, boten gadhah manah ingkang kumarasan, kurnoknon.

— La iku apa mulané Bomakéndra, déné kowé ana ing jaba, banget kuwatiré atimu, wusana ana ngarepanaku,

74 ora duwé ati ingkang kumarasan.

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, mila sapunika kula upamèkaken kawula-dalem alit, ingkang kapatrapan adedosan, dosa sakit, sayogi Kangjeng Déwaji ingkang nyakitana, dosa pejah, sayogi Kangjeng Déwaji ingkang mejahana, éwa semanten, yèn Kangjeng

Déwaji kersa mundhut pejah gesangipun abdi-dalem pun Bomakéndra, sampun énjing siyang pantara dalu, sampun kumurep wonten ngabyantara-dalem, kurnoknon.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kurnoknon, Kangjeng Déwaji inggih

— Hem, munduran kaya wong
75 adedosan, aturmu ana ngarepanaku, iya wis daktrima, olèhmu njunjung kepraboníku, lan setya tuhumu menyang aku, mulané kowé dakundang, aja kowé nyana, yèn bakal tampa dadar pelèlèrku, dodot kang pera siginé, sabuk kang dawa ubeté, lirna tumbak keris kang prayoga anggoné, kaya ora pisan-pisan adoh lintang luku, sawat abalang kayu.

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, sajrahing angin-angin, sagluguting kolang-kaling, juwawut pinara sakethi, sapucuking ambetan, tilema saliyepan, kados boten supena, yèn ngadhang-adhanga kucah-dalem, boten lintang amung anye-
76 nyadhang ing sakersa-dalem, kurnoknon.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kurnoknon, Kangjeng Déwaji inggih.

— Bapa Bomakéndra.

— Kurnoknon.

— Mulané kowé dakundang, kaya kepriyé olèhmu tata-

tata, bakaling bojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, sakancamu Ngimataka kabèh, apa ora ana kekurangané.

— Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, anggèn kula tata-tata, badhé ambojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, sakanca kula ing Ngimataka sedaya, inggih boten wonten kekiranganipun, kurnoknon.

77

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu, yayi Prabu.

Raja sekawan sareng

— Non anak Prabu.

— Inggih semanten malih, kados pundi angsal ijengandika sami tata-tata, badhé ambojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, punapa boten wonten kekiranganipun.

— Non anak Prabu, anak Prabu andangu, anggèn kula tata-tata badhé ambojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, inggih boten wonten kekiranganipun.

— Inggih lega manah kula yèn
78 kados mekaten. Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Mara duganen lakuné si Mamangdana, karo si Amonggarba, dakutus menyang Ngéndrabuwana, angebun-ebun ésuk, angudan soré.

nyuwun Dèwi Supraba, apa iya olèh gawé, apa iya oraa.

— Non Kangjeng Déwaji, kula kakersakaken ndugi, lampahipun pun Tumenggung Mamangdana, kaliyan pun Tumenggung Amonggarba, kados inggih angsal damel.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La iku apa mulané Bomakéndra, déné kowé duga yèn olèh gawé.

79 — Non Kangjeng Déwaji, mila kula dugi yèn angsal damel, lampahipun pun Tumenggung Mamangdana kaliyan pun Tumenggung Amonggarba, ingkang saupami boten angsal damel, sakit punapa ingkang dipun tedha Bathara Éndra, punapa kepéngin risaking swarga Kaéndran.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih. Kados pundi Déwaji ing Nungsabarong, Déwaji ing Jonggirupaksa, punapa boten leres atur kula.

Raja ngajeng kalih sareng

— Inggih leres atur jengandika. Non anak Prabu, leres aturipun kakang Patih Bomakéndra, kula inggih semanten malih, ingkang sau-
80 pami boten angsal damel, lampahipun pun Mamangdana, kaliyan pun Amonggarba, sakit punapa ingkang dipun tedha Bathara Éndra, punapa kepéngin dados saganten rah ing Ngéndrabuwana.

Winatakwaca

— Punapa mekaten uwa Prabu, paman Prabu.

— Anak Prabu inggih. Kados pundi anak Prabu ing Giriguthaka, ing Tunjungkaroban, punapa boten leres atur kula.

Raja wingking kalih sareng

— Inggih leres atur ijengandika. Non yayi Prabu, leres aturipun paman Prabu ing Nungsabarong, ing Jonggirupaksa, kula inggih semanten malih, ingkang saupami boten angsal damel, lampahipun
81 Mamangdana, kaliyan pun Amonggarba, sakit punapa ingkang dipun tedha Bathara Éndra, punapa kepéngin dados karang abrit, ing Ngéndrabuwana.

Winatakwaca

— Menapa mekaten kaka Prabu, yayi Prabu.

— Yayi Prabu inggih.

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Aku krungu pawarta, yèn ing gunung Ngéndrakila, ana satriya mertapa, jenengé Begawan Suciptahening, trus paningalé, sidik pangucapé.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Wangsul kersa-dalem kados pundi.

— Iya Bomakéndra, kang dadi
82 karepku, aku arep utusan

menyang gunung Ngéndrakila, nyuwun pangéstu menyang Begawan Suciptahening, bisané kelakon olèhku bakal apalakrama, karo Retna Supraba.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih kasinggihan dhawuh timbalan-dalem.

KANDHA.

(44)

— Bomakéndra.

— Kurnoknon.

— Yèn kaya mengkono, konen nimbali si Tumenggung Mamangmurka, dikon maju ana ngarepanaku.

— Kurnoknon inggih dhateng sendika.

Patih.

— Hi, hi, kanca Ngimataka.

Punggawa kalih sareng

— Kula Ki Lurah Patih Bomakéndra.

83— Timbalan-dalem, ndikakaké nimbali si Tumenggung Mamangmurka, ana ing paséban pagelaran.

— Inggih dhateng sendika.

LAGON PANIMBAL.

(45)

Kalih sareng

— Non Ki Lurah Tumenggung Mamangmurka, kula ngemban timbalan-dalem, Ki Lurah ngendikan Kangjeng Déwaji.

Mamangmurka

— Aku ngendikan.

— Ki Lurah inggih.

— Iya matura sendika.

KANDHA,
GENDHING WIRANGRONG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, KAWIN SEKAR WIRANGRONG.
(46)
Winatakwaca
— Mamangmurka.

Mamangmurka
— Kula non.

— Mulané kowé daktimbali, kowé dakutus menyang pertapan gunung Ngéndrakila,
84 sowan Begawan Suciptahening, kang sepisan nyaosna pangabektiku, menyang Begawan Suciptahening, kapindhoné, aku suwuna pangèstu menyang Begawan Suciptahening, olèhku bakal palakrama karo Dèwi Supraba, kaping teluné, yèn Begawan Suciptahening ora gelem awèh pangèstu, banjur bopongen baé, gawanen mulih menyang negara Ngimataka, sébakna menyang ngarepanaku, wondéné lakumu dakkanthèni si Togog Saraita.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Mamangmurka iya.

— Inggih dhateng sendika.

— La kowé Togog Saraita.

Kalih sareng
— Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

85 — Kowé dakkanthèkaké si Tumenggung Mamangmurka.

menyang gunung Ngéndrakila, kowé dakdadèkaké kerta wedana, kerta araning gajah, wedana araning srati, yèn ana duduné kowé prayoga kang angundurna, yèn ana iyane, kowé prayoga kang ngejokna.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Togog Saraita iya.

— Inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(47)

Mamangmurka

— Kula non Kangjeng Déwaji, yèn sampun rampung dhawuh-dalem. Kangjeng Déwaji kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem pamit, mangkat sadinten punika.

86 — Iya wis kebat mangkata.

— Inggih dhateng sendika. Ayo Togog Saraita mangkat.

Kalih sareng

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(48)

Winatakwaca

— Bagéya Mamangdana, Amonggarba, satekamu ana ngarepanaku.

Kalih sareng

— Kula non, inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kang-

jeng Déwaji, ingkang rumentah dhateng kula.

— Kapriyé kowé dakkongkon, sowan Bathara Éndra, nyuwun nimas Supraba, apa iya diparingaké, apa ya oraa, mara matura.

87

Mamangdana

— Kula non, inggih dhateng sendika, nön Kangjeng Déwaji, kula sampun kautus dhumateng ing Kaéndran, nyaosaken panglamar-dalem, sadhateng kula ing Ngéndrabuwana, Bathara Éndra saweg pinuju lenggah siniwaka, wonten ing sitinggil binatur rana adi.

— Apa mengkono Mamangdana.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika. Kula non Kangjeng Déwaji, sowan kula wonten ngarsanipun Bathara Éndra, kula lajeng dipun-dangu, la kita raksasa kelakyan tumeka ana ngabyantara ulun, sapa aran kita, lan saka ngendi pinangka kita, lajeng kula matur, non Ywang Pukulun, Ywang Pukulun andangu, kula denawa saking nagari Ngimataka, wondéné nama kula pun diktya Mamangdana, déné pun adhi punika nama pun ditya Amonggarba.

88

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika. La punika Déwaji, Bathara Éndra ndangu

malih dhateng kula, timbalanipun sapunika, la kita Mamangdana, kelakyan tumeka ana ngabyantara ulun, apa karep kita dhéwé, apa ana kang kongkonan marang kita, kula lajeng matur, non Ywang Pukulun, Ywang Pukulun andangu, lampah kula setindak, ambegan kula sakesodan, keteg kula sademi, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur dipun utus, kaliyan gusti kula, ingkang jumeneng nata, wonten nagari Ngimataka, ajujuluk Prabu Winatakwaca.

89

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika. Non Déwaji, lajeng Bathara Éndra ndangu malih dhateng kula, timbalanipun sapunika, la dikongkon apa marang gusti kita Prabu Winatakwaca, kula lajeng matur, ingkang rumiyin kula dipun utus, nyaosaken pangabektinipun gusti kula katura Ywang Pukulun.

— La timbalané Bathara Éndra kepriyé.

90

— Timbalanipun Bathara Éndra, iya ulun trima.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika. Non Déwaji lajeng kula matur malih, kaping kalihipun, kula dipun-utus nyaosaken pangebun-ebun énjing anjejawah sonten katura Ywang Pukulun.

— La timbalané Bathara Éndra kepriyé.

— Timbalanipun Bathara Éndra, dadi suwadiné kita diutus nglamar, atur kula inggih.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika, non Déwaji, lajeng Bathara Éndra ndangu malih dhateng kula, timbalanipun sapunika la sing dilamar sapa, kula lajeng matur, wondéné ingkang dipun-lamar gusti kula, tiyang sanès dédé, inggih ingkang dados musthikaning swarga, akekasih Sangdyah Retna Supraba, badhé dipunagem tetimbangan mukti wonten negari Ngimataka.

91

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La timbalané Bathara Éndra kepriyé.

— Non Déwaji, wondéné timbalanipun Bathara Éndra, iya Mamangdana, bab panuwuné gusti kita, ulun ora maringaké, jalaran gusti kita wus sinungan jodho, widadari tetelu, kula lajeng matur, non Ywang Pukulun, dhawuhipun gusti kula, klilan boten klilana, inggih meksa dipun-suwun, la punika Déwaji, Bathara Éndra dèrèng mangsuli dhateng kula, lajeng putranipun Bathara Éndra, ingkang nama Bathara Srengganidéwa, ngundha mana kathah-kathah dhateng kula, boten pantes yèn kula atura-

92

ken wonten ngarsanipun Kangjeng Déwaji, ngantos kula badhé pacakara kaliyan Bathara Srengganidéwa, wonten ngarsanipun Bathara Éndra, lajeng pun adhi Amonggarba, menggak dhateng kula, yèn sampuna dipun-penggak, kaliyan pun adhi Amonggarba, kelampahan pacakara, kaliyan Bathara Srengganidéwa, wonten

93 ngarsanipun Bathara Éndra, lajeng Bathara Éndra, dhawuh dhateng kula, utawi dhateng Bathara Srengganidéwa, boten kalilan pacakara, ndikakaken wangsul sami lingguh malih.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih, la punika Déwaji, kula lajeng miterangaken dhateng Bathara Éndra, ingkang dados panuwunipun gusti kula, timbalanipun sapunika, iya Mamangdana, kita mung saderma diutus, becik kita muliha, matura menyang gusti kita Prabu Winatakwaca, kaya dhawuh ulun ing ngarsa, atur kula inggih sendika, lajeng kula nyuwun pamit, ugi sampun dipun lilani.

— Apa mengkono.

94 — Kangjeng Déwaji inggih, la menika Kangjeng Déwaji, sawedal kula ing jawi, lajeng dipun tututi para jawata, kula kelampahan pacakara, kaliyan Bathara Srengganidéwa, namung kula kaliyan pun adhi Amonggarba, nguncati yuda, lajeng mantuk dumugi wonten ngar-

sanipun Kangjeng Déwaji punika.

– Apa mengkono.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès.

KANDHA.

– Wis mundura.

– Inggih dhateng sendika.

KAWIN SEKAR SUDIRAKAWEKAS,

KANDHA.

(49)

– É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora talah si Srengganidéwa, wani-wani nylekuthak kongkonanku, apa déné Bathara Éndra, dadak ora gelem ngulungaké nimas Supraba, iya diayonana, yèn ora padha sirna déning aku, é haé. Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu, yayi Prabu.

Gangsal sareng

– Non anak Prabu.

– Ijengandika sampun mireng piyambak, aturipun pun Mamangdana.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu, yayi Prabu inggih.

– Wangsul kersanipun anak Prabu kados pundi.

– Wondéné ingkang dados kajeng kula, ing Kaéndran prayogi dipun-kepung wakul ambaya mangap, bokmanawi Bathara Éndra miris ma-

nahipun lajeng ngulungaken nimas Supraba. sangkaning aris menawi meksa boten ngulungaken nimas Supraba, sangkaning aris, inggih lajeng badhé kula rebat ing prang kémawon.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu, yayi Prabu inggih.

— Inggih leres timbalanipun anak Prabu.

KANDHA.

(50)

Winatakwaca

— Kaka Prabu Candrageni, yayi Prabu Téjalelana.

Kalih sareng

— Non yayi Prabu.

— Yèn kados mekaten ijengandika nusula, lampahipun uwa Prabu Jayapurusa, paman
97 Prabu Jayawasésa, dhateng pasanggrahan Ngéndramuhara, lajeng ngepunga wakul ambaya mangap, ing Ngéndrabuwana, supados Bathara Éndra miris manahipun, supados ngulungaken nimas Supraba sangkaning aris, yèn meksa boten purun ngulungaken nimas Supraba sangkaning aris, lajeng ijengandika rebat ing prang kémawon.

— Menapa mekaten yayi Prabu.

— Kaka Prabu, yayi Prabu inggih.

— Inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(51)

Kalih sareng

— Non yayi Prabu, yèn sampun rampung timbalanipun yayi Prabu, yayi Prabu kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun pamit, lajeng badhé nusul dhateng pasanggrahan Ngéndramuhara, mangkat sadinten punika.

98

— Inggih kula nyangoni basuki lampah ijengandika, kaka Prabu, yayi Prabu.

— Inggih dhateng anuwun.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA.

(52)

Winatakwaca

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Sapungkuré kaka Prabu, yayi Prabu, kowé padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Ngimataka kabèh, mulané mengkono samangsa-mangsané dadi prakara, kowe aja nguciwani.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

99 — Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu.

Kalih sareng

— Non anak Prabu.

– Inggih semanten malih, sapengkeripun kaka Prabu, yayi Prabu, ijengandika sami berdandosana, sasumektaning ngayuda, mila sapunika, samangsa-mangsanipun dados prakawis, uwa Prabu, paman Prabu, sampun ngantos nguciwani.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Uwa Prabu, paman Prabu inggih.

– Inggih dhateng sendika.

– Bomakéndra.

Patih

– Kurnoknon.

– Kowé ndhawuhana si Kagéndrasura, sakancané buron alas kabèh, konen pacak baris, ana ngalas Krendhasara, yèn ana wong arep menyang Kaéndran, konen ambalèkaké.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Bomakéndra iya. Apa déné sira Kalakadhing, sakancané bocahku buta kabèh, dhawuhana konen pacak baris, ana tepis wiring negara Ngimataka, yèn ana wong liwat, konen ambalèkaké.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Bomakéndra iya.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA GESANG LAJENGAN, WEDALIPUN MAMANGMURKA, REP.

KANDHA.
GANGSA GESANG, SUWUKAN, ADA–ADA.
(53)

101 *Mamangmurka*

– É haé, kaya ngapa pandhita sing mertapa ana gunung Ngéndrakila, apa ngluwihi mana olèhé mangun tapa, déné Kangjeng Déwaji kersa nyuwun pangèstu marang si Mintaraga, iya muga-muga maringana pangèstu baé, yèn nganti ora kersa maringi pangèstu, lara apa baé ingkang dijaluk, é haé. Togog.

Togog

– Kula nuwun Mas Tumenggung.

– Apa kowé wis weruh pernahé gunung Ngéndrakila Gog.

– Inggih sampun sumerep, leresipun lèr kilèn punika, malah kaliyan Begawan Suciptahening inggih sampun sumerep.

102 – Apa mengkono Gog.

– Mas Tumenggung inggih. Menapa kula klilan matur Mas Tumenggung, supados wilujeng lampahipun Mas Tumenggung.

– Iya Gog, arep tutur apa.

– Inggih Mas Tumenggung, Begawan Suciptahening punika, pandhita ingkang sampun kaloka kajana priya, sampun katrimah kaliyan Sangywang Latawalhujwa, alatipun ageng sanget.

– Iya Gog kepriyé.

– Lampahipun Mas Tumenggung

kedah andhap asor.

— Perluné apa andhap asor Gog.

— Perlunipun sampun ngantos kénging alatipun sang tapa.

— Iya kepriyé Gog.

— Mangké yèn sampun dumugi kirang sapal saking redi Ngéndrakila, kedah lampah bokong, lajeng nyembah ping tiga.

103

— Ah Gog, kok rekasa temen, mangka aku iki utusané panjenengan-dalem nata, ratu gedhé binathara, yèn kaya mengkono bakal ngusudaké Kangjeng Déwaji.

— Inggih Mas Tumenggung, anamung manawi boten mekaten, sampun temtu badhé cilaka.

— Apa iya Gog.

— Inggih mangga sampéyan retosi.

— Yèn kaya mengkono, ayo aja kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga. Ayo Saraita mangkat.

Saraita

— Iya mayo kang Thukun.

104 GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, SUWUK, ADA—ADA.

(54)

Candrageni

— Kakang Patih Bomakéndra.

Bomakéndra

— Kula Déwaji ing Tunjungkaroban.

— Sanget leganipun manah kula, kula ndikakaken nusul dhateng pasanggrahan Ngéndramuhara, saking pangraosing manah kula, lajeng dipun-rebat ing prang

kémawon, mamrih kéngingipun Dèwi Supraba, yèn wonten kurdakanipun para jawata, kula mangsi ajriha boten.

— Menapa mekaten Déwaji.

— Kakang Patih Bomakéndra inggih. Kados pundi yayi Prabu Giriguthaka, punapa boten leres pangrembag kula.

Giriguthaka

105 — Inggih leres kaka Prabu. Inggih kakang Patih Bomakéndra, leres timbalanipun kaka Prabu ing Tunjungkaroban, kula inggih semanten malih, sanget leganipun manah kula, déné kula lajeng ndikakaken nusul dhateng pasanggrahan Ngéndramuhara, saking pangraosing manah kula, inggih lajeng dipun-rebat ing prang kémawon, mamrih kéngingipun Déwi Supraba, yèn wonten kurdakanipun para jawata, kula mangsi ajriha boten.

Bomakéndra

— Menapa mekaten Déwaji Giriguthaka.

— Kakang Patih Bomakéndra inggih.

— Inggih leres timbalanipun Déwaji ing Giriguthaka.

Raja kalih sareng

106 — Mandrahanala, Mandraprakosa.

Kalih sareng

— Kurnoknon.

Kalih sareng

— Sira padha berdandanana sasumektaning ngayuda, sa-

kancamu Giriguthaka kabèh, mulané mengkono, aku arep nusul menyang pesanggrahan Ngéndramuhara, mangkat sadina iki.

— Menapa mekaten Déwaji.

— Mandrahanala, Mandraprakosa iya.

— Inggih dhateng sendika.

Kagéndrasura

— Ki Lurah Rekyana Patih Bomakéndra, énggal-énggalan nimbali kula, sakanca kula bujungan wana sadaya, wonten dhawuh-dalem punapa, sumangga kula aturi andhawuhaken.

Bomakéndra

107 — Inggih adhi Kagéndrasura, kula andhawuhké timbalan-dalem, yèn sapunikanipun, bab panglamar-dalem dados prakawis, ijengandika sakanca bujungan wana sedaya, ndikakaken pacak baris, wonten wana Krendhasara, samangsa Déwaji sekaliyan manggih pakèwet, ijengandika sakanca bujungan wana sedaya, lajeng énggala tetulung, utawi malih yèn wonten tiyang langkung, supados dipun-wangsulna, yèn bangga dipun-sembadanana, yèn budi dipun-rampungana.

— Menapa mekaten Ki Lurah.

— Adhi Kagéndrasura inggih.

— Inggih dhateng sendika.

— Wondéné lampah ijengandika sakanca.

108 bujungan wana sedaya, nya-
rengana tindakipun Déwaji
sekaliyan.

— Menapa mekaten Ki Lurah.

— Adhi Kagéndrasura inggih.

— Inggih dhateng sendika.

Kagéndrasura
— Nagasura.

Nagasura
— Noknon.

— Timbalan-dalem, aku utawa
kowé sakanca ndikakaké pa-
cak baris, ana ngalas Kren-
dhasara, samangsa Déwaji
sekaliyan manggih pakèwet,
aku utawa kowé sakancamu
kabèh, ndikakaké tetulung,
utawa manèh yèn ana wong
liwat, ndikakaké mbalèkaké,
yèn bangga ndikakaké
nyembadani, yèn budi ndi-
kakaké ngrampungi.

— Menapa mekaten Déwaji.

109 — Nagasura iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Wondéné lakumu kabèh ndhè-
rèkna tindaké Déwaji sekali-
yan, aku arep metu ing ju-
mantara, ngiras nganglangi
pakéwuh, kang ana ing ju-
mantara.

— Menapa mekaten Déwaji.

— Nagasura iya.

— Inggih dhateng sendika.

Bomakéndra
— Non Déwaji sekaliyan, yèn kados
mekaten, Déwaji sekaliyan kantu-
na lenggah, kula lajeng badhé an-
dhawuhaken, dhateng kanca kula
rota denawa sedaya.

Raja kalih sareng.

– Menapa mekaten kakang Patih.

– Déwaji sekaliyan inggih.

– Inggih dhateng sumangga.

– Adhi Kagéndrasura

110 *Kagéndrasura*

– Kula Ki Lurah.

– Yèn kados mekaten, sumangga sami sowang-sowangan.

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, KANDHA.

(55)

Raja kalih sareng

– Mandrahanala, Mandraprakosa.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

Kalih sareng

– Apa wis padha sumekta olehmu berdandanan, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Giriguthaka kabèh.

Kalih sareng

– Non Déwaji, Déwaji andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Giriguthaka sedaya, inggih sampun sumekta.

Kalih sareng

111 – Yèn wis padha sumekta, angkatna gegaman kang ana ngarep.

– Inggih dhateng sendika.

Patih kalih sareng

– Hi, hi, kanca ing Giriguthaka.

Punggawa sareng
– Kula kula kula.

Kalih sareng
– Apa wis padha sumekta olèh-mu berdandanan.

– Sampun.

– Yèn wis padha sumekta, timbalan-dalem ndikakaké ngangkataké gegaman kang ana ngarep.

Punggawa sareng
– Sendika, (gumujeng).

KANDHA.
GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, SUWUK, ADA–ADA.

(56)
Kalakadhing
– Non Kyana Patih Bomakéndra, énggal-énggal nimbali dhumateng kula sakanca kula rota denawa sedaya, wonten dhawuh-dalem punapa, sumangga kula aturi ndhawuhaken.

112

Bomakéndra
– Iya Kalakadhing, aku ngemban dhawuh timbalan dalem, yèn saikiné, bab panglamar-dalem, bokmanawa dadi prakara, kowé sakanca ndikakaké mecambeng tepis wiringé negara Ngimataka, yèn ana wong liwat, ndikakaké mbalèkaké, yèn bangga sembadanana, yèn budi rampungana.

– Menapa mekaten Kyana Patih.

– Kalakadhing iya.

– Inggih dhateng sendika.

Kalakadhing
– Èh, èh, adhi Kalarenggut,

Kalariwut, Kalayeksa, Yeksakala, Kalajombla.

Sedaya sareng

113 — Kula kakang Lurah.

— La niki adhi, ijengandika sami mireng piyambak, dhawuhipun Kangjeng Déwaji, ingkang dipun dhawuhaken Kyana Patih Bomakéndra.

— Menapa mekaten kakang Lurah.

— Adhi inggih.

— Wangsul kersanipun kakang Lurah kados pundi.

— Inggih adhi, ingkang dados kajeng kula, jengandika sami berdandosana, sasumektaning ngayuda, milané mekaten, sebab kula badhé pangkat sadinten punika.

— Menapa mekaten kakang Lurah.

— Adhi inggih.

— Inggih dhateng sendika.

114 — Èh, èh, adhi Kalarenggut, Kalariwut, Kalayeksa, Yeksakala, Kalajumbla.

— Kula kakang Lurah.

— Napa pun padha sumekta adhi, angsal ijengandika sami berdandosan.

— Kula kakang Lurah, yèn kakang Lurah andangu, anggèn kula sami berdandosan, inggih sampun sami sumekta sedaya.

— Inggih lega manah kula yèn kados mekaten.

Kalakadhing

— Non Kyana Patih Bomakéndra, yèn sampun rampung timbalanipun Kyana Patih, Kyana Patih kan-

tuna lenggah, kula nyuwun pamit mangkat sadinten punika.

Bomakéndra

— Iya mangkata, aku nyangoni basuki kang dadi lakumu.

115 — Inggih dhateng anuwun, daweg daweg adhi mangkat.

Sedaya sareng

— Daweg, daweg, daweg.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK.
KANDHA,
GARA–GARA,
GANGSA PLAJARAN, PRANG, SESEG, SUWUK, LAGON.
KANDHA,
SEMAR LAGON UTAWI TETEMBANGAN, URA–URA DHAWAH GENDHING SAWETAWIS, LAJENG SUWUK.
(57)

Semar

— Nala Garèng, Pétruk, Bagong, déné ora ana katon, cenguk garangan anton-anton, sasuwéné pating grobyag pating grubyug, bareng ana wong teka kaya orong-orong kepidak, menyang ngendi ta mau parané, nèk lunga saadoh-adohané ya nèk krungu tembangku Dhandhanggula, ditibakaké
116 gendhing iya banjur teka.

DHÈHÈM, URA–URA DHANDHANGGENDHIS, DHAWAH GENDHING, SUWUK.

— Géné kok ora ana teka. Nala Garèng, Pétruk, Bagong, la ta menyang ngendi bocah iki mau. Nala Garèng

Garèng

— Oyah, oyah, kuwi Ki Rama, nèk

ditinggal sedhéla baé, kaya kirik digitiki.

– Lo, la géné kuwi kok cethèk temen enggoné, mrénéa, Nala Garèng.

– Aku kon mrono Ki Rama.

– Iya tholé, iya.

LAJENG NEDHA GENDHING DHÉNOK SARU UTAWI SANÈSIPUN.

– Iya Ki Rama, mengko taktata-tata dhisik.

POCAPAN BANYOLAN SAWETAWIS.

117 – Tholé Nala Garèng.

– Anu apa Ki Rama.

– Adhimu si Pétruk menyang ngendi Nala Garèng.

– Kowé takon anakmu si Pétruk.

– Iya tholé, iya.

– Iya embuh kuwi mauné si Pétruk, mau kaya dikuya-kuya nguwong Ki Rama, ana désa lor kuwé si Pétruk.

– Apa mengkono Garèng.

– Ki Rama iya.

– Wwa, biyang biyang, bocah mono sok padha ugal-ugalan, undangen undangen, adhimu si Pétruk.

– Iya Ki Rama, takundangé si Pétruk.

Garèng

– Truk, Truk.

Kanthong

– Hé, hé.

– Mrénéa Truk, mrénéa, diundang Ki Rama

118 – Iya mengko ta dhisik, aku agi éwuh.

– Oyah, agi éwuh apa.

– Agi éwuh sisig.

– Banyoné apa.

– Juruh.

– La mamahané apa.

– Gedhang gabu.

– La apa ireng.

– Iya ora irang ora ireng, menyang weteng mathentheng.

– Oyah, Truk, mrénéa, mrénéa, diundang Ki Rama.

– Iya kakang Garèng, alon-alon.

MAJENG URA–URA, DHAWAH GENDHING UTAWI SANÈSIPUN, MAWI BANYOLAN SAWETAWIS.

– É, adhiku, Pétruk, nèk semangsané ana kok kétok baé.

Pétruk

– Iya kang Garèng, wong dhuwur
119 ditelung-telungaké, wis sikuté sungsun, nganggo ngrangkul, liyan kalamenjing sikuté.

Semar

– Biyang biyang, wis ta uwis, wong padha déné. Tholé Pétruk.

– Ana apa Ki Rama.

– La kowé mau sasuwéné ana ngendi.

– Aku Ki Rama, mlaku-mlaku ana pedésan lor kuwé, mèh cilaka awakku.

– Kowé.

– Iya Ki Rama, kesanja baya.

– Apa Pétruk, kang dadi sebabé.

– Iya Ki Rama, kang dadi sebabé, aku nyilih gèntèr, sing duwé omah ora ana, tur ming katutan bebet telu, bareng sing duwé omah we-

ruh, cut aku dikuya-kuya digawak-
120 aké alu, wong sadésa banjur metu kabèh, ajaa banjur dakbuwang gèntèré, karo bebeté, sida cilaka awakku.

— Kuwi pokalmu mengkono.

— Iya Ki Rama.

— Iya bener sing nguya-uya, aja kokpindhoni pokalmu kaya mengkono kuwé, la tujuné durung kebacut digebugi, Pétruk, wong nayap kuwi jenengé.

— Elo, dadi kuwé wong nayap jenengé.

— La mara apa aranana.

— Aku weruha nèk kaya mengkono kuwé, taksengarakaké, aku yèn nayapa, pengrasaning atiku, wong krana padhang, nganggo tembung.

— La sing koktembungi sapa, sing duwé omah agi ora ana.

121 — Iya ming kuwi luputku.

— Wis ta uwis, adhimu si Bagong menyang ngendi, mara undangen undangen.

— Embuh mau si Bagong, aku agèk selaya.

— Selaya kepriyé.

— La wong dhèwèké ngajak mampir menyang pekampungan, basan nglatar ana méméyan jarit loro, banjur dientas baé, mak saut, mlayu brabat, aku ditinggal, banjur konangan sing duwé omah, dilokaké nayap, dadi aku sing digebugi

karo sing duwé omah. Bagong banjur ngenthir mlayu, aku ya banjur nututi Bagong, bareng ketututan wis nyangga wungkusan, taktakoni jarité wis diurupaké sega, aku ora dingèngèhi, ya banjur takrebut dadi mawut kabèh, sega pirang-pirang wungkus, dilalah
122 ana asu, dadi rebutan telon, karo asu, wis ora karu-karuan.

— Wis ta aja padha pijer udur, wong seduluran iku banyu pinerang upamané, pisaha mung sedhéla, ya banjur kumpul manèh, karo sedulurmu pira, becik undangen, undangen.

— Iya dakundangé si Bagong.

Pétruk

— Bagong, Bagong, gilo diundang Ki Rama.

BAGONG LAJENG MANGSULI, LAJENG MAJENG MAWI URA–URA, SARTA GENDHINGAN SAWETAWIS, UTAWI LAJENG TAYUBAN.
SEMAR BAWA SWARA KATAMPI GENDHING PANGKUR, REP. KANDHA.

123 GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.

(58)

Mintaraga

— Cantrik Danakarti.

Danakarti

— Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kaya kepriyé nggonira padha nambut gawé, andhedhungkèl angetori kayu, ga-

wé lalahan gaga sawah, sakancanira cantrik kabèh, apa ora ana kekurangané.

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan andangu, anggèn kula nyambut damel, andhedhungkèl angetori kajeng, damel lalahan gaga sabin, sakanca kula cantrik sedaya, inggih boten wonten kekiranganipun, kula nuwun.

– Apa mengkono Danakarti.

124

– Sang Adi Panembahan inggih.

– Iya lega atiningsun, yen kaya mengkono. Apa déné sira jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

Kalih sareng

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Iya semono manèh, olèhira padha nyambut gawé, andhedhungkèl angetori kayu, gawé lalahan gaga sawah, sapamitraningsun wasi jejanggan kabèh, apa ora ana kekurangané.

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, yèn Sang Adi Panembahan andangu, anggèn kula nyambut damel, andhedhungkèl angetori kajeng, damel lalahan gaga sabin, sakanca kula wasi jejanggan sedaya, inggih boten wonten kekiranganipun.

125

– Apa mengkono Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

– Sang Adi Panembahan inggih.

– Iya lega atiningsun yèn kaya mengkono. Cantrik Danakarti.

Danakarti

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Saiki sira padha ngati-atiya, sasumektaning gegaman, cundrik, golok, paser lembing, bandhil tuwin sangkuh, mulané mengkono, sabab ing pratapan, bakal diambah drubiksa kang luwih galak, sarta gawé ruhara ngrusak ing pratapan kéné.

Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

– Cantrik Danakarti iya.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

126 – Apa déné sira Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

Kalih sareng

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Sira iya semono manèh, padha ngati-atiya, sasumektaning gegaman, cundrik golok, paser lembing, bandhil tuwin sangkuh, mulané mangkono, sabab ing pratapan, bakal diambah drubiksa, kang luwih galak, sarta gawé ruhara ngrusak pratapan kéné.

– Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

– Jejanggan Anungswara, Wa si Sonyasubrastha iya.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

– Cantrik Danakarti, Jejang-
127 gan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

Tiga sareng
– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Saiki sira padha sumingkira, sabab ingsun bakal katekan kongkonan seka negara Ngimataka.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

– Apa déné kowé kakang Semar.

Semar
– Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Iya semono manèh, padha sumingkira saanakmu, mulané mengkono, sabab ingsun arep katekan kongkonan seka negara Ngimataka.

– Menapa mekatěn Sang Adi Panembahan.

– Kakang Semar iya.

128 – Inggih dhateng sendika. Ayo tholé Nala Garèng, Pétruk, Bagong, padha sumingkir.

Tiga sareng
– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.

(59)
Mamangmurka
– Togog.

Togog.
– Kula Mas Tumenggung.

– La iki kepriyé Gog, déné aku séba kok ora didangu, Begawan Suciptahening kèndèl baé.

– La punika ngalamat kirang sekéca, prayogi inggih lajeng matur kémawon, punapa saperlunipun, temtunipun angsal wangsulan pangandika.

– Apa mengkono Gog.

129 – Mas Tumenggung inggih.

– Iya takcobané mengko takmatur. Kula non Sang Adi Panembahan, kula dipun-utus dhumateng gusti kula, ingkang jumeneng nata, wonten nagari Ngimataka, ajuluk Prabu Winatakwaca, ingkang rumiyin, kula dipun-utus nyaosaken pangabektinipun gusti kula, katura Sang Adi Panembahan. La kepriyé Gog, Begawan Suciptahening, kok durung mangsuli.

Togog.
– Inggih aturipun prayogi dipunlajengaken kémawon.

– Apa mengkono Gog.

– Mas Tumenggung inggih.

– Iya Gog, iya. Wondéné kaping kalihipun, kula dipun-utus gusti kula Prabu Winatakwaca, nyuwun pangèstu, supados lestantun anggènipun badhé nambut titahing akrama, lamaking premada, dhaup kaliyan Dèwi Retna Supraba. La kepriyé Gog, kok isih meneng baé,

130

Begawan Suciptahening kok meksa durung mangsuli.

– Pun ta, priyogi nyuwun pangapunten kémawon, punika temtu wonten lampahipun Mas Tumenggung ingkang klèntu.

– Ah, ora Gog, aku arep matur sepisan engkas, apa dhawuhé Kangjeng Déwaji, mengko nèk Begawan Suciptahening ora mangsuli, iya banjur arep dakbopong baé, dakgawa menyang negara Ngimataka.

131 – La menika sampun Mas Tumenggung.

– Ah, embuh ora idhep Gog.

– Saraita.

Saraita

– Ari kang Thukun.

– Kok wangkal Mas Tumenggung, gèk arep nemu apa baé.

– Iya kang Thukun, menawa kesurupan dhemit ing Ngéndrakila.

– Ayaké iya.

Mamangmurka

– Kula non Sang Adi Panembahan, dhawuhipun gusti kula Prabu Winatakwaca, yèn Sang Adi Panembahan boten kersa maringi pangèstu, lajeng badhé kula bekta, dhateng negari Ngimataka, sadinten punika.

KANDHA,

132 KAWIN CAPENG, SEKAR DURMA,

KANDHA,

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON TLUTUR,

KANDHA,

LAGON TLUTUR JUGAG.

(60)

Mamangmurka

– Ah, kok mula nyata Gog, gedhé temen alaté Begawan Suciptahening iki.

Togog

– Ta, wau mila wau mila, kula sampun bèbèl ngaturi priksa, sampéyan boten nggega.

– Iya Gog, kok awakku rasané ènthèng, nyingnyingan, karo atiku dhegdhegan, pendelenganku bliyar-bliyar.

– Inggih prayogi dipun asokaken rumiyin.

– Apa mengkono Gog.

– Mas Tumenggung inggih.

– Iya Gog, yèn kaya mengkono Gog, ayo aja kelayatan.

133 – Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, SUWUK, LAGON, KANDHA,
GENDHING MÉGAMENDHUNG, REP.

(61)

Guru

– Kakang Nurada.

Nurada

– O hok, napi adhi Guru.

– Pekenira mangarsa anrapsila miwah yoga menira para jawata tuwin yang-yang sekabèhé.

– Enggèh dhateng sendika.

Nurada

– Brama.

Brama

– Pukulun uwa Bathara Kanékaputra.

– Wedharing sabda adhi Guru, kita para jawata tuwin yang-yang kapya kinèn mangarsa nrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Brama

134 – Hi, hi, para jawata, tuwin para yang-yang kapya.

Sedaya sareng

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Wedharing sabda Sangywang Jagadnata, kita para jawata tuwin para yang-yang kapya, samya kinèn mangarsa nrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN
KLAYUNEDHENG.
(62)

Guru

– Kakang Nurada.

Nurada

– O hok, kéyong adhi Guru.

– Lo, puniku paran baya kakang, pekenira menira timbali, saweca pekenira kadya mangkana.

– O hok, enggèh adhi Guru, sabab

135 kéyong puniku sejatosnya kul, dadya saweca menira mring adhi Guru kul kawula.

– Kakang Nurada.

– O hok, banthèng warèng adhi Guru.

– Lo kok saya ndlèwèr kakang, saweca pekenira menira timbali, tuwangganing déwa

kok sembrana, déwa puniku boya kénging sembrana.

– O hok, boya adhi Guru, banthèng puniku ingkang wonten wana, banthèng warèng ingkang wonten padhusunan, angsal déning sapi, dadya saweca menira mring adhi Guru punapi.

– Kakang Nurada, menira puniki ayun minta wuninga, haywa pekenira tampèni sembrana.

136

– O hok, haywa dadya runtiking wardaya adhi Guru, awit raka para puniki salaminya manuh sembrana.

– La puniku boya kakang, ywan pekenira amung manggung sembrana, ywan kadya mangkana, ayun menira lèrèhaké, unggyan pekenira dadya tuwangganing jawata, kalayan menira turunaké mring marcapada.

– O hok, sarèh adhi Guru, puniku boya damel abahan punapi wènten marcapada napi badhé wènten déwa ngindhung tlosor adhi Guru, enggèh menira mantuni.

– Kakang Nurada.

– O hok, napi adhi Guru.

– Marmanya pekenira menira
137 pinta sumèwa, yoga ulun para jawata, miwah para yang-yang sekabèhé, napi pepak samya mangarsa nrapsila kapya.

– O hok, enggèh adhi Guru, ywan adhi Guru tetanya, yoga ulun para

jawata, miwah para yang-yang, enggèh samya pepak mangarsa nrapsila kapya.

– Napi mangkana kakang Nurada.

– Adhi Guru enggèh.

– Dahat kacaryan tyas ulun, ywan kadya mangkana. Kakang Nurada.

– O hok, napi adhi Guru.

– La puniki sinten kakang, ingkang karya gara-gara. Déné linangkung prabawanya, ngantya tekap ing ngantariksa, kawah Candradimuka kadya kinebur, ngolang-ngaling kang sapi Gumarang, ing Suralaya lindhu ping sapta sadina, para jawata myang waranggana, samya marlupa nandhang sungkawa, kapileng déning prabawa ruhara, sinten kakang titahing ngababathara, ingkang karya gara-gara puniki.

– O hok, enggèh adhi Guru, la napi adhi Guru kekilapan, prakawis titahing ngabathara, ingkang karya gara-gara.

– Elo, enggèh boya kakang, anamung wedharing sabda Sangywang Padawinenang, pekenira wus winenangaké dadya pitakonan menira, kapya obah mosiking bawana, sakrenteking titahing ngabathara, ingkang dèrèng kawedhar, menira kedah te-

tanya mring pekenira rumiyin.

139 – O hok, enggèh kasinggihan wedharing sabda adhi Guru, menira kalilan saweca wènten ngarsanya adhi Guru.

– Enggèh kakang Nurada, pekenira saweca kang sejati.

– Enggèh adhi Guru, ingkang dadya purwanya gara-gara puniki, wènten titahing ngabathara sanget anggentur kasutapanya, muja brata wènten ing ngarga Ngéndrakila, salebeting guwa si Mintaraga, asesilih nama Begawan Suciptahening, sejatosnya yoga kekasih Permadi.

– Napi mangkana kakang Nurada.

– Adhi Guru enggèh.

KANDHA,
LAGON MENGENG.
(63)

140 – Hong buwana langgeng, la puniku napi marmanya kakang Nurada, déné pun Permadi anggenturaken kasutapanya, napi ingkang dadya penggayuhnya si Permadi, la napi ayun nyamèni Bathara Guru, ywan mila arsa nyamèni Bathara Guru, laju arsa menira sendhal mayang, kinarya jangkeping déwa watak nawasanga.

– O hok, elo, boya boya, adhi Guru, ywan yoga kekasih pun Premadi arsa anggayuh kadya wedharing

sabda adhi Guru, miwah darbé sedya ingkang boya saé, purwanira nggènira anggentur tapa pun Permadi, ing nguni duk nalika Samba yuda brata lawan pun Bomatara, yoga kekasih Permadi mbiyantu mring Samba, dupi pun

141 Samba pralaya, Permadi laju pacakara, nranggul pun Boma, ananging Permadi kasor ing ngayuda, la puniku adhi Guru, pun Permadi dahat mérang ing wardaya, sabab kasor ing yuda mengsah kelawan laré, ananging satuhunya pun Janaka klèntu, inggih leres pun Boma, yoganya kaki Kresna, anamung duk maksih mawantah Bathara Wisnu, marma ing semangkin dahat dènya anggentur tapa, anenuwun sihing jawata, ingkang minulya, punjula kadibyaning yuda myang wignya mamayu isining bawana, angécani manahing manungsa pada, unggula bénjing prang Brangtayuda Jayabinangun, trah tumerah anuruna para nata.

142 – Napi mangkana kakang Nurada.

– Adhi Guru enggèh.

– Ywan kadya mangkana kakang Nurada, menira lajua yunyundaka nyektèkaké mring pun Mintaraga, menira cobi rumiyin, ywan mila wus boya prana ing pangrencana, enggèh katrima déning Ywang Latawalhujwa.

– O hok, enggèh wus kasinggihan ingkang dadya kawismayanya adhi Guru, malah ing semangkin saweg wènten karyanya.

– La napi kakang ingkang dadya wigatinya sapuniki.

– Enggèh adhi Guru, sabab rajaning raksasa, ing paradèng Ngimataka, Prabu Winatakwaca, sapuniki kadereng kedah nyuwun rabi, wondéné ingkang dipun-suwun pun Supraba, mangka ing nguni adhi Guru, wus asung pradana hapsari tetiga, mring pun Winatakwaca, ingkang lumantar kaki Éndra, ingkang pinaringaken pangajeng Prabasini, Pramanasini, Warsasini, sapuniki peksa pari peksa nyuwun lelurahing widadari, enggèh nini Supraba.

143

– Napi mangkana kakang Nurada.

– Adhi Guru enggèh.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(64)

Guru

– Hong yang-yang panihanya kita, kaki Éndra, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

Éndra

– Hong nirdah pinara sabda, wedharing sabda Ywang Pukulun panihayanta tekap ulun.

144

Nurada

– O hok, hong yang-yang pani-

hanya kita kaki Éndra, tekap kita ing ngarsanya adhi Guru.

– Hong nirdah pinara sabda, uwa Ywang Kanékaputra, panihayanta tekap ulun.

Brama.

– Hong yang-yang panihanya kita, yayi Bathara Éndra, tekap kita anèng ngarsanya Kangjeng Rama Sangywang Jagadnata.

– Hong nirdah pinara sabda, kakangmas Bathara Brama, panihayanta tekap ulun.

Sambu

– Hong yang yang panihanya kita, yayi Bathara Éndra, tekap kita anèng ngarsanya Kangjeng Rama Sangywang Jagadnata.

– Hong nirdah pinara sabda, kakangmas Bathara Sambu, panihayanta tekap ulun.

145

Guru

– La kita kaki Éndra, ngantya lungsé nrapsila kita, ana ngarsa ulun, paran kang dadya darunanya.

– Ulun Kangjeng Rama, Ywang Pukulun tetanya, ingkang dadya darunanya, ulun katekapan cundaka saking néwasa Ngimataka, dutanya Prabu Winatakwaca, wondéné ingkang dinuta, wasta pun diktya Mamangdana, tuwin pun Among-garba, samya dinuta, minta pun Supraba, ayun kinarya pramèswara.

146

– Apa mangkana kaki Éndra.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Paran baya wecana kita.

– Inggih Sangywang Pukulun, ulun saweca mring Mamangdana ywan pamintanya pun Winatakwaca, ulun datan nembadani, karana ing nguni wus sinungan widadari tetiga.

– Apa mangkana kaki Éndra.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Mara kita tutugna.

– Ulun inggih dhateng sendika. La punika Sangywang Pukulun, Mamangdana sajarwa, ywan ulun tan mahyaken pun Supraba, ayun rinabasa ing ngayuda, maninggya ing Ngéndrabuwana.

– Apa mangkana kaki Éndra.

– Sangywang Pukulun inggih. La punika Sangywang Pukulun, salinggarnya pun Mamangdana, tuwin pun Amonggarba, ulun laju mematah sangkeping ngayuda, pun Srengganidéwa, Citragana, miwah Patih Déwantaka, sakadang warganya para jawata ing Ngéndrabuwana kapya, ulun pinta pacak baris, mring ngarga Sumèru, samangsa wonten titah Ngimataka nekapi laju samya tinranggulanga ing ngayuda.

147

– Apa mangkana kaki Éndra.

– Sangywang Pukulun inggih.

KANDHA.

(65)

– Kakang Nurada.

– O hok, napi adhi Guru.

– Pekenira wus miyarsa priyangga, wecanya kaki Éndra.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

– Wangsul kawismayanya adhi Guru kadya paran.

148 – Enggèh kakang, sapuniki ingkang dadya kawismaya menira, menira arsa utusan, mbantu pun Srengganidéwa, ingkang pacak baris, wènten ing ngarga Sumèru.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

– Enggèh kasinggihan wedharing sabda adhi Guru.

– Ywan kadya mangkana kakang, pekenira andhawuhana yoga menira kaki Brama, Sambu, miwah Bayu, sakadang warganya para jawata tuwin para yang-yang ing Junggringsalaka kapya, ambantua mring pabarisannya pun Srengganidéwa, wènten ing ngarga Sumèru, samangsa wènten titah saking Ngimataka nekapi, laju tinranggulanga ing ngayuda.

– Napi mangkana adhi Guru.

149 – Kakang Nurada enggèh.

– Enggèh dhateng sendika. O hok kaki Brama, Sambu, Bayu.

Tiga sareng

– Ulun uwa Bathara Kanékaputra.

– Wedharing sabda adhi Guru kita

para jawata, tuwin para yang-yang kapya, samya kinèn mbantu pabarisannya Srengganidéwa, anèng ngarga Sumèru, lumaksana ing ri semangkin, samangsa titah ing Ngimataka nekapi, laju tinranggula ing ngayuda.

– Punapa mangkana uwa Bathara Kanékaputra.

– Kaki Brama Sambu Bayu iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(66)

Brama Sambu Bayu sareng

– Ulun Kangjeng Rama Sangywang Jagadnata, ing rèh wus samapta andikanya Kangjeng Rama, Kangjeng Rama kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit, ayun mring pabarisan ing ngarga Sumèru, laksita ing ri semangkin.

150

Guru

– Iya kaki Brama, Sambu, Bayu, ulun asung puja pangastawa laksita kita.

– Ulun inggih dhateng anuwun.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA.

(67)

– Kakang Nurada.

Nurada

– O hok napi adhi Guru.

– Paran baya kakang ingkang dadya harjaning laksita.

– O hok, enggèh adhi Guru, sapuniki pun Mintaraga, yogya tinandhingna ing ngayuda, kalawan pun Winatakwaca, pundi ingkang

151

unggul yudanya, enggèh tamtu anggarwa nini Supraba, binoja wiwaha wènten ing swarga Tinjomaya.

– Napi mangkana kakang.

– Adhi Guru enggèh.

– Enggèh mila mangkana kakang, anamung panyobaning pangrencana, ulun tindakaké rumiyin, daruna pun Winatakwaca, anglangkungi kadibyanya, kawewahan kapanjingan yitmanya Rambut Julung.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

Wangsul ingkang dadya kawismayanya adhi Guru kadya paran.

– Enggèh kakang Nurada, saking kawismaya menira, menira enggèh laju arsa jeng-
152 kar ing ri semangkin, mring pratapan Ngéndrakila, wondéné ingkang ngrumiyini laksita yoga ulun kaki Éndra, ngirit para hapsari ing swarga kapya, darapya angrencana mring Suciptahening, wignya awudhar kasutapanya.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh, wondéné pekenira dadyaa tuwanggana, laksitanya kaki Éndra, tuwin hapsari kapya.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

– Enggèh dhateng sendika.

– Wondéné kita kaki Endra,

laksita kita, mituruta apa sapangrèhnya kakang Kanékaputra.

Éndra
– Ulun inggih dhateng sendika.

153 – Kakang Nurada.

Nurada
– Napi adhi Guru.

– Ywan kadya mangkana, pekenira laksitaa mring Manikantaya, pekenira bidhalna para widadari.

– Enggèh dhateng sendika. Ulun adhi Guru, ing rèh wus sampat andikanya adhi Guru, adhi Guru kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit ayun mbidhalaken para widadari, laksita ing ri semangkin.

– Enggèh kakang Nurada, menira angsung puja pangastawa laksita pekenira.

– Enggèh dhateng anuwun, ayo kaki Éndra, haywa kelayatan.

Éndra
– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, REP,
KANDHA (BADHÉ MABUR)

154 GANGSA GESANG, LAJENGAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(68)

Brama
– Ih hi, ywang sukma adi luwih, ora talah si Winatakwaca, déné datan mèstuti dhawuhing jawata, malah-malah arsa ngrurah ing Ngéndra-

buwana, iya linawana ing ngayuda, ywan tan sirna déning ulun, ih hi. Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Kalih sareng

– Apa yayi Bathara Brama.

– Paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, punapa wus samya saningga.

– Iya yayi Bathara Brama, ywan kita tetanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, iya wus samya saningga.

155

– Dahat kacaryan tyas ulun ywan kadya mangkana. Punapa déné kita kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun yayi Bathara Brama.

– Paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, miwah kadang warga kita para jawata, tuwin para yang yang kapya, punapa wus samya saningga.

– Ulun yayi Bathara Brama, ywan yayi Bathara Brama tanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun para jawata, tuwin para yang-yang kapya, inggih wus samya saningga.

– Dahat kacaryan tyas ulun ywan kadya mangkana. Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

156

Kalih sareng

– Apa yayi Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, su-

wawi haywa kelayatan.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, DHAWAH AYAK–AYAKAN, SUWUK, LAGON.

(69)

Supraba

– Hong Sangywang Bathara Nurada, ngèstata ngèstuti memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada

– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, kita nini Supraba, ngèstuti marang ulun.

– Hong Sangywang Bathara Éndra, ngèstata ngèstuti, memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Éndra

– Hong nirdah pinara sabda,
157 iya ulun trima, kita nini Supraba, ngèstuti marang ulun.

Dresanala, Wilutama

– Hong Sangywang Bathara Nurada, ngèstata ngéstuti, memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada

– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, kita nini Dresanala, Wilutama, ngèstuti marang ulun.

– Hong Sangywang Bathara Éndra, ngèstata ngèstuti, memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Éndra

– Hong nirdah pinara sabda,

iya ulun trima kita nini Dresanala, Wilutama, ngèstuti marang ulun.

Sekawan sareng

– Hong Sangywang Bathara Nurada, ngastata ngèstuti, memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada

– O hok, hong nirdah pinara
158 sabda, iya ulun trima, kita nini Widasmara, Angganasari, Angganawati, Warsiki, samya ngèstuti marang ulun.

– Hong Sangywang Bathara Éndra, ngastata ngastuti, memuja swasti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Éndra

– Hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, kita nini Widasmara, Angganasari, Angganawati, Warsiki, samya ngèstuti marang ulun.

Supraba

– Pukulun Sangywang Bathara Nurada, Ywang Pukulun prapta, ing kayangan Manikantaya, wonten kawismayanya Ywang Pukulun punapa.

Nurada

– O hok, iya Supraba, marmanya ulun prapta, ana ing kayangan Manikantaya, wedharing sabda Sangywang Jagadpratingkah, kita saka-
159 dang warga kita Dresanala, Wilutama, Widasmara, Angganasari, Angganawati, War-

siki, samya sumbagaa kang èdi pèni, miwah ingkang ngresepaké, nyaput, mbèngès, nyelak, nganggo ménynak-ménynak, odhir kang wangi-wangi.

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

– Supraba iya.

– Wonten kawismayanya Sangywang Pukulun punapa, déné ulun para waranggana, samya kinèn sumbaga kang èdi pèni, ingkang angresepaken.

– O hok, iya Supraba, marmanya mangkana, wedharing sabda adhi Guru, kita kinèn tumurun mring marcapada, angrencana pandhita ingkang mertapa anèng ngarga Ngéndrakila, aran Begawan Suciptahening, wondéné kang dadya tuwanggana laksita kita, iya ulun priyangga, lawan kaki Éndra.

– Punapa mangkana Ywang Pukulun.

– Supraba iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Supraba.

– Ulun Sangywang Bathara Nurada.

– Apa wus samya parasta, ungyan kita samya sumbaga, sakadang warga kita, para hapsari kapya.

– Ulun Sangywang Bathara Nurada, ywan Sangywang Pukulun tetanya, nggyan ulun samya sumbaga, sakadang warga ulun para hapsa-

ri, inggih wus samya parasta kapya.

– Ywan kadya mangkana, ayo haywa kelayatan.

161 – Ulun inggih dhateng sumangga.

– Ayo kaki Éndra, haywa kelayatan.

Éndra

– Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA AYAK–AYAK, LELAMPAH, NURADA NGALÈR, WANGSUL NGIDUL DUMUGI GAWANG WANGSUL NGALÈR, MAPAN GAWANG TENGAH, GANGSA SUWUK.

Nurada

– Supraba, tuwin para waranggana kapya.

Pitu sareng

– Ulun Sangywang Bathara Nurada.

– Mangkya kalamun wus caket kalawan arga Ngéndrakila, kita samya mimbaa warna, kadya swaminya si Permadi, samya pantesena priyangga.

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

162 – Supraba, tuwin para waranggana iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– O hok, kaki Éndra.

Éndra

– Ulun uwa Kanékaputra.

– Déné laksita kita unggyannya ngrencana si Mintaraga, kita yogya salina warna.

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

– Kaki Éndra iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Ywan kadya mangkana kaki Éndra, ayo samya sowang-sowangan.

– Inggih dhateng sumangga.

– Supraba, tuwin para waranggana kapya, ayo haywa kelayatan.

– Ulun inggih dhateng sumangga.

163 KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, NURADA SARTA PARA HAPSARI BIDHAL RUMIYIN, ÉNDRA PINDHAH GAWANG TENGAH LAJENG MABUR, GANGSA SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING MADUBRANGTA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(70)

Mintaraga

– Cantrik Danakarti.

Danakarti

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Kaya kepriyé, olèhira padha nibakaké wiji pari palawija, sapanunggalané, apa padha ora ana kekurangan banyuné.

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, yèn Sang Adi Panembahan andangu, anggèn kula sami nyambut damel andhawahaken wiji pantun, palawija sapanunggalanipun, inggih boten wonten kekirangan toyanipun kula nuwun.

164

– Apa mengkono cantrik Danakarti.

– Sang Adi Panembahan inggih.

– Iya lega atiningsun yèn kaya

mengkono. Apa dènè sira Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

Kalih sareng

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Kaya kepriyé olèhira padha mulang muruk marang para cantrik guntung manguyu, apa padha ora ana kekurangané.

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, yèn Sang Adi Panembahan andangu, anggèn kula tumindak amangretosaken dhumateng para cantrik guntung manguyu, inggih boten wonten kekiranganipun.

165

– Iya lega atiningsun yèn kaya mengkono.

KANDHA.

(71)

– Cantrik Danakarti, Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha, kakang Semar.

Sekawan sareng

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Yèn kaya mengkono, padha sumingkira dhisik, sabab ingsun arep cinoba marang dèwa kang minulya.

– Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

– Cantrik Danakarti, Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha, kakang Semar iya.

166

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK.
KANDHA,
LAGON,
KANDHA,
GANGSA AYAK-AYAKAN, SUWUK.

(72)

Supraba (Sumbadra)

– La géné kiyi Kangjeng Pangéran, ketemu ana kéné. Kula nuwun Kangjeng Pangéran, kula nyaosi priksa Kangjeng Pangéran, sapengkeripun Kangjeng Pangéran, nagari Madukara dipun-tukup kaka Prabu Druyudana, kadang putra paduka ingkang kantun, sami dipun-pejahi dhumateng kaka Prabu Druyudana, kula lajeng dipun-bujung-bujung kaliyan Burisrawa, kelampahan kula lumajar, medhak jurang, minggah redi, suku
167 kula ngantos malenthung sajagung-jagung, saged kula pisah lumebet ing guwa punika, ta mangga kondur Kangjeng Pangeran, kok pambegan saiki, ngèndelaké baé, ta mangga kondur.

KANDHA,
LAGON TLUTUR.

(73)

– Déné kok nganiaya temen Kangjeng Pangéran, wong teka kedhungsang-dhungsang, teka dipitambuhi, déwa banjuten aku déwa, déné kok nganiaya temen Kangjeng Pangéran, nganti kesupèn marang aku, gek kepriyé baé, kedadéané anakku si kulup Ang-

kawijaya, Kangjeng Pangéran kesupèn temenan marang awakku.

KANDHA,
GANGSA AYAK–AYAKAN TLUTUR,
168 SUPRABA KÉSAH, KEPETHUK DRESANALA,
WILUTAMA, GANGSA REP.

(74)

Kalih sareng

– Kados pundi kakangbok, punapa sampun saged kaleksanan, kepanggih kaliyan Kangjeng Pangéran.

Supraba

– Iya yayi Dèwi Srikandhi, Larasati, satekaku ing guwa, wis tita olèhku matur, ora diparingi pangandika.

– Menapa mekaten kakangbok.

– Yayi Dèwi iya.

– Yèn kados mekaten kakangbok, kula aturi ngaso rumiyin, mangké kula ingkang nyobi badhé matur.

– Iya yayi Dèwi, mangsa bodhoa kowé.

GANGSA GESANG, SUWUK.

(75)

Dresanala (Srikandhi)

– La géné kok jebul ana kéné Kang-
169 jeng Pangéran, mangga kondur, nagari Madukara risak, dipun ambah para Kurawa Ngestina, para putra sami kapara tiwas, ta mangga kondur Kangjeng Pangéran, kok banjur kèndel baé, apa pancèn wis jothakan apa, i tak jethot lo, salawasé mangkelaké.

Wilutama (Larasati)

– É, é kok pambegan temen Kangjeng Pangéran iki, diparak kok ming ngèndelaké baé, ora nganggo ambagèkaké, apa ora kèngetan para kadang putrané, ta mangga kondur, kok ya meksa ngèndelaké
170 baé, ta, tak ithik-ithik lo, ilik, ilik, ilik, remenané kok blas-blasan, ora nganggo tarèn karo uwong, basa kondur ngrèntèngi.

Srikandhi

– Ayo yayi siji édhang astané, padha dienyet-enyet.

Larasati

– Inggih dhateng sumangga.

– Lo kok ya kemba baé, ora ana krejet-krejeté, wis yayi ayo padha ditinggal baé, wong wis katog.

– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
LAGON,
KANDHA,
GENDHING ASMARADANA, REP.
(76)

Widasmara (Wanuhara)

– Yeyi Dèwi Sulastri, Sumarsih, kowé kèriya dhisik, ana
171 sanjabaning guwa, aku dakluмebu dhisik, karo yayi Dèwi Palupi.

Kalih sareng

– Inggih dhateng sumangga kakangbok.

– Ayo yayi Dèwi Palupi, padha dicedhaki Kangjeng Pangéran.

Angganasari (Palupi)

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, REP.

(77)

Kalih sareng

– É, é, kok dadi kaya mengkéné Kangjeng Pangéran, priyayi bagus, kok ngakokaké ati, mangga kondur Kangjeng Pangéran, dak oyog-oyog lo.

Wanuhara

– Yayi Dèwi Sulastri, Sumarsih, padha mlebua mréné, ngréwangana nunggu Kangjeng Pangéran.

Kalih sareng

– Inggih dhateng sendika kakangbok.

GANGSA GESANG, SUWUK.

172

(78)

Sulastri

– É la wong kaya mengkéné Kangjeng Pangéran, mula awit ana Madukara lé sok kèndel baé.

Palupi

– Mula ya wis adaté Kangjeng Pangéran kuwi nèk tindakan séjé karo pamité.

Sumarsih

– Priyayi bagus kok ngéwak-éwakaké, mangké kakangbok, kula badhé nyobi sakedhik, kejaba astané iki dirangkus tuman baé wong bagus, éthok-éthok saré.

Wanuhara

– Ayo yayi Dèwi, aku ngithik-ithik, yayi Dèwi Palupi sing
173 ngoyog-oyog, yayi Dèwi Sulastri nyeblèki, yayi Dèwi Sumarsih nyethoti.

Tiga sareng
– Inggih mangga sareng mawon kakangbok.

Sekawan sareng
– Iki kepriyé kok meksa njibleg baé.

Palupi
– Kakangbok sampun katog boten kersa wungu.

Wanuhara
– Iya yayi, mula wis katog, yèn kaya mengkono, ayo padha ditinggal baé.

Sekawan sareng
– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
LAGON,
KANDHA,
AYAK–AYAKAN, MLAMPAH, REP.

(79)

Gandawati
– Kangjeng Pangéran kula marak, nyuwun pethuk Kangjeng Pangéran, kok ora ngrahapi, Kangjeng
174 Pangéran kula nyuwun pethuk, kula aturi medal mriki.

GANGSA GESANG, SUWUK.

(80)

Nrada (Gandawati)
– É, é, géné iki Sang Resi, agi nuju mudhar tapané, saweg wau kakangbok-kakangbok samì marak, klampahan nglosot wonten ngarsanipun Kangjeng Pangéran, Kangjeng Pangéran sanget mitambuhi, punika kados pundi karsanipun Kangjeng Pangéran.

Mintaraga

– Iya karebèn, dhasar mula dakjarag, sabab sing tresna menyang aku mung kowé, sarta wis lawas pisah karo aku.

– Mila inggih yektos Kangjeng Pangéran, sumangga ta lajeng kondur tumunten, pepasihan kaliyan kula, yèn wonten salebeting guwa, sakelangkung pakèwèt, prayogi mangga kondur.

175

– Iya Gandawati, sarèhning aku wis dadi pandhita, wis katrima déning jawata kang linuwih, senajan ana sajroning guwa, ingsun wus prasasat nunggal sarasa karo kowé, saiki sira ingsun sebda wawrat, ya mesthi yayi uwis nggarbini.

– La punapa inggih yektos, déné kok élok temen, ming ngendika ngono wé kok tenan, wis orin nèk temenan.

– Elo, apa dudu pandhita linuwih, satemené sira nimas, ingkang goroh, sujalma priya ngaku putri, sabab ingsun ora kena dèn cidrani.

KANDHA,

176 GANGSA PLAJARAN.

Nrada

– Wé la ketanggor aku, mati aku, kawirangan.

GANGSA SUWUK, NURADA MEDAL SAKING GUWA LAJENG JEMPALIKAN WONTEN NGAJENG GUWA.

KANDHA.
GANGSA PLAJARAN. SUWUK.
KANDHA.
GANGSA PLAJARAN. REP.
KANDHA.
GANGSA GESANG. SUWUK. LAGON.
KANDHA.
(81)
Mintaraga
– Katuran panakrama, sarawuhipun Sang Pandita, wonten ing pertapan Ngéndrakila.

Padya
– I, i, i, i, iya daktrima rubaya, sira mbagèkaké marang ingsun.

177 – La ijengandika Sang Pandhita, kelampahan rawuh, wonten ing pertapan, saking pundi kang pinangka, lawan sinten sinambating wewangi, utawi punapa ingkang dados kersanipun Sang Pandhita.

– Iya yèn sira takon marang ingsun, ingsun Begawan Padya.

– Begawan Padya ijengandika.

– Rubaya iya, déné yèn sira takon sangkaningsun, ingsun iki resi kandhang langit, kemul méga, dhépok-ingsun, gunung alas kang lebak-lebak, pratapaningsun, sakèhing guwa kang werit-werit, mider anganglang buwana, déné saktekaningsun ing kéné, kang mau ningali téja luwih seka gedhé soroté, tan weruh yèn sira kang
178 amawa téja, pakaryaningsun, yèn kepranggul kaya resi sira iku, amung anedya bantah angadu kawruh.

– Menapa mekaten Sang Panembahan.

– Rubaya iya.

– Sumangga kula aturi medharaken, ingkang dados panggalihipun Sang Maha Padya.

– Mulané mengkono, kageg paningalingsun, tumon patrapira semadi, ingsun anggep meksih kaworan druhaka.

– Kados pundi Sang Maha Padya, amastani kalangkung sisip.

– Mulané ingsun arani durung bener, sabab nggonira amungku semadi, meksih nyandhing gegaman, dakkira ciptanira meksih sangga runggi, durung éklas ing pambudi, kurang titis ing panyipta.

179

– Kawula nuwun Sang Maha Padya, déné ta boten kadosa, kang sebda Sang Maha Wiku, kula setani ambatur tan jujur, sabab anggèn kula tapa, mawi laras myang kuwadha, jemparing kawula sandhing, kula damel anjagi yèn wonten titah ingkang mungkir ing jawata, mila sampun mekaten lampahipun, yèn satriya olah puja, kedah mekaten patrapipun, ananging salebetipun kawiryan, kapraboning ngasinggih, mangsa ta dadak supéya,

180 dhumateng pamrihing kang sampurna.

– Iya senajan mengkonoa, saking pamawas-ingsung, banget cuwaning manah, sabab meksih angé-wuhaké, awit durung sejatiné, yèn ngantiya kebanjur-banjur samar-samar sapta kang sejati, dakarani cupet ing pambudi, iku yekti kurang prayoga, sun upamakaké jalma kang sengsem ing boga, boga durung mangsa wus binukti satemah tanggung-tanggung kang sira sedya, wekasan tampa cintaka lumantar seka kamahané dhéwé, iku ingsun arani durung buntasing kasampurnan, dadi ora sirna kang patitis.

KANDHA,
KAWIN KINANTHI PAMULARSIH,
KANDHA.
(82)

181 – Kawula nuwun Sang Maha Padya, saleresipun anggèn kula nggenturaken kasutapan punika, ingkang kula suwun kalawan jawata kang minulya, kadigdayaning ngayuda, sampun wonten ingkang nyamèni kaprawiraning ngaprang, sadaya titahing ngabathara, utawi sagedipun mulya, kadang kula ing Pandhawa, sarta sagedipun unggul bénjing prang Brangtayuda Jayabinangun. Amemahyu tribuwana, angécani manahing titahing ngabathara, ing trah tumerah dadya panembahaning manungsa pada. anjayèng lelananging ngrat.

sampun wonten ingkang nyamèni, yèn boten tinurutan, ingkang dados panuwun kula punika, déning jawata
182 kang minulya, suka lila binanjuta ing ngabathara, boten nedya mantuk dhateng nagari, leheng pejah wonten salebeting guwa.

– Yèn kaya mengkono rubaya, ingsun takon, duganen putrané Bathara Guru apa pepak padha séba kabèh.

– Kawula nuwun Sang Maha Padya, putranipun Bathara Guru, inggih pepak sowan sadaya, namung kirang satunggal Sangywang Bathara Éndra, saweg pinuju anglaya bumi, pepanggihan kaliyan kula punika.

KANDHA,
PADYA BADHAR, LAGON, PERMADI MEDHAK SAKING DHINGKLIK, JÈNGKÈNG LAJENG LENGGAH.
(83)

Mintaraga

183 – Hong Sangywang Bathara Éndra, déwata déwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, hong mengèstuti padaning Sangywang Pukulun.

Éndra

– Hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, yoga kekasih Permadi, kita ngèstuti marang ulun.

KANDHA,
LAGON JUGAG, ÉNDRA MAJENG NGRANGKUL.

(84)

– Eh, em, asrurakmi pirenaning tyas ulun, yoga kekasih Permadi. Permadi.

WANGSUL MALANG MAJENG NGIDUL

– Yoga kekasih Permadi.

– Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra.

– Ing semangkin kita lulusna amatiraga, mèh tumurun sihing Ywang Latawalhujwa, ing nguni jawata
184 wus anduta waranggana, angrencana marang kita, ananging laksitanya para waranggana mau tanpa wasana, ulun wus luwih pracaya marang kita, dadya wus titis unggyan kita ngrasuk kang pancadriya, kita lulusna bratanira, datan lama kaleksanan apa kang kita sedya, dungkap antuk wilasaning Bathara kang minulya.

– Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

– Yoga kekasih Permadi iya.

KANDHA.

– Yoga kekasih Permadi.

– Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra.

– Ywan kadya mangkana, kita kariya, winantu trusthining wardaya, ulun minta amit, arsa angayangan, laksita ing ri semangkin.

185 – Kawula nuwun inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, ÉNDRA MABUR, SUWUK, MINTARAGA JENGKAR, KANDHA.

GANGSA PLAJARAN. NURADA SAKING KIDUL. DIPUN REROMPA PARA WIDADARI. BATHARA GURU SAKING LÈR MABUR. NIYUP GAWANG LÈR. GANGSA SUWUK.

(86)

Nurada

– Olog. olog. olog. adhi Guru katiwasan katiwasan. olog. olog. olog. Déné rasané pating srendut. pating grenjel. pating kleler. olog. olog. olog.

Guru

– Paran baya kakang Nurada. ingkang dadya darunanya.

186 – Enggèh adhi Guru. ingkang dadya darunanya. menira sampun ngirit. ingkang para widadari. ngrencana maring Resi Mintaraga. anamung para widadari. boya wènten ingkang migunani. malah kosok wangsul. laju samya kasmaran dhumateng Sang Resi. menira laju mbentèri. mindha pun Gandawati. wekasan kénging sebdanya pun Mintaraga. menira katemahan wawrat. la puniki menira lajeng anjembling kadya mekaten. kok pating srendut. pating kleler. pating grenjel. kok kadya sampun badhé ndungkap lairipun jabang bayi. olog. olog. olog. gèk medal pundi puniki adhi Guru. sumangga tumunten dipun sampurnakaken. mema-

187 la menira puniki adhi Guru. adhuh mati aku. adhuh mati

aku, sumangga tumunten rinuwata.

– Enggèh kakang Nurada, haywa dadya marasé tyas pekenira, nedha kakang, pekenira mangarsaa, ulun sirnakné memala pekenira kakang Nurada.

– Iyak sayektos adhi Guru, gèk énggal selak lair, sampun sremat-sremet, Supraba, utawa widadari kapya, ayo ulun ajokna, ana ngarsanya adhi Guru.

Pitu sareng

– Ulun inggih dhateng sendika.

LAGON NGAJENGAKEN NURADA,
NURADA TEKSIH TILEMAN.

(87)

Guru

188 – Kakang Nurada, napi Bathara Guru nganti kalah, lawan sebdanya Mintaraga kakang Nurada ingkang percaya dhateng menira.

– O hok sokur adhi Guru.

LAGON, NGUSAP MAMALA,
KANDHA,
LAGON, NURADA WUNGU, LAJENG CECÉKOTAN,
WONTEN NGAJENGIPUN BATHARA GURU, TELAS
LAGON, LAJENG MALANG MAJENG NGALÈR,
PARA WIDADARI NGALÈR DHAWAH WINGKINGIPUN
BATHARA GURU.

(88)

Nurada

– Hong nirdah pinara sabda, adhi Guru, ulun atur sasanti raharja, wus kelakyan sirna, ingkang dadya memala menira.

Guru

– Enggèh kakang Nurada, wus dadya wawenang menira, menira mitulungi pekenira.

189 – Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

KANDHA,
BADHÉ DHAWUH NGÉSAHAKEN WIDADARI.
(89)

– Kakang Nurada.

– Napi adhi Guru.

– Paran baya kakang kang dadya harjaning laksita, para widadari, wus boya wignya tumama pangrencananya mring Suciptahening.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

– Enggèh adhi Guru, ingkang dadya harjaning laksita saking pangrembag menira, prayogi adhi Guru priyangga, ingkang nyalirani.

– Napi mangkana kakang Nurada.

– Adhi Guru enggèh.

– Enggèh kakang Nurada, me-
190 nira ayun nyalirani priyangga, anamung mawi wrana mindha raja apepara, wondéné pekenira nggèh semanten malih, mindhaa warna dadya kanthi menira.

– Napi mangkana adhi Guru.

– Kakang Nurada enggèh.

– Enggèh wus kasinggihan, kang dadya kawismayanya adhi Guru.

Guru

– Ywan mangkana kakang, pa-

ra hapsari samya pekenira dhawuhana, wangsul dhateng kayangan Manikantaya.

– Enggèh dhateng sendika.

Nurada

– Supraba.

Supraba

– Ulun Sangywang Kanékaputra.

– Wedharing sabda adhi guru, sakadang warga kita para widadari kapya, kinèn samya bali angayangan, marang Manikantaya.

Guru,

191

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

– Supraba iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

GANGSA PLAJARAN, WIDADARI MABUR SEDAYA, SUWUK, KANDHA.

(90)

Guru

– Kakang Nurada.

– O hok, napi adhi Guru.

– Suwawi kakang samya amindha warna.

– Enggèh dhateng sumangga.

LAGON (SANTUN WARNI).

(91)

Guru

– Kakang Nurada.

Nurada

– Napi adhi Guru.

– Menira sapuniki sesilih nama Mraja Kilatawarna, napi enggèh sampun pantes kakang.

– Enggèh sampun pantes adhi Guru, la menira jejulukipun sinten adhi Guru.

192

– Pekenira akekasiha Mraja Kilatarupa, anamung menira ingkang sepuh, pekenira dados nèm.

– Gumujeng. Enggèh sampun prayogi adhi Guru. Gumujeng.

– Yèn kados mekaten, yayi Prabu, suwawi sampun kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, PANGKAT, LAJENGAN,
WEDALIPUN MAMANGMURKA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(92)

Mamangmurka

– I haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora talah Begawan Suciptahening,

193 déné banget mitambuhi menyang lakuku, manawa wis ora neja becik karo gustiku, yèn kaya mengkono dakroda peksané baé, gelem ora gelema, lumadi bandan marang gustiku Prabu Winatakwaca, yèn kaya mengkono, pertapan Ngéndrakila dakobrak-abriké, sepira banggané pandhita siji, mangsa dadak nggetihana ora, i haé. Togog.

Togog

– Kula nuwun Mas Tumenggung.

– Yèn kaya mengkono Gog, sarèhning wis ora olèh pangandikaning Begawan Suciptahening, malah gawé sangsaraning awakku, ayo padha munggah menyang gunung Ngéndrakila, di-
194 obrak-abrik baé pertapan Ngéndrakila, Begawan Suciptahening dakroda peksané, lumadi bandan menyang gustiku, sepira banggané pendhita siji, mangsa dadak nggetihana ora.

– Lo, lo, lo, sampun ta sampun, menika mangké malah mewah-mewahi awrat sangsaranipun Mas Tumenggung.

– Apa mengkono Gog.

– Mas Tumenggung inggih.

– La kepriyé Gog, kang dadi prayogamu.

– Yèn kula inggih mantuk mawon, matur Kangjeng Déwaji, yèn boten angsal wangsulan pangandika, yèn kula sampun ajrih kaliyan Begawan Suciptahening, sampéyan sampun sumerep piyambak, kaliyan Begawan Suciptahening
195 punika dipun-tingali cat ketingal cat boten, prasasat déwa angéjawantah.

– Iya senajan mengkonoa Gog, aku ora wedi karo Begawan Suciptahening, aku isin mulih, yèn ora nggawa bandan, Begawan Suciptahening.

Togog.
– Saraita.

Saraita
– Ari kang Thukun.

– Atiku kok saya dheg-dhegan, iki Mas Tumenggung wis mangar-mangar, kok mundhak wangkalé, ora kena diprayogakaké.

– Iya kang Thukun, dugaku Mas Tumenggung kokèhan jenèwer, nèk aku trima kèri ana kéné baé kang Thukun.

– Apa mengkono Saraita.

– Kang Thukun iya.

196 *Mamangmurka*
– Wis Gog, aja pijer geguyon, kowé kèria kéné baé, aku dhéwé sing ngunggahi gunung Ngéndrakila.

Togog
– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, NGUWUH–UWUH.

– Ciptahening, ana ngendi kowé. (rambah kaping tiga).

LAJENGAN,
NATA KEBON,
MAMANGMURKA NGALÈR,
SUWUK, ADA–ADA.

(93)
– É haé, lega temen atiku, aku wis ketug ana pertapan, kejaba iki keboné dakobrak-abriké, dimèn katon Begawan Suciptahening.

GANGSA PLAJARAN,
197 NGRISAK KEBON, REP.

KANDHA,
SANTUN WARNI, NGUWUH–UWUH.

– Ciptahening, ana ngendi kowé, (rambah kaping tiga).

GANGSA GESANG,
WEDALIPUN CANTRIK, LAJENG NGRAMPOG MAMANGMURKA, CANTRIK KAWON, SEMAR SAANAKIPUN, MBANDHILI SAKING KIDUL, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG, LAJENGAN, TOGOG SARAITA SAKING LÈR MBANYOL, REP.

(94)

Mamangmurka

– Gog, Gog, aja kowé mlayu Gog, aku Mamangmurka Gog.

Togog.

– Saraita, la kaé apa wéla cèlèng, déné gedhé temen, ayo Saraita padha mènèk.

– Togog mrénéa Gog, kena
198 ngapa déné kok wedi menyang aku, Togog balia Gog, aku Mamangmurka.

Togog.

– Saraita.

Saraita

– Ari kang Thukun.

– Kok kaya suwarané lurahé Mamangmurka.

– Elo iya kang Thukun.

– Wé la cilaka, la rak béka, ayo padha dicedhaki wong wis terang Mas Tumenggung.

– Apa mengkono kang Thukun.

– La iya, ayo dicedhaki.

– Iya mayo kang Thukun, mengko nyronggot.

– Hus ora.

GANGSA GESANG, SUWUK.

(95)

Mamangmurka

– Gog kepriyé Gog, dakceluk nganggo girap-girap lumayu, kena apa aku Gog.

199 *Togog*

– Gumujeng. La napa sampéyan boten kraos Mas Tumenggung, warni sampéyan santun sipat.

– Salin sipat kepriyé Gog.

– Warni sampéyan sapunika kados wraha ageng, mila kula mlajar, kula setani senès sampéyan.

– Ah apa iya Gog.

– Elo inggih, yèn boten ngandel, cobi sampéyan ngilo, mangga kula sampun mbekta pengilon.

– Apa mengkono Gog.

– Mas Tumenggung inggih.

MAMANGMURKA LAJENG NGILO.

– É la, mati aku Gog.

TLUTUR

(96)

Mamangmurka

– É la, déné saya mirang-mi-

200 rangaké, Begawan Suciptahening menyang awakku Gog.

– Wau mila wau mila kula sampun bèbèl, nyaosi priksa sampéyan boten nggega.

– Iya Gog, wis aja akèh-akèh kang kowé pikir, yèn kaya mengkono Gog, kowé saiki

dakkongkon, mulih matur Kangjeng Déwaji, yèn aku saiki mati ana pertapan Ngéndrakila, senadyan urip, yèn mulih ora nggawa murdané pandhita ing Ngéndrakila, iya luwung matia Gog.

– La inggih dhateng sendika. Kula nuwun Mas Tumenggung, yèn sampun rampung welingipun Mas Tumenggung, kula nyuwun pamit, badhé wangsul matur Kangjeng Déwaji.

201

– Iya mangkata Gog.

– Inggih dhateng sendika. Ayo Saraita mangkat.

– Iya mayo kang Thukun.

GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, WEDALIPUN KILATAWARNA, KILATARUPA, REP, KANDHA.

(97)

Kilatarupa

– Kaka Prabu Kilatawarna.

Kilatawarna

– Kula yayi Prabu.

– La menika kaleresan tindakipun kaka Prabu wonten ingkang kanggé jalaran, punika pun Mamangmurka, kénging cintrakanipun pun Mintaraga, dados wraha sakelangkung ageng, badhé ngayoni pun Mintaraga.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih.

202 – Yèn kados mekaten yayi Prabu, sumangga sami nu-

tuti lampahipun Mamang murka.

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, LAJENGAN,
WEDALIPUN MINTARAGA INGKANG KAADHEP
ANUNGSWARA, SONYASUBRASTHA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(98)
Mintaraga
– Jejanggan Anungswara, Wasi Sonyasubrastha.

Kalih sareng
– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Iki suwara apa, gumeder gumerah, apa baya si Mamang murka, gawé rusuh ana pertapan.

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, saking pandugi kula, inggih kasinggihan timbalanipun Sang Adi Panembahan.

KANDHA,
203 GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(99)
Mintaraga
– Sira Cantrik Danakarti, kelakon teka ana ngarsaningsun, ana apa ing jaba, mara sira matura.

Danakarti
– Kawula nuwun inggih dhateng sendika, kula nyaosi priksa Sang

Adi Panembahan, yèn sapunikanipun, pun diktya Mamangmurka, salah kedadosan, lintu warni, dados wraha langkung ageng, lajeng damel resah wawengkon pertapan Ngéndrakila.

– Apa mengkono Danakarti.

– Sang Adi Panembahan inggih.

204 – Yèn kaya mengkono, kowé padha sumingkira, sakancamu kabèh, daksampurnakné si Mamangmurka.

– Inggih dhateng sendika.

– Kakang Semar.

Semar

– Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Kowé mèlua aku saanakmu.

– Inggih dhateng sendika. Ayo tholé Nala Garèng. Pétruk, Bagong, padha ndikakaké ndhèrèk Sang Adi Panembahan.

Tiga sareng

– Iya mayo.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(100)

Mamangmurka

205 – É haé, Mintaraga methukaké menyang aku.

Mintaraga

– Iya aku Mamangmurka.

– La oraa Mintaraga, banget temen olèhmu mitambuhi menyang aku.

– Embuh ora idhep, mulané aku ora ngenèhi pangèstu

marang gustimu Prabu Winatakwaca. dakkira mung dianggo lamis baé. panjaluké pengèstu marang aku.

– É haé. pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès. Mintaraga ambeg sumekti-sekti, sok mangkonoa kowé ingkang gawé rusiyané awakku. dadi rupa salah kedadèn. kaya mengkéné iki.

– Iya sakarepmu. pandakwanira marang aku. awit saka patrap tingkahira dhéwé. gawé rusaking pertapan Ngéndrakila.

– É haé. Mintaraga.

– Ana paran.

– Kekejera kaya manuk branjang an. daksaut mangsa gagala.

– Iya cobanen.

– Mintaraga.

– Ana paran.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN. PRANG.
MINTARAGA DIPUN GETAK DHAWAH NGIDUL ICAL.
GANGSA REP.

(101)

– Padha yèn padhaa. imbang-imbang sasat padha. rebuten aku Mamangmurka, Mintaraga. aja kowé mlayu. ayo padha ngadu kaprawiran.

GANGSA GESANG. NUTUTI NGIDUL ICAL.
KILATAWARNA. KILATARUPA MABUR SAKING LÈR.
KILATAWARNA SAMPUN NYANGKING JEMPARING.
NGIDUL ICAL. MINTARAGA DHAWAH SAKING LÈR.
DHAWAH GAWANG TENGAH. DIPUN TAMPÈNI SEMAR

SAANAKIPUN.
GANGSA REP. KANCA PASINDHÈN URA–URA PANGKUR TIGANG PADA.

"Tiba kantep resi tama, kadaronjong
ing jurang ngiring-iring, katampeg
séla kabentus séla suh tanpa kara,
kaprawasa kadaring Sang Maha Wiku,
kasmayèng datan paprana, widada
mardanèng langit.
"Riwé mijil saking ngangga, gumarobyos
ingusap-usap wanti, muryani busananipun
netepaken jejamang, ron mangkara
tinata ingurut-urut, ningseti
paningsetira, kyat capeng dana mawerdi.
"Pandhita ambeg wirutama, aprawigya
mantaraning ngasinggih, gya nyandhak
warastranipun, ngiwakaken gandhéwa,
ngembat-embat ginedheg tumandukipun,
ingripu diktya magalak, kataman wraha
ngemasi.

GANGSA GESANG, MAMANGMURKA SAKING LÈR, LAJENG PRANG, KILATAWARNA, KILATARUPA
208 SAKING LÈR MABUR, MINTARAGA NJEMPARING SARENG KALIYAN KILATAWARNA, SUWUK, ADA–ADA.

(102)

Kilatawarna
– É la, iki sapa pandhita déné dadak wani-wani, barung binuh arep nyandhak panahku kang tumancep ana gigiring wraha.

Mintaraga
– La kowé sapa naréndra, déné teka banjur barung binuh, angaku wraha ingkang dakperjaya.

– Yèn kowé takon marang aku, aku naréndra seka Sonyaprabawa,

aran Prabu Kilatawarna. (gumujeng).

– Kilatawarna jenengmu.

– Iya.

– La kowé kang wétan sapa jenengmu.

Kilatarupa

– (Gumujeng). Kowé takon marang aku.

209 – Iya.

– Aku Mraja Kilatarupa, (gumujeng).

– Kilatarupa jenengmu.

– Iya.

SEMAR GARÈNG PÉTRUK BAGONG MAWI BANYOLAN.

Kilatawarna

– La kowé sapa pandhita numbak tambuh marang lakuku.

Mintaraga

– Yèn kowé takon marang aku, aku pandhita kang mertapa ana gunung Ngéndrakila, aran Begawan Mintaraga.

– Dadi kowé kang jeneng Begawan Mintaraga.

– Iya aku.

– (Gumujeng). La oraa Mintaraga, kowé wis kawarta pandhita gentur tapamu, ngendi ana aku ingkang merjaya wraha kang mati iki, teka

210 dadak kowé aku, dadi yèn mengkono, tetep nggonmu nandhang hawa, dudu patrapé pandhita linuwih, pandhita jugar tapané, ciptamu kaworan drengki, mokal yèn gurumu memarahi druhaka, iya saking andarung nasarmu dhéwé, tetep sira awèh cintraka marang gurumu, kang amrih harja, luwih

becik bubarna baé tapamu.

– Embuh ora idhep, la oraa Kilatawarna, wangunmu ratu pandhita, benyunyak-benyunyuk ora weruh tata krama, ngumbar basa ora pantes celathumu, mokal yèn kowé ratu utama, pantes kowé nembaha karo Mintaraga, nyantrika ana pertapan Ngéndrakila.

– Babo, kok memanas ati temen pangucapé si Mintaraga, yayi Prabu Kilatarupa.

211

Kilatarupa

– Kula kaka Prabu.

– Ijengandika miréya, kula ujané kadibyané pun Mintaraga.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu inggih.

– Inggih kaka Prabu, ingkang ngatos-atos.

– Mangsa kadosa laré boten.

Semar

– Ayo tholé padha didohi baé.

Tiga sareng

– Iya mayo.

KAWIN CAPENG SEKAR GURISA.

Mintaraga

– Kilatawarna

Kilatawarna

– Ana paran.

– Ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

– Iya mayo.

KANDHA.
KAWIN CURIGA.
(103)
212 – Kilatawarna.

– Ana paran.

– Ayo mentaraké kawiragan.

– Iya mayo.

KANDHA.
GENDHING SUBAKASTAWA KETAWANG. REP.
KANDHA.
GANGSA GESANG. DHAWAH PLAJARAN. REP.
(104)
– Kilatawarna.

– Ana paran.

– Ora ana kawekasané mentaraké kawiragan, ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG. PRANG. REP.
KANDHA.
(105)
– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mintaraga, Kilatawarna,
213 yèn nyata prajurit becik, mara baliya.

– Babo Mintaraga, daktrajang aja ngucira.

GANGSA GESANG. REP.
KANDHA.

(106)
– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Kilatawarna, Mintaraga, yèn nyata

prajurit becik, mara baliya.

– Iya ingkang prayitna, mara iki tadhahana.

GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(107)

– É la, nyata abot sanggané Kilatawarna.

– Apa abamu, iya kuwi sing kok karepaké.

– Kilatawarna.

– Ana paran.

– Tadhahana pusakaku.

– Iya tibakna.

KANDHA.

(108)

214 – Kilatawarna.

– Ana paran.

– Sepisan iki yèn nom-nom tapamu, tumpang so japa mantramu, wekas-wekasanmu, olèhmu ngancik ana marcapada.

– Babo mara tibakna.

KANDHA,
KAWIN, GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(109)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mintaraga, Kilatawarna, ora sirna ketiban panahku.

KANDHA.

(110)

– Kakang Semar.

Semar

– Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Kowé mrénéya saanakmu.

– Inggih dhateng sendika.

215 SEMAR MAJENG TETEMBANGAN.

– Kula nuwun Sang Adi Panembah an, wonten punapa sampéyan nimbali dhateng kula.

– Iya kakang Semar, mulané kowé dakundang saanakmu, tututana kuwandané Kilatawarna.

– Inggih dhateng sendika. Ayo tholé padha nututi kuwandané Prabu Kilatawarna.

Tiga sareng

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN,
GURU NURADA MABUR SAKING KIDUL,
DIPUN TUTAKEN SEMAR SAANAKIPUN,
GURU NURADA KÈNDEL SAKA SANTEN
TENGAH, REP, KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(111)

Guru

– Hong yang-yang panihanya
216 kita, kakang Ismaya, tekap kita ing ngarsa ulun.

Semar

– Iya daktrima Guru, kowé mbagèkaké menyang aku.

Nurada

– O hok, hong yang-yang panihanya kita, Ismaya, tekap kita ana ing ngarsanya adhi Guru.

– Iya daktrima Nurada, kowé mbagèkaké menyang aku. La kowé Manikmaya, teka ana ing pertapan Ngéndrakila, nganggo salin rupa, ngrencana marang momonganku,

Begawan Mintaraga, ana karepmu apa, yèn ijih kowé bacut-bacut-aké, olèhmu ngarubiru menyang momonganku, tandhingmu aku, aja bocah kowé layani, padha tuwa wis padha metu jamuré, takuja sasayahmu, ngajak pirang dina.

217 – Lo, lo, kakang Ismaya, kita haywa keladuk ketampa, iya senajan ulun angrencana marang momongan kita si Mintaraga, anamung ora dadi ngapa.

– Apa kiyi pukrulé, si èndhèk èrèk-èrèk, ayo kowé ngajak apa, majuwa loro pisan, aku mangsa wediya ora, apa ngajak kerengan kasar-kasaran, apa ngajak alus-alusan, takuja sing nganti pegel boyokmu.

– O hok, o hok, o hok, o hok, ulun bawang kothong Ismaya, ulun mung saderma, lumiring laksitanya adhi Guru.

– (Gumujeng).

Guru

– Kakang Ismaya.

218 – Ana apa.

– Ywan mangkana, kita timbalana, yoga kekasih Permadi.

– Arep kokkapakaké.

– Iya kakang, ulun arsa maringaké kanugrahan.

– La nèk mengkono, ya dakundangé. Ayo Nala Garèng Pétruk Bagong, padha ngaturi Sang Adi Panembahan.

Tiga sareng
– Iya mayo.

LAJENG MAJENG NGIDUL,
SINDHÈNAN, DUMUGI GAWANG KIDUL, JÈNGKÈNG.

(112)
Semar
– Kula nuwun Sang Adi Panembahan, yèn raja kalih wau katranganipun gadhungan, sing dadi Guru kalih Nrada, la saniki sampéyan diundang kalih Bathara Guru, ajeng diparingi nugraha.

219 – Apa mengkono kakang.

– Sang Adi Panembahan inggih.

KANDHA,
LAGON.
(113)
Mintaraga
– Hong Sangywang Siwahboja, manik raja déwaningsun, ngèstata ngèstuti, suruping nétra prayogi, Sangywang Pukulun, kang pininta-pinta titahing ngabathara, hong mangèstuti Sangywang Jagadpratingkah.

Guru
– Hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, nggon kita ngèstuti marang ulun.

– Hong Sangywang Kanèkaputra, ngèstata ngèstuti, déwata déwati, suruping nétra prayogi, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada
– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, yoga kekasih Per-

madi. kita ngèstuti marang ulun.

220 *Guru*

– Permadi.

– Kawula nuwun Sangywang Jagadnata.

– Dadya kawruhan kita, ywan ulun wus pracaya marang kita, nggon kita anggentur tapa, wus katrima panuwun kita, kita sinungan nugraha, ulun paringi jemparing linuwih, pamungkasing satru jaya murka, luput teguh yuwana tatas, datan kena dènsaranani, jemparing ingaran Pasopati, mara kita tampanana.

– Inggih sanget panuwun kula, kaparingan jemparing dibya, pusakaning ngayuda.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN SREBEGAN, ANTAL,
WEDALIPUN JEMPARING DIPUN PANGGUL
DENAWA BAJANG, GANGSA REP.
(114)

221 *Guru*

– Kalamercu.

Kalamercu

– Kula non Ywang Pukulun.

– Ing semangkin kang dadya kawismayanya ulun, kita ulun paringaké marang yoga kekasih Parta Resi.

– Menapa mekaten Ywang Pukulun.

– Kalamercu iya, tumuli kita umanjinga marang gwagarbanya Parta Resi.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA GESANG.

MINTARAGA JÈNGKÈNG, KALAMERCU
NGUBENGI MINTARAGA, TRUS ICAL MANGIDUL.
MINTARAGA SILA MALIH, SUWUK,
KANDHA.

(115)

Guru

– Yoga kekasih Permadi.

Mintaraga

– Kawula nuwun Ywang Pukulun.

– Mara kita mangarsaa nrapsila, ulun sinung karta aji Danurdana, déné kadibyanya wignya ngambah ing jumantara, mara kita tampanana.

222

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

LAGON.

(116)

– Kaki Parta Resi.

– Kawula nuwun Sangywang Jagadnata.

– Wekas ulun mring kita, samang-sa-mangsanya kita ulun timbali marang Junggringsalaka, tumuli kita mangarsaa nrapsila, déné semangkin kita lulusna anggon kita mertapa.

– Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

– Yoga kekasih Permadi iya.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(117)

– Ywan mangkana kaki Parta Resi, ing rèh wus samapta paring ulun

kanugrahan, kita kèriya, ulun arsa
223 angayangan.

– Kawula nuwun Sangywang Pukulun, inggih dhateng sumangga.

Nurada

– O hok, kaki Mintaraga.

– Kawula nuwun Sangywang Pukulun.

– Ulun mita amit, laju arsa angayangan, lumiring laksitanya adhi Guru.

– Kawula nuwun inggih dhateng sumangga.

Guru

– Kakang Ismaya.

Semar

– Ana apa Guru.

– Ulun amit arsa angayangan, kita lulusna anggon kita rumeksa yoga kekasih Parta Resi.

– La iya muliha.

Nurada

– O hok, Ismaya.

224 – Ana apa Nurada.

– Ulun minta amit, arsa angayangan, lumiring laksitanya adhi Guru.

– Iya padha muliha.

Guru

– Kakang Nurada.

Nurada

– Napi adhi Guru.

– Ywan kadya mangkana, suwawi hawya kelayatan.

– Enggèh dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, REP.

(118)

Semar

– Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, kula badhé nyuwun priksa Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan tampi kanugrahan punapa.

Mintaraga

– Iya kakang Semar, aku diparingi kanugrahan panah aran Pasopati, utawa aji Danurdana.

– Wah niku pun mempeng banget, tandha pun katrima, yektiné pun olèh kanugrahan sing luwih gedhé.

225

– Apa mengkono kakang.

– Sang Adi Panembahan inggih.

– Yèn kaya mengkono ayo padha bali menyang pertapan.

– Inggih dhateng sumangga. Ayo tholé Nala Garèng Pétruk Bagong, padha ndhèrèk Sang Adi Panembahan, bali menyang pertapan.

Tiga sareng

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING CALUNTHANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.

(119)

Abiyasa

– Bagéya putuningsun kaki Angkawijaya, satekanira ana ngarsaningsun.

226

Angkawijaya

– Kawula nuwun inggih dhateng ka-

suwun, sih pana kramanipun Kangjeng Éyang, ingkang rumentah dhateng kula, kula cencang sapucuking réma, kula petak ing mustaka, mblèbèra dhateng prenaja, dadosa rah daging kayuwanan, sih pana kramanipun Kangjeng Éyang, ingkang rumentah dhateng kula.

– La sira kulup, déné kelakon tumeka ana ngarsaningsun, apa karepira dhéwé, apa dikongkona marang uwakira kaki Prabu Ngamarta.

– Kawula nuwun Kangjeng Éyang, Kangjeng Éyang andangu, lampah kula setindak, ambegan kula sakesodan, keteg kula sademi, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur dipun utus, dhumateng wayah-dalem, Kangjeng Uwa Prabu Ngamarta.

227

– Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Éyang inggih.

– La dikongkon apa kulup, marang uwakira kaki Prabu Ngamarta, mara sira matura.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika, kawula nuwun Kangjeng Éyang, ingkang rumiyin, kula dipun-utus nyaosaken pangabektènipun Kangjeng Uwa Prabu Ngamarta, katura Kangjeng Éyang.

– Iya ingsun trima.

– Punapa déné pangabektènipun Kangjeng Uwa ing Jodhipati, uta-

wi sakadang Brata Pandhawa sedaya, katura Kangjeng Éyang.

– Iya ingsun trima.

228 – Kaping kalihipun, kula dipun-utus, Kangjeng Uwa Prabu Ngamarta, nyuwun priksa bab prakawis murcanipun Kangjeng Rama, sampun antawis lami déné dèrèng wonten timbul, punapa inggih teksiha paripurna, punapa inggih sampun sirna saking marcapada.

– Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Éyang inggih.

– Eh, em, putuningsun kulup Angkawijaya, la iku ingsun ora kena, yèn amedharna kang dadi kekeraning jawata ingkang misésa, puluh-puluh sudarmanira agi winayanging déwa mulya.

– Menapa mekaten Kangjeng Éyang.

– Kulup iya, la iku kulup, ingsun mung wekas baé ma-
229 rang sira, matura marang wakira kaki Prabu Ngamarta, ingkang dadi pramayoganingsun, wakira sakadang Brata Pandhawa kabèh, padha ngrerambuha, ana ngara-ara Ngéndrasonya, bokmenawa ana ing kono, dadi jalarané ketemu sudarmanira kaki Parta.

– Menapa mekaten Kangjeng Éyang.

– Kulup iya.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA.
LAGON.
KANDHA.

(120)

– Kawula nuwun Kangjeng Éyang, yèn sampun rampung timbalan-ipun Kangjeng Éyang, Kangjeng Éyang kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem pamit, pangkat mantuk sa-dinten punika, matur Kangjeng
230 Uwa Prabu Ngamarta.

– Iya kulup, ingsun nyangoni basuki marang lakunira.

– Inggih dhateng anuwun. Bapa Kertiraga.

Kertiraga

– É, kula nuwun Radèn.

– Ayo aja kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga. Ayo tholé Kertisentlop, Ker-ticemuris mangkat.

Kalih sareng

– Iya mayo Ki Rama.

GANGSA AYAK–AYAKAN, REP.

(121)

Abiyasa

– Gangga gangga tri gangga, pinayungana kalacakra, dur-ga mendhak ana kala aja tu-meka, nèk tumeka aja tuma-ma, nyandhunga kembang cepaka, sawakul gedhéné, lakuné putuningsun, kulup Angkawijaya.

231 GANGSA GESANG, LAJENGAN, REP.

(122)

Angkawijaya

– Bapa Kertiraga.

Kertiraga

– Kula nuwun Radèn.

– Lega temen atiku bapa, aku wis dililani mulih, marang Kangjeng Éyang.

– Menapa mekaten Radén.

– Bapa iya.

– Inggih leres timbalan sampéyan.

– Yèn kaya mengkono bapa, ayo aja kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga. Tholé Kertisentlop, Kerticemuris.

Kalih sareng

– Iya mayo Ki Rama.

GANGSA GESANG, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING JANGKRIK GÉNGGONG, REP,
KANDHA,

232 GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(123)

Kala Kadhing

– Adhi Kala Renggut, Kala Riwut, Kala Yeksa, Yeksa Kala.

Sadaya sareng

– Kula kakang.

– Kados pundi adhi, angsal ijengandika pacak baris, wonten margi catur punika, menapa boten wonten éwah tatané adhi.

– Kula kakang, kakang andangu, anggèn kula pacak baris, wonten margi catur punika, sakanca kula rota denawa sadaya, inggih boten wonten éwah tatanipun.

– Menapa mekaten adhi.

– Kakang inggih.

– Inggih lega manah kula yèn
233 kados mekaten, kalih déné

malih adhi, sanget anggèn kula boten kedugi, angsal ijengandika sami pacak baris, sakanca rota denawa sadaya, déné sami nglanjak dhateng karang padésan, ambebajag ambebahak, anjarah angrayah kebo sapi, bèbèk ayamé tiyang padhusunan, yèn kasumerepan kaliyan ingkang gadhah laladan, boten wandé dados prakawis, yèn ngantos dados prakawis, mangsi wandéya dhateng kula parané adhi.

– Menapa mekaten kakang.

– Adhi inggih.

– Inggih kakang, senadyana wonten prakawisipun, kakang sampun tumut-tumut, kepanggiha kula piyambak, kula mangsa ajriha boten.

234

– É la ndadra si adhi, wong dituturi ora kena, kalih déné malih adhi, yèn ngantos kauningan dhateng Kangjeng Déwaji, yèn dados duka-dalem, mangsi wandéya dhateng kula parané boten adhi.

– Menapa mekaten kakang.

– Adhi inggih.

– Inggih kakang, senadyan wontena duka-dalem, dasa-dasa kadosa pundi, tiyang sangu kula sampun telas.

– E la si adhi, wong diélikaké meksa ndadra baé. Adhi Kala Renggut, Kala Riwut, Kala Yeksa, Yeksa Kala.

Sareng
– Kula kakang.

235 – Kados pundi adhi, déné sampun antawis lami, boten wonten sujalma langkung, tiyang malih yèn wontena, kutu-kutu walang ngataga, peksi miber boten wonten adhi.

– Menapa mekaten kakang.

– Adhi inggih.

– Inggih leres timbalanipun kakang.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN.

Kala Pendonong
– Hu, hu, hu.
Sadaya sareng
– Hu, hu, hu.

GANGSA SUWUK, ADA–ADA.
(124)
Kala Kadhing
– Jengandika adhi Kala Pendonong, lumayu kapi andhem, wonten punapa ing margi.

Kala Pendonong
– Inggih kula matur wonten ngarsanipun kakang, boten ta ingkang
236 wau, sadangunipun ngrerangu, wonten tengah margi lèr punika, boten antawis dangu, wonten raja sinatriya langkung, mbekta perpat tetiga, mriki purugipun.

– Menapa mekaten adhi Kala Pendonong.

– Kakang inggih.

– Èh, èh, adhi Kala Renggut, Kala Riwut, Kala Yeksa, Yeksa Kala.

Sadaya sareng

– Kula kakang.

– Jengandika sampun sami mireng piyambak, aturipun adhi Kala Pendonong.

– Menapa mekaten kakang.

– Adhi inggih.

– Wangsul kersanipun kakang kados pundi.

– Inggih adhi, ingkang dados
237 kajeng kula, jengandika kepung ngalèr kidul wétan kilèn, kula blejogé tengah, soso tembungé, tubruk mawon adhi.

– Inggih dhateng sumangga.

– Yèn kados mekaten adhi, suwawi sampun kelayatan.

– Inggih daweg daweg.

GANGSA PLAJARAN, DHAWAH AYAK–AYAKAN, SUWUK.

(125)

Kertiraga

– Kula nuwun Radèn, kula matur ing sampéyan, tindak sampéyan menika klèntu Radèn.

Angkawijaya

– Apa mengkono Kertiraga.

– Radèn inggih.

– La kepriyé sing dadi karepmu.

238 – Kula nuwun Radèn, ingkang dados kajeng kula, prayogi wangsul, mangsulana margi kang ngusus pang kidul menika wau, kados menika kang anjog nagari Ngamarta, déné menika inggih ugi mergi, ananging sampun pejah lami, boten naté dipun-ambah tiyang, tan-

dhanipun sampun lumuten, kalih kathah bundhelanipun kambengan, adatipun margi wana punika, yèn sampun boten dipun-ambah tiyang asring dipun-enggèni tiyang mbégal, utawi bujungan wana ingkang galak, punapa déné denawa bégal. Mangga Radèn wangsul.

– Apa mengkono Kertiraga.

239 – Radèn inggih.

– Iya Kertiraga, senajan ana wong mbégal utawa buron alas kang galak, utawa buta bégal, aku mangsa wediya ora.

– Inggih sampéyan boten ajrih, kula ajrih kula nuwun.

KANDHA.

(126)

Kertiraga

– La lédok ta lédok, ujaré wong dhaplok, kula nuwun Radèn, kula mireng suwaranipun denawa badhé mbégal, kula nuwun.

– Apa mengkono Kertiraga.

– Radèn inggih.

– Iya Kertiraga, senajan anaa buta arep mbégal, aku mangsa wediya ora.

240 – Inggih sampéyan boten ajrih, kula ajrih, kaliyan ingkang dipun ndelaké sinten Radèn, wong baturé boten iga boten ganja mekèten, mangga Radèn wangsul.

– La yèn kowé wedi bapa, kowé padha miréya saanakmu.

– Menapa mekaten Radèn.

– Bapa iya.

– Inggih dhateng sendika. Ayo tholé Kertisentlop, Kerticemuris padha miré.

Kalih sareng

– Iya mayo.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(127)

Kala Kadhing

– Radèn sapa jenengmu, ngendi omahmu, arep menyang ngendi paranmu, yèn kowé kena dakéman, baliya.

241 *Angkawijaya*

– Buta-buta aja gendhak sikara, la kowé sapa jenengmu buta, lan ngendi dhangkamu.

– Babo, wong ditakoni males takon, nganggo anjunjung dhangka, iya yèn kowé lumuh kasor ujarmu sakecap, aku buta andel seka negara Ngimataka, aran diktya Kala Kadhing.

– Kala Kadhing jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku satriya seka pertapan Wukir Martawu, aran Radèn Angkawijaya.

– Angkawijaya jenengmu.

– Iya.

– Arep menyang ngendi paranmu.

242 – Arep sumeja menyang negara Ngamarta.

– La yèn mengkono kowé baliya, ora kena liwat ing dalan kéné.

– Ora gelem.

– Gelem ora gelem baliya.

– Ora gelem, bésuk ora gelem saiki ora gelem.

KANDHA.

(128)

Kala Yeksa

– É haé, kakang Lurah kula aturi miré, kula tubruké saking ngriki.

Kala Kadhing

– Inggih adhi, ingkang ngati-ati.

– Mangsi kadosa laré boten.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(129)

243 *Kala Yeksa*

– É haé, abot sanggané satriya iki, daktubruk ngiwa mlumpat nengen, daktubruk nengen mlumpat ngiwa, dakcokot, dakgilut, untuku ngangsi linu, wongé isih mentheleng baé. Satriya sapa jenengmu.

Angkawijaya.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Madukara, aran Radèn Angkawijaya.

– Angkawijaya jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu buta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Kala Yeksa jenengku.

– Kala Yeksa jenengmu.

– Iya. Angkawijaya.

– Ana paran.

– Malesa.

244 – Kowé mlaku daktibani gegaman.

– Iya.

– Tadhahana panahku.

– Iya tibakna.

KANDHA,
KAWIN, GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
ADA–ADA.
(130)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Angkawijaya, buta sisané sing mati, endi penunggalanmu, aja genti mara, barenga mara, ora èrèp.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(131)

Kala Renggut

– É haé, entèk kabèh kancaku buta, satriya sapa jenengmu.

Angkawijaya

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Madukara aran Radèn Angkawijaya.

– Angkawijaya jenengmu.

– Iya. La kowé buta sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Kala Renggut jenengku.

– Kala Renggut jenengmu.

– Iya. Angkawijaya.

– Ana paran.

– Aku bélakna kancaku buta.

– Iya mangsa ora kelakona.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN,

KALA RIWUT NIMBRUNG, REP.
KANDHA,
GATHUTKACA NIMBRUNG SAKING LÈR,
GESANG, PRANG, SUWUK, ADA–ADA.

(132)

Angkawijaya

– Kakangmas Gathutkaca.

246 – Apa adhimas.

– Kula waspaosaken, kakangmas tetulung ing ngayuda.

– Iya adhimas, mulané pun kakang tetulung, dakwespadakaké, adhimas kinrubut ing raksasa.

– Inggih leres timbalanipun kakangmas.

– Yèn kaya mengkono adhimas, jeneng para miréya, pun kakang ingkang ngayoni ing ngayuda.

– Menapa mekaten kakangmas.

– Adimas iya.

– Inggih kakangmas, ingkang ngatos-atos.

– Iya adhimas, mangsa kayaa bocah ora.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(133)

Jathamuka

247 – É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, satriya sapa jenengmu.

Gathutkaca

– Ih hi, kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku putra Jodhipati, kang pilungguh ana negara Pring-

gadani, aran Radèn Gathutkaca, ih hi.

– Gathutkaca jenengmu.

– Iya. La kowé buta sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Jathamuka jenengku.

– Jathamuka jenengmu.

– Iya. Gathutkaca.

– Apa.

– Aku bélakna kancaku buta.

– Iya mangsa ora kelakona.

– Gathutkaca.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

248 – Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, TIMBRUNGAN, SUWUK, ADA–ADA.

(134)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Gathutkaca, buta, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(135)

Kala Kadhing

– É la, entèk kabèh kancaku buta, sing maju-maju mati, sing mundur nandhang kanin. Angkawijaya.

Angkawijaya.

– Ana paran.

– Aku bélakna kancaku buta.

– Iya mangsa ora kelakona.

– Angkawijaya.

249 – Ana paran.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(136)

– É la, abot sanggané Angkawijaya, daktubruk ngiwa mlumpat nengen, daktubruk nengen mlumpat ngiwa, dakblejog tengah, andhupak anyépak ngidoni, kaya ngapa rupané endhasku nganti dhawul-dhawul.

– Apa abamu, ya iku sing kokkarepaké.

– Angkawijaya.

– Ana paran.

– Apa sing tumèmpèl ana ngawakmu tamakna menyang ngaku.

– Ora watak Angkawijaya ndhisiki, didhisiki tau.

– Kowé mlaku dakdhisiki.

250 – Iya.

– Tadhahana bedhamaku.

– Iya tibakna.

KANDHA.

(137)

– Angkawijaya.

– Ana paran.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, PRANG TIMBRUNGAN, SUWUK, ADA–ADA.

(138)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Angkawijaya, buta endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, ora èrèp.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK.

(139)

– Kakangmas Gathutkaca, kula wespaosaken kakangmas énggal-énggal merpeki dhateng kula.

Gathutkaca

– Iya adhimas, mulané pun kakang merpeki jeneng para, dakwespadakaké, adhimas pacakara karo buta, kaya unggul yudané.

251

– Inggih leres timbalanipun kakangmas.

– Adimas Angkawijaya.

– Kula kakangmas.

– Pun kakang nungsung warta, kaya kepriyé timbalané Kangjeng Éyang Begawan Abiyasa, samurcané paman Janaka, apa iya isiha paripurna, apa wis binanjuta marang déwa ingkang linuwih.

– Inggih kakangmas, yèn kakangmas andangu, dhawuhipun Éyang Begawan Abiyasa, samurcanipun Kangjeng Rama, Kangjeng Éyang boten kersa yèn amedharna, sabab teksih dados kekeraning jawata ingkang minulya, namung dhawuhipun Kangjeng Éyang, Kangjeng Uwa Prabu, utawi para kadang Brata Pandhawa sadaya, sami ndikakaken, ngrerangu wonten ngara-ara Ngéndrasonya, bokmanawi dados jalaranipun kepanggih kaliyan Kangjeng Rama.

252

– Apa mengkono adhimas.

Kakangmas inggih.

– Iya adhimas, saiki kang dadi karep para kepriyé.

– Inggih kakangmas, yèn kakangmas andangu ingkang dados kajeng kula, kula inggih lajeng badhé sowan Kangjeng Uwa Aji Ngamarta, pangkat sadinten punika.

– Apa mengkono adhimas.

– Kakangmas inggih.

253

– Iya adhimas, yèn kaya mengkono ayo aja kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga. Ayo bapa Kertiraga padha mangkat.

Kertiraga

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING GANDRUNG–GANDRUNG, REP.

(140)

Dwarawati

– Yayi Prabu, yayi Prabu.

Ngamarta

– Kula kaka Prabu.

– Kula boten nyana yayi Prabu, kula saged kepanggih kaliyan yayi Prabu, sadinten punika.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu inggih.

– Inggih kaka Prabu, kula inggih semanten malih, boten nyana menawi kula saged

254

kepanggih kaliyan kaka Prabu sadinten punika.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih. Yèn ka-

dos mekaten kaka Prabu, sumangga lajeng kula aturi lenggah.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih.

– Inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(141)

Ngamarta

– Katuran panakrama kaka Prabu Dwarawati, sarawuhipun kaka Prabu, wonten nagari Ngamarta.

Dwarawati

– Inggih dhateng katedha, sih panakramanipun yayi Prabu, ingkang rumentah dhateng kula.

Werkudara

– Ih hi, bagéya Jlitheng kakangku, satekamu ana ngarepané Puntaaji kakangku.

– Iya daktrima adhi Werkudara, jeneng para mbagèkaké marang pun kakang.

Pancawala

– Katuran panakrama Kangjeng Uwa Prabu Dwarawati, sarawuhipun Kangjeng Uwa Prabu, wonten ngarsanipun Kangjeng Rama Aji.

– Iya daktrima kulup Pancawala, sira mbagèkaké marang aku.

Nakula, Sadéwa sareng

– Katuran panakrama, kaka Prabu Dwarawati, sarawuhipun kaka Prabu wonten ngarsanipun kaka Prabu

Ngamarta.

– Iya daktrima yayimas Nangkula Sadéwa, jeneng para mbagèkaké marang pun kakang.

Ngamarta

– Kaka Prabu Dwarawati.

– Kula yayi Prabu.

256 – La tujonipun kaka Prabu inggal rawuh wonten nagari Ngamarta, yèn sampuna inggal rawuh, kados kelajeng-lajeng susahipun manah kula, utawi kadang-kadang Brata Pandhawa sadaya, awit saking murcanipun rayi ijengandika, yayimas Madukara.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih. La kepriyé adhi Werkudara, apa ora bener aturku.

Werkudara

– Iya bener kowé. Ih hi, Jlitheng kakangku bener tuturé Puntaaji kakangku, aku ya semono menèh, tujuné kowé tumuli teka, ana ngarepé Puntaaji kakangku, yèn ta aja tumuli teka, saya kebacut-bacut susahé Puntaaji kakangku, utawa kadang-kadang Brata Pandhawa kabèh, sebab seka murcané adhimu si Parta, ih hi.

257

Dwarawati

– Apa mengkono adhi Werkudara.

– Jlitheng kakangku iya.

Dwarawati

– Inggih yayi Prabu, yèn yayi Prabu manggalih samurcanipun kaipé Madukara, prayoginipun pasrah-

na dhateng jawata ingkang linangkung, sabab sapunika, saweg sinengker/déning jawata, dèrèng kénging yèn kawedharna.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu inggih.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA,

GANGSA PLAJARAN, REP.

KANDHA,

258 GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.

(142)

Ngamarta

– Bagéya kulup Angkawijaya, kulup Gathutkaca, satekamu ana ngarepanaku.

Kalih sareng

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Uwa Aji Ngamarta, ingkang rumentah dhateng kula.

Dwarawati

– Bagéya kulup Angkawijaya, kulup Gathutkaca, satekamu ana ngarsané yayi Prabu Ngamarta.

Kalih sareng

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Uwa Prabu Dwarawati, ingkang rumentah dhateng kula.

Werkudara

– Bagéya Abimanyu karo Gathot, satekamu ana ngarepé Puntaaji kakangku.

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Uwa ing Jodhipati, ingkang rumentah dha-

259

teng kula.

Pancawala

– Katuran panakrama adhimas Angkawijaya, adhimas Gathutkaca, sarawuhipun adhimas sekaliyan wonten ngarsanipun Kangjeng Rama Aji.

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun kakangmas Pancawala, ingkang rumentah dhateng kula.

Nangkula, Sadéwa

– Katuran panakrama anakmas Angkawijaya, anakmas Gathutkaca, sarawuhipun anakmas sekaliyan, wonten ngarsanipun kaka Prabu Ngamarta.

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun pamanmas sekaliyan, ingkang rumentah dhateng kula.

260

Ngamarta

– Kulup Angkawijaya.

Angkawijaya

– Kawula nuwun Kangjeng Uwa Aji.

– Kaya kepriyé kowé dakutus sowan Éyang Begawan Abiyasa, nyuwun priksa samurcané sudarmanira, yayimas Madukara, mara sira matura.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika. Kawula nuwun Kangjeng Uwa Aji, kula sampun kautus, dhateng pertapan Wukir Martawu, sowan Kangjeng Eyang Begawan Abiyasa, lampah kula inggih sampun dumugi, sarta ngaturaken pa-

ngabektènipun Kangjeng Uwa Aji, utawi pangabektènipun rayi-dalem sedaya, timbalanipun Kangjeng Eyang, iya ingsun trima.

261

– Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Uwa Aji inggih.

– Mara tutugna.

– Inggih dhateng sendika. Kaping kalihipun, kula kakarsakaken nyuwun priksa, bab murcanipun Kangjeng Rama, dhawuhipun Kangjeng Éyang kawontenanipun rayi-dalem teksih paripurna, anamung saweg kineker ing déwa ingkang misésa, dèrèng kénging kawedharna, welingipun Kangjeng Éyang, Kangjeng Uwa Aji, sakadang Brata Pandhawa sedaya, ndikakaken ngrerangu, wonten ngara-ara Ngéndrasonya, bokmenawi dados jalaran kepanggih kaliyan rayi dalem Kangjeng Rama.

262

– Apa mengkono kulup.

– Kangjeng Uwa Aji inggih.

KANDHA,
LAGON,
(143)

– Kaka Prabu Dwarawati.

Dwarawati

– Kula yayi Prabu.

– La menika kaka Prabu, kaka Prabu sampun mireng piyambak, aturipun pun kulup Angkawijaya.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih.

– Wangsul kersanipun yayi Prabu kados pundi.

– Inggih kaka Prabu. ingkang dados kajeng kula. kula inggih lajeng badhé bebodholan, ngrerangu dhateng ngara-ara Ngéndrasonya. pangkat sadinten punika.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

263 – Kaka Prabu inggih.

– Inggih leres timbalanipun yayi Prabu.

KANDHA.

(144)

– Adhi Werkudara.

Werkudara

– Apa.

– Jeneng para berdandanana adhi, sasumektaning ngayuda, sakanca para bocah ing Ngamarta kabèh, mulané mengkono, pun kakang arep bebodholan menyang ngara-ara Ngéndrasonya. pangkat sadina iki.

– Iya. Ih hi kembar.

Werkudara

– Kembar.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, sakancamu bocah ing Ngamarta kabèh, mulané mengkono, Puntaaji kakangku, arep be-

264 bodholan, menyang ngara-ara Ngéndrasonya, pangkat sadina iki.

– Kurnoknon inggih dhateng sendi ka.

Kalih sareng
– Èh, èh bocah ing Ngamarta.

Punggawa sareng
– Kula kula kula.

– Padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, mulané mengkono, kaka Prabu arep bebodholan, menyang ngara-ara Ngéndrasonya, pangkat sadina iki.

– Inggih dhateng sendika.

Ngamarta
– Adhi Werkudara.

Werkudara
– Apa.

– Kaya kepriyé adhi, oleh para berdandanan, sasumektaning ngayuda, sakanca para bocah ing Ngamarta kabèh, apa wis padha sumekta adhi.

265 – Iya. Ih hi kembar.

Kalih sareng
– Kurnoknon.

– Kaya kepriyé kembar, olèhmu berdandanan, sasumektaning ngayuda sakancamu bocah ing Ngamarta kabèh, apa wis padha sumekta kembar.

– Kurnon kakangmas, kakangmas andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Ngamarta sadaya, inggih sampun sami sumekta.

– Iya banget legané atiku yèn kaya mengkono. Ih hi. Puntaaji kakangku, yèn kowé takon olèhku berdandanan, sasumektaning ngayuda,

266 apa déné bocah Ngamarta kabèh,

iya wis padha sumekta. ih hi.

Ngamarta

– Apa mengkono adhi.

– Puntaaji kakangku iya.

– Iya lega atiné pun kakang yèn kaya mengkono. Kulup Pancawala.

Pancawala

– Kawula nuwun Kangjeng Rama Aji.

– La sira kulup, kèriya tunggu negara.

– Menapa mekaten Kangjeng Rama Aji.

– Kulup iya. La iku kulup, sa-ora anané aku, dikaya ana aku, olèhira rumeksa negara.

– Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

– Adhi Werkudara.

Werkudara

– Apa.

267 – Yèn wis padha sumekta olèh para berdandanan, angkatna gegaman kang ana nga-rep.

– Iya. Kembar.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Yèn wis padha sumekta olèhmu berdandanan, angkatna gegaman kang ana ngarep.

– Kurnoknon inggih dhateng sendika. Èh, èh, bocah Nga-marta.

Punggawa

– Kula kula kula.

– Apa wis padha sumekta olèhmu berdandanan.

– Sampun.

– Yèn wis padha sumekta, timbalan dalem ndikakaké ngangkataké gegaman kang ana ngarep.

– Nggèh sendika.

Ngamarta

– Kaka Prabu Dwarawati.

Dwarawati

– Kula yayi Prabu.

– Rèhipun punika sampun sami sumekta, sumangga sam-
268 pun kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON.
KANDHA,
GENDHING KETAWANG CALURING, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(145)

Kagéndrasura

– Nagasura.

Nagasura

– Noknon.

– Kaya kepriyé olèhmu pacak baris, ana ngalas Krendhasara, sakancamu buron alas kabèh, apa ora ana owah tatané, utawa ora ana kurang pangané.

– Non Déwaji, Déwaji andangu, anggèn kula pacak baris, wonten wana Krendhasara, sakanca kula bujunganwana sedaya, inggih boten
269 wonten éwah tatanipun, sarta boten wonten ingkang kirang tedhanipun.

– Iya lega atiku yèn kaya mengkono, Nagasura.

– Noknon.

– La iki Nagasura, bab prakara lakuku iki, déné wis antara lawas, ora ana wong liwat.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Nagasura iya.

– Inggih leres timbalanipun Déwaji. Non Déwaji, yèn dados kersanipun Déwaji, sarèhipun sampun antawis lami, boten wonten tiyang langkung, prayogi pindhah pabarisan kémawon, pados papan ingkang adhakan, sarta ingkang banar, supados kanca énggar manahipun, sarta boten cuwa.

270

– Apa mengkono Nagasura.

– Déwaji inggih.

– Iya bener kowé, ananging aku meksa ngentèni dhawuhé Kangjeng Déwaji, yèn aku nglancangana, kersané Kangjeng Déwaji, banget wediku.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Nagasura iya.

– Inggih leres timbalanipun Déwaji.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(146)
Kagéndrasura

– La kowé Kukilasura, Suramanyura, tekamu dumrojog tanpa larapan, ana apa mara matura.

Kalih sareng

271

– Inggih dhateng sendika, non Déwaji, kula énggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, yèn sapunikani pun, wonten dedamel andhatengi.

langkung saking ageng mriki purugipun.

– Apa mengkono.

– Déwaji inggih.

– Nagasura.

Nagasura

– Noknon.

– Kowé wis krungu dhéwé, aturé si Kukilasura, Suramanyura.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Nagasura iya.

– Wangsul kersanipun Déwaji kados pundi.

– Iya Nagasura, kang dadi karepku, iya arep dakpapagaké gegaman kang mréné parané.

272 – Menapa mekaten Déwaji.

– Nagasura iya.

– Inggih leres timbalanipun Déwaji.

– Yèn kaya mengkono Nagasura, ayo aja kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga. Daweg kanca pangkat.

– Daweg daweg.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(147)

Matenggasura

– Ana manungsa mara.

Kalih sareng

– Ora keduga aku, ana macan bisa ngucap.

– Babo, anjunjung macan, senajan macan, dudu macan alasan, isih macan pilihan, (gumujeng).

– Macan sapa jenengmu.

273

– Iya.

– Matenggasura jenengmu.

Baugota

– Kowé takon menyang aku.

– Baugota jenengku.

– Iya.

Baugati

– Kowé takon menyang aku.

– Baugati jenengku.

– Iya.

Kalih sareng

– Apa.

274 – Embuh ora idhep, olèh ora olèh arep mbacut lakuku.

– Apa.

– Iya mayo.

– Kowé takon menyang aku.

– Matenggasura jenengku.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Iya.

– Baugota jenengmu.

– La sing wétan sapa jenengmu

– Iya.

– Baugati jenengmu.

– Baugota, Baugati.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Ora kena ginawé becik Baugota Baugati. Baugota Baugati.

– Ayo prang ngarep.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(148)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Matenggasura. Baugota Baugati, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

KANDHA,

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(149)

Matenggasura

– Ana manungsa mara.

Sencaki

– Ih hi, ora keduga aku, ana macan bisa ngucap.

– Babo anjunjung macan, senajan macan dudu macan alasan, isih macan pilihan, (gumujeng).

– Macan sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Matenggasura jenengku.

– Matenggasura jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku kadangé taruna, kaka Prabu Dwarawati, kang pilungguh ana ing Garbaruci, aran Radèn Arya Sencaki, ih hi.

– Sencaki jenengmu.

– Iya.

– Sencaki.

– Apa.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Ih hi, embuh ora idhep, apa sagendhingmu daktadhahi.

– Ora kena ginawé becik Sencaki. Sencaki.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(150)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten

aku Sencaki, macan endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, KANDHA,

277 GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

Hastrasura

– Ana manungsa mara.

Sencaka

– (Gumujeng). Ora keduga aku, ana warak bisa ngucap.

– Babo anjunjung warak, senajan warak dudu warak alasan, isih warak pilihan, (gumujeng).

– Warak sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Hastrasura jenengku.

– Hastrasura jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Dwarawati, aran Radèn Sencaka, (gumujeng)

– Sencaka jenengmu.

278 – Iya.

– Sencaka.

– Ana paran.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Embuh ora idhep, apa sagendhingmu daktadhahi.

– Ora kena ginawé becik Sencaka. Sencaka.

– Ana paran.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

KANDHA.
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA - ADA.
(152)

Padha yèn padhaa, imbang imbang sasat padha, rebuten aku Sencaka, warak, endi penunggalamu aja genti mara, barenga mara, ora èrèp.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK.
279 KANDHA.
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA - ADA.

(153)

Kebosura

- Ana manungsa mara.

Semitra

- Ora keduga aku, ana kebo bisa ngucap.

- Babo anjunjung kebo, senajan kebo, dudu kebo alasan, isih kebo pilihan, (gumujeng).

- Kebo sapa jenengmu.

- Kowé takon menyang aku.

- Iya.

- Kebosura jenengku.

- Kebosura jenengmu.

- Iya. La kowé sapa jenengmu

- Kowé takon marang aku.

- Iya.

- Aku putra Madukara, aran
280 Radèn Bambang Semitra.

- Semitra jenengmu.

- Iya.

- Semitra.

Ana paran.

- Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

- Embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

- Ora kena ginawé becik Semitra.

Semitra.

– Ana paran.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN. SUWUK. ADA–ADA.

(154)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Kebosura. Semitra, yèn nyata praju rit becik, mara malesa.

– Kowé mlaku dakwales.

– Iya.

281 – Tadhahana panahku.

– Iya tibakna.

KANDHA.
GANGSA PLAJARAN. SUWUK. ADA–ADA.
(155)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Semitra. Kebo endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, ora èrèp.

GANGSA PLAJARAN. SUWUK.
KANDHA.
GANGSA PLAJARAN. SUWUK. ADA–ADA.

(156)

Diradasura

– Ana manungsa mara.

Werkudara

– Ih hi, ora keduga aku, ana gajah bisa ngucap.

– Babo, anjunjung gajah. Senajan gajah, dudu gajah alasan, isih gajah pilihan, (gumujeng).

282 – Gajah sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Diradasura jenengku.

– Diradasura jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

Iya.

– Aku satriya Jodhipati aran Radèn Werkudara, ih hi.

– Werkudara jenengmu.

– Iya.

– Werkudara.

– Apa.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Ih hi, embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

– Ora kena ginawé becik Werkudara. Werkudara.

283 – Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

– Ora talah Werkudara, sikilé dialang-alangké.

GENDHING KALAGANJUR, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(157)

– Werkudara.

– Apa.

– Ora ana kawekasané, mentaraké kawiragan, ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, SESEG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK.

(158)

– Padha yèn padhaa, imbang-im-

bang sasat padha, rebuten aku Diradasura. Werkudara, nyata prajurit becik, mara tangiya.

284 – Ih hi, ming seméné bobotmu gajah, yèn kurang gedhé awakmu, gunung Merapi brukna menyang aku, yèn kurang landhep gadhingmu, belingen.

– Babo Werkudara, wis dakideg dak iles nganggo isih gerang-gereng, yèn kowé arep budi, mara budiya.

– Ih hi.

KAWIN,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(159)

– Gotha-gathi, anaké si bapa iki, matèni gajah siji, gajah endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(160)
Andakasura
– Ana manungsa mara.

285 *Antaséna*
– Ih hi, ora keduga aku, ana banthèng bisa ngucap.

– Babo, anjunjung banthèng, senajan banthèng, dudu banthèng alasan, isih banthèng pilihan, (gumujeng).

– Banthèng sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Andakasura jenengku.

– Andakasura jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku putra Jodhipati, aran Radèn Antaséna, ih hi.

– Antaséna jenengmu.

– Iya.

– Antaséna.

286 – Apa.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Ih hi. Embuh ora idhep, apa sagendhingmu daktadhahi.

– Ora kena ginawé becik Antaséna. Antaséna.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(161)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Antaséna, banthèng endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING RICIK–RICIK, REP,
KANDHA,
287 GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

Nagasura

– Ana manungsa mara.

Antareja

– Ih hi, ora keduga aku, ana ula bisa ngucap.

– Babo, anjunjung ula, senajan ula, dudu ula alasan, isih ula pilihan, (gumujeng).

– Ula sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Nagasura jenengku.

– Nagasura jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku putra Jodhipati, aran Radèn Antareja, ih hi.

288

– Antareja jenengmu.

– Iya.

– Antareja.

– Apa.

– Kowé baliya, ora kena liwat kéné.

– Ih hi. Embuh ora idhep, apa sagendhingmu daktadhahi.

Ora kena ginawé becik Antareja. Antareja.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP. KANDHA,
GANGSA GESANG, REP. KANDHA.

(163)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Nagasura. Antareja, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

– Ih hi.

289 KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(164)
– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Antareja. Ula endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, amuk.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA.

(165)
Kagéndrasura
– É la entèk kabèh kancaku buron alas, yèn ta aku tetulunga ing ngayuda, sapa kang bakal matur Kangjeng Déwaji, yèn kaya mengkono, aku becik mulih matur Kangjeng Déwaji.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(166)
– Ora keduga atiku, ora ana udan
290 ora ana angin, ana gelap angampar, lah apa ta iki mau.

KANDHA.

(167)
– I la la la, mata-mata kapi kapèn, kidul bener iki, ana méga piyak ngarep tangkeping wuri, dakduga iki, prajurit kang nglambung ing ngayuda, prajurit sapa jenengmu.

Gathutkaca
- Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku putra Jodhipati, kang pilungguh ana nagara Pring-

gadani, aran Radèn Gathutkaca, ih hi.

– Gathutkaca jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku panggedhé buron alas seka
291 negara Ngimataka, aran Mraja Kagéndrasura.

– Kagéndrasura jenengmu.

– Iya. Gathutkaca.

– Apa.

– Apa kowé kang numbak tambuh menyang aku, kaya dudu wong prawira.

– Embuh ora idhep, apa sagendhingmu daktadhahi, ih hi.

– Gathutkaca.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, REP.

(168)

– Gathutkaca.

– Apa.

– Iya Gathutkaca, saiki durung bisa nutugaké kang dadi rasaning atimu, bésuk yèn nagara Ngimataka ana prang gedhé, aja liya, kowé mungsuh karo aku.

– Iya Kagéndrasura, apa sa-
292 gendhingmu taktadhahi, bésuk wani saiki wani.

GANGSA GESANG, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON,

KANDHA,
GENDHING LINGGANATA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, KAWIN.

(169)

Jayapurusa, Jayawasésa,
Kalih saréng

– Kasedhahan panakrama, anak Prabu Candrageni, anak Prabu Téjalelana, sarawuh ijengandika, wonten pesanggrahan Ngéndramuhara.

Raja kalih sareng

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun paman Prabu Jayapurusa, paman Prabu Jayawasésa, ingkang rumentah dhateng kula.

293 *Jayapurusa*

– La ijengandika, anak Prabu Candrageni, kelampahan rawuh wonten pasanggrahan Ngéndramuhara, punapa kersanipun anak Prabu piyambak, punapa dipun-utusa anak Prabu Winatakwaca.

Candrageni

– Inggih paman Prabu, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur dipun-utus, kaliyan yayi Prabu Winatakwaca.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Paman Prabu inggih.

– Dipun-utus punapa kaliyan anak Prabu Winatakwaca, sumangga ijengandika dhawuhna.

294

– Inggih paman Prabu, ingkang rumiyin kula dipun-utus maringaken

taklimipun yayi Prabu Winatakwaca, dhumateng paman Prabu sekaliyan.

Raja kalih sareng
– Inggih dhateng anuwun.

– Kaping kalihipun, kula dipun-utus maringi priksa, yèn penglamaripun yayi Prabu dados prekawis.

Jayapurusa
– Menapa mekaten anak Prabu.

– Paman Prabu inggih.

– Wangsul kersanipun anak Prabu Winatakwaca kados pundi.

– Inggih paman Prabu, ingkang dados kersanipun yayi Prabu Winatakwaca, kula utawi paman Prabu sekaliyan, sawadyabala sedaya,
295 sami ndikakaken nginggahi Ngéndrabuwana, ngepung wakul ambaya mangap, supados miris panggalihipun Sangywang Bathara Éndra, lajeng maringaken Dèwi Supraba sangkaning aris, yèn sampun antawis boten wonten keteranganipun, lajeng ndikakaken ngrebat ing prang kémawon.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Paman Prabu inggih.

Raja kalih sareng
– Ih hi.

KANDHA,
KAWIN, DUKA
KANDHA.
(170)
Jayawasésa
– Ih hi, kaka Prabu Paranggupita.

Jayapurusa

– Kula yayi Prabu Paranggelung

– Yèn sekécaning lampah, saking pangrembag kula, prayogi lajeng dipun-rebat ing
296 prang kémawon, mamrih kéngingipun Dèwi Supraba.

– Menapa mekaten yayi Prabu.

– Kaka Prabu inggih. Kados pundi anak Prabu Candrageni, punapa boten leres pamanggih kula.

Candrageni

– Inggih leres pamanggihipun paman Prabu. Inggih paman Prabu Jayapurusa, leres pamanggihipun paman Prabu Jayawasésa, kula inggih semanten malih, yèn saking pamanggih kula, prayogi lajeng dipun rebat ing prang kémawon, mamrih kéngingipun Déwi Supraba.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Paman Prabu inggih. Kados pundi
297 yayi Prabu Téjalelana, punapa boten leres pamanggih kula.

Téjalelana

– Inggih leres pamanggihipun kaka Prabu. Inggih uwa Prabu Jayapurusa, leres pamanggihipun kaka Prabu Candrageni, kula inggih semanten malih, yèn saking pamanggih kula, prayogi lajeng dipun rebat ing prang kémawon, mamrih kéngingipun Dèwi Supraba.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Uwa Prabu inggih.

Jayapurusa

– Inggih yayi Prabu Paranggelung, anak Prabu sekaliyan, yèn saking pamanggih kula, rèhning dhawuhipun anak Prabu Winatakwaca, ndikakaken ngantawisaken,
298 dados sanget ajrih kula, dé-né yèn para jawata lajeng nglawan ing ngayuda, inggih badhé kula pethukaken.

Raja kalih sareng

– Menapa mekaten paman Prabu.

– Yayi Prabu Paranggelung, anak Prabu sekaliyan inggih.

– Wangsul kersanipun paman Prabu kados pundi.

– Inggih yayi Prabu Paranggelung, anak Prabu sekaliyan, ingkang dados kajeng kula, inggih lajeng badhé bebodholan, nginggahi Ngéndrabuwana, ngepung wakul ambaya mangap, pangkat sa dinten punika.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu Paranggelung,
299 anak Prabu sekaliyan inggih.

– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA.

(171)

Jayapurusa, Jayawasésa, kalih sareng

– Jayaprawasa, Jayagumbala.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Yèn kaya mengkono, padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Paranggupita kabèh, mulané mengkono, aku arep bebodholan nginggahi Ngéndrabuwana, ngepung wakul ambaya mangap, pangkat sadina iki.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Jayaprawasa, Jayagumbala iya.

– Inggih dhateng sendika.

Candrageni, Téjalelana, kalih sareng

300 – Mandrahanala, Mandraprakosa.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Yèn kaya mengkono, padha berdandanana, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Giriguthaka kabèh, mulané mengkono, aku arep bebodholan, ngunggahi Ngéndrabuwana, ngepung wakul ambaya mangap, pangkat sadina iki.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Mandrahanala, Mandraprakosa iya.

– Inggih dhateng sendika.

Jayapurusa, Jayawasésa, kalih sareng

– Jayaprawasa, Jayagumbala.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Kaya kepriyé olehmu ber-

301 dandanan, sasumektaning

ngayuda, sakancamu ing Paranggupita kabèh, apa wis padha sumekta.

– Non Déwaji, Déwaji andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Paranggupita sedaya, inggih sampun sami sumekta.

– Iya lega atiku yèn kaya mengkono.

Candrageni, Téjalelana, kalih sareng

– Mandrahanala, Mandraprakosa.

Kalih sareng

– Kurnoknon.

– Kaya kepriyé olèhmu berdandanan, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Giriguthaka kabèh, apa wis padha sumekta.

– Non Déwaji, Déwaji andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Giriguthaka sedaya, inggih sampun sami sumekta.

302

– Iya lega atiku yèn kaya mengkono.

Raja sekawan sareng

– Jayaprawasa.

Sekawan sareng

– Kurnoknon.

– Yèn wis padha sumekta olèhmu berdandanan, angkatna gegaman kang ana ngarep.

– Inggih dhateng sendika.

Patih sekawan sareng

– Hi, hi, kanca Paranggupita.

Wadya sareng

– Kula kula kula.

– Apa wis padha sumekta olèhmu berdandanan.

– Sampun.

– Yèn wis padha sumekta, timbalan-dalem ndikakaké ngangkataké gegaman kang
303 ana ngarep.

– Sendika, (gumujeng).

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING RINA–RINA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, KAWIN.
(172)

Brama

– Kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Pukulun Sangywang Bathara Brama.

– Paran baya kadang warga kita para jawata, tuwin para yang-yang kapya, dènya samya pacak baris wonten ing ngarga Suméru, punapa tan wonten éwah tatanya.

– Pukulun Sangywang Bathara Brama, Ywang Bathara Brama tetanya, unggyan ulun pacak baris,
304 wonten ing ngarga Suméru, sakadang warga ulun para jawata, tuwin para yang-yang kapya, inggih tan wonten éwah tatanya.

– Punapa mangkana kakang Bathara Raswarodra.

– Sangywang Bathara Brama ing gih.

– Dahat kacaryan tyas ulun ywan kadya mangkana. Kakangmas Bathara Sambu.

Sambu

– Apa yayi Bathara Brama.

– Ulun myarsa pawarta, ywan ing mangkya, wadyanya pun Winatakwaca, arsa maninggya ing Ngéndrabuwana, ngrebat pun Supraba.

– Apa mangkana yayi Bathara Brama.

– Kakangmas Bathara Sambu inggih. Yayi Bathara Bayu.

305 *Bayu*

– Apa Brama kakang ulun.

– Kita siyagaa, sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana, lamun wadya Ngimataka, tumekap latri myang rina, kita haywa ngantya nguciwani.

– Apa mangkana Brama kakang ulun.

– Yayi Bathara Bayu iya. Wondéné kita yayi Bathara Mahadéwa, kakang Bathara Komajaya.

Kalih sareng

– Ulun yayi Bathara Brama.

– Kita samya siyagaa sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana kalamun wadya ing Ngimataka, tumekap latri myang rina, kita haywa ngantya nguciwani.

– Pukulun inggih dhateng sendika.

306 – Punapa déné kita kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Kita samya siyagaa, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para jawata, tuwin para yang-yang kapya, marmanya mangkana, lamun wadya ing Ngimataka, tumekap latri myang rina, kita haywa ngantya nguciwani.

– Ulun inggih dháteng sendika.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, ADA–ADA.
(173)

Brama

– La kita Gatiwicara, tekap kita dumrojog tanpa larapan, paran baya saméndraning pabaratan, mara kita wahyaa kang sejati.

307 *Gatiwicara*

– Ulun inggih dhateng sendika, Pukulun Sangywang Bathara Brama, ulun inggal saweca, ywan ing mangkya mengsah saking paradyèng Ngimataka, wus tumekap ayun maninggya mring Ngéndrabuwana, sumedya ngrebat Dèwi Supraba, wondéné ingkang dadya pramugarining laksita, raja sekawan, Prabu Jayapurusa, Prabu Jayawasésa, Prabu Candrageni, Prabu Téjalelana, warastra langkung saking ageng.

– Apa mangkana Gatiwicara.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Ih hi.

KANDHA.

(174)

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Kalih sareng

– Apa Brama kakang ulun.

308 – Kita wus miyarsa priyangga, wecananya pun Gatiwicara.

– Apa mangkana Brama kakang ulun.

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu iya.

– Paran baya kang dadya kawismaya kita.

– Inggih kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu, ingkang dadya kawismaya ulun, laju arsa ulun wangsulaken, haywa ngantya maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Iya kasinggihan kang dadya kawismaya kita.

– Yayi Bathara Mahadéwa, kakang Bathara Komajaya, kakang Bathara Raswarodra.

Tiga sareng

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

309 – Paran baya kita samya siyaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita, para jawata, tuwin para yangyang kapya, punapa wus samya saningga.

– Ulun Sangywang Bathara Brama, Ywang Pukulun tetanya, unggyan ulun samya siyaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga

ulun para jawata, tuwin para yang yang kapya, inggih wus samya saningga.

– Dahat kacaryan tyas ulun ywan kadya mangkana. Kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Ywan wus samya saningga, kita budhalna warastra kang
310 pangarsa.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Raswarodra

– Hak, hak, para jawata, tuwin para yang-yang kapya.

Wadya sareng

– Ulun Sangywang Bathara Raswarodra.

– Apa wus samya saningga, kita siyaga sasumektaning ngayuda.

– Ulun Sangywang Bathara Raswarodra, Ywang Pukulun tetanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, inggih wus samya saningga.

– Ywan wus samya saningga, kita budhalna warastra kang pangarsa.

311 – Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(175)

Sekawan sareng,
Punggawa Ngimataka

– Sapa mapagaké menyang aku.

Sekawan sareng

– Ulun iki déwa.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun Sangywang Tantra, ulun Sangywang Sumarma, ulun Sangywang Diwangkara, ulun Sangywang Guritna, la kita sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku Jayasura,
aku Jayapramana,
312 Aku Jayaprakosa,
aku Jayasudirga.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Embuh ora idhep, awèh ora awèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja njaluk Dèwi Supraba.

– Kita titah tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu, hèh para déwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(176)

Mandramanggala

– Hi, hi, hi, sapa mapagaké menyang aku, hak.

Penyarikan

313 – (Gumujeng). Ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu, hak.

– Kita tatanya marang ulun.

– Iya hak.

– Ulun Sangywang Penyarikan, (gumujeng).

– Penyarikan jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku andel ing Giriguthaka, aran Bapang Mandramanggala, hak, (gumujeng).

– Mandramanggala aranta.

– Iya.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja njaluk
314 Dèwi Supraba.

– Kita Mandramanggala, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu. Penyarikan.

– Apa.

– Tadhahana kerisku.

– Iya tamakna.

KANDHA.

(177)

– Penyarikan.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

– (178)

– Penyarikan.

– Apa.

– Malesa.

– Iya tadhahana.

– Iya tibakna.

GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(179)

Penyarikan

– Alamak ywan kembaa, pa-
315 runggulen ulun, Sangywang Penyarikan, Mandramangga-la, hawya gantya marngya, asranga marngya, endya da-lasa, ulun mangsa wediya.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(180)

Mandrahanala

– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Déwantaka

– Ih hi, ulun iki déwa Ngéndra-buwana.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun patih ing Ngéndrabu-wana, aran Sangywang Dé-wantaka, ih hi.

– Déwantaka jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aran-ta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

316 – Aku patih ing Tunjungkaroban, aran Patih Mandrahanala, ih hi.

– Mandrahanala aranta.

– Iya.

– Kita baliya titah tan kena maninggya mring Ngéndra-buwana.

– Ih hi. Embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngèndrabuwana, sumeja njaluk Dèwi Supraba, ih hi.

– Ih hi, kita Mandrahanala, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu. Déwantaka.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

317 (181)

– Abot sanggané Déwantaka, lawas aku yuda gada, ana negara Tunjungkaroban, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

– Iya paksa wawanga, kita tandhing Déwantaka, ulun tiknyani apa cahyana kita.

– Déwantaka.

– Apa.

– Ngadu kantaraning bau wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

– Iya mayo.

KANDHA.

(182)

– Déwantaka.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

– La ndhéprok.

KANDHA.

(183)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebutan aku

318

Mandrahanala, Déwantaka, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
– La, njebabah.

KANDHA.
(184)
– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Déwantaka, mandrahanala, ywan nyata prajurit sakutama, tangiya, malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK. ADA–ADA.
(185)
– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Déwantaka, Mandrahanala, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING TÉJAWARNA, REP,
319 KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(186)
Candrageni
– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Sambu
– Ih hi, ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun yoganya Sangywang Jagatnata, aran Sangywang Bathara Sambu, ih hi.

– Sambu jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku kadangé tuwa, yayi Prabu Winatakwaca, kang pilungguh ana negara Tunjungkaroban, aran Mraja Candrageni, ih hi.

320

– Candrageni aranta.

– Iya.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Ih hi, embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja njaluk Dèwi Supraba.

– Ih hi, kita Candrageni, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu. Sambu.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

KANDHA,
GENDHING ÈSTHITAMA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(187)

– Sambu.

– Apa.

321

– Ora ana kawekasané, mentaraké kawiragan, ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN. REP.

– La, ndhéprok.

KANDHA.

(188)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Candrageni. Sambu, yèn nyata prajurit becik, tangiya, malesa.

KANDHA.
GANGSA GESANG, REP.
– La, ndhéprok.
KANDHA.
(189)
– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Sambu, Candrageni, ywan nyata prajurit sakutama, tangiya malesa.

KANDHA.
322 GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(190)
– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Sambu, Candrageni, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK.
KANDHA.
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(191)

Mandraprakosa

– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Raswarodra

– (Gumujeng). Ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun Sangywang Bathara Raswarodra, (gumujeng).

– Raswarodra jenengmu.

– Iya. La kita sapa aranta.

323 – Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku patih ing Giriguthaka, aran Mandraprakosa, ih hi.

– Mandraprakosa aranta.

– Iya.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Ih hi, embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja njaluk Dèwi Supraba.

– (Gumujeng). Kita Mandraprakosa, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu. Raswarodra.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(192)

324 – Ih hi, abot sanggané Raswarodra, lawas aku yuda gada, ana negara Giriguthaka, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

– Iya paksa wawanga, kita tandhing Bathara Raswarodra, ulun tiknani apa cahyana kita, (gumujeng).

– Raswarodra.

– Apa.

– Ngadu kantaran bau wis kelakon. ayo padha ngadu siyungé Bathara Kala.

– Iya mayo.

KANDHA.

(193)

– Raswarodra.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN. REP.
KANDHA.
GANGSA GESANG. SUWUK. ADA–ADA.

(194)

– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Raswarodra, Mandraprakosa, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN. SUWUK.
KANDHA.
GENDHING KUNGAS. REP.
KANDHA.
GANGSA GESANG. SUWUK. ADA–ADA.

(195)

Téjalelana

– Èh, èh, sapa mapagaké marang aku.

Mahadéwa

– Ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun yoganya Sangywang

Bathara Guru, aran Sangywang Mahadéwa.

326 – Mahadéwa jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku kadangé taruna, kaka Prabu Winatakwaca, kang pilungguh ana negara Giriguthaka, aran Mraja Téjalelana, (gumujeng).

– Téjalelana aranta.

– Iya.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja njaluk Dèwi Supraba.

– Kita Téjalelana tan arsa kinarya tama.

327 – Apa abamu, Mahadéwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA – ADA.

(196)

– Abot sanggané Mahadéwa, lawas aku yuda gada, ana negara Giriguthaka, ora oleh tandhing, olèh tandhing saiki.

– Iya paksa wawanga, kita tandhing Bathara Mahadéwa, ulun tiknyani apa cahyana ulun.

– Mahadéwa.

Apa.

– Ngadu kantaraning bau sarta pra-

golaning pupu wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

328 – Iya mayo.

KANDHA,
KAWIN.

(197)

– Mahadéwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(198)

– É la nyata abot sanggané Mahadéwa.

– Iya iku ingkang kita sedyakaké, paksa wawanga, kita tandhing Mahadéwa, apa cahyana kita ulun tiknyani.

– Mahadéwa.

– Apa.

– Ayo padha ngadu awas-awasan.

– Iya mayo.

– Tadhahana panahku.

– Iya tamakna.

329 KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(199)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Téjalelana, mati ngadeg Mahadéwa, ketiban panahku.

– Apa sirna mandhiri, iki sarupa saranta.

– Babo, mupugi wong ngaguna, Mahadéwa. Mahadéwa.

– Apa.

– Malesa.

– Tadhahana tikswara ulun.

– Iya tibakna.

KANDHA.
KAWIN, GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(200)

– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Mahadéwa. Téjalelana, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, ulun mangsa wediya.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK.
KANDHA.
GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(201)

Jayagumbala

– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Srengganidéwa

– Ih hi, ulun iki déwa Ngéndrabuwana.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun yoganya Sangywang Bathara Éndra, aran Sangywang Srengganidéwa, ih hi.

– Srengganidéwa jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku patih ing Paranggelung, aran Patih Jayagumbala, ih hi.

– Jayagumbala aranta.

– Iya.

– Jayagumbala.

– Apa.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Ih hi, embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja mboyong Dèwi Supraba.

– Ih hi, kita Jayagumbala, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu, Srengganidéwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

332 (202)

– Ih hi, abot sanggané Srengganidéwa, lawas aku yuda gada, ana negara Paranggelung, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki, ih hi.

– Iya paksa wawanga, kita tandhing Srengganidéwa, apa cahyana kita ulun tiknyani.

– Srengganidéwa.

– Apa.

– Ngadu kantaran bau wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

– Iya mayo.

KANDHA.

(203)

– Srengganidéwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

KANDHA.

333 GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(204)

– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Sangywang Srengganidéwa, Jayagumbala, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING LIWUNG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(205)

Jayawasésa

– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Bayu

– Ih hi, ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun yoganya Sangywang Jagadnata, aran Sangywang Bathara Bayu, ih hi.

334 – Bayu jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku kadangé tuwa anak Prabu Winatakwaca, kang pilungguh ana negara Paranggelung, aran Mraja Jayawasésa. Ih hi.

– Jayawasésa aranta.

– Iya.

– Jayawasésa.

– Apa.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Ih hi, embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja mboyong Dèwi Supraba.

335 – Ih hi, kita Jayawasésa, tan arsa kinarya tama.

– Apa abamu. Bayu.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

– Ora talah Bathara Bayu, banget temen kurdakané.

GANGSA GANGSARAN, DHAWAH BIMAKURDA, REP,
KANDHA,
NYEPENG DEDAMEL, GANGSA GESANG.
DHAWAH GANGSARAN, REP.

(206)

– Bayu.

– Apa.

– Ora ana kawekasané mentaraké kawiragan, ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, AMBRUK SARENG, REP,
KANDHA.
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(207)

336 – Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Bayu, Jayawasésa, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA.
GENDHING SUMIRAT, REP.

KANDHA.
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(208)

Jayapurusa
– Ih hi, sapa mapagaké menyang aku.

Brama
– Ih hi, ulun iki déwa Junggringslaka.

– Déwa sapa jenengmu.

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun yoganya Sangywang Bathara Guru, kang pilungguh ana kayangan Duksinageni, aran Sangywang Ba-
337 thara Brama, hi hi.

– Brama jenengmu.

– Iya. La kita titah sapa aranta.

– Kowé takon menyang aku.

– Iya.

– Aku kadangé tuwa anak Prabu Winatakwaca, kang pilungguh ana negara Paranggupita, aran Mraja Jayapurusa, ih hi.

– Jayapurusa aranta.

– Iya.

– Jayapurusa.

– Apa.

– Kita baliya, titah tan kena maninggya mring Ngéndrabuwana.

– Ih hi, embuh ora idhep, olèh ora olèh, aku arep munggah menyang Ngéndrabuwana, sumeja mboyong Dèwi Supraba.

– Ih hi, kita Jayapurusa, tan
338 arsa kinarya tama.

– Apa abamu, Brama.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA –ADA.

(209)

– Ih hi, abot sanggané Brama, lawas aku yuda gada, ana negara Paranggupita, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

– Ih hi, iya paksa wawanga, kita tandhing Bathara Brama, ulun tiknyani apa cahyana kita.

– Brama.

– Apa.

– Ngadu kataraning bau wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

339

– Iya mayo.

KANDHA.

– Brama.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GENDHING KALAGANJUR, REP.
KANDHA.

– (210)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Jayapurusa, Brama, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
– La ndhekem.

KANDHA.
(211)
– Alamak ywan kembaa, pa-

runggulen ulun Bathara Brama, Jayapurusa, ywan nyata prajurit sakutama, tangiya malesa.

340 KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(212)
– Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Brama, Jayapurusa, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, amuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, LAGON.
KANDHA,
GENDHING GIWANG GONJING, REP.
(213)
Sambu
– Yayi Bathara Brama.

Brama
– Ulun kakangmas Bathara Sambu.

– Dahat trusthaning tyas ulun, titah saka Ngimataka, wus kelakyan sirna kapya.

– Punapa mangkana kakangmas Bathara Sambu.

– Yayi Bathara Brama iya.

341 *Sambu*
– Paran baya yayi Bathara Bayu, ywanten yogya wecana ulun.

Bayu
– Kasinggihan wecana kita. Ih hi, Brama kakang ulun, kasinggihan wecananya Sambu kakang ulun, ulun mangkana uga, dahat trusthaning tyas ulun, lamun titah ing Ngimataka, wus kelakyan sirna kapya.

Brama

– Apa mangkana yayi Bathara Bayu.

– Brama kakang ulun iya.

– Kasinggihan wecananya kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu, ulun ugi mangkana, dahat kacaryaning tyas ulun, lamun titah ing Ngimataka wus samya
342 kaleksanan sirna kapya.

Sambu, Bayu

– Apa mangkana yayi Bathara Brama.

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih. Déwantaka.

Déwantaka

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Kita laksitaa angayangan mring Ngéndrabuwana, mahywakna kang sejati, marang yayi Bathara Éndra, ywan semangkin titah kang seka paradèng Ngimataka wus sirna kapya, lamun yayi Bathara Éndra tanya ulun, ulun isih mesanggrahan ana ngarga Sumèru, lan para jawata, tuwin para yang-yang kapya, rumeksa lamun Winatakwaca, tekap latri myang
343 rina, arsa ulun lawan ing ngayuda.

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

– Déwantaka iya.

– Ulun inggih dhateng sendika

– Wondéné kita yoga ulun

Srengganidéwa. Citragana.

Kalih sareng

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Kita laksitaa angayangan mring Ngéndrabuwana, mahywakna kang sejati, marang yayi Bathara Éndra, sakèhing prakara kita wus uning priyangga.

– Punapa mangkana Sangywang Bathara Brama.

– Yoga ulun Srengganidéwa, Citragana iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

344 – Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Kalih sareng

– Apa yayi Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, sumangga samya wangsul mring pasanggrahan malih.

– Apa mangkana yayi Bathara Brama.

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

– Iya sakawismayanta.

– Yayi Bathara Mahadéwa, tuwin kita kakang Bathara Komajaya, kakang Bathara Raswarodra.

Tiga sareng

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, swawi samya wangsul mring pasanggrahan ngarga Sumèru.

– Ulun inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK.

II. KAGUNGAN–DALEM SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG SAMBETIPUN LAMPAHAN BOMATARA, BUTUL TIGA DUMUGI KAWAN DINTEN

(18 – REJEP – 1856 A.J.; 11 – FEBRUARI – 1926 A.D.)

(Kraton Yogyakarta MS W.C.7)

II. KAGUNGAN–DALEM SERAT POCAPAN RINGGIT TIYANG SAMBETIPUN LAMPAHAN BOMATARA, BUTUL TIGA DUMUGI KAWAN DINTEN
(18 – REJEP – 1856 A.J.; 11 – FEBRUARI – 1926 A.D.)
(Kraton Yogyakarta MS W.C.7)

PENDANGON

ATURAN

JEJER 4 DINTEN

JEJER BATHARA ÉNDRA,
GENDHING TLUTUR, REP
KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
(214)

Gandhang-gandhang

– Èh, èh, para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Kanca Nyutra

– Ulun.

– Kita samya mahargya nrapsila, sasanti yuwana, Sangywang Bathara Éndra mahya siniwaka.

– Ulun sendika.

– Yang-yang kang pininta ngreksa ing ngarga Dumilah apa wus sumèwa.

– Sampun.

– Yang-yang kang pininta ngreksa ing Tinjomaya apa wus sumèwa.

– Sampun.

– Yang-yang kang pininta ngreksa ing Ngudyanasriloka apa wus sumèwa.

– Sampun.

– Yang-yang kang pininta ngreksa ing Kandhawaru apa wus sumèwa.

–Sampun.

– Kapya yang-yang tuwin para jawata kang samya pininta rumeksa sagunging pekayangan haywa ngelirké ing karya.

– Ulun sendika.

GANGSA GESANG, REP, KANDHA.

Bathara Éndra

– Déwantaka.

Déwantaka

– Ulun Sangywang Bathara.

– Kita mahargya nrapsila, miwah para yang-yang ing Ngéndrabuwana kapya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Apa déné kita yoga ulun Srenganidéwa Citragana.

Kalih sareng

– Ulun Kangjeng Rama Sangywang Bathara.

– Kita ya mangkana uga, samya mangarsa anrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Déwantaka

– Hi hi, adhi Déwamadhendha.

Déwamadhendha

– Ulun Sangywang Bathara Déwantaka.

– Wedharing sabda Sangywang Bathara Éndra, kita tuwin para yang-yang Ngéndrabuwana kapya, samya kinèn mangarsa nrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Déwamadhendha

– Hi hi para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Déwa sareng

– Ulun Sangywang Bathara Déwa-

madhendha.

– Wijiling sabda Sangywang Bathara Éndra kita samya kinèn mangarsa nrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN.

Éndra

– Déwantaka.

Déwantaka

– Ulun Sangywang Bathara.

– Haywa dadya marasé tyas kita, kita ulun pinta sumèwa ing ngabyantara ulun.

– Ulun Sangywang Bathara, dupi ulun nampi wijiling sabda Ywang Pukulun, kadya myat ing cancala, tan uninga tekaping gundhala, lir tinebak ing sardula pituna, ywan ten jawi tan lyan mung marasing driya, dupi munging ngabyantara Ywang Pukulun, nir maras rentenging tyas ulun.

– Apa mangkana Déwantaka.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Paran baya Déwantaka, kita ywana ing jaba, tansah marasing driya, awusana anèng ngabyantara ulun, temah nir sumlang ing tyas kita.

– Ulun Sangywang Bathara, pramila ing mangkya, saningga titahing jawata, kang samya tinrapan nangsaya, winisésa yogi Ywang Pukulun, kang nangsayakena dosa laya Ywang Pukulun kang masésa, ywan semangkya Ywang Pukulun, yun mèt telenging laya pun Déwantaka tan kumedhap ing latri

myang ing rina, mung sumung kem ing ngabyantara Ywang Pu kulun.

– Apa mangkana Déwantaka.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Eh em, saningga tinraping wasésa, weca kita ing ngabyantara ulun, iya ulun trima, kita mahargya keprabon ulun, miwah setya tuhu kita mring ulun, marma kita ulun pinta sumèwa, haywa kira sinung sih dadar pelèlèr ulun, dodot kang pera siginya, sabuk kang dawa ubetnya, lir nasara curiga kang listya anggonya, tan paja ywan mangkana.

– Ulun Sangywang Bathara, sajrah ing maruta, gluguting kolang-kaling, juwawut pinara sasra, pucuking ngambetan, liyep layaping anéndra, ulun tan supena, ywan mangajap sih welasa Ywang Pukulun, muhung tansah ulun sumanggem karsanta Ywang Pukulun.

– Apa mangkana Déwantaka.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Paran baya Déwantaka, déné kita madal pasihan, saka pesanggrahan Arga Semèru, apa laksita priyangga, apa dinuta Kakangmas Bathara Brama.

– Ulun Sangywang Bathara, Ywang Pukulun tetanya, laksita ulun dinuta rakanta Sangywang Bathara Brama, aparing uninga, kalamun para raja, duta ing Ngimataka, kang ayun angrampit ngrurah Ngéndrabuwana, wus kelakyan linawan ngayuda samya sirna, larut

sawadyanya kapya, ing mangkya rakanta Sangywang Bathara Brama, miwah para yang-yang jawata kapya, meksih mesanggrahan ing ngarga Semèru, andhèdhèr tata gelar nganti ywan Prabu Winatakwaca, tumekap latri miwah rina, ayun linawan ing ngayuda.

— Apa mangkana Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih, paran baya Sangywang Bathara Srengganidéwa, Sangywang Bathara Citragana, ywan ten sèstu atur ulun.

Kalih sareng

— Inggih kasinggihan atur kita. Inggih Kangjeng Rama Sangywang Bathara, sèstu aturnya kakang Déwantaka.

Éndra

— Apa mangkana kaki Bathara Srengganidéwa Citragana.

— Sangywang Pukulun inggih.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(215)

Éndra

— Hong Sangywang Uwa Kanékaputra, ngèstata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita kaki Éndra, mangèstuti marang ulun.

Srengganidéwa

- Hong Sangywang Kanékaputra,

ngèstata ngéstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita Srengganidéwa mangèstuti marang ulun.

Citragana

— Hong Sangywang Kanékaputra, ngèstata ngèstuti memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita Citragana, mangèstuti marang ulun.

Éndra

— Pukulun Uwa Kanéka, ing mangkya Sangywang Pukulun, kelampahan rawuh ing Ngéndrabuwana, wonten kawismayanya Uwa Kanéka punapa,

— Iya kaki Éndra, wijiling sabda Adhi Guru, ulun dinuta kinèn saweca marang kita, kalamun kita kinèn nyundhawara mring arga Ngéndrakila, mahyakké kang sejati, kalamun yoga kekasih Parta Resi, kinèn sumèwa mring Junggringselaka, praptaa ing ri semangkin.

— Punapa mangkana Uwa Bathara Kanékaputra.

— Kaki Éndra iya.

— Pukulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(216)

— Kaki Éndra.

— Ulun Uwa Kanékaputra.

— Rèhning wus samapta ing karya kita, kèriya sinéwa, winantu trus-

thaning wardaya, ulun minta amit, ayun mring pabarisaning para jawata, ing ngarga Sumèru, laksita ing ri semangkin.

- Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Kaki Éndra iya.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA
(217)
Éndra
— Déwantaka.

Déwantaka
— Ulun Sangywang Bathara.

— Sapungkuré Uwa Kanékaputra, kita samya sumbagaa, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita, ing Ngéndrabuwana kapya, mulanya mangkana, kalamun Si Winatakwaca, tekap rina kalawan ratri, kita haywa samya nguciwani.

— Ulun inggih dhateng sendika.

— Apa déné kita yoga ulun Srenganidéwa, lawan Citragana.

Kalih sareng
— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Kita ya semono uga, sapungkurnya Uwa Kanékaputra, kita samya sumbagaa, sasumektaning ngayuda, mulané mangkana, kalamun Si Winatakwaca, tekap rina kalawan ratri, kita haywa samya nguciwani.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA GESANG,

KONDUR NGEDHATON, REP.
KANDHA.
GANGSA GESANG.
(218)
Keparakan

— Ki Patih wijiling sabda Sangywang Pukulun.

Patih

— Suwawi kita saweca.

— Ki Patih wijiling sabda Sangywang Pukulun, sapengkernya Sangywang Kanékaputra, kita kinèn siyaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para yang-yang ing Ngéndrabuwana kapya, mulanya mangkana kalamun Prabu Winatakwaca tekap latri myang rina, kita haywa ngantya nguciwani.

— Ulun inggih dhateng sendika.

— Kalamun wènten warastra rekta, kinèn angawisana.

— Ulun sendika.

— Kalamun wènten landhéyan ingkang bubuken, kita kinèn nyantuni kajeng janglon walikukun.

— Ulun sendika.

— Kalamun wènten amoga rucat ricikipun, kita kinèn amulyakna.

— Ulun sendika.

— Kalih déné malih kalamun latri, kita kinèn baris kèdhèr, kalamun rina kinèn baris pendhem.

— Ulun sendika. Wus sampat Sang Waradiwati.

— Ulun inggih sampun.

— Ing rèh wus sampat sawecanya, suwawi samya sowang-sowangan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, ANTAL, REP.
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON, KAWIN.
Éndra
– Hèh kita para diwati.

Keparakan
– Ulun Sangywang Bathara Éndra, marmanya pirikan bengawan Gangga rendhet wijiling tirta, awit kinarya ngelebi ing Ngudyanasriloka.

– Iya senadyan mangkanaa, amung winantara, awit kagungan ingsun mina samya marlupa.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Miwah kita mahyakna kang sejati, marang siswa ulun kang samya ngruktèni kagungan ingsun wandana, kuda rata dipangga, haywa ngantya ngelirké karya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Miwah kita manjinga gupit Mandragini, wahyaa sejati marang nimas Ratu Wirakti, lamun ulun ayun kundur prasadarga.

– Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GENDHING DHÉNDHANGSUMBAWA, REP,
KANDHA,
GESANG, REP.

(219)
Keparakan
– Sri Dayinta ulun saweca.

Pramèswari
– Saweca apa Waradiwati.

– Ulun mahyakken kang sejati, lamun Sangywang Bathara Éndra, ayun kondur ing Prasadarga.

– Apa mangkana Waradiwati.

— Ulun inggih.

— Ywan kadya mangkana Waradiwati, kita samya nyingkir-nyingkirna.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANCA PESINDHÈN MARA—MARA, GESANG, SUWUK.

(220)

Wiragti

— Ulun Sangywang Bathara Éndra, ulun minta jinarwanana, Sangywang Pukulun séwaka, ngantya béda lawan sabennya, wonten kawismayanya Ywang Pukulun punapa.

— Iya nimas, ywan kita nungsung warta, ulun séwaka béda lawan sabennya, ora ta ingkang mau, ulun minta sumèwanya Patih Dèwantaka, lan yoga kita Srengganidéwa, Citragana, sakadang warganya para yang-yang Ngéndrabuwana kapya.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Nimas iya.

— Paran baya Sangywang Pukulun aminta sumèwanya Patih Dèwantaka, yoga ulun Srengganidéwa, Citragana, lawan para yang-yang Ngéndrabuwana kapya, wonten kawismayanya Sangywang Pukulun punapa.

— Iya nimas, marma ulun minta sumèwanya, Patih Dèwantaka, yoga kita Srengganidewa, Citragana, ulun tanya anggonnya madal pasihan, saka pabarisan arga Sumèru.

— Paran baya wecanya pun Déwantaka.

— Iya nimas, wecanya Si Déwantaka, dinuta mring kakangmas Bathara Brama, kinèn paring uninga marang ulun, kalamun titah Ngimataka, wus samya sampurna kapya.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Nimas iya. La iku nimas, datan antara lama, Kangjeng Uwa Bathara Kanékaputra prapta, dinuta Kangjeng Rama.

— Wangsul laksitanya Kangjeng Uwa Kanéka, dinuta punapa kalayan Kangjeng Rama.

— Iya nimas, praptanya Kangjeng Uwa, dinuta mahywakké wijiling sabda Kangjeng Rama, ulun kinèn nimbali pandhita ing Ngéndrakila, yaiku Begawan Mintaraga.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Nimas iya.

KANDHA.

— Nimas Wiragti.

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Kita andutaa nimbali Sumarsanawati, tuwin Mayangsari, arsa ulun duta maring pertapan Ngéndrakila, kita samya dhawuhana sumbaga kapya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

Pramèswari

— Waradiwati, Waradiwati.

Keparakan kalih sareng
— Ulun, Sang Pramèswari.

— Kita mahyakna kang sejati, marang Sumarsanawati, Mayangsari, samya sumbagaa ayun dinuta marang Ngéndrakila.

— Ulun inggih dhateng sendika.

LAGON.
(221)
Keparakan kalih sareng
— Pukulun Sangdyah Sumarsanawati, Sangdyah Mayangsari.

Kalih sareng
— Punapa Sang Waradiwati.

— Ulun dinuta Sang Pramèswari, kita kinèn mangarsa nrapsila, mring ngabyantaranya Sangywang Bathara Éndra, kinèn sumbaga ayun dinuta, maring pratapan Ngéndrakila.

— Punapa mangkana Sang Waradiwati.

— Pukulun inggih.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.
LAGON.
(222)
Éndra
— Sumarsanawati, Mayangsari.

Kalih sareng
— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Marma kita ulun pinta mangarsa nrapsila, wijiling sabda Sangywang Jagadpratingkah, kita dinuta maring pratapan Ngéndrakila, maringaké nawala ulun, marang Begawan Suciptahening, kalamun supatra wus tinampa

maring Begawan Mintaraga, laju kita irita, laksita kita sumèwa mring Junggringsalaka.

– Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

– Sumarsanawati, Mayangsari iya.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Mara iki supatra tampanana.

– Ulun inggih dhateng sendika.

NAMPI SERAT, LAGON, KANDHA.

(223)

Kalih sareng

– Pukulun Sangywang Bathara Éndra, ing rèh wus samapta andikanya Ywang Pukulun, Sangywang Pukulun kantuna pinarak, jeng manggiya suka, ulun minta amit, ayun mring pratapan Ngéndrakila, laksita ing ri punika.

– Iya kita mangkata, ulun angsung puja pangastawa, laksita kita maring Ngéndrakila.

– Ulun inggih dhateng anuwun.

GANGSA AYAK–AYAKAN, REP.

(224)

Éndra

– Nimas Wiragti.

Pramèswari

– Ulun Sangywang Bathara Éndra.

– Kita dhawuhana bocah gandhèk pesaréyan, angresiki sanggar pelanggatan, ulun arsa muja semadi.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Pramèswari

– Waradiwati, Waradiwati.

Keparakan
— Ulun Sang Pramèswari.

— Kita samya ngresikana sanggar pelanggatan, Sangywang Pukulun arsa muja semadi.

— Pukulun inggih dhateng sendika.

Éndra
— Nimas Wiragti.

Pramèswari
— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Ywan kadya mangkana nimas, ayo aja kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING SANGGALÉWANG, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, KAWIN.
(225)

Srengganidéwa
— Kakang Déwantaka.

Déwantaka
— Ulun Sangywang Srengganidéwa.

— Sanget ulun datan andugi, kawismayanya Kangjeng Rama, punapa datan anggalih ngrampit prang tumunten, mring néwasa Ngimataka, ywan ta datan angrampit prang tumunten, ingkang dèn anti punapa, ulun tan wangwang nglawan titah ing .Ngimataka.

— Punapa mangkana Sangywang Srengganidéwa.

— Kakang Patih Déwantaka inggih. Paran baya adhimas Citragana, apa tan wèstu weca ulun.

Citragana
— Inggih kasinggihan wecana kita.

Inggih kakang Déwantaka, sèstu wecananya kakangmas Bathara Srengganidéwa, ulun ugi mangkana, sanget ulun datan andugi, kawismayanya Kangjeng Rama, datan anggalih ngrampit prang tumunten, mring paradèng Ngimataka, ywan ta datan ngrampit prang tumunten, ingkang dèn anti punapa, ulun tan wangwang nglawan lan titah ing Ngimataka.

Déwantaka

— Punapa mangkana Sangywang Citragana.

— Kakang Patih Déwantaka inggih.

Déwantaka

— Inggih kasinggihan wecananya Sangywang Bathara sekaliyan, saking pandugi ulun Sangywang Bathara Éndra, anggènnya datan angrampit prang tumunten, mring paradèng Ngimataka, ulun dugi nganti sumèwanya pandhita ing Ngéndrakila.

Kalih sareng

— Punapa mangkana kakang Déwantaka.

— Sangywang Bathara sekaliyan inggih. Adhi Bathara Déwamadhendha.

Déwamadhendha

— Ulun kakang Patih Déwantaka.

— Paran baya anggèn kita samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para yang-yang Ngéndrabuwana kapya, punapa tan wonten kakirangannya.

— Inggih kakang Patih Bathara Dé-

wantaka, kalamun kita tanya anggèn ulun samya sumbaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun para yang-yang ing Ngéndrabuwana kapya, tan wonten kekirangannya.

– Inggih lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Punapa déné kita adhi Déwasubrangta, Déwasukata.

Kalih sareng

– Ulun kakang Patih Bathara Déwantaka.

– Paran baya anggèn kita samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, punapa tan wonten kakirangannya.

Kalih sareng

– Inggih kakang Patih Bathara Déwantaka, kalamun kita tetanya anggèn ulun samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, inggih tan wonten kakirangannya.

– Inggih lega tyas ulun ywan kadya mangkana.

Srengganidéwa

– Kakang Patih Déwantaka, adhimas Citragana.

Kalih sareng

– Ulun kakangmas Bathara Srengganidéwa.

– Ywan kadya mangkana, suwawi sampun kelayatan.

– Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN,
DHAWAH AYAK–AYAKAN, REP.
KANDHA.
GESANG, SUWUK.
(226)

Sumarsanawati
– Yayi Dewi Mayangsari.

Mayangsari
– Ulun kakangbok.

– Paran baya kang dadya laksita ulun iki, ywan ta tumurun lumaksana ing dharatan, ulun duga lama praptanya ing ngarga Ngéndrakila, kalamun mangkana prayoga samya ngambah jumantara.

– Punapa mangkana kakangbok.

– Yayi dewi iya.

– Inggih séstu wecanya kakangbok.

KANDHA,
KAWIN,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING JURUDEMUNG, DHAWAH BÉNDRONG,
NGLANA, WANGSUL GENDHING JURUDEMUNG, REP,
KANDHA,
NGUNGRUMAN.
(227)
Prabu Winatakwaca
– Supraba, katon temen gawang-gawangan, bésuk apa tumeka ana negara Ngimataka, dakgawé timbangan mukti, wong ayu, wong ayu, wong kuning mining-mining, ayo dakemban pèkèh, ayo dakemban ujung, adhiné pun kakang. (Gumujeng) Eh, em, adhiné pun kakang, Supraba, bésuk apa tumeka ana negara Ngimataka, dakgawé timbangan mukti, nggèr, nggèr, menyan séta sesangka purnama sada, melok-melok wedanané gawé brangta,

nggèr, nggèr, adhiné pun kakang. (Gumujeng).

Patih Ngampah

— Non Kangjeng Déwaji, sanget panuwun kula, yèn Kangjeng Déwaji sanget kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, watekipun suda leksananipun, gonyèh kulitipun, bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn Kangjeng Déwaji badhé kersa palakrama, mondhong widadari swarga, ingkang wasta Dèwi Supraba, yèn teksih pun Bomakéndra kados boten lepat, Déwaji, Déwaji, ih hi.

— Eh em, adhiné pun kakang, nimas, katon temen ana mata baé, wong cèthi-cèthi cuwiri, ènthèng ginawa alihan, sun badhé akèh putrané nimas, sir gula ganthi, semanggi gundha wéwéyan, telungané sing alaki, aja ngambung pipi kiwa, sing kiwa larangan déwa, aja ngambung pipi tengen, sing tengen larangan-dalem. Hempak hempi ngambung pipi, hempak hempu ngambung susu, hempak hempeng ngambung weteng, hempak hempong ngambung bokong, hempak hempuk ngambung empyak.

Raja ngajeng kalih sareng

— Non anak Prabu sanget panuwun kula, yèn anak Prabu sanget-sanget kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, watekipun suda leksananipun, gonyèh kulitipun, bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn anak Prabu badhé ker-

sa palakrama, mondhong widadari swarga, wasta Dèwi Supraba, yèn teksih ingkang uwa ing Nungsabarong, ing Jonggirupaksa, kados boten lepat anak Prabu, é haé.

— Luru-luru widara, widarané lagi kembang, kembangé roncé-roncé, dikandhut ana kembené mberojol ana tapihé, yeng iyengté, yeng iyengté, Si Supraba mréné dhéwé. (Gumujeng)

Raja wingking

— Non yayi Prabu, sanget panuwun kula, yèn yayi Prabu sanget-sanget kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, watekipun suda leksananipun, gonyèh kulitipun, bedhel ototipun, getas tosanipun, yèn yayi Prabu badhé kersa palakrama, mondhong widadari swarga ingkang wasta Dèwi Supraba, yèn teksih pun kakang ing Sonyapringga, ing Jonggarba, kados boten lepat, yayi Prabu, yayi Prabu, ih hi.

— Gemak-gemak ucul, ucul ana kurungan, lironana prawan loro, sing rompyoh-rompyoh sinomé, sing makah-makah jajané, sing kétol-kétol brotolé, sing gampang platukané. (Gumujeng)

Patih jèngkèng

— Non Kangjeng Déwaji, sanget panuwun kula, yèn kadumugèk-dumugèkaken anggènipun kasmaran wanodya, boten saé kedadosanipun, pun bapa Bomakéndra suka dados woting ngayuda, remuk kabandhemna, putung kasawatna,

salebetipun pejah kula teksih purun kaliyan déwa ing Ngéndrabuwana, Déwaji, Déwaji, ih hi.

– É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, kaya wong édan ginawé bapa aku iki.

– Non Kangjeng Déwaji boten maiben, panjenenganipun nata teksih agung anèm, agung angker sadèrèng kaleksanan.

– Apa mengkono Bomakéndra.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Apa wis suwé Bomakéndra ana ngarepanaku.

– Non Kangjeng Déwaji, sadangonipun Kangjeng Déwaji kasmaran wanodya, kula sampun sowan wonten ngarsa-dalem.

– Apa mengkono Bomakéndra.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Yèn kaya mengkono sira majua, sakancamu Ngimataka kabèh.

– Inggih dhateng sendika.

– Punapa déné ijengandika uwa Prabu paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

– Kula anak Prabu.

– Inggih semanten malih, sami kula aturi majeng.

– Inggih dhateng sendika.

Patih

– Hi hi, adhi Wiradha.

Wiradha

– Kula Ki Lurah.

– Timbalan-dalem jengandika kakersakaken majeng, sakanca ijengandika ing Ngimataka sedaya.

– Inggih dhateng sendika.

Wiradha

– Hi hi, kanca Ngimataka.

Punggawa sareng

– Kula, kula, kula.

– Timbalan-dalem ndikakaké maju kabèh.

– Sendika. (Gumujeng)

GANGSA GESANG, REP.
KANDHA.
GESANG, SUWUK. LAGON, KAWIN.

Winatakwaca

– Bomakéndra.

Patih

– Kurnoknon.

– Aja dadi atimu Bomakéndra, kowé daktimbali ana ngarepanaku.

– Kurnoknon.

KAWIN.

(228)

– Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, sareng kula tampi dhawuh timbalan-dalem, kados aningali clèrèt, boten priksa sangkaning gelap, kados tinebak ing sima lepat, wonten ing jawi sanget kuwatosipun manah kula, sareng wonten ngarsa-dalem, boten gadhah manah ingkang kumarasan. Kurnoknon.

– La iku apa mulané Bomakéndra, sira ana ing jaba banget kuwatiré atimu, wusana ana ngarepanaku, ora duwé ati kang kumarasan.

– Non Kangjeng Déwaji, mila sapunika, lami anggèn kula madya pada, boten kados sapunika, wanteripun dhawuh timbalan-dalem. Kurnoknon.

– Apa mengkono Bomakéndra.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Bomakéndra.

– Kurnoknon.

– Mulané kowé takundang, kaya kepriyé anggonmu tata-tata, bakaling bojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, sakancamu Ngimataka kabèh, apa ora ana kekurangané.

– Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, anggèn kula tata-tata, badhé ambojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, sakanca kula ing Ngimataka sedaya, inggih boten wonten kekiranganipun, kurnoknon.

– Apa mengkono Bomakéndra.

– Kangjeng Déwaji inggih.

– Iya lega atiku yèn kaya mengkono, Bomakéndra.

– Kurnoknon.

– Mara duganen lakuné Si Mamangmurka, dakkongkon menyang pretapan gunung Ngéndrakila, apa ta olèha gawé, apa ta oraa.

– Kurnoknon Kangjeng Déwaji, kula kakersakaken ndugi, lampahipun Tumenggung Mamangmurka, kados inggih angsal damel, mangka yèn Begawan Suciptahening, boten purun nyaosi pangèstu dhateng Kangjeng Déwaji, awit Kangjeng Déwaji ratu agung bandha-bandhu sentana.

– Apa mengkono Bomakéndra.

– Kurnoknon, Kangjeng Déwaji inggih. La kados pundi Déwaji ing

Nungsabarong. Déwaji Jonggirupaksa, punapa boten leres atur kula.

Raja ngajeng

– Inggih leres atur ijengandika, kula non anak Prabu, leres aturipun kakang Patih Bomakéndra, lampahipun pun Mamangmurka, kados inggih angsal damel, mokal manawi pandhita ing Ngéndrakila, yèn boten purun nyaosi pangèstu dhateng anak Prabu, anggènipun kagungan kersa nyuwun anggarwa widadari swarga, akekasih Dèwi Retna Supraba.

– Menapa mekaten Uwa Prabu, Paman Prabu.

– Kula non anak Prabu inggih, la kados pundi anak Prabu, anak Prabu, punapa boten leres atur kula.

Raja kalih sareng

– Inggih leres atur ijengandika. Non yayi Prabu, leres aturipun uwa Prabu paman Prabu, lampahipun pun Tumenggung Mamangmurka, kados inggih angsal damel, mokal yèn Begawan Suciptahening, boten purun nyaosi pangèstu, badhé pala kramanipun yayi Prabu, daup kaliyan Dèwi Retna Supraba.

– Punapa mekaten kaka Prabu sekaliyan.

– Yayi Prabu inggih.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(229)

Winatakwaca

– Kowé Togog Saraita, tekamu du-

mrojog tanpa larapan. ana apa mara matura.

Togog

— Kula nuwun inggih dhateng sendika. Kula nuwun Kangjeng Déwaji, kula sampun kakanthèkaken, lampahipun mas Tumenggung Mamangmurka, kautus dhateng pretapan ardi Ngéndrakila, inggih sampun. Sadumuginipun ing pretapan, sampun saget kepanggih kaliyan Begawan Suciptahening, anamung aturipun boten angsal wangsulan.

— Apa mengkono Gog.

— Kula nuwun inggih.

— Mara tutugna.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika. La punika Kangjeng Déwaji, sareng sampun antawis, boten angsal wangsulan, dhateng Sang Begawan Suciptahening, mas Tumenggung Mamangmurka lajeng roda paripeksa dhumateng Sang Pandhita, sumeja badhé dipunbekta, dhateng negari Ngimataka, dipun-sowanaken Kangjeng Déwaji, katemahan mas Tumenggung Mamangmurka kénging tulah kapidhara, lajeng kula tulungi, kula bekta nebih, sareng mas Tumenggung saget ènget, sakelangkung kurdhanipun.

— Apa mengkono Gog.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika. La punika Kangjeng Déwaji, mas Tu-

menggung lajeng ngrisak pratapan Ngéndrakila, ngantos bosah-basih ambelasah, tetaneman kathah ingkang rungkat, dangu-dangu kula wespaosaken mas Tumenggung Mamangmurka santun sipat, awarni wraha saklangkung saking ageng, tumunten manggihi dhateng kula, kula dipun-kèn nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, yèn mas Tumenggung boten saget mbekta Begawan Suciptahening, suka lila aluwung pejaha wonten pertapan.

— Apa mengkono Gog.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, nora nyana yèn lakuné Si Mamangmurka nemu sangsara. Wis mundura.

— Inggih dhateng sendika. Ayo Saraita mundur.

Saraita
— Iya mayo kang Thokun.

KANDHA.
(230)
Winatakwaca
— Bomakéndra.

Patih
— Kurnoknon.

— Kowe wis krungu dhéwé aturé Si Togog Saraita, bab lakuné Si Mamangmurka, takutus menyang pertapan gunung Ngéndrakila.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya. Punapa déné

uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

– Non anak Prabu.

– Jengandika sampun mireng piyambak, aturipun pun Togog Saraita, lampahipun Mamang murka, kula utus dhateng pertapan ardi Ngéndrakila.

– Menapa mekaten anak Prabu.

– Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(231)

Détyakawaca

– Kaya kowé Kalajumbla, tekamu ana ngarepanaku, dumrojog tanpa larapan, ana apa mara matura.

Kalajumbla

– Kula non inggih dhateng sendika, non Kangjeng Déwaji, kula inggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, menawi Ki Lurah Kalakadhing, utawi sakanca kula rota denawa ingkang sami pacak baris, wonten tepis wiring negari Ngimataka, sami kapara tiwas sedaya.

– La iku mulané Kalajumbla, déné Si Kalakadhing, sakancané buta padha kapara tiwas kabèh.

– Kula non Kangjeng Déwaji, menawi Kangjeng Déwaji andangu, boten ta ingkang wau, Ki Lurah Kalakadhing, boten antawis dangu

sami pacak baris, wonten tepis wiring dlanggung pratapan, lajeng wonten raja sinatriya langkung, cacahipun kekalih pranakan ing Bratapandhawa, setunggal wasta Radèn Angkawijaya, satunggalipun wasta Radèn Gathutkaca, dipun wangsulaken boten purun, kalampahan pacakara, la punika Kangjeng Déwaji kapara tiwasipun abdi-dalem rota denawa sedaya.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— É haé.

KANDHA.
— Wis mundura.

— Inggih dhateng sendika.

KAWIN,
KANDHA.
(232)
— É haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora talah Si Angkawijaya, apa déné Si Gathutkaca, déné ndadak wani-wani merjaya bocahku buta, apa dha ngluwihi mana kadigdayané, iya diayonana, ora padha sirna déning aku. É haé, Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng
— Non anak Prabu.

— Ijengandika sampun mireng piyambak, aturipun pun Kalajumbla, kapara tiwasipun wadya rota denawa sedaya.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.
(233)

— Bagéya Kagéndrasura, satekamu ana ngarepanaku.

Kagéndrasura

— Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Déwaji, ingkang rumentah dhateng kula.

— La kowé Kagéndrasura, tekamu dumrojog tanpa larapan, ana apa mara matura.

— Inggih dhateng sendika. Non Kangjeng Déwaji, kula énggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, yèn sapunikanipun, kanca kula bujungan wana, ingkang sami pacak baris wonten wana Krendhasara, sami kapara tiwas sedaya.

— La iku apa mulané Kagéndrasura, kancamu buron alas, déné nganti kapara tiwas kabèh.

— Non Kangjeng Déwaji, boten ta ingkang wau, sadangunipun pacak baris, wonten wana Krendhasara, wonten dedamel saking negari Bratapendhawa andhatengi, sumeja dhateng ngara-ara Ngéndrasonya, kula wangsulaken boten purun, lajeng klampahan pacakara, la punika Kangjeng Déwaji kapara tiwasipun kanca kula bujungan wana sedaya.

— Apa mengkono Kagéndrasura.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Ih haé, pong corot bangkong

pincang cèlèng bèlès.

KANDHA.

– Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora talah wong Bratapendhawa, déné dadak wani-wani, merjaya bocahku buron alas, apa ngluwihi mana kadigdayané, iya diayonana, yèn ora padha sirna déning aku, ih haé, Kagéndrasura.

– Noknon.

– Yèn kaya mengkono Kagéndrasura, kowé mèlua lakuku, bebodholan menyang Ngéndrabuwana, ngrebut nimas Supraba, wondéné lakumu metua ing jumantara, ngiras nganglangi pakéwuh kang ana ing jumantara.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Kagéndrasura iya.

– Inggih dhateng sendika.

GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(235)

Winatakwaca

– Bagéya Jayaprawasa, satekamu ana ngarepanaku.

Jayaprawasa

– Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Déwaji, ingkang rumentah dhateng kula.

– La kowé Jayaprawasa, tekamu dumrojog tanpa larapan, apa lakumu dhéwé, apa dikongkona

marang uwa Prabu Jayapurusa.

— Non Kangjeng Déwaji, kula énggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, yèn sapunikanipun, raka-dalem, paman-dalem, uwa-dalem sekaliyan, sawadyabalanipun sami kapara tiwas sedaya.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La iku apa mulané Jayaprawasa, paman Prabu, kaka Prabu, uwa Prabu sekaroné, sawadyabalané, nganti kapara tiwas kabèh.

— Non Kangjeng Déwaji, yèn Kangjeng Déwaji andangu, kapara tiwasipun paman-dalem, raka-dalem, uwa-dalem sekaliyan, boten ta ingkang wau, paman-dalem, raka-dalem, uwa-dalem sekaliyan, bebodholan badhé ngepang wakul ambaya mangap ing Ngéndrabuwana, sareng dumugi sacelakipun ardi Sumèru, dipun pethukaken barisanipun para jawata, sumeja mangsulaken lampahipun paman-dalem, raka-dalem, uwa-dalem sekaliyan, kelampahan pacakara, la menika Kangjeng Déwaji, kapara tiwasipun paman-dalem, raka-dalem, uwa-dalem, sekaliyan, sawadyabalanipun sedaya.

— Apa mengkono.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès.

KANDHA.

— Wis mundura.

— Inggih dhateng sendika.

KAWIN.
KANDHA.

— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora nyana yèn paman Prabu, kaka Prabu, uwa Prabu sekaroné padha kapara tiwas, ora talah Bathara Éndra, déné kepati-pati temen, ngukuhi nimas Supraba, iya diayonana, yèn ora sida ing Ngéndrabuwana, dakgawé sungsang buwana balik. Ih haé. Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula non anak Prabu.

— Ijengandika sampun mireng piyambak, aturipun pun Jayaprawasa.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Bomakéndra, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

— Wangsul kersa dalem kados pundi.

— Iya Bomakéndra ingkang dadi karepku, aku dhéwé arep bebodholan, nglanggar menyang Ngéndrabuwana, sumeja dakgawé sungsang buwana balik.

Bomakéndra

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula non anak Prabu.

— Yèn kados mekaten ingkang dados kajeng kula, kula piyambak badhé bebodholan, nglanggar dhateng Ngéndrabuwana, sumeja kula damel sungsang buwana balik.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih. Ih haé.

KANDHA.
KAWIN.

Kalamatengga

- Kula non anak Prabu, sanget panuwun kula, yèn anak Prabu badhé karsa tindak piyambak, dhateng ing Kaéndran, andamel sungsang buwana balik, nggempur ing Ngéndrabuwana, pangraosing manah kula, kula kémawon inggih kadugi, nginggahi ing Ngéndrabuwana.

— Menapa mekaten uwa Prabu.

— Anak Prabu inggih.

— Inggih uwa Prabu saklangkung panedha kula, saking kasagahanipun uwa Prabu, anamung senajan uwa Prabu majeng sura madilaga, sampun ngantos pisah kaliyan kula.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu inggih.

— Inggih anak Prabu, senajan mekatena, dados anak Prabu boten wonten paédahipun, kagungan tiyang sepuh dhateng kula, karenga-rengga raja menggala, owel yèn kula pejah bubuken, suka lila kula pejaha kaeben kaliyan satru jaya-dalem.

— Menapa mekaten uwa Prabu.

— Anak Prabu inggih. Kados pundi yayi Prabu Jonggirupaksa, punapa boten leres atur kula.

Hardayeksa

— Inggih leres atur ijengandika. Kula non anak Prabu, leres aturipun kaka Prabu Kalamatengga, kula inggih semanten malih, sanget panuwun kula, yèn anak Prabu karsa tindak piyambak, dhateng ing Kaéndran, nggempur ing Ngéndrabuwana, saking pengraosing manah kula, kula kémawon inggih gedugi, ngingahi ing Kaéndran.

Winatakwaca

— Menapa mekaten paman Prabu.

— Anak Prabu inggih.

— Inggih paman Prabu, saklangkung panedha kula, saking kasagahanipun paman Prabu, anamung senajan paman Prabu, majeng ing sura madilaga, sampun ngantos pisah kaliyan kula.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Paman Prabu inggih.

— Inggih anak Prabu senajan mekatena, dados anak Prabu boten wonten paédahipun, kagungan tiyang sepuh dhateng kula, karengga-rengga raja menggala, owel yèn kula pejah bubuken, suka lila pejaha kaeben kaliyan satru jaya-dalem.

— Menapa mekaten paman Prabu.

— Anak Prabu inggih. Kados pundi anak Prabu sekaliyan, punapa boten leres atur kula.

Raja kalih sareng

— Inggih leres atur ijengandika. Non yayi Prabu, leres aturipun paman Prabu Hardayeksa, kula inggih semanten malih, sanget panuwun kula, yèn yayi Prabu badhé kersa tindak piyambak, dhateng ing Kaéndran, damel sungsang buwana balik, nggempur ing Ngéndrabuwana, saking pangraosing manah kula, kula kémawon inggih gedugi, nginggahi ing Kaéndran.

Winatakwaca

— Menapa mekaten kaka Prabu sekaliyan.

— Yayi Prabu inggih.

— Inggih kaka Prabu, saklangkung panedha kula, saking kasagahanipun kaka Prabu sekaliyan, anamung senajan kaka Prabu majeng ing sura madilaga, sampun ngantos pisah kaliyan kula.

— Menapa mekaten yayi Prabu.

— Kaka Prabu sekaliyan inggih.

— Inggih yayi Prabu, senajan mekatena, dados yayi Prabu boten wonten paédahipun, kagungan tiyang sepuh dhateng kula, karenggarengga raja menggala, owel yèn kula pejah bubuken, suka lila pejaha kaeben kaliyan satru jaya dalem.

— Menapa mekaten kaka Prabu sekaliyan.

— Yayi Prabu inggih.

— Inggih uwa Prabu paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan, inggih sanget pracaya kula, saking setyanipun uwa Prabu, paman Prabu,

kaka Prabu sekaliyan, dhateng panjenengan kula, yèn dèrèng kula piyambak nyalirani ing ngayuda, mengsah para jawata.

Sekawan sareng

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

KANDHA.

(238)

— Jathawisaya, Jathagumbala.

Kalih sareng

— Kula non.

— Kowé dakutus menyang negara Nungsagrembula, maringi priksa uwa Prabu Wisamuka, yèn saikiné bab penglamarku, bokmenawa dadi prakara, uwa Prabu daktimbali menyang negara Ngimataka, sawadyabalané kabeh.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Jathawisaya, Jathagumbala iya.

— Inggih dhateng sendika. Kula non Kangjeng Déwaji, yèn sampun rampung timbalanipun Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem amit, badhé lajeng dhateng negari Nungsagrembula, pangkat sadinten punika.

— Iya mangkata.

— Inggih dhateng sendika.

GANGSA PLAJARAN, REP, KANDHA.

(239)

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Yèn kaya mengkono kowé padha metua ing jaba, tata-tata sasumektaning ngayuda, sakancamu bocah ing Ngimataka kabèh, mula mengkono sabab aku arep bebodholan sadina iki, ngunggahi Ngéndrabuwana.

— Menapa mekaten Kangjeng Dé waji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula non anak Prabu.

— Inggih semanten malih, sami medala ing jawi, tata-tata sasumektaning ngayuda, mila mekaten kula badhé bebodholan sadinten punika, nginggahi ing Ngéndrabuwana.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

— Inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GESANG, LAJENGAN, REP,
KANDHA.
(240)

Jathagumbala

— Adhi Jathawisaya.

Jathawisaya

— Kula kakang Jathagumbala.

— Sanget leganipun manah kula, kula kaliyan pun adhi, kautus

dhateng negari Nungsagrembula, nimbali Prabu Wisamuka.

— Menapa mekaten kakang.

— Adhi inggih.

— Kula inggih semanten malih, sanget leganipun manah kula, déné kula kaliyan kakang dipun utus dhateng negari Nungsagrembula, nimbali Prabu Wisamuka.

— Menapa mekaten adhi.

— Kakang inggih.

— Utawi malih adhi sanget anggèn kula boten nyana, déné palakramanipun Kangjeng Déwaji, dados prakawis, saiba kejotipun Prabu Wisamuka, yèn sampun priksa dhawuhipun Kangjeng Déwaji.

— Menapa mekaten kakang.

— Adhi inggih.

— Inggih leres kakang Jathagumbala.

— Yèn kados mekaten adhi, sumangga sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.
(241)

Winatakwaca

— É haé, ora talah Bathara Éndra, déné banget temen olèhé mitambuhi menyang aku, apa déné pandhita ing Ngéndrakila, wani-wani mejanani karo kongkonanku Si Tumenggung Mamangmurka, apa ngluwihi mana kadigdayané, iya

diayonana, ora padha sirna déning aku, é haé. Bomakéndra.

Bomakéndra
— Kurnoknon.

— Kaya kepriyé olèhmu padha tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakancamu Ngimataka kabèh, apa wis sumekta.

— Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, anggèn kula tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakanca kula Ngimataka sedaya, inggih sampun sami sumekta.

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng
— Kula non anak Prabu.

— Kados pundi angsal ijengandika sami tata-tata, sasumektaning ngayuda, punapa sampun sami sumekta.

— Kula non anak Prabu, anak Prabu andangu, anggèn kula tata-tata, sasumektaning ngayuda, inggih sampun sumekta.

— Inggih lega manah kula yèn kados mekaten. Bomakéndra.

Bomakéndra
— Kurnoknon.

— Yèn wis padha sumekta, olèhmu berdandanan, angkatna gegaman kang ana ngarep.

— Inggih dhateng sendika.

Bomakéndra
— Hi, hi, adhi Wiradha.

Wiradha
— Kula Ki Lurah.

– Timbalan-dalem, ijengandika kakersakaken ngangkataken dedamel ingkang wonten ngajeng.

– Inggih dhateng sendika.

Wiradha

– Hèh, hèh, kanca Ngimataka.

Punggawa sareng

– Kula, kula, kula.

– Apa wis padha sumekta olèhmu berdandanan.

– Sampun.

– Yèn wis padha sumekta, timbalan-dalem ndikakaké ngangkataké gegaman kang ana ngarep.

– Sendika. (Gumujeng)

KAWIN.

Gandhang-gandhang

– Hi, hi, bocah Ngimataka.

Kanca Nyutra

– Kula, kula, kula.

– Apa wis padha sumekta olèhmu berdandanan.

– Sampun.

– Apa déné titihané Kangjeng Déwaji, kang rupa kuda rata dipangga, apa wis padha sumekta.

– Sampun.

– Yèn wis padha sumekta, angkatna gegaman kang ana ngarep.

– Sendika.

– Apa antarané mangkat, bendhé sepisan obah.

– Dika.

– Bendhé ping pindho nunggang.

– Dika.

– Bendhé ping telu bodhol.

– Dika.

– Kebat angkatna.

– Dika.

ADA–ADA,
KANDHA.
GENDHING KEBOGIRO, GANGSA SANGET,
KANCA PESINDHÈN, REP,
KANDHA.
(242)
Winatakwaca
– Bomakéndra.

Patih
– Kurnoknon.

– Mara rikatna lakuné gegaman kang ana ngarep.

– Inggih dhateng sendika.

Patih
– Hi, hi, adhi Wiradha.

Wiradha
– Kula Ki Lurah.

– Timbalan-dalem jengandika kakersakaken ngrikataken lampahipun dedamel kang wonten ngajeng.

– Inggih dhateng sendika.

Wiradha
Hèh, hèh, kanca Ngimataka.

Punggawa sareng
– Kula, kula, kula.

– Timbalan-dalem ndikakaké ngrikatké lakuné gegaman kang ana ngarep.

– Sendika. (Gumujeng)

GESANG, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA.
GENDHING KABOR KETAWANG, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON,
JEJER NUNGSAGREMBULA.

(243)

Wisamuka

— Wisagunjara.

Wisagunjara

— Noknon.

— Mulané kowé taktimbali, sakancamu buron alas, ing Nungsagrembula, apa wis padha séba kabèh.

— Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, kanca kula bujungan wana ing Nungsagrembula, inggih sampun pepak sowan sedaya.

— Apa mengkono Wisagunjara.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Karo déné Wisagunjara, saiki aku krungu tembang rawat-rawat, titir pan layokaké, krena binandhung, lidhah sinambung, yèn anak Prabu Winatakwaca saiki arep nambut titahing akrama, lamaking premada, dhaup karo apsari swargaloka, ingkang aran Dèwi Supraba, lah iku apa nyata Wisagunjara.

— Non Déwaji, saking pamireng kula, kabar punika inggih yektos, anamung katranganipun, bab putra-dalem, Déwaji ing Ngimataka, anggènipun badhé nambut titahing akrama, lamaking pramada, sapunika dados prakawis.

— Apa mengkono Wisagunjara.

— Kangjeng Déwaji inggih, la kados pundi adhi Wisahandaka, punapa boten leres atur kula.

Wisahandaka

— Inggih leres aturipun kakang Wisagunjara. Non Déwaji, leres aturipun kakang Wisagunjara, bab badhé palakramanipun putra-dalem Déwaji Ngimataka, inggih mila yektos, anamung katranganipun, putra-dalem Déwaji ing Ngimataka, anggènipun badhé nambut titahing akrama, lamaking pramada, sapunika dados prakawis.

Wisamuka

— Apa mengkono Wisahandaka.

— Kangjeng Déwaji inggih. La kados pundi adhi Wisawastra, punapa boten leres atur kula.

Wisawastra

— Inggih leres aturipun kakang Wisahandaka. Non Déwaji, leres aturipun kakang Wisahandaka, bab badhé palakramanipun putra dalem Déwaji ing Ngimataka, inggih mila yektos, anamung katrang anipun putra-dalem Déwaji Ngimataka, anggènipun badhé nambut titahing akrama, lamaking pramada, sapunika dados prakawis.

Wisamuka

— Apa mengkono Wisawastra.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— Wisagunjara.

Wisagunjara

— Noknon.

— Yèn mungguha kapara nyata kabar iki, la généya anak Prabu ora nganggo maringi priksa menyang aku, apa iya kasupèn kagungan mitra kaya aku.

— Non Déwaji, saking pandugi kula, yèn Déwaji ing Ngimataka kasupèna, anggènipun kagungan mitra Kangjeng Déwaji, kados boten yèn kesupèna, bokmenawi teksih cruwu penggalihipun.

— Apa mengkono Wisagunjara.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La yèn kaya mengkono Wisagunjara, dhawuhana kancamu buron alas kabèh, yèn aku iya bakal menyang negara Ngimataka, sowan anak Prabu, mangkat sadina iki, kancamu lumpukna, sarta dikon amiranti aja nganti nguciwani.

— Noknon inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, REP.
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.
(244)

Wisamuka

— Bagéya Jathagumbala, Jathawisaya, satekamu ana ngarepanaku.

Kalih sareng

— Kula non, inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun Kangjeng Déwaji, ingkang rumentah dhateng kula.

— La kowé Jathagumbala, déné kelakon teka ana ngarepanaku, apa karepmu dhéwé, apa diutusa karo anak Prabu ing Ngimataka.

Jathagumbala

— Non Déwaji, Déwaji andangu, lampah kula setindak, ambegan kula sakesodan, ketek kula sademi, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur dipun utus, kali-

yan putra-dalem, Kangjeng Déwaji Ngimataka.

— Apa mengkono Jathagumbala.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La diutus apa mara matura.

— Inggih dhateng sendika. Non Déwaji, ingkang rumiyin kula dipun utus maringaken taklimipun putra-dalem, Kangjeng Déwaji ing Ngimataka, dhumateng Kangjeng Déwaji.

— Iya banget panuwunku.

— Kaping kalihipun, kula dipun utus maringi priksa, yèn Kangjeng Déwaji ing Ngimataka, badhé nambut titahing akrama, lamaking pramada, dhaup kaliyan hapsari swarga, wasta Dèwi Retna Supraba. anamung sapunika dados prakawis. Dèwi Supraba dipun-kekahi kaliyan Bathara Éndra.

— Apa mengkono Jathagumbala.

— Déwaji inggih.

— La kersané anak Prabu kepriyé.

— Non Déwaji, kersanipun putra-dalem, Dèwi Supraba inggih lajeng badhé dipun-rebat ing prang kémawon.

— Apa mengkono Jathagumbala.

— Déwaji inggih. La punika Déwaji, Déwaji sapunika dipun-timbali putra-dalem, Kangjeng Déwaji ing Ngimataka, sabab putra-dalem, lajeng badhé nginggahi ngayuda, dhumateng ing Ngéndrabuwana, ngrebat ing prang Dèwi Supraba.

— Apa mengkono Jathagumbala.

— Déwaji inggih.

— Iya Jathagumbala, yèn kersané anak Prabu kaya mengkono, aku ditimbali, iya matur sendika.

KANDHA.
(245)
– Jathagumbala, Jathawisaya.

Kalih sareng
– Kula non.

– Yèn kaya mengkono, kowé mangkata dhisik, wondéné sapungkurmu, aku iya arep bebodholan, séba anak Prabu, mangkat sadina iki.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Jathagumbala, Jathawisaya iya.

– Inggih dhateng sendika. Non Déwaji, yèn sampun rampung dhawuhipun Déwaji, Déwaji kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun pamit, mantuk matur Kangjeng Déwaji, sadinten punika.

– Iya mangkata, aku nyangoni basuki lakumu.

– Inggih dhateng anuwun.

PLAJARAN, REP,
KANDHA.
(246)
Wisamuka
– Wisagunjara.

Wisagunjara
– Noknon.

– Yèn kaya mengkono Wisagunjara, kancamu buron alas, gedhé cilik padha klumpukna kabèh, sabab aku bakal sowan anak Prabu, menyang negara Ngimataka, pangkat sadina iki.

– Menapa mekaten Déwaji.

– Wisagunjara iya.

– Inggih dhateng sendika.

Wisagunjara
– Hi, hi, kanca-kanca sedaya.

Sedaya sareng
— Kula kaka Lurah.

— Dhawuh timbalan-dalem, kanca bujungan wana ageng alit, sami ndikakaken nglempak sadaya, milanipun mekaten, sabab Kangjeng Déwaji, badhé tindak dhateng negari Ngimataka, sowan Kangjeng Déwaji Winatakwaca, pangkat sadinten punika.

— Menapa mekaten kakang Lurah.

— Adhi inggih.

— Inggih dhateng sendika.

Wisamuka
— Wisagunjara.

Wisagunjara
— Noknon.

— Apa uwis padha pepak nglumpuk kabèh, kancamu buron alas.

— Non Déwaji, Déwaji andangu kanca kula bujungan wana, sampun pepak sami nglempak sadaya.

— Apa mengkono Wisagunjara.

— Déwaji inggih.

— Yèn kaya mengkono, ayo aja klayatan.

— Inggih dhateng sumangga. Suwawi kanca sampun klayatan.

Sadaya sareng
— Dawek, dawek.

GANGSA GESANG, LAJENGAN,
WEDALIPUN JATHAGUMBALA, KALIYAN
JATHAWISAYA, KAPETHUKAKEN WADYA JIM
SEKAWAN IJI, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.
(247)

Jathagumbala
— Sampéyan adhi Jathasura, Jatha-

krura, Jathakodraksa, Jathasrenggikala, sami nusul ingkang dados lampah kula, punapa kajeng sampéyan piyambak, punapa dipun-utus Kangjeng Déwaji.

Sekawan sareng

— Inggih kakang Jathagumbala, mila kula nusul lampahipun kakang, inggih kajeng kula piyambak, mila sapunika bokmenawi lampahipun kakang, manggih pakèwet wonten ing margi, sampun ngantos kaping kalih damel.

— Inggih adhi, yèn kados mekaten inggih kasinggihan. Adhi Jathawisaya.

Jathawisaya

— Kula kakang Jathagumbala.

— Kados pundi adhi, ingkang dados prayogining lampah, sageda andhanganaken karsanipun Kangjeng Déwaji.

— Inggih kakang, ingkang dados kajeng kula, sageda pados dedamel, amrih angleganana, penggalihipun Kangjeng Déwaji, sapunika prayogi sami anjagi sacelaking pratapan ing ngardi Ngéndrakila, bokmenawi Begawan Mintaraga ketingal, lajeng dipun-roda paripeksa, katur Kangjeng Déwaji.

— Menapa mekaten adhi Jathawisaya.

— Kakang Jathagumbala inggih.

— Inggih leres adi Jathawisaya.

Kalih sareng

— Adhi Jathasura, Jathakrura, Jathakodraksa, Jathasrenggikala.

Sekawan sareng

— Kula kakang.

– Yèn kados mekaten, suwawi sampun kelayatan.

– Inggih dhateng sumangga.

PLAJARAN, SUWUK, LAGON, KANDHA.
GENDHING ULUK-ULUK, REP, KANDHA.
GESANG, SUWUK, KAWIN.
(248)

Brama
– Hong yang-yang Uwa Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

Nurada
– O hok, hong nirdah pinara sabda, ulun trima kita kaki Brama, mangèstuti marang ulun.

Sambu
– Hong yang-yang Uwa Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, kita kaki Sambu, mangèstuti marang ulun.

Bayu
– Ih hi, hong yangyang Uwa Nurada, ngastata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong ngèstuti kita.

– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita kaki Bayu, mangèstuti marang ulun.

Mahadéwa, Komajaya, kalih sareng
– Hong yangyang Uwa Kanékaputra, ngastata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita kaki Mahadéwa kaki Komajaya, mangèstuti marang ulun.

Raswarodra

— Hong yangyang Ywang Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, mamuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita Raswarodra, mangèstuti marang ulun.

Surya, Asmara, kalih sareng

— Hong yangyang Uwa Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita kaki Surya, kaki Asmara, mangèstuti marang ulun.

Tiga sareng, Nyamadipati, Mahèswara, Penyarikan

— Hong yangyang Uwa Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita Nyamadipati, Mahadéwa, Penyarikan, samya mangèstuti marang ulun.

Brama

— Pukulun Uwa Kanékaputra, kelakyan anedhaki pesanggrahan arga Sumèru, paran ta kawismayanya Ywang Pukulun priyangga, punapa ngemban wijiling sabda Kangjeng Rama, Sangywang Jagadnata.

— O hok, iya kaki Brama, ywan kita tetanya, laksita ulun ing sayekti ngemban wijiling sabda adhi Guru, ulun kinèn maringi uninga marang kita, miwah para jawata kapya, ywan ing mangkya Winatakwaca, wus budhal seka néwasanya, sumengka ayun angrampit ing Ngéndrabuwana, wruhanira ulun kinèn dadya tuwanggana, ing pabarisan kita, myang para jawata kapya.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Kaki Brama iya.

— Inggih Uwa Kanékaputra, ywan semangkya lamun kadya mangkana, sayogya tinranggulang ing ngayuda, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

— Apa mangkana kaki Brama.

— Sangywang Pukulun inggih. Paran baya kakangmas Bathara Sambu, ywan ten yogya atur ulun.

Sambu

— Iya kasinggihan wecana kita. Pukulun Uwa Kanékaputra, kasinggihan wecananya yayi Bathara Brama, ulun ugi mangkana, sayogya tinranggula ing ngayuda, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

Nurada

— Apa mangkana kaki Sambu.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Iya kaki Brama, miwah kaki Sambu, iya kasinggihan kang dadya kawismaya kita, sayogya tinrang-

gulang ing ngayuda, haywa ngan tya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

Kalih sareng

– Ulun inggih dhateng sendika.

Brama

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Kalih sareng

– Apa yayi Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, sayogya samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana, ulun arsa nranggulang ing ngayuda, titah ing Ngimataka, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

– Apa mangkana yayi Bathara Brama.

– Kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

– Iya sakawismayanta.

– Yayi Bathara Mahadéwa, kakang Bathara Komajaya.

Kalih sareng

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, sayogya samya sumbagaa ing ngayuda, marmanya mangkana, ulun arsa nranggulang ngayuda, titah ing Ngimataka, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

– Punapa mangkana Sangywang Bathara Brama.

– Yayi Bathara Mahadéwa, kakang Bathara Komajaya inggih.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Ywan kadya mangkana, sayogya samya sumbagaa, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para jawata tuwin para yang-yang kapya, marmanya mangkana ulun arsa nranggulang ngayuda, titah ing Ngimataka, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

– Punapa mangkana Sangywang Bathara Brama.

– Kakang Bathara Raswarodra inggih.

– Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(249)
Nurada
– La kita Gitawecana, tekap kita dumrojog tanpa larapan, ana apa ing jaba, mara kita wecaa kang sejati.

Gitawecana
– Pukulun inggih dhateng sendika, Pukulun Sangywang Bathara Nurada, Pukulun inggal atur uninga, ywan ing mangkya titah saking paradèng Ngimataka, wus pepak ayun maninggya mring Ngéndrabuwana, wondéné kang dadya pramugarinya, Prabu Winatakwaca priyangga, warastra langkung saking ageng.

– Apa mangkana Gitawecana.

– Sangywang Pukulun inggih.

– Kaki Brama, kaki Sambu.

Kalih sareng
– Ulun Sangywang Kanéka.

— La kita muncanga durung reta, idua durung asat, titah ing Ngimataka wus tekap ayun maninggya mring Ngéndrabuwana.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Kaki Brama, kaki Sambu iya.

— Paran baya kang dadya kawismayanta Uwa Kanékaputra.

— Iya kaki Brama, kaki Sambu, kang dadya kawismaya ulun, titah seka Ngimataka, samya kita lawana ing ngayuda, haywa ngantya prapta pasanggrahan arga Sumèru.

— Ulun inggih dhateng sendika.

Brama

— Yayi Bathara Bayu.

Bayu

— Apa Brama kakang ulun.

— Paran baya enggon kita sumbaga, sasumektaning ngayuda, apa wus saningga.

— Ih ha, iya Brama kakang ulun, ywan kita tatanya, ulun samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, iya wus saningga.

— Apa mangkana yayi Bathara Bayu.

— Brama kakang ulun iya.

— Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Yayi Bathara Mahadéwa, kakang Bathara Komajaya.

— Ulun Sangywang Bathara Brama.

— Paran baya kita sumbaga, sasumektaning ngayuda, apa wus samya saningga.

Kalih sareng

— Ulun Sangywang Bathara Brama,

Ywang Pukulun tanya, ulun samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, inggih wus samya saningga.

– Inggih lega tyas ulun lamun mangkana. Kakang Bathara Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun Sangywang Bathara Brama.

– Paran baya kita samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para jawata, tuwin para yang-yang kapya, punapa wus samya saningga.

– Ulun Sangywang Bathara Brama, ywan pukulun tanya, ulun samya sumbaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun para jawata tuwin para yang-yang kapya, inggih wus samya saningga.

– Inggih lega tyas ulun ywan kadya mangkana.

Brama

– Uwa Sangywang Kanékaputra.

Nurada

– O hok, apa kaki Brama.

– Ulun wecana kang sejati, dènya samya sumbaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun para yang-yang, inggih wus samya saningga kapya.

– Apa mangkana kaki Brama.

– Uwa Kanékaputra inggih.

– Ywan kadya mangkana, samya kita papagna, titah kang seka paradèng Ngimataka, laju lawanen ing ngayuda.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Raswarodra.

Raswarodra

– Ulun Sangywang Nurada.

— Ywan kadya mangkana, kapya para jawata, tuwin para yang yang samya, kita dhawuhana mapagaké, titah seka paradèng Ngimataka.

— Ulun inggih dhateng sendika.

Raswarodra

— Hak hak para jawata, tuwin para yang yang kapya.

Sadaya sareng

— Ulun Sangywang Bathara Raswarodra.

— Wijiling sabda Sangywang Kanékaputra, kita papagna titah seka ing Ngimataka.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(250)

Mamangsrenggi

— É haé, sapa mapagaké marang aku.

Déwa sekawan sareng

— Ulun iki déwa.

— Déwa sapa jenengmu.

— Ulun Sangywang Karaba.

— Karaba jenengmu.

— Iya.

— La sing wétan sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun Sangywang Wiratma.

— Wiratma jenengmu.

— Iya.

— Wétané sapa jenengmu.

– Ulun Sangywang Tantra.

– Tantra jenengmu.

– Iya.

– Wétane sapa jenengmu.

– Ulun Sangywang Guritna.

– Guritna jenengmu.

– Iya.

Sekawan sareng

– La kita raksasa sapa aranta.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku andeling Ngimataka, Ma mangsrenggi jenengku.

– Mamangsrenggi aranta.

– Iya. Hèh para déwa.

– Apa.

– Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, arep dakkemah-kemah, dakkokopé getihé.

– Aja kita ngimula Sangywang Bathara Éndra, ulun tan wangwang nglawan marang kita.

– I haé, ora kena ginawé becik para déwa.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

PLAJARAN, PRANG MAWI DHUWUNG,
SUWUK, ADA–ADA.

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mamangsrenggi, déwa aja genti mara, barenga mara, hamuk.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(252)

– É haé, sapa mapagaké marang aku.

Mahadéwa

— Ulun iki déwa.

— Kita tanya marang ulun.

— Ulun yoganya Bathara Guru, aran Sangywang Mahadéwa.

— Iya. La kita raksasa sapa aranta.

— Iya.

— Mamangsrenggi aranta.

— Apa.

— Aja kita ngimula Sangywang Bathara Éndra, ulun tan wangwang, nglawan marang kita.

— Apa.

— Iya mayo.

PLAJARAN, PRANG,
DENAWA DIPUN SUDUK PEJAH,
SUWUK, ADA—ADA.
(253)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun, ulun Sangywang Mahadéwa, Mamangsrenggi, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, ulun mangsa wediya.

— Déwa sapa jenengmu.

— Iya.

— Sangywang Mahadéwa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Aku andel ing Ngimataka, aran ditya Mamangsrenggi.

— Iya. Mahadéwa.

— Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, dakkemah-kemahé balungé, dakkokopé getihé.

— É haé, ora kena ginawé becik Mahadéwa. Mahadéwa.

— Ayo prang ngarep.

PLAJARAN. SUWUK.
KANDHA.
PLAJARAN. SUWUK. ADA–ADA.

(254)

Wirabirawa

— Hik, hik, iki ana buta cekuthak-cekuthuk, laras karipan maju perang, sapa jenengmu, hak.

Yamadipati

— Ah, ulun iki rak buta déwa, dudu buta sembarangan, déwa tur déwa pinitaya, déné aran ulun Sangywang Yamadipati.

— (Gumujeng). I hi hik.

MAJENG.

— Yamadipati jenengmu, hak.

— Iya. La kita sapa aranta.

— Kowé takon aku, hak.

— Iya.

— Aku andeling Ngimataka, aran Bapang Wirabirawa, hak. (Gumujeng)

— Wirabirawa aranta.

— Iya, hak. La oraa Yamadipati, wong maju perang nganggo nggawa sorok ombyokan, kuwi dianggo apa.

— Elo, perlu, iki sorog gedhong nyawa.

— Nyawané sapa hak.

— Iya nyawané titahing déwa, ywan mati nyawanya laju ulun lebokaké ana gedhong nyawa.

— Temenan apa.

— Iya temenan, ywan kita mengko pralaya, ulun cakot, nyawa kita laju ulun lebokaké ana gedhong nyawa.

— Iyah dak paido ah, semuné sorog

kok anggo pambegan, umuk yèn diendel uwong, sengguhmu gedhong.

– Ah, bok aja emak-emèk, ulun cakot tugel gulumu.

– Iya nyakota, iki apa katon, ora wurung tugel gulumu, buta déwa sacak ngantuk baé, nganggo arep nyakot, katiban pedhang modar.

– É haé, ulun wis rada ngantuk.

GANGSA PLAJARAN,
SAMPAK, NUBRUK KAPING TIGA,
LAJENG MLAJAR MABUR,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(256)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Wirabirawa, Yamadipati endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING SEMINGIN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(257)

Winatakwaca

– É haé, iki Brama mapagaké marang aku.

Brama

– Iya ulun Winatakwaca.

– Brama.

– Apa.

– Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, daksempal-sempalé bauné, Ngéndrabuwana sida dakgawé sungsang buwana balik.

– Ih hi, kita aja ngimula yayi Bathara Éndra, ulun tan wangwang nglawan marang kita.

– É haé, ora kena ginawé becik Brama.

– Winatakwaca.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA,
KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(258)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Brama endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(259)

– É haé, iki Sambu, Bayu mapakaké marang aku.

Kalih sareng

– Ih hi, iya ulun Winatakwaca.

– Sambu, Bayu.

– Apa.

– Endi rupané Bathara Éndra, daksempal-sempalé bauné, dakkemah-kemah balungé.

– Ih hi, aja kita angimula yayi Bathara Éndra, ulun tan wangwang marang kita.

— É haé, ora kena ginawé becik Sambu, Bayu.

– Winatakwaca.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN,
PRABU WINATAKWACA KASINGSAL,
SUWUK,
KANDHA, KAWIN DURMA.

"Kurdha tiwikrama risang diyu raja, salira geng nglangkungi, salira dadya brama, migeg-migeg angajrihi, bumi lir belah, gya mangsah rana malih".

PLAJARAN, PRANG MALIH,
SAMBU, BAYU KAWON, SUWUK, ADA–ADA.

(260)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebutan aku Winatakwaca, Sambu, Bayu, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk. Togog.

Togog

— Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

— Saiki Gog, wis padha bubar kabèh para jawata, yèn kaya mengkono, aku arep mbacut menyang Ngéndrabuwana, nyirnakaké Bathara Éndra.

— Inggih dhateng sumangga.

KANDHA.

Pasindhen

— O hok, o hok, sarèh sarèh Winatakwaca, ulun prapta.

PLAJARAN, REP.
KANDHA.

GESANG, SUWUK,
WINATAKWACA JÈNGKÈNG,
TOGOG SARAITA NDHODHOK,
LAGON.

(261)

Winatakwaca

– Hong Sangywang Bathara Kanékaputra, ngastata, ngèstuti, surup-ing nétra prayogi, hong mangèstuti Ywang Pukulun.

Nurada

– O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima ngèstuti marang ulun.

– Kula non, Ywang Pukulun, déné Ywang Pukulun kelampahan rawuh wonten madyaning sura madilaga, merpeki dhateng kula, wonten kersanipun Ywang Pukulun punapa.

– Iya Nirbita, marmanya ulun kelakyan merpeki marang kita, ana madyaning madilaga, ulun dinuta Adhi Guru, rèhning semangkin para jawata, wus datan ana kang kuwawa nangga yuda kita, semangkin kang dadya kawismayanya Adhi Guru, nini Supraba ayun pinaringaké marang kita, nanging kita muliha ing ri semangkin, marang néwasa Ngimataka, kita siyagaa bakaling bojakrama, sabab nini Supraba, laju arsa pinaringaké marang kita.

– Menapa mekaten Ywang Pukulun.

– Nirbita iya.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(262)

– Nirbita.

– Kula non.

– Ywan kadya mangkana, kita kèriya, ulun arsa angayangan.

– Inggih dhateng sumangga.

PLAJARAN, REP.
TOGOG MAJENG JÈNGKÈNG,
NIRBITA NGADEG MALANG.

(263)

Winatakwaca

– Togog.

Togog

– Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

– Lega temen atiku Gog, dhawuhé Sangywang Kanékaputra, trang dhawuhé Sangywang Pramèsthi Guru, rèhning para jawata wis ora ana kang kelar nangga yudaku, nimas Supraba diparingaké, dadi tatimbangan mukti, ana negara Ngimataka.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Togog iya.

– Inggih saklangkung ndhèrèk bingah sanget manah kula, wangsul kersa-dalem kados pundi.

– Iya Gog, saiki kang dadi karepku, aku arep bebodholan mulih, menyang negara Ngimataka, tata-tata bakaling boja-krama, mangkat sadina iki.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Togog iya.

– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA.

GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(264)

Bomakéndra

— Non Kangjeng Déwaji, kula wespaosaken, Kangjeng Déwaji unggul yudanipun.

— Iya bener kowé Bomakéndra, saiki para jawata wis padha keplayu kabèh, Sangywang Kanékaputra mrepeki marang aku, maringi priksa yèn diutus Sangywang Bathara Guru.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Wangsul Sangywang Kanékaputra dipun utus Sangywang Bathara Guru, andhawuhaken punapa.

— Iya Bomakéndra, dhawuhé Sangywang Bathara Guru, rèhning para jawata wis ora kelar nangga yudaku, nimas Supraba banjur arep diparingaké marang aku, dadi tetimbangan mukti ana negara Ngimataka.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Wangsul kersa-dalem kados pundi.

— Iya Bomakéndra kang dadi karepku, kowé padha berdandanana sakancamu ing Ngimataka kabèh, mulané mengkono, aku arep bebodholan mulih, menyang negara Ngimataka, pangkat sadina iki.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Punapa déné jengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Non anak Prabu.

— Inggih semanten malih, jengandika sami berdandosana, mila mekaten, sabab kula badhé bebodholan, mantuk dhateng negari Ngimataka, pangkat sadinten punika.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

— Inggih dhateng sendika.

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Kaya kepriyé olèhmu padha berdandanan, sakancamu ing Ngimataka kabèh, apa wis padha sumekta.

— Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, anggèn kula berdandosan, sakanca kula ing Ngimataka sedaya, inggih sampun sumekta.

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Non anak Prabu.

— Kados pundi angsal ijengandika berdandosan, punapa sampun sami sumekta.

— Non anak Prabu, anak Prabu andangu, anggèn kula berdandosan,

inggih sampun sami sumekta.

– Inggih lega manah kula yèn kados mekaten.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING PUSPAWARNA, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON.
(265)

Anoman

– Cantrik Wigyakarti.

Wigyakarti

– Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

– Mulané kowé taktimbali, kaya kepriyé olèhmu nyambutgawé, garap tandur pari, palawija, sapanunggalané, apa iya ora ana kang kakurangana banyuné.

– Kula nuwun Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan andangu, anggèn kula nyambut damel, garap taneman pantun, palawija sapanunggilanipun, inggih boten wonten kakirangan toyanipun.

– Apa mengkono Wigyakarti.

– Sang Adi Panembahan inggih.

– Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Karo déné manèh cantrik Wigyakarti, apa kowé wis krungu pawarta, yèn ing Ngéndrabuwana kunggahan parang muka, seka negara Ngimataka, la iku apa wis kelakon.

– Kula nuwun Sang Adi Panembahan, yèn Sang Adi Panembahan andangu, ing Ngéndrabuwana

kinggahan parangmuka, saking negari Ngimataka, kula kabar terang, yèn Prabu Winatakwaca, sampun kelampahan tempuk ing ngayuda, kaliyan para jawata, wonten ardi Sumèru, anamung para jawata kasoran yudanipun.

— Apa mengkono Wigyakarti.

— Sang Adi Panembahan inggih.

— Yèn mengkono, dadi aku kèri dhéwé.

— Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

— Wigyakarti iya.

— Wangsul karsanipun Sang Adi Panembahan kados pundi.

— Iya Wigyakarti, kang dadi karepku, kowé saiki tunggua pratapan, sakancamu para cantrik kabèh, mulané mengkono, aku arep adol gawé nganglangi marang sacedhaké gunung Semèru, bokmenawa wong Ngimataka, ngrusak ing Ngéndrabuwana, aku arep sumedya tetulung, pangkat sadina iki.

— Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

— Cantrik Wigyakarti iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Éndhang.

Éndhang

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kowé iya semono manèh, padha kèriya, aku arep nganglangi menyang gunung Semèru, pangkat sadina iki.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

– Yèn kaya mengkono Wigyakarti, kowé wis kèriya, aku mangkat saiki.

– Inggih dhateng sumangga.

KANDHA
KAWIN,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK,
PLAJARAN, SESEG, REP,
POCAPAN,
GESANG, SESEG, SUWUK,
LAGON,
KANDHA,
GARA–GARA.
Semar
LAGON UTAWI TATEMBANGAN,
URA--URA DHAWAH GENDHING,
SAWETAWIS, MAJENG, SUWUK.
(266)
Semar
– Nala Garèng, Pétruk, Bagong, déné ora ana katon, cenguk garangan anton-anton, sasuwéné pating grobyag pating grubyug, bareng aku teka kaya orong-orong dipidak, menyang ngendi ta mau parané, nèk lunga saadoh-adohé, nèk krungu tembangku Dhandhanggula Kagok Barang Miring, ditibakaké Gendhing hara .....
(Dhèhèm, ura-ura Dhandhanggendhis, dhawah gendhing suwuk) La endi ta, géné kok ora ana teka. Nala Garèng, Pétruk Bagong, la menyang ngendi ta iki mau .... Nala Garowèng.

Garèng
– O yah, o yah, kuwi nèk Ki Rama

nèk ditinggal sedhéla baé kaya kirik digitiki, olé klèngkang-klèngkèng.

— Lo, la géné iki kok cethèk temen enggoné, mrénéya, mrénéya, tholé, Nala Garèng.

— Aku kon mrono Ki Rama.

LAJENG URA–URA,
GENDHINGAN SAWETAWIS,
POCAPAN BANYOLAN.

— Tholé Nala Garèng.

— Anu apa Ki Rama.

— Adhimu Pétruk ana ngendi.

— Kowé takon anakmu Si Pétruk.

— Iya tholé iya.

— Iya embuh kuwi mau, parané Si Pétruk, mau kaya dikuya-kuya nguwong, Ki Rama, ana désa lor kuwé Si Pétruk.

— Apa mengkono Garèng.

— Ki Rama iya.

— É, biyang, biyang, bocah mono sok ugal-ugalan, undangen, undangen, Si Pétruk.

— Iya Ki Rama, tak-undangé Si Pétruk.

Garèng

— Truk, Pétruk.

Pétruk

— Hé, hé.

— Mrénéya Truk, mrénéya, gilo diundang Ki Rama.

— Iya mengko dhisik aku agi éwuh.

— O yah, agi éwuh apa.

— Aku agi éwuh sisik.

— Banyoné.

— Juruh.

— La, mamahané apa.

— Gedhang gabu.

— La, apa ireng.

— Iya ora ireng, ora ireng, dimamah menyang weteng methentheng.

— O yah Truk, mrénéya, mrénéya, diundang Ki Rama.

— Iya kang Garèng, alon-alon.

LAJENG URA–URA, DHAWAH GENDHING UTAWI SANÈSIPUN, MAWI POCAPAN BANYOLAN.

— É, adhiku Truk, nèk semangsané ana, kok katon baé.

Pétruk

— Iya kang Garèng, wong dhuwur ditelung-telungaké, wis sikuté sungsun, nganggo ngrangkul, liyan kalamenjing sikuté.

Semar

— Iyah, iyah, wis ta wis, wong padha déné.
Tholé Pétruk.

— Anu apa Ki Rama.

— La kowé mau sasuwéné menyang ngendi.

— Aku Ki Rama, mlaku-mlaku ana pedésan lor kuwé, mèh cilaka awakku.

— Kowé.

— Iya Ki Rama, kesanja baya.

— Apa Truk kang dadi sebabé.

— Iya Ki Rama, kang dadi sebabé, aku mau nyilih gèntèr, sing duwé omah ora ana, tur ming katutan bebet telu, bareng sing duwé omah weruh, cut aku dikuya-kuya, digawakaké alu, wong sadésa banjur metu kabèh, ajaa banjur takbuwang gèntèré, karo bebeté, sida cilaka awakku.

— Kuwi pokalmu mangkono.

— Ki Rama iya.

— Iya bener sing nguya-nguya, aja kok pindho pokalmu mangkono kuwé. La tujuné durung kebacut digebugi, Pétruk, wong nayap kuwi jenengé.

— Elo, dadi kuwi jenengé nayap.

— La apa hara aranana dhéwé.

— Aku weruh nèk kaya mengkono kuwé, tak-sengarakaké, aku yèn nayapa, pengrasaning atiku, wong krana padhang nganggo nembung.

— Wis ta wis, la adhimu Bagong ana ngendi, mara undangen, undangen.

— Embuh kuwi mau Si Bagong, aku agèk selaya.

— Selaya kepriyé.

— La wong dhèwèké ngajak mampir nyang pekampungan, basan nglatar ana méméyan jarìt loro, banjur dientas mak saut, mlayu brabat, aku ditinggal, banjur konangan karo sing duwé omah, dilokaké nayap, dadi aku sing digebugi, karo sing duwé omah, Bagong banjur ngenthir mlayu, aku ya banjur nututi Bagong, bareng ketututan wis nyangga wungkusan. Tak-takoni jarité wis diurupaké sega, aku ora dingèngèhi, ya banjur tak-rebut, dadi mawut kabèh, sega pirang-pirang wungkus. Ndilalah ana asu, dadi rebutan telon karo asu, wis ora karuwan-karuwan.

— Wis ta aja pijer udur, wong sedu-

luran iku, banyu pinerang upamané, pasaha amung sedhéla, ya banjur kumpul manèh, karo sedulurmu pira, becik undangen, undangen.

— Iya tak-undangé Si Bagong.

Pétruk

— Bagong, Bagong, gilo diundang Ki Rama.

(Bagong lajeng mangsuli, majeng mawi ura-ura).

SEMAR BAWA SWARA,
KATAMPEN GENDHING LADRANGTAMA, REP,
KANDHA,
SANGET, SUWUK, LAGON.
(267)

Mintaraga

— Cantrik Danakarti.

Danakarti

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kaya kepriyé Danakarti, tetanduran kang ana wawengkoning pratapan Ngéndrakila, utawa pèrèng gumuk, gegabalan kang dirusak Si Mamangmurka, apa wis padha dipulihaké kabèh.

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan andangu, tetaneman ingkang wonten wawengkon pertapan Ngéndrakila, utawi pèrèng gumuk, gegebalan ingkang dipun risak pun Mamangmurka, inggih sampun dipun-mulyakaken sedaya.

— Apa mengkono Danakarti.

— Sang Adi Panembahan inggih.

— Iya lega atiningsun yèn kaya

mengkono, apa déné kowé wasi Sonyasubrastha, jejanggan Anungswara.

Kalih sareng

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kaya kepriyé bocah padésan, kang ana sangisoring gunung Ngéndrakila, kang padha karusakan diambah déning Si Mamangmurka, apa wis padha waluya kabèh.

— Kawula nuwun Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan andangu, tiyang padhusunan ingkang wonten sangandhaping ngardi Ngéndrakila, ingkang sami karisakan déning pun Mamangmurka, saking pangèstunipun Sang Adi Panembahan, inggih sampun waluya sedaya.

— Apa mengkono jejanggan Anungswara, wasi Sonyasubrastha.

— Sang Adi Panembahan inggih.

— Iya lega atiningsun yèn kaya mengkono. Kakang Semar.

Semar

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kaya kepriyé kakang Semar, déné wis antara lawas durung ana dhawuhé Sangywang Jagatnata, nimbali marang ingsun, apa iya diwurungna, karepé Si Winatakwaca, enggoné duwé panuwun, arep anggarwa Dèwi Supraba.

— Inggih Sang Adi Panembahan, saking panginten kula, amung kirang sasiliring bawang, lajeng

wonten utusanipun jawata.

— Apa mengkono kakang Semar.

— Sang Adi Panembahan inggih.

KANDHA,
GANGSA AYAK—AYAKAN, REP.
NGANCARANI.
(268)
Mintaraga
— Sang Waradiwati.

Kalih sareng
— Ulun Sang Pandhita.

— Sumangga Sang Waradiwati, lajeng sami kula aturi lenggah.

— Ulun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
SUWUK, LAGON.
(269)

Mintaraga
— Hong yang yang Sang Waradiwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, hong mangèstuti Sang Waradiwati, pundi pinangka tigas kawuryan, sinten sinambating wewangi, prapta ing ngasrama kula, ing Ngéndrakila.

Sumarsanawati
— Hong nirdah pinara sabda, langkung katedha pangastawa kita Sang Pandhita, marang ulun, wondéné ulun apsari saking Ngéndrabuwana, wasta ulun Dèwi Sumarsanawati, déné kanthi ulun Dèwi Mayangsari.

— Dèwi Sumarsanawati, Dèwi Mayangsari ijengandika.

Kalih sareng

— Ulun inggih.

— Déné ijengandika kelampahan rawuh, ing pertapan kula ardi Ngéndrakila, punapa dipun utusa jawata ingkang minulya, punapa lampah ijengandika piyambak.

Sumarsanawati

— Ulun Sang Pandhita, lamun Sang Pandhita tetanya, laksita ulun katenta laksita ulun priyangga, dénė ulun dinuta Sangywang Bathara Éndra, ingkang rumiyin wijiling sabda Sangywang Bathara Éndra, maringaken puja pangastawa, dhumateng Sang Pandhita.

— Inggih dhateng anuwun, saklangkung kapundhi, pangastawanipun Sangywang Bathara Éndra.

— Kaping kalihnya ulun kinèn maringaken supatra dhumateng ijengandika Sang Pandhita.

— Menapa mekaten Sang Waradiwati.

— Sang Pandhita inggih.

— Sumangga kula aturi maringaken.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

LAGON,
MAOS SERAT.

Nawala ulun Sangywang Bathara Éndra, iya Sangywang Surapati, tumanduka marang kita, yoga kekasih Begawan Suciptahening, purwaka sapisan, ulun maringaké puja pangastawa marang kita, kang kapindho ulun paring uninga, wus terang wijiling sabda, Sangywang Jagatnata, kita tinimbalan marang swargan, kang dadya wigatinya, ing samengko, ing Ngéndrabuwana katekan parangmuka, seka néwasa Ngimataka, raja raksasa, aran Prabu Winatakwaca, ratu digdaya

anjayèng jagad, teguh yuwana tan tumama sakèhing braja, sumeja anggarwa nini Supraba, kang mengkono mau Sangywang Jagatnata ora marengaké, tumuli Winatakwaca, peksa pari peksa, wus kelakyan kinira para jawata, datan bangkating yuda, marmanya ing samengko ulun minta saraya marang kita, wus pinasthi karsaning jawata ingkang misésa, kita kang bakal ngentasi kardi nyampurnakaké Si Winatakwaca, déning warastra kita pamungkas, peparinging jawata ingkang minulya, kang aran Pasopati, wus pinesthi wignya bingkas yitmanya Si Winatakwaca, tan liya mung kita yoga kekasih Begawan Suciptahening, kang iku tumuli sumewaa, mring Junggringsalaka ing ri semangkin, barenga canthika ulun apsari karonya iki. Nir titi ukaraning tembung, tinulis ing Ngéndrabuwana, ing ri Anggara mulya, kaping tri lèking candra Puwasa, ing warsa Jé, 1855.

Katandhan
Sri Bathara Éndra

KANDHA.
(270)
Suciptahening
— Kawula nuwun Sang Waradiwati, kula dipun-timbali dhateng kaswargan, kula nuwun inggih dhateng sendika, mila ingkang tansah kula ajeng-ajeng siyang latri, boten langkung amung dhawuhipun jawata ingkang minulya, sumedya kula lampahi, kalayan prasetyanipun manah kula, sampun ingkang dumugi sakit, senadyan dumugia pejah, inggih kula lampahi.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Sang Waradiwati inggih. Pétruk, Bagong.

Kalih sareng
— Kula nuwun Sang Pandhita.

— Yèn kaya mengkono kowé sébaa marang kaka Prabu Ngamarta,

utawa kaka Prabu Dwarawati, nyaosi priksa yèn aku nglakoni ayahané jawata, ndikakaké nyampurnakaké rajaning raksasa, aran Prabu Winatakwaca, la iku kaka Prabu Ngamarta, sarta kaka Prabu Dwarawati, sakadang Bratapendhawa kabèh, takaturi tumuli nusul sowan marang ing Ngéndrabuwana.

— Menapa mekaten Sang Pandhita.

— Pétruk iya.

— Inggih dhateng sendika. Non Sang Adi Panembahan, yèn sampun rampung timbalanipun Sang Adi Panembahan, Panembahan kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-dalem amit, mangkat sadinten punika.

— Iya mangkata.

— Dhateng sendika, mangké rumiyin dhik, la sanguné pundi.

— Sangu apa.

— La mlaku adoh jaré, rak nggih nganggo tukon rujak gobèt, la witikna ya Gong.

Bagong

— La iya, enggih Sang Adi Panembahan, njagi pakewed, onten mergi boten kétang gangsal sèn, nyuwun, tukon kanggo nggayemi.

— Prakara kuwi, yèn wis tekan negara banjur matura kaka Prabu Dwarawati, iya saréka-rékamu, mengko mesthi olèh pesangon.

Pétruk

— Temenan napa, mengko gèk ming diparingi rokok, klembak.

— Ora Pétruk, kuwi temenan.

— Nggih. Ayo Bagong mangkat.

Bagong

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, MANGKAT, REP.

(271)

— Cantrik Danakarti, jejanggan Anungswara, wasi Sonyasubrastha.

Kalih sareng

— Kawula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Sira padha kèriya, tunggua pertapan Ngéndrakila, padha sira tutugna, apa kang dadi kuwajibanira, saora ananingsun, dikaya ana ingsun.

— Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

— Cantrik Danakarti, jejanggan Anungswara, wasi Sonyasubrastha iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Risang Waradiwati.

Kalih sareng

— Ulun Sang Pandhita.

— Yèn kados mekaten sumangga sampun kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

— Kakang Semar ayo mangkat.

Semar

— Kula nuwun inggih dhateng sumangga.

GESANG, LAJENGAN, SUWUK.

(272)

Petruk

— Kepriyé Gong mengko rékané, yèn wis tekan ngersané ndara Nata Ngamarta.

Bagong

— Rékané iya aja diblakakaké dhisik, yèn dikongkon ndara Janaka, yèn dikongkon pandhita ngono waé, yèn wis diwènèhi bukak mulut, banjur blaka.

— Elo.

— Elo kepriyé.

— Elo, mula mengkono, mupakat.

— La iya.

—.La saiki lakuné pindha-pindha Gong.

— Pindha apa.

— Kowé ndara Gathutkaca, aku Antareja.

— Iya mantep.

— Ih hi, aja kasuwèn laku, kowé metua jumantara, ngiras nganglangi pakéwuh ing jumantara, sarta yèn ana wong dodolan, aja nganti katalompé.

— Rèhning dèrèng angsal sangu kados pundi kakangmas.

— Iya ngutil kaya adat.

— Inggih sendika. La kakangmas tindak pundi.

— Pun kakang metu sapta pratala, ngiras njaga pakéwuh dhasaring pratala.

— Inggih prayogi, namung kula weling.

— Weling apa adhimas.

— Menawi sapta pertala wonten tiyang nganggé udheng blangkon teksih énggal, kakangmas lajeng kula aturi nyangking kémawon, yèn angèl prayogi lajeng dipunsaut, mangsa gagala boten.

— Iya adhimas, sadurungé adhimas

kandha, wis takrembuk, karo saiki blangkon mesthiné lugu.

— Leres.

— Énaké nganggo kawin kawin Gong.

— Kawin kepriyé, emoh, nèk dikawin kaya pitik arep dibelèh.

— Kawin nganggo ura-ura.

— Iya.

— Pangkur waé Gong, kowé capeng.

— Iya.

Raka ta Dyan Gathutkaca, arsa ndedel anggayuh ing wiyati, muryani busananipun, netepken jejamang, gedrug-gedrug ningseti paningsetipun, ginebeg-gebeg kang asta, tinon lir wong arsa ngutil.

PLAJARAN, LAJENG MAWI GIRO, MLAMPAH, PATUH, DHAWAH AYAK—AYAKAN, REP, KANDHA.
(273)
Mintaraga

— Risang Waradiwati kekalih.

Kalih sareng

— Kula Sang Pandhita.

— Sanget leganipun manah kula, déné badhé saget kelampahan, ingkang dadya sedya kula, jalaran saking kula, anglampahi ayahanipun Sangywang Jagatnata.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati kekalih inggih.

— Inggih kasinggihan wecananya Sang Pandhita, awit ywan Sang Pandhita, wigya nyirnakaken rajaning raksasa, Prabu Winatakwaca, wus tamtu ayun sinung karta ingkang linangkung.

— Menapa mekaten Sang Waradiwati kekalih.

— Sang Pandhita inggih.

— Yèn kados mekaten sumangga sampun kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

— Ayo kakang Semar aja kelayatan.

Semar

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG. SUWUK.
KANDHA.
GENDHING JANGKRIKGINGGONG. REP.
KANDHA.
GESANG. SUWUK. ADA—ADA.

Jathagumbala

— Adhi Jathawisaya, Jathasura, Jathakrura, Jathakodraksa, Jathasrenggikala.

Sareng

— Kula kakang Jathagumbala.

— La punika kados pundi adhi, déné sampun antawis lami, pun Mintaraga boten wonten ketingal, bokmenawi sampun palastra, wonten pertapan.

— Menapa mekaten kakang Jathagumbala.

— Adhi inggih.

— Wangsul kersanipun kakangmas kados pundi.

— Inggih adhi, ingkang dados kajeng kula, yèn Mintaraga boten ketingal, sadinten kalih dinten, inggih badhé lajeng kula purugi dhateng pertapanipun, sepinten bangganipun pandhita setunggal.

— Menapa mekaten kakang Jathagumbala.

— Adhi inggih.

— Inggih leres timbalanipun kakang Jathagumbala.

Jathasura

— Kakang Jathagumbala.

— Kula adhi Jathasura.

— Kidul leres punika, kula wespaosaken, kados wonten pandhita langkung, dipun-iringaken wanodya kalih, tuwin perpat kalih, purugipun mriki.

— Menapa mekaten adhi Jathasura.

— Kakang Jathagumbala inggih.

ADA—ADA,
JATHAGUMBALA MINGER MANGIDUL,
ULAP—ULAP, WANGSUL MINGER NGALÈR.
(275)

— Inggih leres ijengandika adhi Jathasura. Adhi Jathawisaya, adhi Jathakrura, Jathasura, Jathakodraksa, Jathasrenggala.

Sareng

— Kula kakang Jathagumbala.

— Yèn kados mekaten, ijengandika kepanga, lèr kidul, wétan kilèn, kula blejogé tengah, soso tem bungé tubruk mawon adhi.

— Menapa mekaten kakang Jathagumbala.

Adhi inggih.

— Inggih dhateng sendika.

— Yèn kados mekaten sumangga sampun kelayatan.

— Inggih dawek.

GANGSA PLAJARAN,
MLAMPAH NGIDUL, DHAWAH AYAK—AYAKAN, REP,
KANDHA,
GANGSA SANGET, SUWUK.
(276)

Mintaraga

— Risang Waradiwati kekalih.

Sareng

— Ulun Sang Pandhita.

— Punapa inggih teksih tebih kayangan Junggringsalaka, punapa inggih sampun celak.

— Ulun Sang Pandhita, Sang Pandhita tetanya, inggih wus parek ing Junggringsalaka.

KANDHA.

(277)

Semar

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan, kula kados mireng swaranipun rota denawa badhé mbégal.

— Apa mengkono kakang Semar.

— Sang Adi Panembahan inggih.

— Risang Waradiwati kekalih.

Sareng

— Ulun Sang Pandhita.

— Yèn kados mekaten ijengandika kula aturi miré, kula badhé methukaken denawa, ingkang mbégal punika.

— Ulun inggih dhateng sendika.

— Kakang Semar.

Semar

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kowé mireya ndhèrèka Sang Waradiwati sekaroné.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, WIDADARI, PERPAT KÉSAH,
SUWUK, ADA—ADA.

Jathagumbala

— Ih haé, téja-téja suleksana, téjané wong anyar katon, buri ngendi pinangka, ngarep apa sineja, tigas kawuryan, Pandhita sapa aranmu.

— La kowé buta ngendi dhangkamu, lan sapa jenengmu.

— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, babo wong ditakoni males takon, nganggo anjunjung dhangka, iya yèn kowé lumuh kasoran, clathumu sakecap, aku buta andel seka negara Ngimataka, aran digtya Jathagumbala.

— Jathagumbala jenengmu.

— Iya. La kowé Pandhita sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku pandhita tedhakan seka gunung Ngéndrakila, aran Begawan Suciptahening.

— Suciptahening.

— Iya Begawan Mintaraga.

— Begawan Mintaraga.

— Iya Resi Palgunadi.

— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, akèh temen jenengé, nganti miyeg-miyeg sagotongan. (Gumujeng). Kapasang yogya, kayogya para, katuju ngenu, dakpinta kara, dakaya lépa, seka negara Ngimataka, iya amung kowé Begawan Suciptahening, ora lega-lega atiku, yèn ora sirna déning aku. Ih haé.

— Babo Jathagumbala, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Ih haé, Mintaraga.

— Ana paran.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(279)

— Ih haé, abot sanggané Mintaraga, daktubruk ngiwa mlumpat nengen, daktubruk nengen mlumpat ngiwa, dakcakot dakgilut, untuku nganti linu, wongé isih manthe leng baé.

— Apa abamu, ya kuwi sing kokkarepaké, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Ih haé, Mintaraga.

— Ana paran.

— Malesa.

— Kowé mlaku dakwales.

— Iya.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN,
JATHAGUMBALA ONCAT NGALÈR,
JATHASURA NIMBRUNG, ONCAT NGIDUL,
JATHAKRURA NIMBRUNG, ONCAT NGALÈR.
SUWUK, ADA—ADA.

(280)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mintaraga, buta endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, ora èrèp.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(281)
Jathawisaya
— Ih haé, déné padha keplayu kabèh kancaku buta.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA.
(282)
Mayangkara
— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mayangkara, buta nyatané prajurit becik, tangiya nusula.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.

(283)
— Ih haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, ora geduga aku, ora ana udan, ora ana angin, ana gelap ngampar, lah apa iki mau.

KANDHA.

(284)
— Ih haé, dakwespadakaké, kidul bener iki, ana méga piyak ngarep tangkep ing buri, dakduga iki mungsuh kang nglambung ing ngayuda, i haé, kethèk sapa jenengmu.

Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang mertapa ana pertapan Kendhalisada, aran Begawan Mayangkara.

— Mayangkara jenengmu.

— Iya. La kowé buta sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku buta andel seka negara Ngimataka, aran digtya Jathawisaya.

– Jathawisaya jenengmu.

– Iya. La oraa Mayangkara, déné kowé nganggo numbak tambuh seka jumantara, kaya dudu wong prawira.

– Embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

– Mayangkara.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
KANDHA.

(285)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Jathawisaya, Mayangkara, nyatané prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
JATHAWISAYA DIPUN BITHI ONCAT NGALÈR,
JATHAKODRAKSA NIMBRUNG ONCAT NGIDUL,
JATHASRENGGALA ONCAT NGALÈR,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(286)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mayangkara, buta endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara hamuk.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK,
MINTARAGA, WIDADARI KALIH,
SEMAR, GARÈNG SAKING KIDUL,
SUWUK, LAGON.
(287)

Mintaraga

– Bagéya Anoman, satekamu ana ngarsaningsun.

Mayangkara

– Inggih dhateng kasuwun, sih pana kramanipun Sang Adi Panembahan, ingkang rumentah dhateng kula.

– La sira Mayangkara, klakon tetulung marang ingsun, apa ingkang dadi purwa madya wusanané.

– Non Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan andangu, ingkang dados purwa madya wusananipun, boten ta ingkang wau, kula nganglangi ing Ngéndrabuwana, bokmenawi mengsah saking Ngimataka andhatengi, sareng kula mulat mangandhap, Sang Adi Panembahan kinarubut ing ngayuda kaliyan para raksasa, kelampahan kula tetulung punika.

– Apa mengkono Mayangkara.

– Sang Adi Panembahan inggih.

Yèn kaya mengkono Mayangkara, sira tutugna olèhira nganglangi ing Ngéndrabuwana, wondéné ingsun arep mbacut, sowan marang Junggringsalaka.

– Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

– Mayangkara iya.

– Inggih dhateng sendika, non Sang Adi Panembahan, yèn sampun rampung timbalanipun Sang Adi Panembahan, Sang Adi Panembahan kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun lilah-

dalem amit, badhé lajeng ndumugèkaken ingkang dados lampah kula.

— Iya ingsun nyangoni basuki lakunira.

— Ingih dhateng anuwun.

GANGSA PLAJARAN, REP,
(288)
Mintaraga
— Risang Waradiwati kekalih.

Kalih sareng
— Ulun Sang Pandhita.

— Yen kados mekaten, sumangga sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

— Kakang Semar.

Semar
— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Mengko yèn wis tekan Junggringslaka, kowé karo Garèng padha ngentènana ing jaba baé.

— Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

— Kakang Semar iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Yèn kaya mengkono kakang Semar, ayo aja kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING GANDRUNG—GANDRUNG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, LAGON.
(289)
Ngamarta
— Kaka Prabu Dwarawati.

Dwarawati
— Kula yayi Prabu.

— La punika kados pundi kaka Prabu, dénè sampun antawis lami. yayimas Madukara dèrèng wonten pawartosipun, menggah teksiha paripurna, utawi sampun binanjuta ing déwa ingkang linangkung.

— Menapa mekaten yayi Prabu.

— Kaka Prabu inggih.

— Inggih yayi Prabu, yèn yayi Prabu ardangu, kaipé Madukara, kula mentas nganglang buwana, mireng pawartos ingkang terang, yèn sapunikanipun mertapa anggayuh kanugrahaning jawata ingkang minulya, utawi malih ing Ngéndrabuwana, kula mireng kinggahan parangmuka, saking negari Ngimataka, nama Prabu Winatakwaca, sumeja nyuwun anggarwa, widadari swarga, ingkang wasta Dèwi Supraba, anamung jawata boten amaringaken, sampun kelampah pancakara, para jawata kasoran yudanipun.

Menapa mekaten kaka Prabu.

— Yayi Prabu inggih. La menika yayi Prabu, sapunikanipun Sangywang Bathara Éndra, ngrasaya satunggiling pandhita, ingkang sampun gentur kasutapanipun, bokmenawi punika yayi Prabu dados jalaraning kepanggihipun kaliyan kaipé Madukara.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Yayi Prabu inggih.

— Adhi Werkudara

Werkudara

— Apa.

— La iki adhi, jeneng para wis kru-

ngu dhéwé, pangandikané kaka Prabu Dwarawati.

— Apa mengkono.

— Adhi Werkudara iya.

— Iya. Ih hi, Jlitheng kakangku.

Dwarawati

— Apa adhi Werkudara.

— Apa temen kang dadi tuturmu.

— Iya adhi Werkudara, temen tuturé pun kakang iki, iya mengko jeneng para titènana.

— Apa mengkono.

— Adhi iya.

— Iya, yèn nganti ora kepara nyata, dakbithi boyokmu, putung igamu.

— Iya adhi, ora bakal cidra pun kakang, temen aturé raka para iki.

— Apa mengkono.

— Adhi Werkudara iya.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON.
(290)

Ngamarta

— Bagéya Pétruk Bagong satekamu ana ngarepanaku.

Kalih sareng

— Inggih dhateng kapundhi timbalanipun dara Ratu Ngamarta, ingkang dhumawuh dhateng kula.

Dwarawati

— Bagéya Pétruk Bagong satekamu ana ngarsané yayi Prabu Ngamarta.

— Inggih dhateng kapundhi timbalanipun dara Ratu Dwarawati, ingkang rumentah dhateng kula.

MAWI BANYOLAN SAWATAWIS.

Werkudara

— Bagéya Bladhu Bagong, satekamu ana ngarepé Punta Aji kakangku.

— Inggih dhateng kapundhi, timbalanipun dara Werkudara, ingkang rumentah dhateng kula.

MAWI BANYOLAN.

Nangkula Sadéwa

— Bagéya Pétruk Bagong, satekamu ana ngarsané kaka Prabu Ngamarta.

— Inggih dhateng kapundhi, timbalanipun dara kembar, ingkang rumentah dhateng kula.

Ngamarta

— La kowé Pétruk, kelakon teka ana ngarepanaku apa karepmu dhéwé, apa ana kang kongkonan.

MAWI BANYOLAN SAWETAWIS.

Pétruk

— Inggih dara Ratu Ngamarta, yèn sampéyan ndangu dhateng kula, lampah kula setindak ambegan kula sakesodan, keteg kula sademi, katenta lampah kula piyambak sanès, kula dermi dipun-kèngkèn, kaliyan Pendhita, sing mertapa Ngéndrakila, namané Begawan Suciptahening.

— Apa mengkono Pétruk.

— Enggih pun kantenan.

— La dikongkon apa karo Begawan Suciptahening, mara matura

— Sakawité kula dikongkon ngatura ké pangabektiné, salajengé di

kongkon nyaosi priksa, yèn sampéyan kalih dara Ratu Dwarawati, sakadang Bratapendhawa sedanten, diaturi nusul teng Ngéndrabuwana, séba Bathara Éndra, sabab rayimu ....

Bagong sambet

— Rayimu sing endi, kuwi rak seka pendhita, aja diblakakaké.

— É iya, kok lali aku. Begawan Suciptahening saniki diminta sraya déwa, kon kerengan kalih ratu buta negara Ngimataka, jenengé Prabu Winatakwaca, ratu gedhé digdaya, sampéyan diaturi tindak tumunten, sareng kalih lampah kula.

— Apa mengkono Pétruk.

— Dara Ratu Ngamarta inggih.

— Kaka Prabu Dwarawati.

Dwarawati

— Kula yayi Prabu.

— Kaka Prabu sampun mireng piyambak aturipun Pétruk.

— Menapa mekaten yayi Prabu.

— Kaka Prabu inggih.

Dwarawati

— Pétruk, sapa sing jeneng Begawan Suciptahening, kowé mau nganggo muni rayimu, rayimu sapa.

Pétruk

— Wong kula lali kok, kula kacalénthot.

Werkudara

— Ih hi, Pétruk, blakaa baé, nèk ora gelem blaka, dakbithi endhasmu molèr bodongmu.

— (Mangsuli mawi banyolan)
Yak dara Werkudara, ki suwiyah-

wiyah, wong sayah-sayah ngéné ming arep dianggo bithèn baé. wong sayah niku diparingi dhuwit ta ngoten, kena dinggo tuku rujak onten dalan, wong sayah-sayah ming arep dinggo bithèn.

— Ora Pétruk, blakaa baé.

— La dikon blaka-blaka kepripun, niki nggih pun blaka, sing kongkonan nggih Begawan Mintaraga.

— Iya Pétruk, kowé mau kandha adhimu, adhimu sapa.

— La wong klèru napa boten kénging.

Bagong

— Ta, wong kuwi, mulané aja dhemen clemongan, wong kekandhan nganggo ditata sing genah, nèk arep dibithi endhasmu kuwi kepriyé, la nèk klakon sida dibithi karo dara Werkudara, ora sida mleseg dhasmu.

— La wong klèru apa ora kena.

Dwarawati

— Iya Pétruk, bener adhi Werkudara, becik blakaa, sing satemené, karo yayi Prabu ora kagungan sedhèrèk pendhita, dadi aku gampang olèhku mikir.

— Yak pancèn wadi niku.

— Ora Pétruk, ora dadi apa, ta blakakaké menyang aku apa Begawan Suciptahening, apa dudu, ta blakaa, nèk dudu, la sapa.

— Yak kok risi aku, kepriyé Gong blaka apa ora.

Bagong

— Ya becik blaka anggeré nganggo

bukak mulut.

Pétruk

– Bukak mulut kepriyé.

– Iya nganggo opahan, nèk kowé diopahi ya blaka, ning paron karo aku.

Dwarawati

– Ta, Pétruk inggal, blakaa.

Pétruk

– Gelem ta nganggo bukak mulut.

– Iya mengko dakopahi.

– Tenan, regané okèh banget lo niki.

– Iya ta, aja pijer crèwèt baé, gèk kandhaa satemené.

– Satemené, ning bayaré kontan.

– Iya sapa.

– Rayimu Radèn Janaka.

– La rak mengkono. (Gumujeng) Wis lega atiku yèn kaya mengkono, nya gilo takwènèhi dhuwit.

– Nggih nuwun, adhuh dara Prabu Dwarawati iki nèh, nèk ngono ki olè blaba, olé loma, niki pun paringké napa.

– Ora Pétruk, iya takparingké tenan, ora-orané nèk takjaluk menèh.

– Nggih ta anggeré ampun kandha-kandha, wong niku barang wadi tenan, becik disimpen dhéwé mawon.

– Iya Pétruk, ora-orané yèn aku kandha-kandha.

– Yak nanging atiku kok dheg-dhegan.

– Dheg-dhegan kepriyé Pétruk.

– Lo mangké sareng yatrané pun kula anggé jajan, gèk sampéyan pundhut malih.

– Ora Pétruk, iya nggonen jajan.

– Iya.
Lo, déné geminé kepati-pati, rokok sok njaluk aku waé.

– Elo dhèk apa Pétruk, aku njaluk rokok karo kowé.

– Yak ngono wé lali, la dhèk sampéyan nenggani olèh kula gathik wingi nika, nganti klembak ngèrèng kula entèk kabèh wé kesupèn.

– Wé la Si Pétruk, la wong wujutmu kaya onta ngono, ngaran-arani njaluk rokok.

– Wis Gong, dhuwité iki kepriyé rékané.

Bagong

– Kowé takon sing dadi rékaku apa.

– Iya kepriyé rékané.

– La nèk dadi rékaku, aku saiki njaluk paron.

– Kowé njaluk paron.

– Iya.

– Iya yèn kowé njaluk paron, gampang baé, pupung iki uwis tekan negara, malah gebeneran banget.

– Gebeneran kepriyé.

– Elo iya, paronku taktitipaké ana nggoné mas Lurah Supasetika kana, paranana jupuken dhéwé.

– Iyak ngécé kowé ki kang Kanthong, la wong aku ki pancèn juragan séhat jaré, ning arep kok klentheng, gemang nèk arep dinèhi paroné tukang pandhé, aku njaluk paroning dhuwit.

– É, kowé takarani gebleg terus, jebul pinter, la kepriyé olé maro.

– Kowé takon olé maro apa.

– Iya.

– La ngono, kuwi dhuwité dipara lima, kuwi pembagéné, aku sing dadi patang panduman, kowé sing sapanduman, kuwi jenengé paron byak.

– Kuwi rékamu apa.

– La iya.

– Kétoké gebleg jebul pinter, wis Gong mengko nèk ana jaba dipikir, utangmu karo Pak Kombor, mengko disauri, saiki dhuwité aku sing ngandhut.

– Ya ora aku waé sing ngandhut dhuwité.

– Hus ora, mengko nèk kowé sing nggawa dhuwité, béka, kitirku mandheg ora bisa jalan.

Dwarawati

– Yayi Prabu Ngamarta.

Ngamarta

– Kula kaka Prabu.

– La menika, sampun lega manah kula, kateranganipun ingkang jejuluk Begawan Suciptahening kaipé Madukara.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu inggih.

– Wangsul kersanipun kaka Prabu kados pundi.

– Inggih yayi Prabu, ingkang dados pangrembag kula, yayi Prabu prayogi bebodholan sadinten punika, kaliyan kadang Bratapandhawa sedaya, nusul kaipé Madukara, sowan dhateng Ngéndrabuwana.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Prabu inggih.

– Inggih dhateng sendika.

KANDHA.
(291)
Ngamarta
– Adhi Werkudara.

Werkudara
– Apa.

– Yèn kaya mengkono adhi, jeneng para tata-tataa, sasumektaning ngayuda, sakanca para ing Ngamarta kabèh, mulané mengkono pun kakang arep bebodholan, nusul yayimas Madukara, sowan marang Ngéndrabuwana, mangkat sadina iki.

– Iya. Ih hi, kembar.

Kalih sareng
– Kurnoknon.

– Yèn kaya mengkono padha tata-tataa, sasumektaning ngayuda, sakancamu bocah Ngamarta kabèh, mulané mengkono Punta Aji kakangku arep bebodholan, nusul Si Parta, menyang Ngéndrabuwana, pangkat sedina iki.

– Kurnoknon, inggih dhateng sendika.
Ngamarta
– Adhi Werkudara.

– Apa.

– Kaya kepriyé adhi, jeneng para tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakanca para bocah Ngamarta kabèh, apa wis padha sumekta.

– Iya. Ih hi, kembar.

Kalih sareng
– Kurnoknon.

– Kaya kepriyé kembar, olèhmu tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakancamu bocah Ngamarta ka-

bèh, apa wis padha sumekta.

— Kurnoknon, kakangmas, kakangmas andangu, anggèn kula tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakanca kula Ngamarta sedaya, inggih sampun sami sumekta.

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Ih hi, Punta Aji kakangku, yèn kowé takon, olèhku tata-tata, sasumektaning ngayuda, sakancaku bocah Ngamarta kabèh, iya wis padha sumekta.

Ngamarta

— Iya lega atiné pun kakang yèn kaya mengkono, adhi Werkudara.

— Apa.

— Yèn wis padha sumekta angkatna gegaman kang ana ngarep.

— Iya.

Werkudara

— Kembar.

Kalih sareng

— Kurnoknon.

— Yèn wis padha sumekta, angkatna gegaman kang ana ngarep.

— Kurnoknon, inggih dhateng sendika.

Kalih sareng

— Èh, èh, bocah Ngamarta.

Wadya sareng

— Kula, kula, kula.

— Apa wis padha sumekta olèhmu padha berdandanan.

— Sampun.

— Yèn wis padha sumekta, timbalan-dalem ndikakaké ngangkataké gegaman kang ana ngarep.

— Sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON.
KANDHA,
GENDHING MUNCAR, REP,
KANDHA,
SANGET, KAWIN.

Guru

— Hong yang-yang panihanya, kakang Kanéka, tekap pekenira ing ngarsa menira.

Nurada

— O hok, hong nirdah pinara sabda, adhi Guru panihayan tekap menira.

— Paran baya laksita pekenira, anggènnya dadya tuwanggana, pabarisannya para jawata, wènten pasanggrahan arga Sumèru.

— O 'hok, nggèh adhi Guru, menira wus dinuta, dadya tuwanggana, pebarisannya para jawata, wènten ing arga Sumèru, nggèh wus menira èstokaken, wijiling sabda adhi Guru, kasinggihan laksita menira, boya antawis dangu, pabarisannya pun Winatakwaca andhatengi, ayun maninggya mring Ngéndrabuwana, laju winangsulaken, kalayan para jawata kapya, anamung pun Winatakwaca boya purun, klampahan pacakara.

— Punapa mangkana kakang Nurada.

— Adhi Guru enggèh.

— Nedha pekenira dumugèkena.

— Nggèh sendika adhi Guru, la punika raksasa ing Ngimataka, laju linawan ing ngayuda, kalayan yoga menira pun Mahadéwa, pun

Mahadéwa unggul yudanya, laju pun Winatakwaca priyangga, la punika adhi Guru, para jawata samya mléndo yudanya, sabab pun Winatakwaca, boya kénging sirna, tuwin boya wènten braja ingkang tumama.

— Punapa mangkana kakang Nurada.

— Adhi Guru enggèh.

— Nedha pekenira dumugèkena.

— Enggèh sendika adhi Guru, laju para jawata samya bibar kapya, kénging pangamuknya pun Nirbita, laju menira merpeki, menira paringi priksa, rèhning para jawata wus kasoran yudanya, wijiling sabda adhi Guru pun Supraba ayun pinaringaken, anamung Winatakwaca menira purih mantuk, dhateng paradèng Ngimataka, siyaga badhé amboja krama, sabab nini Supraba laju arsa pinaringaken mring Ngimataka.

— Punapa mangkana kakang Nurada.

— Adhi Guru enggèh.

— Paran baya wangsulannya pun Winatakwaca.

— Wondéné atur wangsulannya pun Winatakwaca, enggèh laju miturut kadya saweca menira, laju bebodholan mantuk mring néwasanya Ngimataka, sawadyabalanya kapya.

— Napi mangkana kakang Nurada.

— Adhi Guru enggèh.

KANDHA.

GANGSA AYAH–AYAKAN, REP.
KANDHA.
SANGET, SUWUK, LAGON.
(292)

Guru

– Hong yang yang panihanya kita, yoga kekasih Permadi, tekap kita ing ngarsa ulun.

Permadi

– Hong Sangywang Siwahboja, manik raja déwaningsun, déwata déwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, hong mangèstuti Sangywang Pukulun, panihayanta tekap ulun wonten ing ngarsanipun Sangywang Pukulun.

Nurada

– Hong yang-yang panihanya kita, yoga kekasih Permadi, tekap kita ing ngarsanya adhi Guru.

– Hong Sangywang Kanékaputra, déwata déwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, Sangywang pukulun, panihanyanta tekap ulun.

Guru

– Hong yang-yang panihanya kita, Sumarsanawati Mayangsari, tekap kita ing ngarsa ulun.

Kalih sareng

– Hong Sangywang Siwahboja, ngastata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun, panihanyanta tekap ulun.

Nurada

– Hong yang-yang panihanya kita, Sumarsanawati Mayangsari, tekap kita ing ngarsanya adhi guru.

— Hong Sangywang Kanéka, ngastata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun, panihanyanta tekap ulun.

Guru

— Yoga kekasih Permadi.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Pukulun.

— Marmanya ulun pinta sumèwa, ing ngabyantara ulun, dadya kawruhan kita, ing samengko ing Ngéndrabuwana, katekan satru jaya raksasa, néwasanya ing Ngimataka, arannya Si Winatakwaca, aminta ayun anggarwa nini Supraba, la iku ulun ora marengaké, kelakyan abanda yuda, jawata tan ana kang kelar nangga kurdanya Si Winatakwaca, iku wus pinasthi, kita kang wigya nyampurnakaké, yitmanya Si Winatakwaca, déning warastra kita Pasopati, kalamun Si Winatakwaca, wus kelakyan sirna, Si Supraba arsa ulun sinungkarta marang kita, ulun boja anèng swargaloka.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Permadi iya, tuwin laksita kita, ulun paringi kanthi Si Supraba.

— Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(293)

Guru

— Sumarsanawati, Mayangsari.

Kalih sareng
— Ulun Sangywang Jagatnata.

— Kita lumaksanaa marang Manikantaya, kita timbalana Si Supraba.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika.

LAGON.

(294)
— Pukulun Sang Waradiwati, ulun ngemban wijiling sabda Sangywang Jagatnata, Sang Waradiwati kinèn sumèwa Sangywang Jagatnata.

Supraba
— Ulun iya matura sendika.

KANDHA,
LAGON.
(295)
Guru
— Supraba.

Supraba
— Ulun Sangywang Jagatnata.

— Marmanya kita ulun pinta sumèwa, ing ngabyantara ulun, kita haywa wedi kangélan, kita kèrita laksitanya yoga kekasih Permadi, ulun karya lantaran, bakal sirnanya Si Winatakwaca, déné tumindaknya nganggo laku sandi.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Supraba iya. Kakang Nurada.

Nurada
— Napi adhi Guru.

— Puniku pun Supraba, tuwin yoga kekasih Permadi, pekenira irita

mring Ngéndrabuwana, laju pekenira pasrahena kaki Éndra, wondéné réka dayanya lampah sandi, menira pitayèng pekenira, sekaronya kaki Éndra.

— Napi makaten adhi Guru.

— Kakang Nurada enggèh, tuwin para jawata ing Junggringslaka, pekenira budhalna kapya, sarenga ing laksita pekenira.

— Napi makaten adhi Guru.

— Kakang Nurada enggèh.

— Enggèh dhateng sendika.

— Supraba, yoga kekasih Permadi.

Kalih sareng

— Ulun Sangywang Jagatnata.

— Kita kèrita laksitanya kakang Nurada, mring Ngéndrabuwana, pitukas ulun mring kita, asasak pangrèhnya kakang Nurada, tuwin kaki Éndra, poma-poma samya kita èstokna, iku dadya lantaran daniswara kita.

— Menapa mekaten Sangywang Jagatnata.

— Supraba, yoga kekasih Permadi iya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(296)

Nurada

— Ulun adhi Guru, ing rèh wus samapta andikannya adhi Guru, adhi Guru kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit, ayun mring Ngéndrabuwana, laksita ing ri punika.

— Enggèh kakang Nurada, menira

angsung puja pangastawa, laksita pekenira.

— Enggèh dhateng anuwun.

Kalih sareng
(Supraba, Mintaraga)

— Ulun Sangywang Jagatnata, ing rèh wus samapta andikanya Sangywang Jagatnata, Sangywang Pukulun kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit, ayun mring Ngéndrabuwana, laksita ing ri punika.

— Iya Supraba, yoga kekasih Permadi, ulun asung puja pangastawa, marang laksita kita.

— Inggih dhateng anuwun.

Nurada

— Kaki Brama, Sambu, Bayu, tuwin para yang-yang kapya.

Sareng

— Ulun Sangywang Kanékaputra.

— Wijiling sabda adhi Guru, kapya para jawata, tuwin para yang-yang kapya, kèrita laksita ulun mring Ngéndrabuwana, pangkat ing ri semangkin.

— Ulun inggih dhateng sendika.

Guru

— Kakang Nurada.

Nurada

— Napi adhi Guru.

— Ywan kadya mangkana, suwawi sampun klayatan.

— Enggèh dhateng sumangga.

PLAJARAN, LAJENGAN,
LAMPAHIPUN NURADA, SUPRABA,
MINTARAGA, TUWIN PARA JAWATA,
GANGSA REP.
(297)

Nurada

— O hok, yoga kekasih Permadi, Supraba.

Kalih sareng

— Ulun Sangywang Kanékaputra.

— Dahat kacaryaning tyas ulun, ulun dinuta maringaké kita, tuwin nini Supraba, marang yoga ulun Bathara Éndra.

— Kasinggihan wijiling sabda Sangywang Pukulun.

— Supraba, Permadi.

— Ulun Sangywang Kanékaputra.

— Ywan kadya mangkana, ayo aja kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

— Yoga ulun Brama, Sambu, Bayu.

Sareng

— Ulun wa Kanékaputra.

— Ywan kadya mangkana, ayo aja kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG,
SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING KENASIH, REP,
KANDHA,
SANGET, SUWUK, KAWIN SUMAKAR.
(298)

Bathara Éndra

— Hong yang yang panihanya kita, kaki Bathara Kresna, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

Kresna

— Hong Sangywang Bathara Éndra, déwata déwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, Sangywang Bathara Éndra, panihanyanta tekap ulun.

– Hong yang yang panihanya kita kaki Prabu Ngamarta, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

Ngamarta

– Hong Sangywang Bathara Éndra, déwata déwati, ngastata ngèstuti, suruping nétra prayogi, Sangywang Bathara Endra, panihanyanta tekap ulun.

– Hong yang-yang panihanya kita kaki Werkudara, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

Werkudara

– Iya daktrima, Éndra kakèkku, kowé mbagèkaké marang aku.

– La kita kaki Bathara Kresna, kelakyan tekap ana ing ngarsa ulun, apa kang dadya kawismaya kita.

Kresna

– Kurnoknon Sangywang Bathara Éndra, mila kula kelampahan sowan wonten ngarsanipun Sangywang Bathara Éndra, boten ta ingkang wau, samurcanipun kaipé Madukara, kula tuwin yayi Prabu Ngamarta, sakadang Bratapandhawa sedaya, sami kelampahan ngupadosi, anamung boten saged kepanggih.

– Apa mangkana kaki Bathara Kresna.

– Sangywang Pukulun inggih, la punika Sangywang Bathara Éndra, boten antawis dangu wonten kèngkènanipun Begawan Suciptahening, wondéné ingkang dipunkèngkèn pun Pétruk kaliyan pun Bagong, suka priksa dhateng kula, menawi kula kaliyan yayi Prabu

Ngamarta, sakadang Bratapandhawa sedaya, sami dipun-purih sowan wonten ngarsanipun Sangywang Pukulun, bokmenawi wonten mengsah ing Ngimataka andhatengi, sabab kaipé Madukara dipun-timbali dhateng Junggringslaka, ndikakaken nyirnakaken raja raksasa saking Ngimataka, nama Prabu Winatakwaca.

— Apa mengkono kaki Bathara Kresna.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Ywan kadya mangkana, kasinggihan laksita kita semangkin, mula kapara nyata arinta yoga kekasih Parta Resi, arsa kinèn nyampurnakaké Si Winatakwaca, malah-malah ing samengko, maksih sumèwa, ana ngarsanya Kangjeng Rama Sangywang Jagatnata.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Kaki Bathara Kresna iya.

KANDHA,
GANGSA AYAK—AYAKAN, REP,
KANDHA,
SANGET, SUWUK, LAGON.
(299)
Éndra

— Hong yang yang uwa Kanékaputra, ngastata ngèstuti, memuja swanti jawata, hong mangèstuti Sangywang Pukulun.

— O hok, hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita kaki Éndra, mangèstuti marang ulun.

— Hong yang-yang panihanya kita,

nini Supraba, yoga kekasih Permadi, tekap kita ing ngarsa ulun.

Kalih sareng

— Hong Sangywang Bathara Éndra, ngèstata ngèstuti memuja swanti jawata, Sangywang Bathara Éndra, panihanyanta tekap ulun.

— Hong yang-yang panihanya, kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu, tekap kita ing ngarsa ulun.

Tiga sareng

— Hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima kita yayi Bathara Éndra, panihanyanta tekap ulun.

— Pukulun uwa Kanékaputra, kelakyan anedhaki mring Ngéndrabuwana, punapa kawismayanya uwa Kanékaputra priyangga, punapa dinuta kalayan Kangjeng Rama Sangywang Jagatnata.

Nurada

— Iya kaki Éndra, ywan kita tanya laksita ulun, ulun dinuta marang sudarma kita, adhi Guru.

— Sumangga uwa Kanékaputra wecaa ingkang sejati.

— Iya kaki Éndra, wedharing sabda adhi Guru, ulun kinèn maringaké yoga kekasih Resi Mintaraga, tuwin nini Supraba, ingkang karsa dinuta mring néwasa Ngimataka, déné laksitanya, ingkang rungsit-rungsit gupitanya, tuwin rempit guthit laksitanya, wedharing sabda adhi Guru, wus pracaya mring ulun lawan kita.

— Ulun inggih dhateng sendika,

Yoga kekasih Parta Resi.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Pukulun.

— Ulun asung wecana marang kita, semangkin karsaning jawata ingkang misésa, kita pininta saraya, dinuta marang paradèng Ngimataka, sinungan kanthi nini Supraba, sawusnya mangkana, ulun paring pémut marang kita, awit Prabu Winatakwaca sekti linuwih, digdaya anjayèng laga, nguni angguguru mring Ywang Bathara Kalalodra, pramila timbul ing braja, ing samengko para jawata, angawasaken samya, enggonnya kang pejah gesang, wéwékanya dhisik ingkang arsa dèn kawruhi, yoga kekasih iku ora kena ginagampang, kudu awas enggonira, yèn wus weruh enggonnya kang pati urip, gampang raga pinaguting yuda, ing ngaprang tan kena ngawag, ngusutaken wewangunan, yoga kekasih kita dèn yitna, kasektènnya Si Winatakwaca, lagya jinurung marang déwanya.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Permadi iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Lawan manèh ulun paring uninga marang kita, kawismayanya Prabu Winatakwaca, aminta nini Supraba, ananging para jawata angukuhi, datan marengaké, marma ing mangkya arsa ulun,

Supraba kang ulun duta, akarya sandi upaya, supaya tetanya kang pati urip, asaguh angladèni anyenyèthi, mangèstu pada, ywan wus uninga kang pati urip, kita dèn émut haywa lupa.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Suciptahening iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Tuwin manèh kaki Parta, kita ulun pinta ngiring laksitanya nini Supraba, marang néwasa Ngimataka, minangka dadya mata pita, laksitanya nini Supraba, lawan kita awasena, jajahaning paradèng Ngimataka, jeronya lelarénira, lan gedhénya kang néwasa, sarta praboting ngayuda, kita haywa talompé, lawan kita ulun sinung karta, aji Dresadana binuka panguwadnya, wignya anglèmunan, marma ulun utusan marang kita, ulun wus banget pracaya marang kita, kita ngiringaké nini Supraba, sabab kita wus katrima, déning jawata ingkang misésa, luput ingkang pancadriya.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Permadi iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Apa déné kita nini Supraba.

Supraba

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Dipoma kita dèn miturut apa sapangrèhnya kaki Parta Resi.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

- Supraba iya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(300)

- Yoga kekasih Parta Resi.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Pukulun.

— Mara kita mangarsa nrapsila, ulun paring priksa, pratingkahé aji Dresadana.

— Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

LAGON, LAJENGAN.

(301)

— Yoga kekasih Parta Resi.

— Kawula nuwun Sangywang Pukulun.

— Apa kita wus wignya nampa sanyata, marang pituduh ulun.

— Kawula nuwun Sangywang Pukulun, kula inggih sampun wignya sanyata, nampèni sasmitanipun Sangywang Pukulun.

— Apa mangkana kaki Parta Resi.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Iya banget kacaryaning tyas ulun, ywan kadya mangkana.

Nurada

— O hok, Supraba, Supraba.

Supraba

— Ulun Sangywang Bathara Nurada.

— Lo sing rukun-rukun, kang miturut, sing manut lawan yoga kekasih Permadi.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA.

(302)

Kalih sareng

— Pukulun Sangywang Bathara Éndra, ing rèh wus samapta andikanya Sangywang Bathara Éndra, Sangywang Pukulun kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit, ayun mring néwasa Ngimataka, laksita ing ri punika.

Éndra

— Iya ulun angsung puja pangastawa marang laksita kita.

— Ulun inggih dhateng anuwun. Ulun Sangywang Bathara Nurada, ywan kadya mangkana, Sangywang Pukulun kantuna sinéwa, winantu trusthaning wardaya, ulun minta amit ayun mring néwasa Ngimataka, laksita ing ri punika.

Nurada

— O hok, iya kita mangkata, ulun angsung puja pangastawa marang laksita kita.

— Ulun inggih dhateng anuwun.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Bathara Brama, Sangywang Bathara Sambu, Sangywang Bathara Bayu, yèn kados mekaten kula nyuwun lilah-dalem amit badhé lajeng dhateng negari Ngimataka, pangkat sadinten punika.

Tiga sareng

— Iya ulun angsung puja pangastawa marang laksita kita.

— Kawula nuwun inggih dhateng anuwun. Kawula nuwun kaka Prabu Dwarawati, kaka Prabu Nga-

marta, kakangmas ing Jodhipati.

Tiga sareng

— Apa kaipé Madukara.

— Kaka Prabu kantuna pinarak, jeng manggiha suka, kula nyuwun pamit, pangkat sadinten punika, dhateng negari Ngimataka.

— Iya kaipé, kakang nyangoni basuki marang laku para.

— Kawula nuwun inggih dhateng anuwun. Sumangga Sang Waradiwati, sampun kelayatan.

- Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN,
SUPRABA, MINTARAGA KÉSAH, REP.
(303)
Nurada

— O hok kaki Éndra.

Éndra

— Ulun wa Kanékaputra.

— Ywan kadya mangkana kaki Éndra, ulun minta amit, ayun anjampangi laksitanya yoga kekasih Permadi.

— Punapa mangkana wa Kanékaputra.

— Kaki Éndra iya.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, REP.
(304)
Éndra

— Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Tiga sareng

— Apa yayi Bathara Éndra.

— Ywan kadya mangkana, kita samya medal ing jawi, siyaga sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana ulun arsa bebodholan, mring néwasa Ngimataka, laksita ing ri semangkin

— Apa mangkana kaki Bathara Éndra.

— Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

— Iya sakawismayanta.

— Apa déné kita kaki Bathara Kresna, kaki Prabu Ngamarta, kaki Werkudara.

Tiga sareng

— Kurnoknon Sangywang Bathara Éndra.

— Kita ya mangkana uga, samya metua ing jaba, siyaga apa sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana, ulun ayun bebodholan, mring néwasa Ngimataka, laksita ing ri semangkin.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Kaki Bathara Kresna, kaki Prabu Ngamarta, kaki Werkudara iya.

— Kurnon inggih dhateng sendika.

— Apa déné kita Déwantaka, yoga ulun Srengganidéwa, Citragana.

Tiga sareng

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Kita ya mangkana uga, samya metua ing jaba, siyaga sasumek-

taning ngayuda, sakadang warga kita ing Ngéndrabuwana kapya, marmanya mangkana, ulun arsa bebodholan, mring néwasa Ngimataka, laksita ing ri semangkin.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Déwantaka, yoga ulun Srenggánidéwa, Citragana iya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

— Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Tiga sareng

— Apa yayi Bathara Éndra.

— Ywan kadya mangkana, sumangga sampun kelayatan.

— Iya mayo.

GANGSA GESANG, LAJENGAN, DHAWAH AYAK—AYAKAN, LAMPAHIPUN SUPRABA, MINTARAGA, GANGSA REP.

(305)

Mintaraga

— Risang Waradiwati.

Supraba

— Ulun Sang Pandhita.

— Sanget leganipun manah kula, dipun-kanthèkaken tindakipun Sang Waradiwati, lampah sandi dhumateng negari Ngimataka.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Sang Waradiwati inggih.

— Inggih Sang Pandhita, ywan pengraosing tyas ulun, saklangkung giyuh, rèhning laksita punika gawat, jalma wanita lumaksana

tebih, ingiring sujalma priya, maksih mudha.

— Inggih Sang Waradiwati, prayogi sampun menggalih ingkang semanten.

— Inggih senadyan mekatena, ywan wonten reribet ing margi, andadosaken pakèwet laksita punika.

— La punika boten Sang Waradiwati, tiyang kula ingkang andhèrèkaken, rak sampun pitados.

— Inggih dèrèng kantenan.

— Kepriyé kakang Semar, kok Risang Waradiwati dakdhèrèkaké kagungan sumelang penggalihé, seka pengrasaning atiku, yèn aku kang ndhèrèkaké, rak iya wis pita ya.

Semar

— Inggih leres sampéyan Sang Adi Panembahan. Supraba.

Supraba

— Apa uwa Semar.

— Sing koksumelangi apa, apa kowé wedi nèk didekep momok apa.

— Iya uwa Semar, kabaré momoké kuwi, yèn ana wong wadon mlaku dhéwé, adaté sok gelem nyènèng.

— Rak adaté, ming dicènèng baé, nèk wis manut rak iya ora dadi ngapa.

Mintaraga

— Risang Waradiwati.

Supraba

— Ulun Sang Pandhita.

— Sampun kathah-kathah ingkang dipun-penggalih, sumangga sampun kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

— Ayo kakang Semar aja kelayatan.

Semar

— Inggih dhateng sumangga, ayo tholé Nala Garèng, Pétruk, Bagong, mangkat.

Tiga sareng

— Iya mayo.

GESANG, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.
(306)

Éndra

— Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Tiga sareng

— I hi, apa yayi Bathara Éndra.

— Paran baya kita samya siyaga, sasumektaning ngayuda, punapa wus samya saningga.

— Iya yayi Bathara Éndra, ywan kita tanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, iya uwis saningga.

— Inggih lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Apa déné kita kaki Bathara Kresna, kaki Prabu Ngamarta, kaki Werkudara.

— Ih hi, apa Éndra kakèkku. Kurnoknon Sangywang Bathara Éndra.

— Iya mangkana uga, paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, apa wus samya saningga.

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra, yèn Sangywang Pukulun andangu, anggèn kula tata-tata sasumektaning ngayuda, inggih sampun sumekta.

– Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Apa déné kita Déwantaka, yoga ulun Srengganidéwa, Citragana.

Tiga sareng

– Ulun Sangywang Bathara Éndra.

– Iya mangkana uga, paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para jawata kapya, apa wus samya saningga.

– Ulun Sangywang Bathara Éndra, ywan Sangywang Bathara Éndra tanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun ing Ngéndrabuwana kapya, inggih wus samya saningga.

– Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Déwantaka.

Déwantaka

– Ulun Sangywang Bathara Éndra.

– Kalamun mangkana, kita angkatna panganjuring warastra kang pangarsa.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Déwantaka

– Hi, hi, adhi Dewamadhendha.

Déwamadhendha

– Ulun Sangywang Déwantaka.

– Wedharing sabda Sangywang Bathara Éndra, kita kinèn ngangkataké panganjuring warastra kang pangarsa.

– Ulun inggih dhateng sendika.

Déwamadhendha

– Hi, hi, para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Wadya sareng

– Ulun Sangywang Déwamadhen-

dha.

— Paran baya kita samya siyaga, sasumektaning ngayuda, apa wus samya saningga.

— Sampun.

— Kalamun wus samya saningga, wedharing sabda Sangywang Bathara Éndra, kinèn ngangkatena, panganjuring warastra kang pangarsa.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KAWIN, SEKAR MEGATRUH.
(307)
Gandhang-gandhang

— Èh, èh, para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Kanca Nyutra

— Ulun.

— Paran baya kita samya sumbaga, siyaga sasumektaning ngayuda, apa wus samya saningga.

— Sampun.

— Tuwin wahananya Sangywang Bathara Éndra, sarupa aswa rata dipangga, apa wus samya saningga.

— Sampun.

— Kalamun wus samya saningga, kita angkatna panganjuring warastra kang pangarsa.

— Sendika.

— Apa antaranya mangkat, bendhé kang kapisan obah.

— Dika.

— Bendhé kang kapindho nunggang.

— Dika.

— Bendhé kang katelu bodhol.

— Dika.

— Kebat angkatna.

— Dika.

ADA—ADA,
KANDHA,
GENDHING CEKET, REP,
KANDHA.
(308)
Éndra
— Déwantaka.

Déwantaka
— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Kita gènatna laksitanya panganjuring warastra kang pangarsa.

— Ulun inggih dhateng sendika.

Patih
— Hi, hi, adhi Déwamadhendha.

Déwamadhendha
— Ulun Sangywang Déwantaka.

— Wedharing sabda Sangywang Bathara Éndra, kinèn gènatna laksitanya panganjuring warastra kang pangarsa.

— Ulun sendika.

Déwamadhendha
— Hi, hi, para yang-yang ing Ngéndrabuwana.

Wadya sareng
— Ulun.

— Wedharing sabda Sangywang Bathara Éndra, kinèn gènatna laksitanya panganjuring warastra kang pangarsa.

— Ulun inggih dhateng sendika.

GESANG, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, DHAWAH AYAK—AYAKAN, REP,

KANDHA.

(309)

Supraba

— Risang Pandhita.

Mintaraga

— Kawula nuwun Risang Waradiwati.

— Paradèng Ngimataka punapa inggih wusa parek, punapa inggih teksih tebih.

— Kawula nuwun Risang Waradiwati, yèn Risang Waradiwati andangu, nagari Ngimataka saking pandugi kula inggih sampun celak.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih.

— Risang Pandhita.

— Kawula nuwun Risang Waradiwati.

— Ywan kadya mangkana, Risang Pandhita, prayogi lumaksana ing ngarsa, awit laksita ulun dinuta dadya kanthining Sang Pandhita, pantes ulun lumaksana ing wuri.

— Menapa mekaten Risang Waradiwati.

— Risang Pandhita inggih.

— La punika boten makaten Risang Waradiwati, sabab Risang Waradiwati wanodya, sampun tamtu wonten ngajeng, awit yèn wonten èwet pakèweting lampah, dados kula boten nguciwani.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih. La kepriyé kowé kakang Semar, apa

ora bener iki.

Semar

— Inggih leres atur sampéyan. Supraba.

Supraba

— Apa wa Semar.

— Kowé kuwi aja kèwèk banget-banget, mundhak dadi jemblèk, bener kersané Resi Mintaraga, rèhning kowé wanodya, kudu kowé lumaksana ana ngarep, sabab Sang Adi Panembahan ngiras anjagi menyang kowé.

- Iya wa Semar, senadyan mangkonoa, dènya lumaksana, liringnya datan prasaja.

— La kowé aja klèru tampa, sabab wong njaga iku kudu ngulataké, kang nganti waspada, utawa kuwi wong pendhita, kang kena dipracaya temenan, wis gentur kasutapané, mesthiné wis adoh karo laku kang mengkono mau, kajaba nèk kowé mulung, terkadhangan ya gelem nampani, ning adaté, nèk kowé meneng baé, yèn wis gregeten, iya sok gelem nembung.

— Ah, kok sembrana wa Semar.

— Ah ora sembrana aku kiyé, wong sing ngajak berdondi, mrèthèli.

Mintaraga

— Risang Waradiwati.

Supraba

— Ulun Sang Pandhita.

— Sampun manggalih tindak ingkang dèrèng kénging dipun-lampahi, mindhak ngungkat kremi, ingkang sampun sampurna, sumangga sampun kelayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, SUWUK, KANDHA.
(310)
Mintaraga
— Risang Waradiwati.

Supraba
— Ulun Sang Pandhita.

— Punika sampun dumugi negari Ngimataka.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Inggih Risang Waradiwati, ingkang dados kajeng kula, ijengandika lumebeta ing kadhaton, anjujuga taman Ngudyanasekar, milanipun mekaten, sabab ing taman Ngudyanasekar wau, mila rancanganipun Risang Waradiwati, menawi sampun dipun-garwa, pun Winatakwaca.

— Punapa mangkana Risang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih, anamung yèn pun Winatakwaca dhateng, pitakènnya Risang Waradiwati, Risang Waradiwati amratélakna, sarèhning para jawata, sampun kasoran yuda, karsanipun Sang Waradiwati, sumedya amawongan anyenyèthi ngèstu pada, ngranu pada, yèn Prabu Winatakwaca sampun anganggep, sarta luntur sihipun dhateng Risang Waradiwati, Risang Waradiwati pitakèna ingkang pejah gesang.

— Punapa mangkana Risang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih, anamung Risang Waradiwati, kula aturi ingkang prayitna, sarta ingkang patitis, supados sampun ngantos ngaping kalih damel.

— Punapa mangkana Risang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih.

— La kita Sang Pandhita, paran baya wignya jumbuh laksita kita, lawan laksita ulun.

— Inggih Risang Waradiwati, Risang Waradiwati sampun anggalih sumelang, namung kula badhé nandukaken, peparinging Sangywang Bathara Éndra, aji Dresadana, lampah panglémunan, dené mangké yèn sampun sumerep, pejah gesangipun pun Winatakwaca, ingkang kalayan perang, kula badhé damel bebukaning yuda, ngrebahaken gapura retna, ingkang wonten sangajenging taman Ngudyanasekar, yèn sampun wonten ramé-ramé, ing salebeting kedhaton, Risang Waradiwati kula aturi angoncatana.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih.

KANDHA.

(311)

— Kawula nuwun Risang Waradiwati, yèn kados mekaten Risang Waradiwati, kula aturi tindak ngrumiyini, lumebet ing kedhaton,

anjujug wonten ing taman Ngudyanasekar.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih.

— Inggih Sang Pandhita, anamung saking paminta ulun, Sang Pandhita kula aturi tumunten nusul laksita ulun, lumebet ing kedhaton.

— Inggih Risang Waradiwati, Risang Waradiwati sampun anggalih kuwatos, sampun tamtu kula lajeng nusul tindakipun Risang Waradiwati.

— Punapa mangkana Sang Pandhita.

— Risang Waradiwati inggih.

— Ulun inggih dhateng sendika.

PLAJARAN, SUWUK.

(312)

— Kakang Semar.

Semar

— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Kowé mèlua lumebu ing kadhaton, nusul tindaké Risang Waradiwati, anamung laku sandi, anglèmunan.

— Menapa mekaten Sang Adi Panembahan.

— Kakang Semar iya.

Semar, Garèng, Pétruk, Bagong mangsuli mawi banyolan

— Kula boten duwé panglèmunan, boten duwé popok wéwé.

— Iya kakang Semar, kowé aja sumelang, mengko banjur padha ngetutna aku baé.

Sekawan sareng
— Inggih dhateng sendika.

KANDHA.
(313)
— Kakang Semar.

Semar
— Kula nuwun Sang Adi Panembahan.

— Yèn kaya mengkono aja kelayatan.

— Kula nuwun inggih dhateng sumangga. Ayo tholé Nala Garèng Pétruk Bagong padha mangkat.

Tiga sareng
— Iya mayo Ki Rama.

PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING PAMULARSIH, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON.
(314)
Prabasini
— Yayi Dèwi Pramanasini.

Pramanasini
— Kawula nuwun kakangbok.

— Kaya kepriyé yayi Dèwi pawartané kaka Prabu Winatakwaca, anggoné nyuwun yayi Dèwi Supraba, marang ing Kaéndran, apa ta diparingna, apa ta oraa.

— Kawula nuwun kakangbok, kakangbok andangu, pawartosipun kaka Prabu Winatakwaca, anggènipun nyuwun kakangbok Dèwi Supraba, saking pandugi kula, kados inggih lajeng dipun paringaken.

— La iku apa mulané yayi Dèwi,

dénè sira nduga yèn diparingaké.

— Inggih kakangbok, mila sapunika, awit para jawata sampun sami kasor yudanipun, kaliyan kaka Prabu Winatakwaca.

— Apa mangkono yayi Dèwi Pramanasini.

— Kakangbok inggih. Kaya kepriyé yayi Dewi Warsasini, apa ora bener aturku.

Warsasini

— Inggih leres kakangbok Pramanasini. Kawula nuwun kakangbok Dèwi Prabasini, kula inggih semanten malih, mila sapunika, awit para jawata, sampun sami kasoran yudanipun, kaliyan kaka Prabu Winatakwaca.

Prabasini

— Apa mangkono yayi Dèwi Warsasini.

— Kakangbok Dèwi Prabasini inggih.

— Iya banget legané atiku yèn yayi Dèwi Supraba, sida digarwa marang kaka Prabu.

KANDHA.

(315)

Pramanasini

— Kakangbok Dèwi Prabasini.

Prabasini

— Apa yayi Dèwi Pramanasini.

— La menika kangbok, kula wespaosaken, kados kakangbok Dèwi Supraba rawuh mriki.

— Apa mengkono yayi Dèwi Pramanasini.

— Kakangbok inggih, sumangga ka-

kangbok kula aturi mespaosaken.

PUTRI TIGA NGADEG,
PRABASINI NOLÈH NGIDUL.
(316)

Prabasini

– Kita lajua yayi Dèwi Supraba. Tan nyana tyas ulun yayi Dèwi Supraba, lamun kita tumurun marang taman Ngudyanasekar.

Supraba

– Punapa mangkana kakangbok.

– Yayi Dèwi Supraba iya, ywan kadya mangkana yayi Dèwi Supraba, kita nrapsila.

– Ulun inggih dhateng sendika.

GESANG, SUWUK,
LAGON.
(317)

– Hong yang-yang panihanya kita, yayi Dèwi Supraba, tekap kita ana ing taman Ngudyanasekar.

Supraba

– Hong nirdah pinara sabda kakangbok, Dèwi Prabasini, memuja swanti hapsari, panihanyanta tekap ulun.

Kalih sareng

– Hong yang-yang kakangbok Dèwi Supraba, ngastata ngèstuti, memuja swanti hapsari, hong mangèstuti Sang Waradiwati.

– Hong nirdah pinara sabda, iya ulun trima, kita yayi Dèwi Pramanasini, Warasini, kita ngèstuti marang ulun.

Prabasini

– Kita yayi Dèwi Supraba, déné kelakyan tekap ana ing taman

Ngudyanasekar, ana kawismaya kita apa.

— Inggih kakangbok, mila ulun kelampahan tekap, wonten ing taman Ngudyanasekar, ulun arsa anyenyèthi, mring rakanta Prabu Winatakwaca, awit para jawata, kasor yudanya.

— Apa mangkana yayi Dèwi Supraba.

— Kakangbok inggih.

— Ywan mangkana, kasinggihan kang dadya kawismaya kita, awit kaka Prabu mula wus antara lama, nggonnya ngarsa-arsa marang kita, arsa ginarwa.

— Punapa mangkana kakangbok.

— Yayi Dèwi iya. Ywan kadya mangkana yayi Dèwi Supraba, kita kèriya, ulun arsa laksita, mring jaba, saweca marang kaka Prabu, menawa kaka Prabu tumuli praptа.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING KUMAMBANG SLÉNDRO, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, KAWIN.
(318)

Winatakwaca

— Katuran panakrama, uwa Prabu Wisamuka, sarawuh ijengandika, wonten ngajengan kula.

Wisamuka

— Inggih dhateng kasuwun, sih panakramanipun anak Prabu, ingkang rumentah dhateng kula.

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Mara duganen, kersané Sangywang Nurada, déné wus antara suwé, durung maringaké nimas Supraba, apa iya bakal nyidranana, apa ya oraa.

— Kurnoknon, non Kangjeng Déwaji, kula kakarsakaken ndugi, karsanipun Sangywang Kanékaputra, anggènipun badhé maringaken Dèwi Supraba, kados inggih boten anyidrani.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih.

— La iku apa mulané Bomakéndra, déné kowé nduga yèn ora nyidrani.

— Non Kangjeng Déwaji, mila sapunika, kula dugi yèn boten nyidrani, awit para jawata, sampun sami alitipun, jalaran sampun boten kuwawi nangga kurdhanipun Kangjeng Déwaji, bokmenawi boten gantalan dinten, Dèwi Supraba dipun-paringaken, dhateng negari Ngimataka.

— Apa mengkono Bomakéndra.

— Kangjeng Déwaji inggih. La kados pundi Déwaji ing Nungsabarong, Déwaji Jonggirupaksa, punapa boten leres atur kula.

Kalih sareng

— Inggih leres atur ijengandika. Non anak Prabu, leres aturipun kakang Patih Bomakéndra, kula inggih semanten malih, sarèhipun sapunika, para jawata sampun

boten kedugi, nglawan yudanipun anak Prabu, bokmenawi boten antawis dinten, Dèwi Supraba dipunparingaken dhateng negari Ngimataka.

Winatakwaca

— Punapa mekaten uwa Prabu, paman Prabu.

— Anak Prabu inggih. La kados pundi anak Prabu Héndrapati, anak Prabu Hardawasésa, punapa boten leres atur kula.

Kalih sareng

— Inggih leres atur ijengandika. Non yayi Prabu, leres aturipun uwa Prabu Kalamatengga, paman Prabu Hardayeksa, kula inggih semanten malih, sarèhipun sapunika para jawata, sampun boten kadugi nglawan yudanipun yayi Prabu, bokmenawi boten antawis lami, Dèwi Supraba lajeng dipun paringaken.

Winatakwaca

— Menapa mekaten kaka Prabu sekaliyan.

— Yayi Prabu inggih.

— Iya Bomakéndra, yèn kaya mengkono, kowé tata-tataa, bakaling bojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, sakancamu ing Ngimataka kabèh, mulané mengkono, yèn nimas Supraba, ora diparingaké, sedina rong dina, iya banjur arep daksuwun menyang Kaéndran, ngiras ngarak katemu pengantèn.

Patih

— Menapa mekaten Kangjeng Dé-

waji.

Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula anak Prabu.

— Inggih semanten malih ijengandika sami tata-tata, badhé ambojakrama, pasang tratag tarup tetuwuhan, milanipun mekaten, bokmenawi nimas Supraba, boten dipun-paringaken, sadinten kalih dinten, inggih lajeng badhé kula suwun dhateng Kaéndran, ngiras ngarak kepanggihipun pengantèn.

— Inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, LAGON.
(319)

Winatakwaca

— Prabasini.

Prabasini

— Kula kaka Prabu.

— Déné kowé teka sigra-sigra, ana ngarepanaku, ana apa ing Ngudyanasekar, mara matura Mas Ratu.

— Inggih dhateng sendika, kawula nuwun kaka Prabu, mila kula kelampahan marak wonten ngersanipun kaka Prabu, kula nyaosi priksa kaka Prabu, yèn sapunikanipun yayi Dèwi Supraba, tedhak saking swarga, lajeng njujug won-

ten ing taman Ngudyanasekar.

— Dadi Supraba teka mréné dhéwé, njujug ana taman Ngudyanasekar.

— Kaka Prabu inggih.

— Elo temenan apa.

— Boten yektos kénging punapa.

— La iya sokur, apa kang dadi wigatiné, déné nganti kedharang-dharang Supraba kelakon teka dhéwé, ana ing taman Ngudyanasekar.

— Kula nuwun kaka Prabu, kaka Prabu andangu, ingkang dados wigatosipun, boten ta ingkang wau, mila yayi Déwi Supraba, kelampahan dhateng piyambak, wonten taman Ngudyanasekar, sabab mireng kabar terang, yèn para jawata sami kasor ing yuda, mengsah kaka Prabu, punika yayi Dèwi sampun andugi, yèn para jawata, tamtu sampun boten kangkat ing prang mengsah kaka Prabu.

— Apa mengkono mas ayu.

— Kaka Prabu inggih.

— Mara tutugna.

— Inggih dhateng sendika, la punika kaka Prabu, yayi Dèwi Supraba, ngowel dhateng para jawata, sampun ngantos risak ing swarga Junggringslaka, tuwin ing Ngéndrabuwana, mila yayi Dèwi Supraba, lajeng ngrumiyini, tumurun saking swargaloka, amasrahaken jiwa-raganipun, sumedya angèstu pada, angranu pada, anyenyèthi amawongan, dhumateng kaka Prabu, sumangga sakarsanipun

kaka Prabu.

WINATAKWACA NYEPENG PUNDHAKIPUN PRABASINI, TEKSIH LENGGAH.

Winatakwaca

— Prabasini, banget legané atiku, sarta ora nyana, déné adhimu nimas Supraba, teka mréné dhéwé sangkaning aris.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Prabasini iya.

KANDHA.

(320)

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Yèn kaya mengkono kowé sakancamu Ngimataka kabèh, padha ngasoa ana pasébané dhéwé-dhéwé.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula anak Prabu.

— Inggih semanten malih, sapunika ijengandika sami ngasoa, wonten pasowananipun piyambak-piyambak.

— Inggih dhateng sendika.

— Uwa Prabu Wisamuka.

Wisamuka

— Kula anak Prabu.

— Ijengandika kula aturi medal ing njawi, ngasoa wonten pasowananipun piyambak.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu inggih.

— Inggih dhateng sendika.

— Prabasini.

Prabasini

— Kula nuwun kaka Prabu.

— Yèn kaya mengkono nimas, ayo aja kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

PLAJARAN, BIDHAL,
WINATAKWACA, PRABASINI NGIDUL,
DHAWAH AYAK–AYAKAN, REP.
(321)

Winatakwaca

— Prabasini.

Prabasini

— Kula kaka Prabu.

— La endi nimas Supraba, déné durung ana katon.

— Kawula nuwun kaka Prabu, yèn kaka Prabu andangu, yayi Dèwi Supraba, sapunika sampun wonten ing palenggahan Ngudyanasekar.

— Apa mengkono Prabasini.

— Kaka Prabu inggih.

— Iya Prabasini, yèn kaya mengkono, kowé lumebua ing kedhaton, déné aku banjur arep nemoni nimas Supraba, menyang taman Ngudyanasekar.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, MLAMPAH NGIDUL ICAL,
SUPRABA SAKING KIDUL KÈNDEL GAWANG,
WINATAKWACA SAKING LÈR, KÈNDEL SANTEN
SEMBAHAN, NGADEG, REP.
(322)

Winatakwaca
— Nimas Supraba, pethuken aku nimas, aku teka.

WINATAKWACA LAJENG MAJENG DUMUGI
GAWANG LÈR, KÈNDEL,
GANGSA GESANG, REP,
KANDHA.
(323)
Winatakwaca
— Supraba, adhiné pun kakang, pethuken aku nimas, pun kakang teka.

GANGSA GESANG,
WINATAKWACA MLAMPAH NGIDUL,
SUPRABA MLAMPAH NGALÈR, KEPETHUK
TENGAH, LAJENG SAMI MLAMPAH NGIDUL
JEJER, DUMUGI GAWANG KIDUL LENGGAH DHINGKLIK,
WINATAKWACA WONTEN LÈR,
SUWUK, LAGON.
(324)
Winatakwaca
— Nimas Supraba.

Supraba
— Kula kaka Prabu.

— (Gumujeng). Bagéya yayi satekamu, ana ing taman Ngudyanasekar.

— Inggih dhateng kasuwun, sih pana kramanipun kaka Prabu, ingkang rumentah dhateng kula, kula cencang sapucuking réma, kula petek ing mustaka, mblèbèra ing prenaja, dadosa rah daging kayuwanan, sih pana kramanipun kaka Prabu, ingkang rumentah dhateng kula.

— La kowé wong ayu, déné nganti kedhungsang-dhungsang, teka dhéwé ana negara Ngimataka,

apa kang dadi purwa madya wusanané.

— Kawula nuwun kaka Prabu, kaka Prabu andangu, ingkang dados purwa madya wusananipun, boten ta ingkang wau, sareng kula mireng para jawata, sami kasoran yudanipun, mengsah kaliyan kaka Prabu, saking pangraosing manah kula, boten perlu kula ngentosana dhawuhipun jawata, amaringaken dhateng awak kula, saking pangowel kula, dhumateng para jawata, sampun ngantos manggih karisakan ing swarga Junggringslaka, tuwin Ngéndrabuwana, mila kula lajeng mbersot ngrumiyini, marak wonten ngarsanipun kaka Prabu piyambak punika.

— Apa mengkono nimas.

— Kaka Prabu inggih.

— La iya bener kowé nimas, yèn aja kowé tumuli teka, ana ngarepané pun kakang, mesthi banjur takrusak ing kayangan Ngéndrabuwana.

— Inggih leres timbalanipun kaka Prabu.

LAGON JUGAG,
WINATAKWACA, SUPRABA NGADEG,
SUPRABA MINGER MAJENG NGIDUL,
KANDHA.

Winatakwaca

— Em, adhiné pun kakang nimas, nimas, yam yam tilam musthikaning hapsari, lir supena nak anggèr, pun kakang kepanggih andika, puja retna giwangé asmara laya, sun tatedha wong ayu

mbangun turuta, nggèr, nggèr, tingalana wong ayu prak atiné pun kakang, lan aruming swaraning ngwang, wong ayu wong ayu kula emban, suwawi kula pondhong, inggih nggèr, inggih nggèr. (Gumujeng)

KANDHA,
LAGON,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON TLUTUR,
SUPRABA NGUSAPI WASPA.

(325)

Supraba

– Kaka Prabu, kaka Prabu, dèrèng dèrèng kok lajeng cugetan, sampun kakenan penggalih, ta gèk majeng mriki, kok lajeng mitambuhi, kula badhé matur.

Winatakwaca

– Matur matur apa, mengko gèk goroh menèh.

– Boten kaka Prabu, boten.

– Temenan apa.

– Inggih yektos.

LAGON,
WINATAKWACA LAJENG MINGER
MAJENG NGIDUL, SAMI LENGGAH DHINGKLIK
NGAJENGAKEN SUPRABA.

(326)

Winatakwaca

– Kowé arep clathu apa ta wong ayu wong ayu, mara matura.

Supraba

– Inggih dhateng sendika, kawula nuwun kaka Prabu, rèhning kula punika wanita teksih taruna, dèrèng mangertos lampah ingkang

wau, inggih kula rumaos kalepatan kaliyan kaka Prabu, boten langkung kula nyuwun pangaksama ingkang sil.. kaka Prabu sampun lajeng duka dhumateng kula.

— Iya nimas wis ora dadi apa, anamung kowé aja nindakaké ingkang mangkono manèh.

— Inggih badhé kula èstokaken dhawuhipun kaka Prabu, ingkang mekaten wau, anamung rèhning kula punika, sampun kagebeng wonten ngersanipun kaka Prabu, sakarsa paduka dados, kaka Prabu ingkang saranta penggalih, rèh kawula punika sampun anglampahi caraning garwa, tiyang setri limrah gadhah pepanggil, kaka Prabu sampun kasasra kajana priya, yèn naréndra utamèng budi, sangandhaping akasa, ingkang sinanggi pralaya, boten wonten ratu kados kaka Prabu kontap naréndra wus wignya astha guna, datan wonten ingkang animbangi, Bathara Brama wus kawus, ywang Sambu sampun anglaras, Ywang Bathara Éndra wus nyarunthul, giris ingkang para déwa.

— Iya nimas, mula iya bener tuturmu, wus bunuhé, èstri bebana mring aku, mara tutura nimas.

— Kula nuwun inggih dhateng sendika. Kawula nuwun kaka Prabu, kaka Prabu andangu, ingkang dados panuwun kula, kula punika sampun dados garwanipun ratu utama, yèn sampun cocok sabiyantu baya pejah, sampun ing-

kang dumugi sakit, senajan dumugiya pejah, inggih amung ndhèrèk sakarsa umuring, ingkang sarta kumedah, sami uninga, èstri sumerep wewadi sejatining priya, priya kedah sumerep wewadi sejatining èstri, yèn dèrèng kados atur kula punika, sayektosipun inggih dèrèng saékapraya, dèrèng dados satunggil ing cipta.

— Apa mengkono nimas.

— Kaka Prabu inggih.

— É la abot kang mengkono kuwi nimas, saiki pun kakang arep takon, upamané ana geni luwih seka gedhé urubé kowé takkon ngleboni, apa kokleboni.

— Inggih kula lebeti.

— Elo mantep nimas, upamané ana banyu luwih seka gedhé, kowé takkon nggebyuri, apa kokgebyuri.

— Inggih kula gebyuri.

— É la mantep adhiku wong kuning.

— Boten mantep kénging punapa.

— Iya aku bakal njarwani menyang kowé, iya walèh walèh apa, apa kowé wis mantep temenan karo pun kakang.

— Inggih mantep yektos, tiyang èstri sampun kawiyak sajatining èstri, senadyan praptèng kantaka, ajur luluh inggih kula lampahi, sok ugi jinatènana wewadining kakung, punika tandha yekti asih kalayan tresna kaliyan garwa.

KANDHA.
(327)

— Hem, adhiné pun kakang nggèr, nggèr, iya nimas, yèn kowé takon ingkang sanyata, mulané pun kakang digdaya anjayèng buwana, angluwihi kasektèné pun kakang, nguni pun kakang bentur kasutapan, kabèh lakuné mratapa wis daklakoni, katrima déning Ywang Jagatpratingkah, Sangywang kalarodra, ingkang anedhaki angsung nugraha menyang aku, anèng gunung Himawan, ginagogodha, aku tan kungkih, dadi katrima marang jawata, tinurutan saciptané pun kakang, déné Bathara Hutipati, tan antara Ywang Kalarodra dinuta maringaken kanugrahan marang pun kakang.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya, la iku nimas kanugrahané, angluwihi titahing ngabathara, punjul ing sajagad, kèdhep ing sapta bumi.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya. La iku nimas, banjur sinung kasektèn menèh, manjing ing griwagra ingsun, manggon ana ing madyaning telak, la iku nimas, pati uripé pun kakang, datan kena pejah, yèn tan weruh enggoné aji kang wingit, la iku nimas, aja nganti kajura ngakèh, senadyan kutu-kutu walang ngataga, ·ora kena krungu, gejaba amung kowé dhéwé, ingkang kena amiyarsa, poma dipoma nimas aja nganti ana ingkang krungu.

KANDHA.
PLAJARAN, REP.
KANDHA.
GESANG, KEPARAKAN DHATENG,
SUPRABA WINATAKWACA NGADEG.
WINATAKWACA MINGER MAJENG NGALÈR.
GANGSA SUWUK, ADA–ADA.
(328)

Winatakwaca

– Kowé bocah wédok teka tawang-tawang tangis, ana apa mara matura.

Keparakan

– Kula nuwun inggih dhateng sendika. Kula nuwun Kangjeng Déwaji, kula énggal nyaosi priksa, Kangjeng Déwaji, yèn kagungan-dalem gapura kancana, pinatik ing sosotya, jugrug risak dados sawalang-walang, andhawahi abdi-dalem raseksa ingkang sami kemit, denawa satus ingkang pejah.

– La apa ingkang dadi purwa madya wusanané, déné gapura kancana nganti rusak, ajur dadi sawalang-walang.

– Kula nuwun Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu ingkang dados purwa madya wusananipun, boten ta ingkang wau, sadangonipun Kangjeng Déwaji pepanggihan kaliyan Hapsari swarga, Dèwi Retna Supraba, punika ingkang wau mireng swara jumegur, anggegeteri, sareng kula priksa kagungan-dalem gapura rukma pinatik ing sosotya, ambruk risak boten kantenan, dangu-dangu kula wespaosaken ingkang

ngrisak pandhita ingkang tapa ing redi Ngéndrakila, ingkang wasta Begawan Suciptahening, sampun terang punika ingkang damel risak, gusti boten saget ningali.

— I haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, saiki ana ngendi duratmakané.

— Sapengker kula inggih teksih wonten sacelakipun gapura.

WINATAKWACA LAJENG MINGER,
NGAJENGAKEN SUPRABA,
KANDHA.
(329)

— Nimas Supraba.

Supraba

— Kula kaka Prabu.

— Kowé kèriya kéné nimas, dakcekelé maling aguna, ingkang ngrusak gapura rukma.

— Inggih dhateng sumangga, kaka Prabu kula aturi ngatos-atos.

— Iya mangsa kayaa bocah ora.

PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG,
WINATAKWACA NGALÈR ICAL,
SUPRABA MABUR NGIDUL ICAL,
KEPARAKAN MLAJAR NGALÈR ICAL,
MINTARAGA SAKING KIDUL. NGRISAK GAPURA,
GAPURA RISAK WONTEN KIDUL,
MINTARAGA NGADEG WONTEN GAWANG KIDUL,
LAJENG NGALÈR, SALÈR GAPURA RISAK,
WINATAKWACA DHATENG LAJENG NUBRUK, PERANG,
MINTARAGA LAJENG ONCAT MABUR NGALÈR, ICAL, REP.
(330)

— I haé, ora talah Si Mintaraga, déné ndadak ora wani tanggon,

aja ngoncatana, ora wurung sida sirna déning aku, i haé.

KANDHA,
GANGSA GESANG,
KEPARAK SAKING KIDUL,
GANGSA REP.
(331)
Winatakwaca
– Kowé bocah wadon, tekamu tawang-tawang tangis, ana apa mara matura.

Keparakan
– Kula nuwun inggih dhateng sendika. Kula nuwun Kangjeng Déwaji, kula énggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, yèn Sangdyah Retna Supraba késah saking Ngudyanasekar, lajeng mesat njumantara, kula lajeng boten sumerep purugipun, gusti boten saget ningali.

– I haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, déné banget temen olèhé mejanani duratmaka, i haé.

KANDHA.
(332)
– Bocah wadon.

– Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

– Kowé metua ing jaba, timbalana Si Bomakéndra karo sakancané kabèh, utawa kabèh para raja, kebat gèk mangkata.

– Kula nuwun inggih dhateng sendika.

GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(333)

Winatakwaca

– Bomakéndra.

– Kurnoknon.

– Mulané kowé takundang, aku awèh weruh, yèn taman Ngudyanasekar klebon duratmaka laku sandi, saka paékané Bathara Éndra, iya Si Mintaraga ingkang dadi dhustha, banjur wani-wani ngrusak gapura rukma, pinatik ing sosotya, sarta banjur wani nggawa nimas Supraba.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Bomakéndra iya.

– Wangsul kersa-dalem kados pundi.

– Iya Bomakéndra, ingkang dadi karepku, sarèhné saiki wus tatéla, para jawata wis ora kena diugemugemi caturé, utawa Bathara Éndra, banget olèhé mejanani menyang aku, saiki kowé tata-tataa, sasumektaning ngayuda, sakancamu bocah ing Ngimataka kabèh, mulané mengkono, swarga ing Ngéndrabuwana, dakgempuré ing ngayuda, dakgawé sungsang buwana balik, nimas Supraba arep dakrebut ing prang baé.

– Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

– Bomakéndra iya.

– Inggih leres ingkang dados kersa-dalem.

– Punapa déné ijengandika, uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu

sekaliyan.

Sekawan sareng

— Kula anak Prabu.

— Inggih semanten malih, kula aturi tata-tata, sasumektaning ngayuda, mila sapunika, ing Ngéndrabuwana, badhé lajeng kula gempur ing ngayuda, kula damel sungsang buwana balik, nimas Supraba lajeng badhé kula rebat ing prang kémawon.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan inggih.

— Inggih leres timbalanipun anak Prabu.

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon.

— Karo dhawuhana uwa Prabu Wisamuka, déné sakèh-kèhing prakara kowé wis weruh dhéwé.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Bomakéndra.

— Kurnoknon.

— Apa wis padha sumekta olèhmu berdandanan, sasumektaning ngayuda, sakancamu ing Ngimataka kabèh.

— Non Kangjeng Déwaji, Kangjeng Déwaji andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, sakanca kula ing Ngimataka, inggih sampun sumekta.

— Iya lega atiku yèn kaya mengkono. Punapa déné ijengandika,

uwa Prabu, paman Prabu, kaka Prabu sekaliyan.

Sekawan sareng
— Kula anak Prabu.

— Inggih semanten malih, punapa sampun sami sumekta, angsal ijengandika sami berdandosan, sasumektaning ngayuda.

— Non anak Prabu, anak Prabu andangu, anggèn kula berdandosan, sasumektaning ngayuda, inggih sampun sami sumekta.

— Inggih lega manah kula yèn kados mekaten. Bomakéndra.

Patih
— Kurnoknon.

— Yèn wis padha sumekta, olèhmu padha berdandanan, angkatna lakuné gegaman kang ana ngarep.

— Kurnoknon, inggih dhateng sendika.

Patih
— Hi, hi, adhi digtya Wiradha.

Wiradha
— Kula Ki Lurah.

— Dhawuh-dalem yèn sampun sami sumekta, anggèn jengandika berdandosan, lajeng kakersakaken ngangkataken, lampahipun dedamel ingkang wonten ngajeng.

— Inggih dhateng sendika.

Wiradha
— Hèh, hèh, kanca ing Ngimataka.

Wadya sareng
— Kula, kula, kula.

— Apa wis padha sumekta, olèhmu padha berdandanan.

— Sampun.

— Yèn wis padha sumekta, timbalan-dalem, ndikakaké ngangkataké lakuné gegaman kang ana ngarep.

— Dika. (Gumujeng)

KANDHA,
PLAJARAN, LAJENGAN, SUWUK, ADA—ADA.

(334)

Wisamuka

— Adhi Patih Bomakéndra, kula wespaosaken inggal-inggal medal ing jawi, menapa lampah ijengandika piyambak, punapa dipun-utusa kaliyan anak Prabu Winatakwaca, suwawi kula aturi andhawuhaken.

Patih

— Inggih kakang Mraja Wisamuka, mila kula inggal-inggal medal ing jawi, katenta lampah kula piyambak dédé, kula dhapur ngemban dhawuh timbalan-dalem, kakersakaken maringi priksa ijengandika, yèn sapunikanipun, ing taman Ngudyanasekar kalebetan duratmaka, saking paékanipun Bathara Éndra, wasta Begawan Mintaraga, lajeng purun-purun ngrisak gapura kancana, pinatik ing sosotya, sarta lajeng ndhustha Dèwi Supraba.

— Menapa mekaten adhi Patih Bomakéndra.

— Kakang Mraja Wisamuka inggih.

— Wangsul kersanipun anak Prabu Winatakwaca kados pundi.

— Inggih kakang Mraja Wisamuka, ingkang dados kersanipun Kangjeng Déwaji, lajeng nglanggar ing ngayuda, dhateng ing Ngén-

drabuwana, pangkat sadinten punika.

— Menapa mekaten adhi Patih Bomakéndra.

— Kakang Mraja Wisamuka inggih. La punika kakang Mraja Wisamuka, kersanipun Kangjeng Déwaji, kakang Prabu sawadyabala ijengandika bujungan wana sadaya, kakersakaken dados cucuking ngayuda, lajeng kinèn ngrisak ing Ngéndrabuwana, pangkat sadinten punika.

— Menapa mekaten adhi Patih Bomakéndra.

— Kakang Mraja Wisamuka inggih.

— Inggih dhateng sendika.

Wisamuka

— Wisagunjara.

Wisagunjara

— Kurnoknon.

— Dhawuhana kancamu buron alas kabèh, yèn karsané anak Prabu Winatakwaca, saiki ndikakaké dadi cucuking ngayuda, ngrusak ing Ngéndrabuwana, pangkat sadina iki.

— Menapa mekaten Déwaji.

— Wisagunjara iya.

— Inggih dhateng sendika.

Wisagunjara

— Hi, hi, kanca Nungsagrembula.

Sareng

— Kula, kula, kula.

— Dhawuh-dalem ndikakaké dadi cucuking ngayuda, banjur ngrusak ing Ngéndrabuwana, pangkat sadina iki.

— Inggih dhateng sendika.

Bomakéndra
— Kakang Mraja Wisamuka.

Wisamuka
— Kula adhi Patih Bomakéndra.

— Yèn sampun sami sumekta, sawadya ijengandika bujungan wana sedaya, suwawi sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

Wisamuka
— Wisagunjara.

Wisagunjara
— Kurnoknon.

— Yèn wis padha sumekta, kancamu buron alas kabèh, ayo aja kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga. Daweg kanca mangkat.

Sedaya sareng
— Daweg, daweg.

GANGSA PLAJARAN, LAJENGAN, REP.
Mintaraga
— Risang Waradiwati.

Supraba
— Ulun Sang Pandhita.

— Kados pundi pun Winatakwaca, sapengkeripun Risang Waradiwati.

— Ulun Sang Pandhita, Sang Pandhita tanya, Sang Prabu Winatakwaca, sapengker ulun oncat saking Ngudyanasekar, inggih laju kurdha, tan reringa, malah-malah wus ambidhalaken wadya, sumedya anggempur ing Ngéndrabuwana, laksita ing ri semangkin.

— Menapa mekaten Risang Waradiwati.

— Sang Pandhita inggih.

— Yèn kados mekaten Risang Waradiwati, sumangga lajeng matur Sangywang Bathara Éndra, dhateng ing pasanggrahan ing Nguntararukma.

— Inggih dhateng sumangga.

— Yèn kados mekaten sumangga sampun kelayatan.

— Inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA GESANG,
SAMI MABUR NGALÈR ICAL,
SUWUK,
KANDHA,
GENDHING RINA—RINA, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, KAWIN JIWARETNA,
(335)
Éndra

— Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu.

Kalih sareng

— Apa yayi Bathara Éndra.

— Paran baya kakangmas, kita siyaga, sasumektaning ngayuda, wonten ing pasanggrahan nguntararukma, sakadang warga para jawata, tuwin para yang-yang kapya, punapa tan wonten éwah tatanya.

— Iya yayi Bathara Éndra, ywan kita tanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga para jawata, tuwin para yang-yang kapya, iya wus tan ana owah tatanya.

— Inggih lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Apa déné kita yoga kekasih Padmanaba, lawan kita

yoga kekasih kaki Darmakusuma, paran baya kita samya siyaga, sasumektaning ngayuda, ana pasanggrahan Nguntararukma, sakadang kita Bratapandhawa kapya, apa samya tan ana owah tatanya.

Kalih sareng

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra, Sangywang Pukulun andangu anggèn kula sudhiya, sasumektaning ngayuda, sakadang Bratapandhawa sedaya, salebetipun wonten pasanggrahan Nguntararukma, inggih boten wonten éwah tatanipun.

— Apa mangkana kaki Kresna, kaki Darmakusuma.

— Sangywang Bathara Éndra inggih.

— Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Yoga kekasih kaki Bathara Kresna.

Kresna

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra.

— Mara kita kiraa, déné wus antara lama, laksitanya yoga kekasih Parta Resi, tuwin nini Supraba, durung ana prapta, apa baya nemu kirdhaning laksita.

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra, kula kakarsakaken ndugi, lampahipun Dèwi Supraba kaliyan yayi Resi Parta, déné sampun antawis dangu, lampahipun dèrèng wonten dhateng, kadugi inggih manggih pakèwed, anamung bokmenawi boten dados punapa.

— Apa mengkono yoga kekasih Bathara Kresna.

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra inggih. Kados pundi yayi Prabu Darmakusuma, punapa boten leres atur kula.

Ngamarta

— Inggih leres aturipun kaka Prabu. Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra, leres aturipun kaka Prabu Bathara Kresna, mila sapunika, lampahipun Dèwi Supraba, utawi yayi Resi Mintaraga, dénè sampun antawis dangu, lampahipun dèrèng dhateng, kadugi inggih manggih pakèwed, anamung bokmenawi boten dados punapa.

Éndra

— Apa mangkana yoga kekasih Darmakusuma.

— Sangywang Bathara Éndra inggih. La kepriyé yayimas ing Jodhipati, apa ora bener aturku.

Werkudara

— Ih hi, iya bener kowé, ih hi, Éndra kakèkku, bener tuturé Punta Aji kakangku, mulané mengkono lakuné Dèwi Supraba, utawa adhiku Parta, wis antara suwé, durung ana teka, bokmenawa nemu pakéwuh lakuné, nanging ora dadi apa.

Éndra

— Apa mengkono yoga kekasih Wijaséna.

— Éndra kakèkku iya.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON.
(336)

Éndra

— Hong yang-yang panihanya kita,

nini Supraba, yoga kekasih Parta Resi, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

Kalih sareng

— Hong nirdah pinara sabda, Sangywang Bathara Éndra, panihanyanta kita tekap ulun.

Brama, Sambu, Bayu sareng

— Hong yang-yang panihanya kita, nini Supraba, yoga kekasih Parta Resi, tekap kita ana ing ngarsa ulun.

— Hong nirdah pinara sabda, Sangywang Brama, Sangywang Sambu, Sangywang Bayu, panihanyanta tekap ulun.

Tiga sareng
(Kresna, Séna, Darmakusuma)

— Bagéya yayi Resi Parta, sateka para, ana ngarsané Sangywang Bathara Éndra.

Mintaraga

— Kawula nuwun inggih dhateng anuwun, sih panakramanipun kaka Prabu Dwarawati, kaka Prabu Darmakusuma, kakangmas ing Jodhipati, ingkang rumentah dhateng kula.

Éndra

— Supraba.

Supraba

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Paran baya kita ulun duta, laksita sandi mring paradèng Ngimataka, apa antuk karya, apa ta oraa.

— Ulun Sangywang Bathara Éndra, ulun wus dinuta mring néwasa Ngimataka, inggih wus prapta, dené laksita ulun, wus angèstokaken

wijiling sabda. Sangywang Bathara Éndra, ing semangkin pun Winatakwaca, wus saweca mring ulun, sejatining kang pejah gesang, déné Sang Resi Mintaraga, ugi wus ngudanèni kapya.

— Apa mangkana nini Supraba.

— Sangywang Bathara Endra inggih, paran baya Sang Pandhita, ywan ten yogya atur ulun.

Mintaraga

— Inggih leres aturipun Risang Waradiwati. Kawula nuwun Sangywang Bathara Endra, leres aturipun Sang Waradiwati, déné sedaya lampah anetepi dhawuhipun Sangywang Pukulun, prakawis pejah gesangipun Prabu Winatakwaca, inggih sampun kawedharaken, dhateng Sang Waradiwati, déné kula sampun ngawuningani sedaya.

Éndra

— Apa mangkana yoga kekasih Parta Resi.

— Sangywang Bathara Éndra inggih. Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra, pun Winatkwaca sasampunipun jejarwa, dhumateng Sang Waradiwati, kula lajeng damel perupaking ngayuda, angrisak gapura kancana, pinatik ing sosotya, ingkang wonten sangajenging taman Ngudayanasekar.

— Apa mangkana kaki Parta Resi.

— Sangywang Bathara Éndra inggih.

— Mara kita tutugna.

— Kawula nuwun inggih dhateng sendika. La punika Sangywang

Pukulun, sarisakipun ingkang gapura kancana, pun Winatakwaca sakalangkung bremantyanipun, kelampahan pancakara kaliyan kula, kula lajeng oncat, dumugi wonten ngarsanipun Sangywang Bathara Éndra punika, wondéné sapunikanipun, pun Winatakwaca sampun bebodholan, sawadyabalanipun sedaya, sumedya ngrebasèng ing Ngèndrabuwana.

– Apa mangkana yoga kekasih Parta Resi.

– Sangywang Bathara Éndra inggih.

KANDHA.

(337)

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Tiga sareng

– Apa yayi Bathara Éndra.

– Kita wus samya myarsa priyangga, wecananya yoga kekasih Parta Resi.

– Apa mangkana yayi Bathara Éndra.

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

– Paran baya kang dadya kawismaya kita.

– Wondéné ingkang dados kawismaya ulun, kita samya siyagaa, sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana, ulun arsa nglawan yudanya pun Winatakwaca.

– Apa mangkana yayi Bathara Éndra.

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi

Bathara Bayu inggih.

— Iya sakawismayanta.

— Apa déné kita yoga kekasih Bathara Kresna, Puntadéwa, Wijaséna, yoga kekasih Parta Resi.

Sekawan sareng

— Kurnoknon Sangywang Bathara Éndra.

— Kita samya siyagaa, sasumektaning ngayuda, marmanya mangkana, ulun arsa anglawan yudanya Si Winatakwaca.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Bathara Kresna, Darmakusuma, Wijaséna, Parta Resi iya.

— Kurnon inggih dhateng sendika.

— Patih Déwantaka, kaki Srengganidéwa, apa déné kaki Citragana.

Tiga sareng

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Kita ya mangkana uga, samya sigraa sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita ing Ngéndrabuwana kapya, marmanya mangkana ulun arsa nglawan yudanya Si Winatakwaca.

— Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.
(338)

Éndra

— La kita yang yang Wignyawaspada, tekap kita ing ngarsa ulun, ana apa ing jaba, kita wecaa kang sejati.

Wignyawaspada

— Noknon, ulun inggih dhateng sen-

dika, non Ywang Pukulun Bathara Éndra, ulun atur uninga, ywan ing mangkya Prabu Winatakwaca, andhatengi sawadyabalanya, laju samya dhèdhèr tata gelar, gelar Diradameta, tuwin Mangkara-byuha, Empritneba, Garudha-nglayang, wondéné ingkang dadya pangajuring rana, wadya bacingah adamel risak, gègèr mawut titah ing padhusunan, wadya bujungan wana laju adamel risak, ngamuk punggung anggegilani. Kurnoknon.

– Apa mangkana Wigyawaspada.

– Sangywang Bathara Éndra inggih.

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu.

Tiga sareng

– Apa yayi Bathara Éndra.

– Kita wus samya myarsa priyangga, wecananya pun Wignyawaspada.

– Apa mangkana yayi Bathara Éndra.

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

– Paran baya kang dadya kawismayanta.

– Wondéné ingkang dadya kawismaya ulun, laju arsa ulun lawan ing ngayuda.

– Apa mangkana yayi Bathara Éndra.

– Kakangmas Bathara Brama, kakangmas Bathara Sambu, yayi Bathara Bayu inggih.

— Iya sakawismayanta.

— Yoga kekasih Bathara Kresna, Darmakusuma, Wijaséna, Resi Parta.

Sekawan sareng

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra.

— Paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, apa wus samya saningga.

— Kurnon Sangywang Bathara Éndra, Sangywang Pukulun andangu, anggèn kula tata-tata, sasumektaning ngayuda, inggih sampun sumekta.

— Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana. Déwantaka.

Patih

— Ulun Sangywang Bathara Éndra.

— Paran baya kita siyaga, sasumektaning ngayuda, sakadang warga kita para jawata, tuwin para yang-yang kapya, apa wus samya saningga.

— Ulun Sangywang Bathara Éndra, Sangywang Bathara Éndra tetanya, ulun siyaga sasumektaning ngayuda, sakadang warga ulun para jawata, tuwin para yang-yang kapya, inggih wus samya saningga.

— Apa mangkana Déwantaka.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Iya lega tyas ulun ywan kadya mangkana.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(339)

Andhapan, kalih sareng

— Ana déwa mara.

Déwa sekawan sareng

— Tan kaduga tyas ulun, kalamun wraha wignya tata manungsa.

— Babo, anjunjung cèlèng, dudu cèlèng ala-ala, isih cèlèng pilihan. (Gumujeng)

— Cèlèng sapa aranta.

— Kowé takon menyang aku.

— Iya.

— Wisawraha jenengku, Wisawijung jenengku.

— Wisawraha aranta, Wisawijung aranta.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun Sangywang Diwangsana;
Ulun Sangywang Sumbawa;
Ulun Sangywang Wiratma;
Ulun Sangywang Tantra.

— Tantra jenengmu.

— Iya.

— Hèh para déwa.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané déwa Kaéndran.

— Iya ulun.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, LAJENGAN.
SUMARMA NIMBRUNG, CÈLÈNG KAWON.
WISADARSULA NIMBRUNG, SUMARMA KAWON.
DÉWANTAKA NIMBRUNG, WISADARSULA KAWON.

SUWUK, ADA–ADA.

(340)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Déwantaka, Harima, haywa gantya marengya, hasranga marengya, endya dalasa, hamuk.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(341)

Wisamatengga

— Ana déwa mara.

Déwantaka

— Ih hi, tan kaduga tyas ulun, kalamun sardula wignya tata manungsa.

— Babo, anjunjung macan, senajan macan dudu macan ala-ala, isih macan pilihan. (Gumujeng)

— Sardula sapa aranta.

— Kowé takon menyang aku.

— Iya.

— Wisamatengga jenengku.

— Wisamatengga aranta.

— Iya, la kowé sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun pepatih ing Ngéndrabuwana, aran Patih Déwantaka. Ih hi.

— Déwantaka jenengmu.

— Iya.

— Déwantaka.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané déwa Kaéndran.

— Iya ulun.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(342)

— La, padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Wisamatengga, Déwantaka endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(343)

Wisamatengga

— Ana manungsa mara.

Gagakbongkol

— Ih hi, ora keduga aku, ana macan bisa ŋgucap.

— Babo, anjunjung macan, senajan macan dudu macan ala-ala, isih macan pilihan. (Gumujeng)

— Macan sapa jenengmu.

— Kowé takon menyang aku.

— Iya.

— Wisamatengga aku.

— Wisamatengga jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku andeling Jodhipati, Radèn Gagakbongkol.

— Gagakbongkol jenengmu.

— Iya.

— Gagakbongkol.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané déwa Kaéndran.

— Iya aku.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.
(344)

— La, padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Gagakbongkol, macan endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(345)

Mamangdana

— I haé, prajurit sapa aranmu, maju sura madilaga.

Antaséna

— I hi, kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku putra Jodhipati, kang seka dhasaring pratala, Radèn Antaséna, i hi.

— Antaséna jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku andeling Ngimataka, aran Tumenggung Mamangdana.

— Mamangdana jenengmu.

— Iya. Antaséna.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané déwa Kaéndran.

— Iya aku.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, LAJENGAN,
AMONGGARBA NIMBRUNG, KAWON,
SUWUK, ADA—ADA.
(346)

— La padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Antaséna. Mamangdana, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(347)

Wastrawisa

— Ana déwa mara.

Citragana

— Ih hi, tan kaduga tyas ulun, kalamun warak wignya tata manungsa.

— Babo, anjunjung warak, senajan warak, dudu warak ala-ala, isih warak pilihan.

— Warak sapa aranta.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Wastrawisa jenengku.

— Wastrawisa aranta.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun yoganya Sangywang Batharа Éndra, aran Sangywang Citragana. Ih hi.

— Citragana jenengmu.

— Iya.

Citragana.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané déwa Kaéndran.

— Iya ulun.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(348)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Sangywang Citragana, warak, haywa gantya marngya, endya dalasa, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING SINGANEBAK, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(349)

Hardayeksa

— I haé, kethèk sapa aranmu, maju sura madilaga.

Anoman

— Ih hi, kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang pilungguh ana pertapan Kendhalisada, aran Begawan Mayangkara, i hi.

— Mayangkara jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang tinuwa-tuwa, anak Prabu Winatakwaca, kang pilungguh ana negara Jonggirupaksa, aran Mraja Hardayeksa, i haé.

– Hardayeksa jenengmu.

– Apa.

– I hi, aja ngundhamana Bathara Éndra, lan Resi Mintaraga, aku baé ngrampungi menyang kowé.

– Apa.

– Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN,
SUWUK, ADA–ADA.

– Iya. Mayangkara.

– Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, karo Si Mintaraga, dakobat-abitné.

– I haé, ora kena ginawé becik Mayangkara. Mayangkara.

– Ayo prang ngarep.

(350)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Hardayeksa, la Mayangkara ginggang tipaké, nolèh layangané, kerep kedhèpé, nyatané prajurit becik, mara baliya.

KANDHA,
ADA–ADA,
KANDHA,
GANGSARAN, PRANG, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(351)

– La, padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mayangkara, Hardayeksa, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,

PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(352)

Bajrapaka

– I haé, prajurit sapa aranmu, maju sura madilaga.

Komajaya

– Kita tanya marang ulun.

– Iya.

– Ulun iki déwa, kang mengkoni ing kayangan Cakrakembang, aran Sangywang Komajaya.

– Komajaya jenengmu.

– Iya. La kita raksasa sapa aranta.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku pepatih ing mraja Jonggirupaksa, aran Patih Bajrapaka.

– Bajrapaka aranta.

– Iya. Komajaya.

– Apa.

– Aku bélakna gustiku.

– Iya mangsa ora klakona.

– Komajaya.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(353)

– Alamak ywan kembaa, parunggulen aku Sangywang Komajaya, Bajrapaka, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, ulun mangsa wediya.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING GONJANGSÈRÈT, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(354)

Hendrapati

— Èh, èh, prajurit sapa maju sura madilaga.

Angkawijaya

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku putra Madukara, aran Radèn Angkawijaya.

— Angkawijaya jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kadangé tuwa, yayi Prabu Ngimataka, kang pilungguh ana negara Sonyapringga, aran Prabu Héndrapati. (Gumujeng)

— Héndrapati jenengmu.

— Iya. Angkawijaya.

— Ana paran.

— Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, dakkembarané padha siji.

— Aja ngundhamana Sangywang Bathara Éndra, aku baé nguwisi marang kowé.

— Ora kena ginawé becik Angkawijaya. Angkawijaya.

— Ana paran.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(355)

Héndrapati

— Abot sanggané Angkawijaya, lawas aku yuda gada ana negara Sonyapringga, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

— Iya mangsa cuwaa, kowé mung-

suh Angkawijaya, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Angkawijaya.

— Ana paran.

— Ngadu kantaraning bau wis kelakon, ayo padha ngadu pragolaning pupu.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(356)

— É la, nyata abot sanggané Angkawijaya, delengé klemprang-klempreng midak tembelèk ora pènyèt, sikat tandangé.

— Apa abamu, ya kuwi sing kokkarepaké.

— Angkawijaya.

— Ana paran.

— Ngadu pragolaning pupu wis kelakon, ayo padha ngadu awas-awasan.

— Iya mayo.

— Angkawijaya.

— Ana paran.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(357)

Héndrapati

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Héndrapati, mati ngadeg Angkawijaya, ketiban panahku.

— Apa mati ngadeg, iki rupané panahmu. (Pyur).

— Babo, mupugi wong aguna Angkawijaya. Angkawijaya.

– Ana paran.

– Malesa.

– Kowé mlakua taktibani gegaman.

– Iya.

– Tadhahana panahku.

– Iya tibakna.

KANDHA,
KAWIN, PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.
(358)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Angkawijaya, Héndrapati endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara ora èrèp.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(359)

Patih Suryakètu

– I hi, prajurit sapa aranmu maju sura madilaga.

Sencaki

– I hi, kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku kadangé taruna kaka Prabu Dwarawati, kang pilungguh ing Garbaruci, aran Radèn Sencaki. I hi.

– Sencaki jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku pepatih ing Sonyapringga, aran Patih Suryakètu.

– Suryakètu jenengmu.

– Iya. Sencaki.

– Apa.

— Apa kowé penunggalané wong Pendhawa.

— Iya aku.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(360)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Sencaki, Suryakètu endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA,
KANDHA,
GENDHING LIWUNG, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(361)

Kalamatengga

— I haé, prajurit sapa aranmu, maju sura madilaga.

Werkudara

— I hi. Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku satriya Jodhipati, aran Radèn Werkudara.

— Werkudara jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang tinuwa-tuwa anak Prabu Ngimataka, kang pilungguh ana negara Nungsabarong, aran Prabu Kalamatengga.

— Kalamatengga jenengmu.

— Iya. Werkudara.

– Apa.

– Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, dakobat-abitné.

– I hi. Embuh ora idhep, apa sagendhingmu taktadhahi.

– I haé, ora kena ginawé becik Werkudara. Werkudara.

– Apa.

– Ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

– Iya mayo.

KANDHA.

(362)

– Werkudara.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

PLAJARAN, AMBRUK SARENG, REP.
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(363)

– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Werkudara, Kalamatengga endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(364)

Singarodra

– I haé, prajurit sapa aranmu, maju sura madilaga.

Sencaka

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Dwarawati, aran Radèn Sencaka. (Gumujeng)

— Sencaka jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku pepatih ing Nungsabarong, aran Patih Singarodra.

— Singarodra jenengmu.

— Iya. Sencaka.

— Ana paran.

— Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, dakkokopé getihé.

— Aja ngundha mana Sangywang Bathara Éndra aku baé nguwisi marang kowé.

— I haé, ora kena ginawé becik Sencaka. Sencaka.

— Ana paran.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SENCAKA NARIK DHUWUNG,
SUWUK, ADA—ADA.
(365)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Sencaka, Singarodra endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara ora èrèp.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK.
(366)

Winatakwaca

— La kowé Wiradha, sakadangmu padha ninggal pabarisan, teka ana ngarepanaku, ana karepmu apa.

Wiradha

— Non Kangjeng Déwaji, kula énggal nyaosi priksa Kangjeng Déwaji, sapunikanipun para déwa, sampun kabiyantu tiyang Pendhawa, langkung awrat yudanipun, para raja kathah karisakan, Déwaji Kalamatengga tuwin Patih Singarodra kapara tiwas.

— Apa mengkono.

— Déwaji inggih.

— I haé.

KANDHA.

(367)

— Bomakéndra.

Patih

— Kurnoknon

— Yèn kaya mengkono dhawuhana kancamu kabèh, padha konen piyak pabarisané, mulané mengkono, aku arep nyalirani ing ngayuda, padha dikon surak ingkang ramé.

— Menapa mekaten Kangjeng Déwaji.

— Bomakéndra iya.

— Inggih dhateng sendika

— Punapa déné ijengandika, kaka Prabu uwa Prabu.

Kalih sareng

— Kula anak Prabu.

— Inggih semanten malih, ijengandika sami mriksanana saking katebihan, milanipun mekaten, sabab kula badhé nyalirani ing ngayuda.

— Menapa mekaten anak Prabu.

— Kaka Prabu, uwa Prabu inggih.

— Inggih dhateng sendika.

Patih
— H^{i} hi, kanca Ngimataka.

Punggawa sareng
— Kula, kula, kula.

— Timbalan-dalem, ndikakaké piyak pabarisané, mulané mengkono, Kangjeng Déwaji arsa nyalirani ing ngayuda, kowé padha ndikakaké keplok sarta surak ingkang ramé.

— Sendika. (Gumujeng)

PLAJARAN, SUWUK,
WADYA BODHOL NGIDUL SADAYA,
SAMI SURAK SARTA KEPLOK,
KANDHA,
GENDHING DIRADAMETA, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(368)

Winatakwaca
— I haé, prajurit sapa arannmu maju sura madilaga.

Werkudara
— I hi, kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku satriya ing Jodhipati, aran Radèn Werkudara, i hi.

— Werkudara jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang jumeneng nata ana negara Ngimataka, aran Prabu Winatakwaca.

— Winatakwaca jenengmu.

— Iya. Werkudara.

— Apa.

— Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra karo Si Mintaraga,

kon maju mréné, daksempal-sempalé bauné.

— I hi, embuh ora idhep, Winatakwaca.

— Apa.

— Tadhahana gadaku.

— Iya tibakna.

KANDHA.
(369)
— Winatakwaca.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP.
KANDHA,
GANGSA GESANG,
GATHUTKACA NIMBRUNG DIPUN GETAK,
ANTAREJA, ANTASÉNA NIMBRUNG MBEKTA BINDI,
WINATAKWACA DHAWAH GAWANG LÈR,
SUWUK,
KANDHA,
KAWIN.

— La padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Werkudara endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GANGSA PLAJARAN,
NRADA, ÉNDRA, SUPRABA, MINTARAGA, SEMAR
SAANAKIPUN SAKING KIDUL,
DWARAWATI SAKING LÈR,
SUWUK.
(370)
Nurada
— O hok, kita yoga kekasih Kresna, prapta ing ngarsa ulun, paran baya ing pabarisan, mara kita we-

caa kang sejati.

Dwarawati

— Kurnon Sangywang Pukulun, kula énggal nyaosi priksa Sangywang Pukulun, yèn sapunikanipun pun Winatakwaca, majeng sura madilaga, para jawata tuwin kadang kula Bratapandhawa sedaya, sami boten kuwawi nangga kurdhanipun pun Winatakwaca.

— Apa mangkana kaki Kresna.

— Sangywang Pukulun inggih.

— Paran baya kaki Éndra, kita wus myarsa priyangga, wecananya kaki Kresna.

Éndra

— Punapa mangkana uwa Kanéka-putra.

— Kaki Éndra iya.

— Paran baya kang dadya kawismayanya uwa Kanéka ing semangkin.

— O hok, iya kaki Éndra, ywan kita tanya kang dadya kawismaya ulun, prayoga yoga kekasih Permadi, kinèn mangsah ing ngayuda, nglawan yudanya Si Winatakwaca.

— Punapa mangkana uwa Kanéka-putra.

— Kaki Endra iya.

Éndra

— Yoga kekasih Parta Resi.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra.

— Ing semangkin kita nglawana yudanya Si Winatakwaca, poma kang éling, wewékanya duk kalanya ana ing taman Ngudyanasekar

— Menapa mekaten Sangywang Bathara Éndra.

— Yoga kekasih Permadi iya.

— Kawula nuwun inggih dhateng sendika.

Nurada

— Yoga kekasih Kresna.

Dwarawati

— Kurnon Sangywang Bathara Nurada.

— Kita ulun pinta dadya tuwangganya, yudanya rènira yoga kekasih Parta Resi, pangréka dayanya ing ngayuda, ulun pracayakaké marang kita.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih kaki Kresna iya.

— Kurnon inggih dhateng sendika.

— Wondéné ulun lawan kaki Éndra, tuwin nini Supraba, arsa njampangi ana ing jumantara.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih kaki Kresna iya.

— Kurnon inggih dhateng sumangga.

KANDHA.

(371)

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Kanékaputra, yèn sampun rampung timbalanipun Sangywang Pukulun, kula nyuwun pamit badhé lajeng majeng sura madilaga, nglawan yudanipun pun Winatakwaca.

Nurada

— O hok, iya yoga kekasih Permadi.

ulun angsung puja pangastawa, wignyanya daniswara kita.

— Inggih dhateng anuwun. Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra, yèn sampun rampung timbalanipun Sangywang Pukulun, kula nyuwun pamit, badhé lajeng majeng sura madilaga.

Éndra

— Iya yoga kekasih Parta Resi, ulun angsung puja pangastawa, wignyanya daniswara kita.

— Inggih dhateng anuwun.

Kresna

— Kurnon Sangywang Bathara Nurada, yèn sampun rampung pangandikanipun Sangywang Pukulun, kula nyuwun pamit njampangi yudanipun yayimas Parta Resi.

Nurada

— O hok, iya kaki Kresna, ulun angsung puja pangastawa, laksita kita, ananging poma kang prayitna, wewékanya ing ngayuda.

— Kurnon inggih dhateng sendika, Kurnon Sangywang Bathara Éndra, yèn sampun rampung pangandikanipun Sangywang Pukulun, kula nyuwun pamit, njampangi yudanipun yayimas Madukara.

Éndra

— Iya kaki Kresna, ulun angsung puja pangastawa laksita kita.

— Kurnon inggih dhateng anuwun.

Dwarawati

— Ayo yayimas Parta Resi aja kelayatan.

Mintaraga

— Inggih dhateng sumangga. Ayo

kakang Semar, kowé mèlua saanakmu.

Semar

— Inggih dhateng sendika. Ayo tholé Nala Garèng Pétruk Bagong, padha ndhèrèk.

Tiga sareng

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

(372)

Nurada

— O hok, kaki Éndra.

Éndra

— Ulun wa Kanékaputra.

— Ywan kadya mangkana, ayo samya lumyat yudanya yoga kekasih Parta Resi.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

— Supraba.

Supraba

— Ulun Sangywang Kanékaputra.

— Kita kèrita laksita ulun, lumyat yudanya yoga kekasih Parta Resi.

— Punapa mangkana Sangywang Pukulun.

— Supraba iya.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, MABUR SEDAYA,
GANGSA SUWUK,
KANDHA,
GENDHING PRABUTAMA, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

(373)

Winatakwaca

— I haé, pongcorot bangkong pincang cèlèng bèlès, iki Si Mintaraga

methukaké marang aku.

Mintaraga
— Iya aku Winatakwaca.

— Kapasang yogya, kayogya para, katuju ngenu, dakpinta kara, dakaya lepa, sasuwéné ana ing madilaga, iya amung kowé, la saiki kecandhak Mintaraga, dadi wis terang, kowé sarayané Bathara Énra, laku dhustha mawong sandi.

— Iya mula dhasar nyata.

— I haé, la oraa Mintaraga, déné banget temen olèhmu mejanani menyang aku, dadak wani ngrusak gapura rukma, pinatik sosotya, sarta wani nyolong garwaku nimas Supraba, luwih becik saiki, masrahna nimas Supraba, yèn kowé ora ngulungaké nimas Supraba marang aku, ora wurung sirna déning aku.

— Babo Winatakwaca, wis aja okèh-okèh kang sira ucap, mulané jawata ing Suralaya minta saraya marang Mintaraga, diduga wis ora mindhoni gawé, wis ngrampungi marang sira, ora wurung sirna déning aku.

— I haé, Mintaraga.

— Ana paran.

— Iya sing tanggon baé, senajan bisa ngedhunna langit sap pitu, mangsa padhaa karo Winatakwaca. Mintaraga.

— Ana paran.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN,

PERPAT SADAYA KÉSAH, SUWUK, ADA–ADA.

(374)

– La padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Mintaraga mati ngadeg ketiban panahku.

– Apa mati ngadeg iki rupané panahmu.

– Babo Mintaraga, Mintaraga.

– Ana paran.

– Maiesa.

– Mlakua daktibani gegaman.

– Iya.

– Tadhahana panahku.

– Iya tibakna.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, NYANDHAK BINDI,
JANAKA NARIK DHUWUNG,
JANAKA MALES DHAWAH KIDUL, NYANDHAK JEMPARING,
WINATAKWACA KONTAL DHAWAH GAWANG LÈR,
SUWUK,
KANDHA,
KAWIN TIWIKRAMA PANGKUR SETUNGGAL PADA,
TELAS KAWIN LAJENG MAJENG NGIDUL.

– Ambek Sang Winatakwaca, gumaleger lir giri rodra ngerik, agoyang amanggut-manggut, kurdhambek lir Ywang Kala, sru gurnita, mahawan kang jagad gempur, arsa mangun tiwikrama, salira lir arga agni.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA.

(375)

Winatakwaca

– Mintaraga.

methukaké marang aku.

Mintaraga
— Iya aku Winatakwaca.

— Kapasang yogya, kayogya para, katuju ngenu, dakpinta kara, dakaya lepa, sasuwéné ana ing madilaga, iya amung kowé, la saiki kecandhak Mintaraga, dadi wis terang, kowé sarayané Bathara Énra, laku dhustha mawong sandi.

— Iya mula dhasar nyata.

— I haé, la oraa Mintaraga, déné banget temen olèhmu mejanani menyang aku, dadak wani ngrusak gapura rukma, pinatik sosotya, sarta wani nyolong garwaku nimas Supraba, luwih becik saiki, masrahna nimas Supraba, yèn kowé ora ngulungaké nimas Supraba marang aku, ora wurung sirna déning aku.

— Babo Winatakwaca, wis aja okèh-okèh kang sira ucap, mulané jawata ing Suralaya minta saraya marang Mintaraga, diduga wis ora mindhoni gawé, wis ngrampungi marang sira, ora wurung sirna déning aku.

— I haé, Mintaraga.

— Ana paran.

— Iya sing tanggon baé, senajan bisa ngedhunna langit sap pitu, mangsa padhaa karo Winatakwaca. Mintaraga.

— Ana paran.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN,

PERPAT SADAYA KÉSAH, SUWUK, ADA–ADA.

(374)

— La padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Mintaraga mati ngadeg ketiban panahku.

— Apa mati ngadeg iki rupané panahmu.

— Babo Mintaraga, Mintaraga.

— Ana paran.

— Malesa.

— Mlakua daktibani gegaman.

— Iya.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, NYANDHAK BINDI,
JANAKA-NARIK DHUWUNG,
JANAKA MALES DHAWAH KIDUL, NYANDHAK JEMPARING,
WINATAKWACA KONTAL DHAWAH GAWANG LÈR,
SUWUK,
KANDHA,
KAWIN TIWIKRAMA PANGKUR SETUNGGAL PADA,
TELAS KAWIN LAJENG MAJENG NGIDUL.

- Ambek Sang Winatakwaca, gumaleger lir giri rodra ngerik, agoyang amanggut-manggut, kurdhambek lir Ywang Kala, sru gurnita, mahawan kang jagad gempur, arsa mangun tiwikrama, salira lir arga agni.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN, REP,
KANDHA.

(375)

Winatakwaca

— Mintaraga.

Mintaraga
— Ana paran.

— Ora gawok wong ngaindha, gawok wong tamèng dhadha, mara tadhahana.

— Iya tibakna daktadhahané.

KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(376)
— É la mula nyata abot sanggané Mintaraga, lawas aku yuda gada ana negara Ngimataka ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

— Iya mangsa cuwaa kowé mungsuh Mintaraga, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Mintaraga.

— Ana paran.

— Malesa.

— Kowé mlaku dakwales.

— Iya.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
WINATAKWACA KEDHAWAHAN JEMPARING AMBRUK DHAWAH SEMBAHAN.
(377)
Mintaraga
— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mintaraga, Winatakwaca, yèn nyata prajurit linuwih, mara tangiya.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(378)
— É, ora jamak panahé Si Mintara-

ga, ajaa ketanggor Si Winatakwaca, dakduga katemahan sirna.

— Ya kuwi kang kokkarepaké. Winatakwaca.

— Apa.

— Mara malesa.

— Kowé mlakua dakwales.

— Iya.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA.

(379)

— Mintaraga.

— Ana paran.

— Sepisan iki yèn nom nom tapamu, tumpang so japa mantramu, wekas-wekasamu, olèhmu ngancik ana marcapada.

— Ora jamak Winatakwaca, mara tibakna.

KANDHA,
PLAJARAN, REP,
TOGOG SARAITA DHATENG.

(380)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Mintaraga aja kowé mlayu, yèn prajurit becik, mara baliya. Togog.

Togog

— Kula nuwun Kangjeng Déwaji.

— Ayo padha diangseg baé.

— Inggih dhateng sumangga.

GANGSA GESANG, LAJENGAN,
DWARAWATI, SUPRABA SAKING KIDUL,
MINTARAGA DHAWAH SAKING LÈR DIPUN
TAMPÈNI KRESNA WONTEN GAWANG KIDUL,
MINTARAGA NGADEG MIRING,

GANGSA SUWUK.
(381)
Dwarawati
— Kaipé Resi Mintaraga.

Mintaraga
— Kawula nuwun kaka Prabu.

— Déné jeneng para kelakon tiba, ana ngarepané pun kakang, apa kang dadya purwa madya wusanané.

— Kawula nuwun kaka Prabu, yèn kaka Prabu andangu, ingkang dados purwa madya wusananipun, boten ta ingkang wau, kula pacakara kaliyan Wintakwaca, kula dipun jemparing pamungkas, kelampahan kontal dhawah wonten ngarsanipun kaka Prabu punika.

— Apa mengkono kaipé.

— Kaka Prabu inggih.

— Iya kaipé, saiki kang dadi karepé pun kakang, yèn jeneng para kataman warastrané Si Winatakwaca manèh, banjur tumuli candhaken kempiten, jeneng para api-api pralaya.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Kaipé Mintaraga iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Wondéné ijengandika Risang Waradiwati, yèn kaipé Mintaraga, sampun api-api pralaya, énggal ijengandika merpekana pun Winatakwaca, api-api amawongan, anyenyèthi, mamrih lénanipun pun Winatakwaca, supados gampil pamrihing sirnanipun pun Winatakwaca.

Supraba
— Punapa mangkana Risang Batha-

ra Kresna.

– Risang Waradiwati inggih.

– Ulun inggih dhateng sendika.

– Yayi Resi Mintaraga.

Mintaraga

– Kawula nuwun kaka Prabu.

– Yèn mengko Si Winatakwaca wis seneng atiné, sarta katon teleng-ing kang pati urip, tumuli tanduk-na kang sara Pasopati, nanging poma kang patitis.

– Menapa mekaten kaka Prabu.

– Yayi Mintaraga iya.

– Inggih dhateng sendika.

– Mara kaipé jeneng para mang-saha ing ngayuda, galo Si Wina-takwaca nuturi jeneng para.

– Inggih dhateng sendika.

– Wondéné ijengandika Risang Wa-radiwati, kula aturi medal ing jumantara kémawon, anamung poma ingkang prayitna.

Supraba

– Ulun inggih dhateng sendika.

KANDHA,
GANGSA PLAJARAN,
MINTARAGA MANGKAT, SUPRABA MABUR,
LAJENG DWARAWATI MABUR, PERPAT NGALÈR,
GANGSA LAJENGAN, SUWUK, ADA–ADA.

(382)

Winatakwaca

– I haé, nganggo bali manèh Min-taraga, apaa kon mindhokaké.

Mintaraga

– Apa abamu, Winatakwaca, apa sagendhingmu taktadhahi.

–Mintaraga.

– Ana paran.

– Tadhahana limpungku.

— Iya tibakna.

KANDHA.

(383)

— Mintaraga.

— Ana paran.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN,
PRANG JEBLOSAN, MINTARAGA DIPUN–LIMPUNG
KONTAL DHAWAH NGAJENG KANDHA, ÉTHOK–ÉTHOK
PEJAH NGEMPIT LIMPUNG,
WINATAKWACA NGADEG MAJENG NGIDUL RADI
NGÉNCONG–NGÉNCONG NGÉTAN,
SUWUK, ADA–ADA.

(384)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Winatakwaca, Mintaraga, mangsa mindhowa ketiban limpung, ora sida sirna déning aku.

KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON JUGAG,
SUPRABA NGADEG SANTEN KIDUL,
WINATAKWACA ULAP–ULAP.

(385)

— (Gumujeng). La seka ngendi kowé nimas, déné katon cumlorot seka jumantara, mrepeki marang pun kakang, ana satengahing sura ngadilaga.

Supraba

— Kawula nuwun kaka Prabu, mila kula kelampahan mrepeki kaliyan kaka Prabu, boten ta ingkang wau, sakésah kula saking taman Ngudyanasekar, mila badhé ningali yudanipun kaka Prabu, mengsah kaliyan Mintaraga.

— Apa mengkono nimas.

— Kaka Prabu inggih.

— (Gumujeng). Dadi kawruhanamu nimas, yèn saikiné Si Mintaraga wis kelakon sirna, ketiban limpungé pun kakang.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya. Mara tontonen bangkéné Si Mintaraga.

— Inggih dhateng sendika.

LAGON JUGAG,
SUPRABA NOLÈH MANGÉTAN
NINGALI MINTARAGA, LAJENG NYELAKI
WINATAKWACA, NYEBLÈK.

Supraba

— Inggih mila sampun saleresipun, menawi pun Mintaraga sirna mengsah kaliyan kaka Prabu, mila sampun boten wonten panjenenganipun nata kados kaka Prabu, ingkang kaungkulan ing ngakasa, ingkang sinanggi pratiwi, ingkang kasunaran Sang ywang Pradanggapati, sakathahing panjenengan nata, sampun boten paja, yèn miripa kadigdayanipun kaliyan kaka Prabu.

— (Gumujeng). Iya nimas, Si Mintaraga kena dakarani ngemping lara nggénjahpati, wani nglawan yudané pun kakang, la, saiki sida katemahan sirna.

— Menapa mekaten kaka Prabu.

— Nimas iya. Nimas Supraba.

— Kula kaka Prabu.

— La saiki Si Mintaraga wis kelakon sirna, sing dadi karepmu kepriyé.

— Kawula nuwun kaka Prabu, kula sampun boten gadhah rembag

malih, inggih amung nyumanggakaken jiwa-raga kula, amawongan anyenyèthi, wonten ngarsanipun kaka Prabu, punapa ingkang dados kersanipun kaka Prabu, inggih badhé kula èstokaken, sarta kula lampahi.

— (Gumujeng). Apa temen nimas, tuturmu kang mangkono iku.

Supraba nyeblèk

— Boten temen kénging punapa, punapa kula mawi nyaosaken katemenan kaliyan kaka Prabu.

— (Gumujeng). Iya wis ora perlu, aku njaluk katemenan menyang kowé, aku wis percaya temenan.

SUPRABA MINGER NGIDUL,
KANDHA,
DIPUN NGUNGRUM, MLAMPAH NOLAH–NOLÈH,
NYELAKI MINTARAGA, WINATAKWACA NGETUTAKEN,
BESA PENDHAPAN, SALEBETIPUN KANDHA GUMUJENG,
NGUNGRUM SARENG KALIYAN KANDHA.

Winatakwaca

— Hem, adhiné pun kakang wong ayu wong ayu, puspa kresna mina gung kang mindha sarpa, tulusena anggonira asih kawula, nggèr, nggèr. (Gumujeng). Sara tirta, dirèng jénitri kang kresna, sapa cidra kithinga astané kiwa, nimas, nimas, adhiné pun kakang. (Gumujeng). Pasrangkara parugut riris sumarsana, tembungira agawé kepyuring nala, nimas, nimas, ayo dakemban, ayo dakpondhong, adhiné pun kakang.
(Gumujeng).

KANDHA,

GANGSA PLAJARAN
SUPRABA MABUR NGALÈR, SUWUK,
LAGON TLUTUR,
MINTARAGA NGADEG MIRING SUMBAR.
(386)
Mintaraga
— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Mintaraga, Winatakwaca sida sirna déning aku.

KANDHA,
LAGON TLUTUR,
WINATAKWACA ICAL,
GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
NURADA, ÉNDRA, BRAMA, SAMBU, BAYU,
SAKING KIDUL,
KRESNA, NGAMARTA, WERKUDARA SAKING LÈR,
MINTARAGA TAYUNGAN, LAJENG NGADEG MIRING
WONTEN NGAJENG KANDHA, NGLEBETAKEN PASOPATI,
NURADA NGADEG WONTEN SANTEN TENGAH INGKANG KIDUL.
(387)
Nurada
— Yoga kekasih Permadi.

Permadi
— Kawula nuwun Sangywang Kanékaputra.

— Ulun asung puja pangastawa, daniswara kita, semangkin Si Nirbita wus kelakyan sirna.

— Hong nirdah pinara sabda, Sangywang Kanékaputra, asung puja pangastawa, unggulipun yuda kula.

Éndra
— Yoga kekasih Permadi.

— Kawula nuwun Sangywang Bathara Éndra.

— Ulun angsung puja pangastawa daniswara kita, semangkin Si Nir-

bita wus kelakyan sirna.

— Hong nirdah pinara sabda Sangywang Bathara Éndra, angsung puja pangastawa, unggulipun yuda kula.

Brama, Sambu, Bayu sareng

— Yoga kekasih Parta Resi.

— Kawula nuwun Sangywang Brama, Sangywang Sambu, Sangywang Bayu.

— Ulun angsung puja pangastawa daniswara kita, semangkin Si Nirbita wus kelakyan sirna.

— Hong nirdah pinara sabda Sangywang Bathara Brama, Sangywang Bathara Sambu, Sangywang Bathara Bayu, angsung puja pangastawa unggulipun yuda kula.

Nurada

— Kaki Kresna.

Kresna

— Kurnon Sangywang Kanékaputra.

— Ulun tuwin para jawata kapya samya kacaryan, ing semangkin Si Nirbita wus kelakyan sirna, kelawan ari kita, yoga kekasih Mintaraga, déning réka daya kita.

— Kurnon inggih dhateng anuwun, boten langkung saking pangèstunipun Sangywang Pukulun, tuwin para jawata sedaya.

— Kaki Brama, Sambu, Bayu.

Tiga sareng

— Ulun wa Kanékaputra.

— Wadya kuswalanya Si Nirbita sisanya kang wus pralaya, samya kita lawan yudanya.

— Ulun inggih dhateng sendika.

– Apa déné kita yoga kekasih kaki Kresna, kaki Darmakusuma, kaki Werkudara, Parta Resi.

Sekawan sareng

– Kurnon Sangywang Kanékaputra.

– Ywan kadya mangkana, wadya kuswalanya Si Nirbita, sisanya kang wus pralaya, samya kita lawan ing ngayuda.

– Kurnon inggih dhateng sendika.

– Kaki Éndra.

Éndra

– Ulun wa Kanékaputra.

– Ywan kadya mangkana ayo aja kelayatan.

– Ulun inggih dhateng sumangga.

GANGSA PLAJARAN,
SEDAYA NGALÈR, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(388)

Wiradha

– I haé, prajurit sapa aranmu maju sura madilaga.

Irawan

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Madukara aran Radèn Bambang Irawan.

– Irawan jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku andeling Ngimataka, aran diktya Wiradha.

– Wiradha jenengmu.

– Iya. Irawan.

– Ana paran.

– Aku bélakna gustiku.

— Iya mangsa ora klakona.

— Irawan.

— Ana paran.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(389)

— Abot sanggané Irawan, taktubruk ngiwa mlumpat nengen, daktubruk nengen mlumpat ngiwa, dakcokot dakgilut, untuku nganti linu, wongé isih mentheleng baé.

— Apa abamu, iya kuwi sing kokkarepaké, apa sagendhingmu taktadhahi.

— Irawan.

— Ana paran.

— Apa sing tumèmpèl ana awakmu, tamakna menyang aku.

— Kowé mlakua daktibani gegaman.

— Iya.

— Tadhahana panahku.

— Iya tibakna.

KANDHA,
KAWIN, PLAJARAN,
WIRADI, WIRADARPA, NIMBRUNG KAWON,
SUWUK, ADA—ADA.

(390)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Irawan, buta endi penunggalamu aja genti mara, barenga mara ora èrèp.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

Wisagunjara
— Ana déwa mara.

Bayu
— I hi, tan kaduga tyas ulun, kalamun dirada wignya tata manungsa.

— Babo, njunjung gajah, senajan gajah dudu gajah ala-ala, isih gajah pilihan. (Gumujeng)

— Dirada sapa aranta.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Wisagunjara jenengku.

— Wisagunjara aranta.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun yoganya Sangywang Batharа Guru, aran Sangywang Batharа Bayu.

— Bayu jenengmu.

— Iya.

— Bayu.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané wong Kaéndran Pendhawa.

— Iya ulun.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

— Ora talah Bayu pupuné dialang-alangaké.

GENDHING NALAGANJUR, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SESEG, REP.

— Bayu.

— Apa.

— Ora ana kawekasané yuda gada

nganggo mentaraké kawiragan, ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA GESANG, REP.
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(391)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Wisagunjara, Bayu, yèn nyata prajurit becik mara tangiya.

(392)

— I hi, ming seméné boboté kita dirada, lamun kurang agung angkatna sapta arga brukna marang ulun, lamun kurang landhep gadhing kita belingen.

— Babo, Bathara Bayu, wis dakideg dailes, nganggo isih gerang-gereng, yèn kowé arep budi mara budiya.

— Ih hi.

KAWIN,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(393)

— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Sangywang Bathara Bayu, dirada, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(394)

Wirabajra.

— I haé, prajurit sapa aranmu maju sura madilaga.

Semitra
— Kowé takon marang aku.

— Aku putra Madukara, aran Radèn Bambang Semitra.

— Iya. La kowé buta sapa jenengmu.

— Iya.

— Wirabajra jenengmu.

— Ana paran.

— Iya mangsa ora klakon.

— Ana paran.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN,
SEMITRA NARIK DHUWUNG,
WIRAPATI NIMBRUNG KAWON,
SUWUK, ADA–ADA.
(395)
— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Semitra, buta endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara ora èrèp.

PLAJARAN, SUWUK,
KANḌHA,
GENDHING RICIK–RICIK, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA–ADA.

— Iya.

— Semitra jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Aku andel ing Ngimataka, aran digtya Wirabajra, i haé.

— Iya. Semitra.

— Aku bélakna gustiku.

— Semitra.

— Ayo prang ngarep.

(396)
Wisamuka
— Ana manungsa mara.

Werkudara

— Ih hi, ora geduga aku, ana ula bisa ngucap.

— Babo anjunjung ula, senajan ula dudu ula ala-ala, isih ula raja. (Gumujeng)

— Ula sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku kang tinuwa-tuwa anak Prabu Ngimataka, kang pilungguh ana negara Nungsagrembula, aran Mraja Wisamuka. (Gumujeng)

— Wisamuka jenengmu.

— Iya. La kowé sapa jenengmu.

— Kowé takon marang aku.

— Iya.

— Aku satriya ing Jodhipati, aran Radèn Werkudara, ih hi.

— Werkudara jenengmu.

— Iya.

— Werkudara.

— Apa.

— Apa kowé penunggalané wong Kaéndran Pendhawa.

— Iya aku.

— Trubusing satru.

— Dhasar nyata.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(397)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Wisamuka, Werkudara, yèn nyata prajurit becik, mara budiya.

— Ih hi.

ADA–ADA,
KANDHA,
PLAJARAN, SAWER PEJAH.
SUWUK, ADA–ADA.

(398)

– Gothi-gothi, anaké si bapa iki, matèni ula siji, ula endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(399)

Hardawasésa

– Ih hi, prajurit sapa aranmu.

Antareja

– Ih hi, kowé takon marang aku.

– Iya.

– Aku putra Jodhipati, aran Radèn Antareja, ih hi.

– Antareja jenengmu.

– Iya. La kowé sapa jenengmu.

– Aku kadangé tuwa, yayi Prabu Ngimataka, kang pilungguh ana negara Jonggarba, aran Prabu Hardawasésa, ih hi.

– Hardawasésa jenengmu.

– Iya. Antareja.

– Apa.

– Aja kowé maju, endi rupané Si Mintaraga, dakobat-abitné, ih hi.

– Ih hi, aja ngundhamana paman Resi Mintaraga, aku baé wis ngrampungi karo bathangmu, ih hi.

– Ih hi, ora kena ginawé becik Antareja. Antareja.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

-- Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(400)

— Ih hi, abot sanggané Antareja, lawas aku yuda gada ana negara Jonggarba, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki, ih hi.

— Ih hi, iya mangsa cuwaa, kowé mungsuh Antareja, apa sagendhingmu taktadhahi, ih hi.

— Antareja.

— Apa.

— Ngadu kantaran bau wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

— Iya mayo.

KANDHA.

(401)

— Antareja.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP.

— La ndhéprok.

KANDHA.

(402)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Hardawasésa, Antareja, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
— La ndhekem.

KANDHA.
(403)
— Padha yèn padhaa, imbang-im-

bang sasat padha, rebuten aku Antareja, Hardawasésa, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA–ADA.
(404)
– Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Antareja, Hardawasésa, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, REP.

(405)
Gagéndrasura
– Mata-mata kapi kapèn, kidul bener iki, ana méga piyak ngarep tangkep ing buri, dakduga iki Si Gathutkaca. Gathutkaca.

Gathutkaca
– Apa.

– Kapasang yogya, kayogya para, katuju ngenu, katuju ing prang, dakaya lépa, dakpintakara, seka negara Ngimataka, iya amung kowé, saiki ketemu, ana satengahing madilaga, ora lega-lega atiku, yèn ora sirna déning aku.

– Ih hi, aku ya semono manèh, Gagéndrasura, ora lega-lega atiku, yèn ora sirna déning aku.

– Babo, sing tanggon baé Gathutkaca. Gathutkaca.

– Apa.

– Ayo prang ngarep.

– Iya mayo.

GANGSA GESANG, REP.

-- Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA–ADA.

(400)

— Ih hi, abot sanggané Antareja, lawas aku yuda gada ana negara Jonggarba, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki, ih hi.

— Ih hi, iya mangsa cuwaa, kowé mungsuh Antareja, apa sagendhingmu taktadhahi, ih hi.

— Antareja.

— Apa.

— Ngadu kantaran bau wis kelakon, ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

— Iya mayo.

KANDHA.

(401)

— Antareja.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, REP.

— La ndhéprok.

KANDHA.

(402)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Hardawasésa, Antareja, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
— La ndhekem.

KANDHA.
(403)
— Padha yèn padhaa, imbang-im-

bang sasat padha, rebuten aku Antareja, Hardawasésa, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(404)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Antareja, Hardawasésa, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, REP.

(405)

Gagéndrasura

— Mata-mata kapi kapèn, kidul bener iki, ana méga piyak ngarep tangkep ing buri, dakduga iki Si Gathutkaca. Gathutkaca.

Gathutkaca

— Apa.

— Kapasang yogya, kayogya para, katuju ngenu, katuju ing prang, dakaya lépa, dakpintakara, seka negara Ngimataka, iya amung kowé, saiki ketemu, ana satengahing madilaga, ora lega-lega atiku, yèn ora sirna déning aku.

— Ih hi, aku ya semono manèh, Gagéndrasura, ora lega-lega atiku, yèn ora sirna déning aku.

— Babo, sing tanggon baé Gathutkaca. Gathutkaca.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA GESANG, REP.

— La ndhéprok.

KANDHA.

(406)

— La, padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Gagéndrasura, Gathutkaca, yèn nyata prajurit becik, tangiya, nusula.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP,
KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

(407)

— Padha yèn padhaa, imbang-imbang sasat padha, rebuten aku Gathutkaca, manuk, endi penunggalamu, aja genti mara, barenga mara, hamuk.

GANGSA PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
GENDHING SUMIRAT, REP,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.

Bomakéndra

— Ih hi, prajurit sapa aranmu maju sura madilaga.

Brama

— Ih hi, kita tanya marang ulun.

— Iya.

— Ulun yoganya Sangywang Bathara Girinata, kang mengkoni duksina geni, aran Sangywang Bathara Brama, ih hi.

— Brama jenengmu.

— Iya. La kita titah sapa aranta.

— Kowé takon menyang aku.

— Iya.

— Aku patih Ngimataka, aran Patih Bomakéndra.

— Bomakéndra aranta.

— Iya. Brama.

— Apa.

— Aja kowé maju, endi rupané Bathara Éndra, daksempal-sempalé bauné.

— Ih hi, embuh ora idhep, apa cahyanya kita ulun wignyani.

— Ora kena ginawé becik Brama. Brama.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

PLAJARAN, SUWUK, ADA—ADA.

(409)

— Ih hi, abot sanggané Bathara Brama, lawas aku yuda gada ana negara Ngimataka, ora olèh tandhing, olèh tandhing saiki.

— Ih hi, iya pagnya wangwanga, apa cahyanya kita ulun wignyani.

— Brama.

— Apa.

— Ayo padha ngudang siyungé Bathara Kala.

— Iya mayo.

KANDHA.

— Brama.

— Apa.

— Ayo prang ngarep.

— Iya mayo.

GANGSA PLAJARAN, REP.

— La ndhekem.

KANDHA.

(410)

— La, padha yèn padhaa, imbang-im-

bang sasat padha, rebuten aku Bomakéndra, Brama, yèn nyata prajurit becik, tangiya malesa.

KANDHA,
GANGSA GESANG, REP.
— La, ndhéprok.

KANDHA.
(411)
Brama
— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Brama, Bomakéndra, ywan nyata prajurit sautama, tangiya malesa.

KANDHA,
PLAJARAN, REP, AMBRUK SARENG,
KANDHA,
GESANG, SUWUK, ADA—ADA.
(412)
— Alamak ywan kembaa, parunggulen ulun Bathara Brama, Bomakéndra, haywa gantya marngya, asranga marngya, endya dalasa, hamuk.

PLAJARAN, SUWUK,
KANDHA,
PLAJARAN, SUWUK, LAGON,
KANDHA,
GENDHING GONJANGANOM, REP.
(413)
Nurada
— Yoga kekasih kaki Kresna.

Kresna
— Kurnon Sangywang Kanékaputra.

— Wijiling sabda adhi Guru, ywan ri kita, yoga kekasih Mintaraga, wignya mbingkas yitmanya Si Winatakwaca, Si Supraba ayun

pinaringaké mring ri kita, arsa binoja wiwaha anèng swarga Tinjomaya, ing semangkin wus kalakyan sirna Si Winatakwaca.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih kaki Kresna iya.

— Wangsul kersanipun Sangywang Pukulun kados pundi.

— Iya kaki Kresna, ing semangkin kang dadi kawismaya ulun, ri kita yoga kekasih Permadi, apa déné kita sakadang Bratapendhawa kapya, kèrita laksita ulun, mring Junggringslaka, mangarsa nrapsila, anèng ngabyantaranya adhi Guru.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih kaki Kresna iya.

— Kurnon inggih dhateng sendika.

— Yoga kekasih Permadi.

Mintaraga

— Kawula nuwun Sangywang Kanékaputra.

— Ing rèhning semangkin, Si Winatakwaca wus kelakyan sirna déning kita, ulun arsa meminta mring adhi Guru, wignyanya kita tumuli binoja wiwaha, lan nini Supraba, anèng swarga Tinjomaya.

— Menapa mekaten Sangywang Pukulun.

— Yoga kekasih Permadi iya.

— Inggih dhateng sendika.

— Kaki Éndra, Brama, Sambu, Bayu.

Sekawan sareng
— Ulun wa Kanékaputra.

— Ẏwan kadya mangkana, ayo haywa klayatan.

— Ulun inggih dhateng sumangga.

KANDHA,
GANGSA GESANG, SUWUK,
BIBAR.



Prof. Dr. R.M. Soedarsono lahir 1 Mei 1933, menyelesaikan kesarjanaannya dalam Ilmu Sejarah tahun 1962 pada Universitas Gadjah Mada, dan Doktor dalam bidang Kebudayaan Asia Tenggara tahun 1983 pada The University of Michigan Amerika Serikat. Sekarang ia menjabat sebagai Guru Besar tetap dalam Ilmu Sejarah Kebudayaan pada Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada, Pembantu Rektor Bidang Akademis pada Institut Seni Indonesia Yogyakarta, serta sebagai Sekretaris Konsorsium Seni pada Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi. Soedarsono pernah pula menduduki jabatan sebagai Direktur Akademi Seni Tari Indonesia Yogyakarta (1963—1980), dan Pembantu Dekan Fakultas Sastra UGM (1964—1970). Berulang kali Soedarsono mengajar sebagai Guru Besar tamu pada The University of Wesleyan, The University of Hawaii, dan The University of Michigan Amerika Serikat. Berbagai pertemuan ilmiah tentang kesenian dan kebudayaan internasional pernah dihadiri, antara lain di Perancis, Jerman Barat, Amerika Serikat, Iran, India, Korea Selatan, Pilipina, Thailand, Malaysia, dan Singapore. Beberapa buku yang ditulis antara lain *Dances in Indonesia* (1974), *Living Traditional Theatres in Indonesia* (1974), *Mengenal Tari-Tarian Rakyat di Daerah Istimewa Yogyakarta* (1976), "Dances of Central Java" pada *The New Grove Dictionary of Music and Musicians* (1979), *Tari-Tarian Indonesia I* (1977), dan *Wayang Wong: The State Ritual Dance Drama in the Court of Yogyakarta* (1984).

Perpu
Jend